# ІУАЩХЬЭМАХУЭ

ISSN 0206 – 5266
ЯНВАРЬ • 2024 • ФЕВРАЛЬ

1



1
ІУАЩХЬЭМАХУЭ
2024

# IУАЩХЬЭМАХУЭ

**12+**

**ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЭ**
**ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКЭ**
**ЖУРНАЛ**

**1958 гъэ лъандэрэ къыдокI**

**январь** **1** **февраль**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм
и «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ
IуэхущIапIэм къыдегъэкI

РЕДАКТОР НЭХЪЫЩХЬЭР
**Мыкъуэжь Анатолэщ**

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Ацкъан Руслан, БакIуу Хъанджэрий, БищIо Борис,
Гъут Iэдэм, Истэпан Залинэ (жэуап зыхь секретарь),
Къэрмокъуэ Хьэмид, Тэтрокъуэ Астемыр, Тхьэгъэзит Юрэ,
ТIымыжь Хьэмыщэ, Хьэвжокъуэ Людмилэ

НАЛШЫК
2024

# Псалъащхьэхэр


**ЖьантIэ**

*УсакIуэ ПащIэ Бэчмырзэ къызэралъхурэ илъэси 170-рэ ирокъу*

**Къэрмокъуэ Хьэмид.** Сатыр уахътыншэхэр............................. 3
**ПащIэ Бэчмырзэ.** *Усыгъэхэр*...................................................... 5

**Усыгъэ**

**Гъут Iэдэм.** Адыгэ поэзием и зы лъагапIэ................................. 13
**Ацкъан Руслан.** *Сонет тхылъ*................................................ 15

**Публицистикэ**

**Табыщ Мурат.** Лъэпкъ щIэжым и джэ макъ.........................157
**Мыз Ахьмэд.** Усэм и къарур......................................................162

**Культурэ**

**Истэпан Залинэ.** Уэрэдыр зи фэеплъ.......................................175

Псалъэжьу зэхэлъ псалъэзэблэдз...............................................182

*УсакIуэ ПащIэ Бэчмырзэ къызэралъхурэ илъэси 170-рэ ирокъу*





# САТЫР УАХЪТЫНШЭХЭР

Адыгэ IуэрыIуатэм къыхэхъукIащ ПащIэ Бэчмырзэ. Абы и усыгъэм хэлъщ адыгэ джэгуакIуэ цIэрыIуэхэм ябгъэдэлъа художественнэ къарумрэ дахагъымрэ, гуащIэмрэ къабзагъэмрэ. Бэчмырзэщ пасэрей адыгэ усэм и шыфэлIыфэр, и хабзэхэр, и щапхъэ гъуэзэджэхэр ди деж къэзыхьэсар.

Бэчмырзэ и усэри гуащIэу, къабзэу, гущIэм зэпхидзу гъэпсащ, ар лIэщIыгъуэ Iэджэм къапхыкIа акъылкIэ гъэнщIащ. Адыгэбзэм и IэфIыпIэмрэ и къарумрэ къыщIэзыгъэлъэф, абы хэлъ шэрыуагъэмрэ гуащIэмрэ телъыджэу зыгъабзэ усакIуэщ ПащIэ Бэчмырзэ. Арагъэнщ абы и усыгъэхэр цIыхубэм щIэх дыдэ япхъуатэу щIыщытар: абыхэм я нэхъыбэр цIыхум гукIэ ящIэ, уеблэмэ псалъэжь, псалъэ шэрыуэ хъужауэ къогъуэгурыкIуэ. Апхуэдэ щIыхьрэ лъапIэныгъэкIэ цIыхубэр дэтхэнэми хуэупсэркъым. Апхуэдэр зи натIэ хъур, апхуэдэ насыпыр зыхэзыщIэр цIыху цIыкIум и гущIэм къипсэлъыкI усакIуэрщ. Шэч хэлъкъым ПащIэ Бэчмырзэ апхуэдэ усакIуэхэм – лъэпкъым и щIасэ усакIуэ щэджащэхэм зэращыщым.

ПащIэ Бэчмырзэ и Iэдакъэ къыщIэкIа дэтхэнэ усэри гъэнщIащ гъуэгуанэ кIыхь зэпызыча, гъащIэм и гугъуи и IэфIи зыхэзыщIа, художественнэ псалъэм и къарур зи гущIэм зыпхидза цIыхум и акъылрэ и гупсысэкIэ.

Пасэрей усакIуэхэм къызэранэкIа хабзэ-бзыпхъэхэм я закъуэкъым Бэчмырзэ и усэм гъуазэ хуэхъуар. Шэч зыхэмылъыжщ ПащIэм и усэр зэрыбжьыфIэр ди лъэхъэнэм и нэпкъыжьэхэр, дамыгъэхэр, щапхъэхэр ару зэрыщытым. Бэчмырзэ ахэр щIэрыщIэу егъэпсыж, усэм и дэтхэнэ пкъыгъуэри зэманым щыпашэ гупсысэхэр Iуэтэным хуеузэд. Аращ ПащIэм и усэр нобэм щIиблагъэ дыдэр; ар я нэхъ усэ «щIэрыпсми» къарурэ дахагъкIэ поуэ, я нэхъ «зыкъизых» фащэхэми фагъуэ щIэхъукIыркъым. АркъудеймкIи нэрылъагъущ лъэпкъым ижьижьыж лъандэрэ къыдэгъуэгурыкIуэ художественнэ Iэмэпсымэхэм нэмыплъ епт зэрымыхъунур, IэкIуэлъакIуэу къэбгъэсэбэпмэ, ахэр нобэм и купщIэр кърыптIэщIынкIэ Iэмал гъуэзэджэу зэрыщытыр.

Бэчмырзэ и усэм и пщIэмрэ и мыхьэнэмрэ щыплъытэкIэ, зыщыгъэгъупщэн хуейкъым ар цIыхубэм я гущIэлъапсэм къипсэлъыкI, абы и гукъеуэмрэ гуауэмрэ кууэ зыхэзыщIэ, IупщI дыдэу зыIуэтэф усакIуэу зэрыщытар. Апхуэдэ усакIуэм и гур зэи мыужьых мафIэщ, зи бзийр зэи мыункIыфI, зи хуабэр зэи мыкIуасэ нэхугъэщ, сыту жыпIэмэ ар езы цIыхубэм ягущи. ЦIыхубэм я гур нэщI щыхъуа къэхъуакъым, ар сыт щыгъуи гъэнщIащ угъурлыгъэрэ дахагъэкIэ, IэфIыгъэрэ къэбзагъэкIэ.

**КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид**

*Усыгъэхэр*

ПАЩIЭ Бэчмырзэ

* * *

Уэрэд щаускIэ
Нэсу пкъырыгъэплъ:
Пшыналъэр бгъунлъэм,
Лъэпкъыр мэукIытэ.

## АЛЫХЬЫМ И ФIЫЩIЭ

*(ГъэкIэщIауэ)*

... Мы къуейщIей куэдыр хэт иукъутэ,
Мы къурш зэпытхэри хэт иугъэж,
Богъэз псы жапIэхэри хэт къыдиутхъу,
Алыхьым и щытхъум хэт и Iыхьэгъу,
Хьэм и уIэгъэм хэт иуIэзэ?
Бзэгур и Iэзэу Алыхь зи закъуэм ещIри,
Щытхъууэ хуэтщIынури тхуэмыгъуэт.
ЩIы щIагъкIэ зекIуэхэри зэпхызыгъэкIыуэ,
ТкIуэпси къыпхымыкIыурэ пшэхэр зезыгъакIуэ,
Мывэхэм ирикIуэуэ жыгхэри зыгъэкI,
Набдзэр зымыгъэкIыуэ щхьэцхэри зыгъэкIыхь,
Мы дуней кIыхьым гугъэр хэзынуэ
Зи нур Iэуэлым гIэлым нэмыс.
Сурым нэсыхукIэрэ зи саугъэт,
Хьэбидэт хъерхэри зи жэнэт лъапIэ,
Дэ ди Тхьэ лъапIэуэ лъэIупIэ ин,
Уи гущIэгъу иным дунейр иIыгъщ.
Къэралыгъуэбэхэм я мыIэщIагъэуэ,
ГъэщIэгъуэн инуэ IэщIагъэ дахэ,
Мазих гъуэгуанэм биишхуэм дыушэри,
Мазих гъуэгуанэм бем дыкъыушэжри,
Нужум хьилмышхуэм и вагъуэ закъуэ,
Мы джэлэс закъуэр зымыгъэхъей,
Хьер къыщIэжыпIэхэм я бжэхэр зыIыгъ.
Бегъымбар лIыжьхэм я Iустаз лъапIэуэ,
ЩIылъэ IэрыпIхэм я жумартыбжэ,
Хьэршыжьым и бжэшхуэр зи дзэшхуэ лъагъуэ,
Ямылъагъу гъащIэр Хъызырым езыт,
Хьисэр зыIэтуэ хьэршым зыхьыжуэ,
НужумкIэ судхэри зи мелыIыч,

Хьэчим чытапхэри зи саугъэт,
Бет зыритхэри зи хьэщIэ гъуэгу,
Мэдинэ мыкIуахэри хьэжым хуэныкъуэщ,
Хуэныкъуэр имыIэуэ зиIэхэм щыгъуазэ,
Iэрдыр зэгъыпIэм щIыпIэр тхуеухуэр,
Тхьэмахуэ махуэм дунейр иублэри,
Махуибли нэмысуэ ди псэупIэхэр тхуещIри,
Алыхьым и фIыщIэхэр жыжьэ къыщожьэри,
Ижьырей махуэуэ щытхъухэр зи мылъку,
Дунейм и мылъкухэри къытхуэзыгуэш,
Хьэрш къуэлэныжьхэри зыгъэкIэрахъуэ,
Зи дыгъэ-мазэр къекIэрэхъуэкI,
ДызыщIэмыкIхэри зи дыгъэ-мазэ,
Дызыщылажьэхэри зи жумарт губгъуэ,
Губгъуэ зимыIэхэри зи къуршыжь уэс.
Кхъухьыжьхэр зыщесыр зи тенджыз ФIыцIэ,
Мы щIы фIыцIэшхуэри зыгъэкIэзыз,
Зи КъурIэн уахэри шэрихьэт захуэ,
Бегъымбар захуэхэр зи къады пашэ,
Хьэршым и шхуэлхэри зи дыгъэ зебэ.
Мэзым и быдэхэм бланэхэр щызыпIуэ,
Iэсэжьхэр зыпIуэ щIэмыфыгъуэж,
Щыуэр щIегъуэжмэ, гущIэгъу хуэзыщIуэ,
Щхьэж лъэпкъ гъащIэм екIуурэ балигъхэр зыщI,
Шэхэри къэзыгъэщIуэ лъыхэм щызыхъумэ,
Жылэ хъумэнхэри зыхуракIутуэ,
Псэ саугъэтхэри къытхущIызыгъу,
Шэрихьэтхэри щIыгъуурэ къыдэзытыж.
Зи жумартыгъэхэри къэралыгъуэбэхэм ятезыгуашэ,
Хьэршыр пшэкIухьуэ зыгъэхъурей,
Дуней хъурейри зы жэщ-зы махуэм дыгъэм къезыгъэкIухь,
Индыл мелуанхэри зэдэзыгъажэ,
ЖэбрэIил зи пелуан пхъэр,
МелыIыч пхъэрхэм зи хьер ягуэш,
Зеиншэбэхэри зэхеугъуащэри,
Зэщыщ куэдхэри макъ зырызщи,
ТIури зэмыщхьуэ напэр къалъхури,
Япэ къалъхуар тщогъупщэри,
Гущэм хэлъхэри догъэкъан,
Къануэ яхьхэри зыгъэджыджэ,
Дэджыджэгъухэри зыгъэдахэ,
Хьилмэ дахэр зыбгъэдэлъ.

IэплIэм илъ цIыкIухэм быдзыр щхьэщытщи,
Щытуэ езыгъафэм шхуэлыр и бэкъущи,
Лъэбакъуэ хуабжьуэ шыр къытхуегъэщIри,
Хьэлъэм щIэтщIэнуэ выхэр къыдетри,
Нихьмэт гуэшщи, зеиншэхэр епIри,
ЛъэувыпIэ жыжьэр Алыхьым имыIэт,
Дунейуэ диIэхэр тIурытIуэ игуэшри,
Къуршышхуэ уэсхэри сеирым щыщщи,
Гъэмахуэм щыщуэ и Iыхьэр лъосри,
Псыуэ къыщIэжри зэпэнэпкъитIти,
Дуней гъунитIым щызэIуогъащIэри,
КъыдырищIейуэ къытщIимыгъауэ,
Щыблэр щигъауэкIэ дыкъезыгъэл,
Къэралыгъуэбэхэм я гъуэмылабжэуэ,
Вагъуэм и бжыгъэр Алыхьым ещIэри,
Жэщ нуруэ ищIари мазэм щIэмыхьэт,
Зы Iыхьэуэ бгъэувмэ, куэдкIэ нэхъ инти,
Мы дуней иныр зы дыгъэм къегъэплъри,
Ди нэр щымыплъэм жейр къыдетри,
Жеймрэ жэщымрэ зэзыгъэгъусэ,
Уэсымрэ уэшхымрэ жьыкIэ зыIыгъ,
Гъейнэтышхуэуэ уэр зыгъэпакIэ,
Удзхэр къыщыкIкIэрэ уафэр мэгъуагъуэр.
Мыгъуэхэр зэрапIыр Тхьэм и унафэщи,
ДжэдыкIэм и фэр мыкъутэуэ хешри,
ЩIэжьей къимышам жьыхэр езыт,
Берычэт гуэшуэ зеиншэхэр зыпI.
Зы пIэм илъитIыр гъитIым ещанэщ,
Илъэсым и щанэр зи уэндэгъу Iыхьэ.
Хьеуаным и хабзэр жумарт гъуэмылэщи,
Дуней гъуэмылэхэри гъунэгъу зымыщI.
Гъэрыпкъи ищIахэр гъащIэм хуэныкъуэщ,
Хуэныкъуэр имыIэурэ дунейр зыIыгъ,
Зи жумартыгъэм кIэух имыIэт.
Iэбэн зимыIэхэр я щхьэм къыхуовэри,
Зэрывэ и лъакъуэм къупщхьэ лъегъакIэри,
Дзэуэ яхигъэкIахэр маисэм токIуэри,
Ерыскъы кIуапIэхэм сеир щегъэкI,
КIэуэ япигъакIэхэри бадзэм и Iэщэщ,
Алыхьым и Iэщэуэ щыблэр долъагъури,
Аргъуейм и пэр фэм пхызыгъэкI,
Лъыр къыпхыкIынуэ гъуэгур езыт.

Псэм жьыр имыгъуэтым, дакъикъищ пIалъэт,
Сэмбым илъ цIыкIухэр мэжалIи мылIэуэ,
Жьыншэм имылIыкIыуэ тхуэзыгъэтIыгъуэ,
И лъхуэгъуэр къэсмэ, къупщхьэр зыгъэщIытэ,
Лъэбжьанэу пытхэм лыкъэб пызыщIэ,
МэзылI гуащIэхэм купщIэр къыдожьэри,
Ажьмыжь зи лъэгухэр илъэныгу зыщI,
Хьэфиз ищIахэми щIэныгъэр езыт,
Зи жумартыгъэр гъуэмылэ ин...

* * *

Лэгъунэ пэшу дуней дахащэр
Щхьэхуещэ гупым зэтыракъутэ,
Утыку ихьамэ – хьэуэ зэрошх,
Шхыдафэ защIурэ пэжыр щIахъумэ,
Iэнэтехъуахъуэ – Iэнэ техъуанэщ,
Апхуэдэр куэдщи, цIыхур токIуадэ,
Апхуэдэ гъащIэм си хьэр тиджагуэ,
Апхуэдэ уджми сыхыремыхьэ,
Уей, зэманыжьурэ шыдыгъужь кIуэкIэ,
ЕмыкIур екIуу зылъытэ,
Тутыр къуршыр IейкIэ уогъэтхъу,
Уэ уи хъыринэм ещIэр мэунэхъу,
Хъун лъэпкъ жумыIэурэ гъащIэр соухыр,
Си хьэдэрыхэри къысхуогъэIэгъуэ.

* * *

Къуршыщхьэ къабзэр
Уэм и гъэжалъэщ,
Укъеплъыхамэ –
Мэзыр зи щIакIуэ
Джабэ екIуэкIыр
Алэрыбгъушхуэщ.
Губгъуэм уиплъамэ
МэракIуэр изщ.
Гъэмахуэ мазэм
Псэр егъэжакъуэ,
Гуныкъуэгъуэншэу
Уи махуэр щыкIуэм,
КъешкIурэшкIуэхыу
псы макъ зэхэпхым –

Ухыгъэ дыджым
Уемыгупсыс.
Къуэжь сызыдэсыр
Зи псапэщIапIэ,
ПщIыхьэпIэм хуэдэ –
Мы дунеижьым
И акъужь щабэр
Си зэ Iубыгъуэщ...

КЪЭБЭРДЕЙ

Уэй, уэйуэрэ, къэбэрдеижьхэ!
ИжькIэрэ фи таурыхъти,
Нэхъыжьхэм я хъыбар пэжти,
Пащтыхь тажыр фи саугъэтти,
Дэрэжэгъуэр Тхьэм къыивитати,
АрщхьэкIэ шэрихьэтыр фи гурымыхьти
Пащтыхьыгъуэхэр фхузехьэфакъым.
Хьэрэм бжэIухэр фи пшэрыхьыбэти,
Фи лъэужьыбэхэр хъейнат Iэпэти,
Дэ арып хужьхэр ди къуэшти,
Къурейшыхэр ди пашэти,
Iэушыхэр ди лъэпкъти,
Дэ гъэрыпкъэхэр ди куэдти,
Пашэ куэдхэр едгъэшри,
Дэ «шэркэсхэр» къытфIащри,
Хэкупщ куэдхэр зэрыщIэри,
Дэ къурш щIыбым дыкъадзри,
Къырымыдзэм я жагъуэти,
Дэ жагъуэгъуи дыкъащIри,
КъалэнышIэуи дагъэуври,
Дэ лъэувыпIэм дылъохъури,
Ди уэркъ напэри тхъумэжри,
Дэ жылагъуи зедгъэщIри,
Къырымыжьым я щIыщхьэти,
Мы Iуащхьэхэр зейм я щIыпIэти,
Ди кIуэдыпIэуэ дыкъадзти,
Къырымыдзэхэр къытхуэлъэти,
Ди нэрыплъэхэр гупщысэри,
Гуащэнысэр ди къанти,
Къырым хъанри дгъэхъыжьэри,
Ди лIыхъужьри дгъэджэгущ,
Ди лIыхъугухэри дгъэгубжьри,

Ди гурабжьхэри зэрыщIэри,
Къырым ищIхэри къытхуэнащ.
Къытхуэна щхьэкIэ,
Дэ емынэр къытхалъхуащ.
Дэ «лъхукъуэлIи» къытфIащщ,
Дэ ди пщыщхьэри удафэщ,
Унафейми дигъэжыщ,
Джаурыжьым зедгъэзщ,
Залымыгъэм дыпыкIри,
Дин къабзэм дикIыжри,
Мэздэгу жылэм дыгухьащ.
Хьэжрэтхэр екIуэкIри,
Мухьэжырхэр икIыжри,
Жорыжьыбэхэм заубгъури,
Ди губгъуэшхуэхэр пащыкIри,
Гум къимыкIхэри къърашри,
Бей шэ толъкъуным Iуагуашэри
Налшык жьэпкъыр иратри,
Дызыхуитхэри...
Пащтыхьыдзэм хуагуэшщ.
Ди шыпхъу дахэр тIэщIах,
ЩIым къытетхыр дэ тфIашх.
Хэку тетыщIэр мэтут,
Тутнакъэщхэр мэбагъуэ.
ЛIыфIхэм лъахъэр иралъхьэ,
Лъыбэр ди щIым щагъажэ,
Ди жыр Iэщэр докъуз,
Тэтэр хъаным къелахэр
Лейзехьэжьхэм яукI,
ГукъэкIыфIым дохъуапсэ,
Дызэхъуапсэр щхьэхуитт.
Хым икIахэм я ныкъуэр
Хэку ныкъуэжьым къокIуэж,
Я мылъку тIэкIур мэкIуэд.
Ар мыхъумэ,
ИжькIэрэ ди Тэтэртупт,
Къурейхэр ди арыкъыжьт,
Хъыжьэу ди Къэрэтэрк,
Кэтыжьыр Ашэлыгубгъуэт,
Къурей губгъуэр ди пхъэIэщапхэт.
Ди щIыпIэ Гумыпс ирожэ,
Зырамыкур ди Бэрмамытт,

Сидакъ Тупу ди Iэщгъэтыништ,
Къэнжалыжьыр ди щIым къыщыщт.
Бгъэр щыпагэу Алтыакъыбг,
Бахъсэныбгыу Къызбруныжь,
Мэзыжьу ди Тэхъуанэбжэ,
Хэкубжэр Кыщпэчыжь лъапэт,
Жьэпкъыжьу Аушыджэрыжь,
Джэрпэджэжу Къэщкъэтаужь,
Ди уэсыжьхэр ди зэпылъыпIэт,
Бгы лъэгухэр дэ ди унапIэт,
Бий кIуапIэ зимыIэр дэрт.
Къурш унапIэр дэ къыщытлъысым,
ТхьэлъэIупIэр ди нывэ хьэхут,
Урыхужьыр псы хуабжь аузт.
Мы гъунапкъэу къыжытIа псори
Къэбэрдейм я щIыщхьэ пэжт.
АрщхьэкIэ ди лIыщхьэм
Ныбэр я пщалъэт,
Пащтыхьым и телъхьэм я благъуэт,
Ди губгъуэр бийхэм хуагуэшри,
Дэ къыр лъапэм дыщагъэтут,
Мэрту хъупIэм
Ди жэмхэр къыщогъури,
Яугъуея щIыхэр
Iыхьэ щанэкIэ долэжь.
Ди Iэщ хъупIэр мащIэ къытхуащI,
ЩIыр ттырахри, Iыхьэ щанэкIэ
Дэ къыдолэжь,
Жэпкъ хэкужьхэр бийм нытIэщIах,
Ди Iэр япхри, пщылIыпIэ дашэ,
Тщыщ тхашами къимыгъэзэж.
Зыдгъэзэнут, пщым къытхуамыдэ,
Мы дунейр кIыфI дэ къытщащI,
ЩIым и хъерхэр дэ дбгъэдах,
Хамэ щIыпIэм шы завод щолъыхъуэ,
Мэл къалъыхъуэр гуартэ зыбжанэщ,
Бгъэдэтари зы Iэхъуэ закъуэт,
Зэзэуэныр абы яублэ,
БылымщIэлIэм напэ ямыIэ.
Ар зэманти, мэкъутэ,
Мыкъутэжыни яухуэ.
Хэкум сиплъэм, согуфIэ,

Лей зыщӀахэр щымыӀэ,
Бийм яӀахэр дыдейщ,
Ди щӀым гъавэр щобагъуэ,
Дыгъэр дахэу къытхуопс,
Сыт хэтсами мэгъагъэ,
ЦӀыху гъэрахэр мэгуфӀэ.
Ди гум фӀэфӀым дыхуозэ,
Бийм дыхуэзэм, зыдодз,
Зызэддзари мэкӀуэд.
ДимыӀахэр мэбагъуэ,
Колхоз губгъуэр хъуэпсэгъуэщ,
Къэралыгъуэр мэиныр,
Ныпу тӀыгъыр ди гъуазэщ,
Ар ди бийхэм я жагъуэщ.
Ди заводхэм я бжыгъэр
КъыпхуэмыщӀэу мэбагъуэ.
ЩӀалэгъуалэр пшэм хэту
Бгъэжьхэм хуэдэу золъатэ,
Шым шэсамэ, я джатэр
Жыр маисэу ягъабзэ,
Ар зэуапӀэм ныӀухьэм,
Дзапэ щхьиплӀыр Ӏуагъэкӏ.
Дэ къытхэкӀыу лӀыхъужьхэм
Я лъэщагъым щӀэ щӀэткъым.
Ди хъыджэбзу къытхуалъхуахэм
Тхылъыр мылъкуу яугъуей,
Губгъуэм ихьэм, ӀэнатӀэр
ДащӀэмыхьэу ныӀуах.
Дахэ хэдэу уахэдэм,
Къахэпхынур умыщӀэ.
Сэ сыщӀалэу щытатэм,
Хъер мыухыр сысейт!

# АДЫГЭ ПОЭЗИЕМ И ЗЫ ЛЪАГАПIЭ



СонеткIэ зэджэ усэ лIэужьыгъуэр епщыкIущанэ лIэщIыгъуэм Италием къыщежьэри, иужькIэ бзэ зыбжанэкIэ зызыузэщIа европей усэ гъэпсыкIэм и классикэ хъуащ. Сонет зыусхэм яхэтащ дуней псом щыцIэрыIуэ усакIуэхэу Данте, Петраркэ, Шекспир, Гете, Гейне, Пушкин, нэгъуэщIхэри. Мы усэ гъэпсыкIэм хабзэ ткIийм утетын хуейуэ къегъэув. Япэрауэ, сатыр бжыгъэр хьэкъыу пщыкIуплI хъууэ щытын хуейщ. А пщыкIуплIыр рифмэ нэхъ бейкIэ узэдауэ, рифмэхэм я къэкIуэкIэри хэхауэ щытщ. Сонетыр гъэпсыкIэм и закъуэкъым. Мы усэ лIэужьыгъуэр къыхэгъэщхьэхукIащ тематикэкIэ, стилистикэкIэ, идеерэ композициерэкIэ. Сонетым сюжет шэщIа иIэу щыткъым. Ар зытемыкIыр зыщ – гурыгъу, гурыщIэ, гупсэ Iуэхугъуэхэр гъэнэхуэнырщ. Сонетым и плъыфэщ дэтхэнэ зы Iуэхугъуэми гупсысэ нэхукIэ хэплъэныр икIи гъащIэм, абы и къэхъугъэ зэмыщхьхэм философиемрэ эстетикэ лъагэм и пщалъэхэмрэкIэ бгъэдыхьэныр. Гухэлъ куумрэ гупсысэ нэхухэмрэ зи нэщэнэ, ритмикэ IупщIыр, макъ зэпэджэжыбэр зи хабзэу ува, зи гъэпсыкIэр, зи купщIэр сыт щыгъуи зэкIуж усэ лIэужьыгъуэр ар зыгъэшэрыуэфым и зэфIэкI гъэлъэгъуапIэ щыпкъэ мэхъу. Мы усэ гъэпсыкIэр езыр Iэзагъэм и нэщэнэщ. Шэч хэлъкъым узэрыщымыуэнум, а усэ лIэужьыгъуэр узэщIауэ зиIэ лъэпкъ литературэм и поэзиер зыужьынызгъэ нэс зыгъуэтахэм яхэббжэмэ.



СонеткIэ зэджэ усэ лIэужьыгъуэр адыгэ поэзием къызэрыхыхьэрэ куэд щIакъым. Илъэс зы тIощIырыпщI ипэкIэ ар щIэщыгъуэ дыдэу къащыхъуу щытащ, тегушхуэу абы и жыпхъэм ит усэм зезыпщытыр закъуэтIакъуэу. Сонет бжыгъэ гуэр я Iэдакъэм къыщIэкIащ адыгэ усакIуэ зыбжанэм, ауэ а усэ лIэужьыгъуэм ди лъэпкъ поэзием нэсу зыщезыгъэужьар Ацкъан Руслану къэплъытэмэ, ущыуэнукъым. Абы и щыхьэтщ мы тхылъым ихуа сонет щищрэ тIощIыр. Ацкъаным и Iэдакъэм къыщIэкIащ нэгъуэщI усэ куэди, поэмэхэри. Руслан гуащIэшхуэ хилъхьащ тэрмэш лэжьыгъэми. УсакIуэм псэм къыдыхьэу зэридзэкIащ Лермонтовым и кавказ поэмибгъур. ИтIани зэ гу зыхуищIа усэ лIэужьыгъуэр IэщIыб ищIакъым, илъэс куэдкIэ абы елэжьащ, къарурэ псэ къабзагъэрэу иIэр хилъхьэу.

Сэ къызэрысфIэщIымкIэ мы тхылъым къеджэну етIысылIэ дэтхэнэ зыри занщIэу яхьэхунущ Руслан и сонетхэм яхэлъ гупсысэ нэхухэм, щIэщыгъуэхэм. ПIащIэрыщIэрэ дэуей-дэпкIейрэ щыIэкъым. Гуапагъэр, псэм и IэфIыр дунейм зэрытемыкIуэдыкIар, нобэ нэм къыщIэджыджэу узыгъэгужьей къэхъугъэхэм нэмыщI фIым и нэщэни зэрыщыIэр, ар гъащIэм и джэлэсу зэрыщытыр къыдагъэщIэж мы тхыгъэхэм. Мы сонетхэр зэхуэфащэу, жьы дэхупIэ я зэхуаку имыIэу гъэпсащ. АбыкIэ ахэр ебгъэщхьыну къозэгъыр композитор гъуэзэджэм и Iэдакъэм къыщIэкIа симфонием. ЗыкIи зэпымыщIауэ къыпщыхъу макъамэхэр зытхам и IэзагъэкIэ зэхэухуэна мэхъур, лейуэ жыхуэпIэни, хэбдзыни хэмыту. Мы сонет тхылъри апхуэдэщ: дэтхэнэ зы усыгъэри темэ щхьэхуэм теухуащ, дэтхэнэми езым и образ щхьэхуэхэр къыхощыж, зэ жиIа дыдэм усакIуэм къытригъэзэжыркъым, къытезыгъэзэжыр темэхэрщ (ахэр куэд дыдэ хъункIэ Iэмал иIэкъым), гупсысэу, гурыщIэу усакIуэм къытхуиIуатэхэрщ, гупсэ щытыкIэрщ. Симфонизм жыхуиIэ хабзэм тетщ Ацкъан Руслан и сонетхэри.

Шэч хэлъкъым мы тхылъыр адыгэ поэзием и лъагапIэхэм ящыщ зыуэ зэрыщытым.

**ГЪУТ Iэдэм,**
*филологие щIэныгъэхэмкIэ*
*доктор, профессор*

АЦКЪАН Руслан

## СОНЕТ ТХЫЛЪ

### 1

Нэгу къыщIохьэжыр сыщалъхуа пщIантIэжьыр,
гумащIэу и плIанэпэ къэс сыдэплъэу,
абы узышэж гъуэгури къызощIэжыр.
Мэхъу гъащIэ псо абы нэсыхукIэ дэлъыр.

Ди пщIантIэр къыщIокIыжыр уафэ гъунэу,
адакъэу пшэплъым зыщегъэпщ бжыхь джабэм.
Зыкъызолъыхъуэжыр, плъызу си нэр,
иджыри унэм сэ сыкъыщIэкIакъым.

СыкъыщIэкIынщ къуэш цIыкIухэр къыздыщIэсшу,
абыхэм саIуплъамэ, сохъу гу махэ.
Ди нанэ жэмыр къишрэ къигъэзэжмэ,
щIидзэнущ махуэм, псом нэхъыщхьэ махуэм.

СпэIэщIэщ, уафэ гъунэу, сабиигъуэр,
абы сыхуоплъэ, бзу зи лъэтэжыгъуэу.

### 2

ЗеIуантIэ псыежэхым, зыкъегъэпщ,
къыхэхуа дыгъэр иригъэх къыпфIэщIу.
Хисхьащ пшэр мафIэм, яжьэр къыпощэщ,
иужькIэ къуршхэм солъагъуж къытещу.

ДокIыжри тIэкIу — къуэладжэм нэр еуфIыцI,
мэтхытх и щIыфэр Iэджэм пэплъэ тафэм.
Мэз лъапэм къыщокъугъыр хьэIуцыдз,
ди хьэжьри докъугъей емышу уафэм.

Зэшыгъуэм уафэ лъащIэр кърешэх,
и плъэгъуэ къэскIэ дыхьэу пкъынэлъынэм.
Мы дунеижьым егъэпщкIуж и щэху,
гупсысэ лейуэ хъуар къыщIохьэ унэм.

А псор зытегуплIа си гукъыдэжыр
зы хьэндырабгъуэ закъуэт — мэлъэтэжыр.

3

Аргуэру бжьыхьэ плъыжьыр къощэщэх,
хэкIэзызыкIыу щIыпцIэм зыхеIубэ.
Иджы абы иIэжккъым зыри щэху,
хуеший, ба хуищIу, япэ къэсым Iупэр.

Гухэлъу бжьыхьэм ихьыр сыт хуэдиз,
Iущащэ макъыр щIэз ищIащ уэгу щIагъым.
Зэм гукъэкIыжыр абы и куэдыжьщ,
зэм гугъэр къыздрихыр согъэщIагъуэ.

Дахагъэ нэхур быбу мэкъутэж,
гумащIэщ бжьыхьэр, ищIэу зэрисыкIыр.
ЩIым щылъ жыг тхьэмпэр жьыбгъэм къыдотэдж,
мыгъуауэ хэлъ IэпапIэр хэузыкIыу.

Дахагъэр мэлъэлъэж, щымысхьу IэплIэм,
си гъащIэр къыщIегъэщыр, псори хэплъэу.

4

СыпэмыплъэуэгугъэкъысфIотIэпI,
бжьыхьэкIэ хуабэм къигъэпцIа кхъужьейуэ.
СыздэкIуэм нэскIэ къэнэжар зытIэкIут,
арщхьэкIэ гъащIэм плъапIэ къысхущIегъур.

КъэгумэщIа дунейр зэлъыIуокIуэт,
къыстеубыда уи нитIым сылъагъэсу.
БлэкIауэ хъуар а плъэгъуэм щызэщIэтщ,
сызыхисхьэну мафIэр зэщIигъэсту.

Махъсымэу, пшагъуэ Iувыр къыбоший,
сыхофри — зэIещIэж аргуэру си лъыр.
СыкъызэрыпцIэр сщIэурэ сыбошэж,
уи IэплIэм сыхуопIащIэ зым семыплъу.

Зи пIалъэ икIа хущхъуэщ си гухэлъыр,
къысхуимыщIа щымыIэт, симыгъалIэм.

5

ПщIыхьэпIэр къытригъазэу щIокI си нэгум,
къэспсэлъыр къысфIощIыж зэгуэр жысIауэ.

Игъащlэм си лъэр здэзмыхьам сыгъакlуи,
мэхъу къыщысфlэщl абыи сыщыlауэ.

Зэщхьщ дуней псор жысlэнути — сыкъопцlэ.
Зехъуэж абы, псэ закъуэ хэлlыкlыхукlэ
е къыхыхьэхукlэ, дыгъэм зигъэзэхукlэ,
и бэуэгъуитl зэмыщхьу жыыри къопщэ.

Захъуэжыр псоми, дыгъэми зехъуэжыр,
къызэрыкlа щытыкlэми йохьэжыр.
Къысфlощl апхуэдэ куэд къызэзнэкlауэ,
си нэгу щlэкlарэ си фэми дэкlауэ.

Сиlэн хуеяр сэ гъащlэу сыт хуэдиз,
апхуэдэу си гур хъуным щхьэкlэ из?..

6

Диящ ди псыхъуэ щэхур. Нэху къекlащ
кlыжауэ псым телъ мылым и уlэгъэр...
Золъатэ жьапщэр, хъуuэ бауэкlэщl,
еlуатэ хъыбар кlыхьу зэ жыlэгъуэр.

Къоlусэм — къупщхьэм нэсу уегъэтхытх,
лъым хыхьэу щlыlэщ и lущащэ макъыр.
Итlани дыгъэр щlылъэм къыхуоплъых,
и бзийхэм псэ зыпытыр ягъэжакъуэу.

Щlымахуэм и щэху lэджэ къытщегъэпщкlу,
ди кlуапlэу щыта гъуэгури щlихъумэжу.
И гъащlэр зэрыкlэщlыр къищlагъэнщ,
арауэ къыщlэкlынщ зыщlилыгъуэжыр.

Зи нэгум куэд щlэкlа мы дунеижьым
къытщигъэпщкlуну хэтщ ящыщ лъэужьхэм.

7

Гуэныхь къызохьыр, уескъузылlэм си бгъэм,
уезмыкъузылlэм — ар нэхъ гуэныхьыжщ.
Къыхощыр пфlэфlыр уи нэм нуру ипхъым,
уи макъ кlэзызыр абы поувыж.

Уэ уи гум щыщlэ псори къызгуроlуэ,
арщхьэкlэ зыхуэпабгъэри солъагъу.



2 Заказ №224

Къару мыдэIуэжынур лъым щызокIуэ —
дяку дэлъ лъэбакъуэм гъащIэ и кIыхьагъыщ.

ГуитIщхьитIу щыIэр щызэхуос си бгъэгум,
зэдауэу ди къэкIуэнур яубзыху.
Нэхъ Iэфlыр, сэ къызгуроIуэж тIэкIу-тIэкIуу,
узыхуэкIуэнум улъэмыIэсыхущ.

ЗищIысыр умыщIэхущ мы гъащIэм хэлъыр,
нэхъыфIщ умыгъэунэхум абы къуэлъыр.

8

Къримытхар уи натIэ умыуей,
уи пщIантIэ щемыжьари уи мылъагъуэ.
Хэт зыщIэр щынэхъыщхьэр мы дуней,
зыщыгугъынщ си гъащIэр сымылъагъур.

Деса къудейуэ гъатхэр пощэщыж,
гупсысэр епщIу, мэхъу нэщхъей ди махуэр.
Гъэгъахэр епхъ дунейми — къыщIощыж,
и гухэлъ щхъуантIэр кърекIут гъэмахуэм.

Гъэгъар щIым щрипхъакIэщ мы дуней,
щхъуантIагъэри ипхъынущ нэхъ иужькIэ.
Гъэмахуэр зымылъагъур лIащ тIэуней,
нэмысым бжьыхьэм щIэпсэуар имыщIэ.

Нэмысыжар, щIымахуэм къелу, гъатхэм
Iыхьэншэщ. ЛIэгъуэ химыха мы гъащIэм.

9

УфIэщщIыгъуафIэу уи нэм къысхуаIуатэ,
щыуагъэу къыппэщылъри ахэм къощ.
Уи нэгум хьэндырабгъуэ щызолъатэ,
кIэлъызелъатэу уи псэри къысфIощI.

Уи дежкIэ вагъуэр щыфIэдзащ бжыхь кIапэм,
уи дежкIэ дыгъэр кхъужьей щхьэкIэм фIэсщ.
Мы дунеижьыр пшагъуэу нэху къекIамэ,
къэбгъэнэхунущ псэкIэ лъагъуэ къэс.

А лъагъуэм я нэхъыбэм тетыр пщIатэм,
уагъэунэну хъунтэкъым уи фIэщ.

УфIэщщIыгъуафIэу уи нэм къысхуаIуатэ,
мы си гур щIэгузавэри уэращ.

Си гъащIэр стынщ уэр щхьэкIэ къыбжезыIэр,
щIэфыгъуэжынкIэ мэхъу зы махуэ псыIэм.

10

Сэ пхуэсщIэфынур мащIэщ, икъукIэ мащIэщ,
сыббгъэдэтынщ псэ къабзэкIэ — ар сыт.
Псэр хиутэжу зекIуэ хъуащи гъащIэр,
си гъусэу жыжьэ унимыгъэсын.

Сэ пхуэсщIэфынур зырикIщ, ауэ игъуэщ,
ущыщIилъафэм узэпхъуэн зы шхийщ.
ПхуэсIуэтэфынущ зы хъыбар щIэщыгъуэ,
ущIригъэгъуэжу, ущикIынум хъийм.

Сэ пхуэсщIэфынур икъукIэ мащIэщ, зырикIщ,
зы пхуэзмыщIэфу щытми — услъагъунщ.
Сэ схуэдэм ущыхуейр умыщIэ зэкIэ,
уи щIыб къэуцу сыдэтынкIэ хъунщ.



ИкIа фочышэр, гъущIыр зэпхигъэзу,
къигъэувыIэнкIэ мэхъур тхылъымпIэпсым.

11

Сихуакъэ лIэгъуэ куэд, сыкъамыщIэххэу,
сыкъалъхужащ щIэрыщIэу апхуэдизрэ,
сыкъыщыкIуэжкIэ бзур къызэрыщIэхыу
мо уафэ лъащIэм я уэрэдыр изу.

ЩысфIэкIуэдам си лъагъуныгъэр — лIэгъуэт,
си лIэгъуэт щыщIэслъхьэжыр ныбжьэгъуфIыр.
ИтIани, къигъэщIыжти си псэм плъэгъуэ,
абыхэм сащIымыгъуу сыпсэуфырт.

Дунейм и хабзэм щыхухахым бзыпхъэ
гу зылъамытэу къэна Iэджи щыIэщ,
итIани иралъхьащ ди гъащIэр къупхъэм,
зыгъэхуэбэжыр къыкIэлъыкIуэу щIыIэм.

ЛIэныгъэр зэ фIэкI къытхуэмыкIуэ щхьэкIэ,
къолъадэ абы япэ лIэгъуэ Iэджэ.

12

БгъэIэпхъуэу фIэфIкъым жыгым. И гум щIыхьэу,
щыхэмыкIэжи Iэджэрэ долъагъур.
Сыт цIыхухэр апхуэдизу дыщIепщIыхьыр
хамэ щIыналъэм дыхуэзышэ лъагъуэм?

ХамэщIым къилъэлъ сабэр тфIощI дыжьыну,
къытщохъур псы инари зэнзэныпсу.
ДыхуеплъэкIыжтэм жыгым дыщежьэнум,
къиший къудамэм къыпхыпсынти и псэр.

Ди хэку, ди лъапсэ, ди псэм пэтщI ди лъахэ.
ЩIэкIащ апхуэдэ псалъэхэм я IэфIыр,
арщхьэкIэ къэнэжащ нэхъыщхьэу ахэр.
Аращ къыткIэлъыплъ жыгым жимыIэфыр.

ДригъэплъэкIыу тхьэмпэр къредзыхыр.
Дэ дыгунэфщ, бзэ къритакъым жыгым.

13

ТеутIыпщхьауэ зыгуэр уафэм щофэ,
ирикIуташ аргуэру шагъыр плъыжьыр.
Гу жан ищIащ мэ гуакIуэм дунеижьыр,
акъужь Iущабэм губгъуэ псор къыдофэ.

Къохьэжыр уэгум дыгъэ гумызагъэр,
зеплъыхьыр, зэгуэпауэ, япэщIыкIэ,
итIанэ хуэмыгъэткIур зэпхисыкIыу,
уэгу лъащIэм къримынэ бжьыгъэ закъуэ.

Шагъыр ефар, зысплъыхьрэ пэткIэ, слъагъукъым,
тежеихьа щэху Iэджэм я зекIуапIэм?
Иригъэхьэжу езы дыгъэр щтапIэ
ди нэгу щIэкIакъэ ар щыIэуэлъауэ.

Щытепщэр хэту щытми дунеижьым
сщIарэт жызоIэ. Е нэхъыфI сымыщIэм?..

14

Жей IэфIым хэтщ псы цIыкIум бгъурыс къуажэр.
Зэм гу кIыргъ макъыу и дзэр зэрегъэшх,
зэм хьэ къугъ макъыу Iуэщхъур ирегъажьэ —
ар пщIыхь шынагъуэм хэту арагъэнщ.

ХоIукIыр псыежэхым и даущым:
«Щ-щ-щ! ... Флъагъукъэ къуажэ кIыхьыр зэрыжейр».
Гупсысэр зэм толъкъунхэм кIэлъоущыр,
щIалэгъуэр къилъыхъуэжу, зэм дожей.

ПхулъэкIым, мы дунейр зэщIэзыгъэхьэм
здиунэтIа лъэныкъуэр къэгъуэтыж.
Мэжей, къыхэIуэщхъукIыу, къуажэ кIыхьыр,
къэкIуэнум е блэкIам имыгъэтынш.

Гупсысэр щIыIэм ес, къигъэзэжынут,
ауэ нэху мыщу хэт зыутIыпщыжынур.

## 15

ЩIым щыпхьа гъащIэр зы гушыIэ кIыхьт,
дыбгъэдыхьэшхт, ныбафэуз дыпщIыхукIэ.
Иджы къысфIощIыр вагъуэхэр бгъэкIыл,
кIылыIуэр лъейуэ, уэгур зэпичыхукIэ.



Богъэдыхьэшх жэнэтым ису хъуар,
жыхьэнэмэм гугъу щехыр къэбгъэхъуапсэу.
Мы дунеижьым фIыуэ щалъэгъуар
щалъагъу адрей дунейми ещхьыркъабзэу.

IэфIщ гъащIэр, ауэ щыIэщ сыщыпсэу
псэм пэсщIу щытыгъам сымылъыхъуэжу,
гушыIэ здэщымыIэм Iэпхъуэу псэр,
уэр дыдэр унэщхъейуэ къысщыхъужу.

Зэшыгъуэр къыстекIуамэ — къысхуэгъэгъу.
Ар къыхэмыхьэу гъащIэр зэхуэмыхъу.

## 16

ИкIащ щэкIуэгъуэр, ямыщIыж укIыгъэ.
Фочауэ макъ щызэхэпхам мэз Iувым —
зыгуэр нэщанэ йоуэ абы щыгъуэм,
зым щымыщ гуэр тригъэзагъэу мывэм.

ИкIащ щэкIуэгъуэр, уафэм зеузэщIыжыр,
нэщхъыфIэщ, и гур зэрыпсэхур къапщIэу,
арщхьэкIэ щакIуэ гуэрхэм зыкъащIэжыр,
нэр къащхьэщыхьэ бзухэм ирагъапщэу.

Нэгъуэщӏхэр шкӏащӏэ джэгум егъэӏуэщхъур,
мэз бжэн я пащхьэ къилъэда къащыхъуу.
Ямыӏыгъ фочыр яузэдыну хуожьэ,
мыдэӏуэж ӏэпэр пӏатӏронтащым лъыхъуэу.

Икӏащ щэкӏуэгъуэр, пшыныжыгъуэ махуэщ.
Жэщ мэхъури — щакӏуэр иукӏахэм яхур...

17

Къыхуэмыгуфӏэ гум зыхуэжэ псор,
къыщӏэкӏкъым зэрыхуейуэ зыщӏэхъуэпсыр.
Уи гъащӏэр зыхуэпхьам ущылъэӏэсым —
къыщепхъуэ щыӏэщ, дэп жьэражьэу, псэм.

Дунейм и гурымыкъи сыӏууащ,
зыкъысфӏэщӏыжу зэмыжьа и хьэщӏэу.
Гухэлъым я нэхъ пщтырыр щыпесхьэжьэм,
и нэщхъкӏэ щыӏэщ сызыгъэупщӏыӏуа.

Сызэрыхуа щытыкӏэр мис абдеж
сигу къыщыкӏыжкӏэ, гъащӏэр сфӏэӏэфӏыжкъым,
си плъапӏэу щыта уафэр си фӏэщ хъужкъым.
Къыздикӏыжынур дэнэ гукъыдэж.

Пэжщ къыпхуэгуфӏэр нышэдибэ уафэр,
пщыхьэщхьэ къуимыдзыжмэ щыблэ мафӏэ.

18

Блэм жэщыр кӏуэхукӏэ сепщӏыхьащ. Иджыри
шэрэзыр щызолъатэ зэм си нэгум.
Ди гъащӏэм и ӏэфӏыпӏэр сигу къокӏыжыр,
и кӏапэлъапэр гугъэм къигъэнэхуу.

И кӏапэлъапэр гугъэм, кӏапсэ кӏапэу,
къыщылъыхъуэж иджы плӏанэпэу щыӏэм.
Дэтхэнэ зыри хъуащ, нэбжьыцу, лъапӏэ,
а псор зэпысщӏэжыну гъащӏэ сиӏэ?

Щоджэгу шэрэзыр нэгум, сигъэпӏыщӏэу,
абы арыххэу псэм зрегъэхъуэжыр.
Ди гъащӏэм и ӏэфӏыпӏэр зы нэху мащӏэт,
ирашэха уэздыгъэу къысщохъужыр.

Сесакъым, сыIууами махуэ къэс
зыгуэрым и нэджыджым къиӏц шэрэз.

19

Щыуагъэ къэс и зы щыхупIэщ гъащIэм,
абыхэм щаIууэнур зыщIэр хэт.
Абы ящыщу мышынагъуэр мащIэщ,
уеплъыхмэ, щIыфэр зыгъэтхытх яхэтщ.

ЩыпхокI щыхупIэм адэкIэ гъуэгу Iэджэ,
абы зэ унэсам, уи кIэн къикIынт.
Уэ уежьэжынт, къэпщтэжу лIым и кIуэкIэ,
арщхьэкIэ хуейщ щыхупIэм зэпрыкIын.

КъопцIыжу гъащIэр къыпщохъужыр зэми,
щыIэнкIи мэхъур лIыгъэр щыпIэщIэкI.
Укъезыгъэлын щымыIэ зыри
абдежым къыплъыкъуэкI дамитIым фIэкI.

ЩыхупIэ уIуащ, щыуагъэ пщIамэ, —
уопсэу, уи дамэм зыкъызэкъуахамэ.



20

ИщIынщи нобэр хьэгъуэлIыгъуэ,
пщэдейр хьэдагъэм хуишэжынщ.
Къытригъэхьэнщи дунейм гъыуэ,
кIэлъыгъыу иригъэхыжынщ.

Апхуэдэу гъащIэр къыщIекIуэкIым
щыгъуазэу щыIэкъым зы цIыху.
Бэлэрыгъыху кърихулэкIыу
псэм къыкIэлъоуэ хьэчэу зыху.

Сабийр дунейм къытохьэ гъыуэ,
ар щIэгъым егупсысыр хэт?
Жьы хъуар дунейм йохыж ягъейуэ,
щIагъейм ар егупсысрэ куэд?

ТфIэщIами хабзэр зэблигъэкIыу,
дунейм зы хабзэщ къылъыкъуэкIыр.

21

Дыхьэндырабгъуэщ, ди псэм хуабэр фIэфIщ,
дыхапIыкIащ дыгъэпсым, къытхуэсакъыу.

Дызэрыпсэур дэ зы махуэ закъуэщ —
къэдгъащІэу илъэс Іэджэ ящІ ди фІэщ.

Дыхьэндырабгъуэщ, мафІэр къыхыдох,
абы дызэрисынур тщІэрэ пэткІэ.
Дыкъэзыхъумэу хъуар Іудогъэкlуэтри,
дыкъэзыгъапцІэ нэхум псэр худохь.

Дыхьэндырабгъуэщ, хъуркъым ар я фІэщ,
ди гъащІэм хьэлъэу щыІэр къыкІэращІэ.
Хуэпабгъэ пэтрэ ди псэр уафэ лъащІэм,
мы щІым пэхъун щымыІэу къытфІагъэщІ.

Дыхьэндырабгъуэщ гукІи, нэкІи, псэкІи.
Ар сыт, уабрэмывэм адрей псомкІи.

22

МэкІуатэ жэщыр, сэ абы сыхэтщ.
Ди хьэжьыр бжэ Іух макъым къыдотэджыр.
Абы игу щыщІэр къэзыщІэнур хэт,
мэбанэри — абдежым къыщонэжыр.

Ди хьэжьыр пыкъугъыкІыу пщІантІэм дэлъщ,
щхьэр лъапэм телъу худоплъей Шыхулъагъуэм.
И анэр зэримыщІэр и гум телъ,
екъугърэ мазэм, и адэр трилъагъуэу?

Ди хьэжьыр бжэ Іух макъым къыдотэдж,
щыуауэ тепсэ нэхур ей къыфІэщІу.
Бжэр хуащІри, ар кІыфІыгъэм хокІуэдэж,
жиІэнум хунэмысу къэнам ещхьу.

ЩыкъугъкІэ къыхэгъыкІыу къыпфІэщІынщ.
ЕІэтыр щхьэр, зыхуигъэгусэу щІым.

23

Мэгъагъэ дунейри — уэгу лъащІэр донэху,
пІейтейуэ псэ къэскІэ хосыхьыр хужьыгъэм.
Мэгъужыр дунейри — псэм гугъэр Іэпоху,
лъэтэну ар хуожьэ жыг тхьэмпэхэм щІыгъуу.

Гъэгъамрэ гъужамрэ псэ махэу къыщІокІ,
тегушхуэри Іэджэщ абыхэм я гъащІэм.

Гъэгъам и дахагъэр, жьы къепщэм, ІэщІокІ,
гъужар мафІэ хуэлъэщ, зы хъуаскІэм егъащтэ.

Мэгъагъэ дунейр — игъуэ носри мэгъуж,
зыр блэкІмэ — адрейм тепыІэншэу сыпоплъэ.
Зым си гур иІэту къару къегъэуш,
адрейм и ІущагъкІэ мы гъащІэм сыхоплъэ.

Гъэгъамрэ гъужамрэ дунейм гу щылъатэ,
адрейхэр къекІуэкІым щыщ гуэру ялъытэ.

24

Жьапщэм губгъуэ хужьыр иупІышкІуащ,
къепэгэкІ Іуащхьэжьри къыхэтыжу.
Жыгхэми жейкъутэ дэджэгуащ,
иджы унэр хэтщ ириудыну.

Щыхуимычым — йопщэ, йощІыІэкІ,
и абджынэм трищІэхукІэ сытхъур.
Къэмылэнджэж унэм цІыху къыщІокІ,
жьапщэр фІэмыІуэхуу, уэсыр етхъур.

Фэм ихуэжкъым жьапщэр, зэгуоуд
и зэфІэкІыр зымылъытэм щхьэкІэ.
Долъэтейри, зэм зыкъещІыр уд,
зэм, иудэу, уэсыр кърехьэкІыр.

ИщІэркъым дунейр зыкъутэ жьапщэм
цІыхум игу илъ мафІэм зэрыщІэпщэр.

25

Зегъазэри дунейм — кІэрохур Іэджэ,
зыкъегъэзэжри — Іэджэ къыхохъуэж.
КІэрыхумрэ къыхэхъуэмрэ зэпэджэу
яужэгъуа псэупІэр зэрахъуэж.

Зэподжэ куэд. Уэгу къащхъуэм Іэпыху вагъуэр
мы щІылъэм текІыж цІыхум къыпыщІащ.
ЗэрыщІэу къыхахыж иужьрей лъагъуэр —
зэрызэрыщІэр зым къыхуэмыщІа.

Йож вагъуэр, къигъэнэхуу и кІуэдыпІэр,
цІыхупсэр имылъагъуу зым лъэтэнщ.

Щыпсэур хэкIуэдыкIахэр дэнэ щIыпIэ?
Къалъхуахэр дунейм щыщу ялъытэнщ.

ПсэухукIэ къыщагъэпщкIу и вагъуэр цIыхум,
щыкIуэдыжынум дежщ щызэрыцIыхур.

26

ЗашэщI кIапсэлъэрышэу си илъэсхэм,
пхъэракIуэ яутIыпща шу гуп нэхъей.
Ирихьэу и Iум сабэу къагъэхъейр,
абыхэм якIэлъоIэ си псэр лъэсу.

КъызэщIэплъа шу гупыр щхьэхьу мажэ,
щагъаджэу зэми щIопщыр пшэм и щIыIу.
Бзу зэрызехьэу, махуэхэр ящIыгъущ,
нэхъыбэм, гу лъамытэурэ, зохъуажэ.

Епхащ а гупым си псэр гъащIэ къуэпскIэ,
абы ядокIэрахъуэ си дунейр.
Зэм сфIощI апхуэдэ гъащIэ сыхуэмей,
арщхьэкIэ мажэ си псэр здашэм нэскIэ.

КъызэIэбэкIыу кIапсэр пызыупщIынур,
уахэплъэ пэтми, дэнэ уэ щыпщIэнур.

27

Псыкъуий къыщистIыкIынур къэзгъуэтащ,
зэман къысхуэнэжарэт ар къэстIыну.
Си гъащIэр Iуэху жьгъейм тезгъэкIуэдащ,
си гугъэурэ нэхъыщхьэр къэзгъуэтыну.

Нэхъыщхьэр уиIэжынырт уи псыкъуий,
гур игъэтIысу, уи сурэтри къищу,
уи къуажэ кIыхьыр зыхэф псыр къыщиу,
псы хуэлIэу жылэм дэсыр уи деж къишэу.

А гугъэ дахэр ягъэунэхум ещхьт,
арщхьэкIэ ар зыхэтыр нэгъуэщI гъащIэт.
Си гъащIэр Iуэху жьгъейхэм гъусэ ящI,
хэслъагъуэр жэщым ещхь сфIохъужыр мащэм.

ТекIуэдыкIакъым гъащIэр — текIуэдащ.
А гурыфIыгъуэр зэкIэ псэм къыдощI.

28

Укъызитащ гуIэфIтещIэжу гъащIэм,
зыпщызгъэнщIыну зэи си фIэщ мыхъу.
ПхуэсщIа гухэлъым щыщ зы Iыхьэ гъуащэм,
къэнар зэхэлъхьи, насып иримыкъу.

Сызытет щIылъэр зэм солъагъур уафэу,
си гъащIэр щхьэуназэу кIэрэхъуащ.
УсщIыгъумэ, си гур хьэкум къиукI мафIэщ,
ущыспэIэщIэм — дэп ундэрэщхъуащ.

ИмыгъэфIэжу и псэр гухэлъ нэхум
хэт лIэуэ щытми — ар лIэпауэ арщ.
ЩыхупIэ зэрыкуэдыр къысфIэIуэхукъым,
зытетым дамэ сыхабжам ярейщ.

Укъызитат гуIэфIтещIэжу гъащIэм,
Тхьэм езы гъащIэр къыщысхуигъэфащэм.



29

Къэзгъащ1эщ гъащIи, зыри къысхуэщIакъым,
зищIысыр гъащIэр зэрызмыщIэм фIэкI.
Гум пищIэу мыл, сыщIоплъэ уафэ щIагъым,
къыспэщылъ гъуэгум вагъуэ къоувэкI.

Къонэху си гъуэгур, здэкIуэр сигъэлъагъуу,
арщхьэкIэ сэ зыкIэрызощIэ щIым.
Иджыри сыхуеижщ зы дуней плъэгъуэ,
гуIэфIтещIэжу хуейщ зы гугъэ сщIын.

Гум пищIэу мыл, сыщIоплъэ уафэ щIагъым,
зешэщIыр гъуэгум, псэхэр здэкIуэм нэс.
И тетым хьэршым, езыр сымылъагъуми,
мы си псэми хэщIапIэ гуэр хуегъэпс.

А псор зыхэзмыщIыкIщ, гурыщIэ къабзэщ.
ЗдэщыIэр дэнэ-тIэ сызыщыгъуазэр?..

30

Гъэгъам зы жыг къудами къришэхкъым,
хужьыгъэ нэхум хиныркъым зы къуэпс.

Къэсамэ игъуэ, пощэщыжри жыгым,
и гулъ къэсыхукIэ гугъэ IэфI лъегъэс.

Похужыр тхьэмпэ гъуэжьри жыг къудамэм,
игъэзэщIауэ щытмэ и къалэн.
Псэр дэзыхьэх дахагъэр фIэкIуэдамэ,
зрикъузылIэу, щIылъэм хэгъуэлъхьэнщ.

Гъужари дахэщ, зэми псэр ихьэхуу,
арщхьэкIэ пэж шынагъуэр щIэлъщ и щIагъ.
Абы къыхэкIкIэ — ягъэсыж щIэх-щIэхыу,
зыщагъэгъупщэу зэгуэр къахуищIар.

Мис, къосыр уэсри, гъэгъам зригъэщхьу,
гъужауэ къыпэщIэхуэу хъуар игъэпщкIуу.

31

Гугъущ гъащIэм къыщыппэплъэр умыщIэныр,
абы ущыгъуэзэныр нэхъ гугъужщ.
Уэздыгъэ нэхуу, махуэхэр къыщIонэ,
къыттрагъэункIыфIэ щIыкIэу, мэужьыхыж.

Зы махуэм къихьыр ехьэхуж нэгъуэщIым,
зы жэщым ихьыр къытхуехьыж адрейм.
Ди махуэмрэ ди жэщымрэ зэрыщIэу
къыддэгушыIэу щытми ярейщ.

А тIум яку дэту мэкIэрахъуэ ди псэр,
ар пожьэ зым, адрейр ирегъэжьэж.
ЩIэдзапIэмрэ кIэухымрэ зэгъусэу
щыхупIэ нэзым тетщ, зэхогъуэщэж.

Дэ тлъагъукъым ахэр, дыкъалъагъу езыхэм.
Зэгъусэу йогупсысыр дызезыхуэм.

32

И бгъуагъри и кIыхьагъри зэхуэдизщ —
жаIати гъуэгум щхьэкIэ пасэрейхэм.
Ар къэзыпщар плъэкIынум къэгъуэтыж —
ящыщу къыщIэкIынут шэсырейхэм.

Е губгъуэ задэр зывэхэм ящыщт,
къекIуэкIрэт, махуэр жэщым фIыхэгъуащэу?

Ди тхыдэр зыджхэм лъэпкъыр къысфIагъэщI,
шу гъусэр къэсым, ежьэжыну пIащIэу.

Ди тхыдэр зыджхэм джатэхэр ябжыж,
адыгэм лIыгъэу зэрихьар къалъытэу.
Къуэладжи, джабэ нэкIуи щIащыкIыж,
зэхэуэ гуащIэм и щыхьэт къалъыхъуэу.

Къапщ лъэпкъым къикIуа гъуэгум и кIыхьагъыр,
къалъытэ пэт — хуэкIуэжыркъым и бгъуагъым.

33

Зы гугъэ хьэнцэгуащэу къызошэкI,
уэгу лъащIэм сыгурыIуэ си гугъэжу,
арщхьэкIэ слъагъукъым уэшх къысхуригъэшхыу,
къешхыну зищIрэ сыкъигъапцIэ фIэкI.

Сесащи хьэнцэгуащэм, схуэмыутIыпщ,
къысфIощIыр сыгъуэщэн, ар си мыгъусэм.
Си хьэнцэгуащэм епщIэкIа гупсысэм
зы тэлай закъуи псэр имыгъэтынш.

Си гъусэм дэрэ ди гъуэгуанэр кIыхьщ.
Ар зым илъагъукъым — гугъэр нэм къиубыдрэ.
УкIуэнри гугъущ зэрамыгугъэу куэдым.

Си хьэнцэгуащэм дэрэ къыдокIухь,
уэшх хуабэ гъащIэм щхьэкIэ къедгъэшхыну.
Хьэзырщ мы дунеижьыр дыхьэшхыну...

34

Дзапэ уэрэд тэмакъым щызу,
жэщымэ зыщыу гукъэкIыж...
Къопсых зэшыгъуэр, гущIэр ису,
псэр уафэ гъунэм хуоплъэкIыж.

Иджыри уи гур щыIэщ жыжьэ,
и гъащIэм хъуащ есэжыгъуей.
Ущхьэукъуам — псэхунут гущIэр,
сымаджэ ягъэпскIа нэхъей.

Щыхэтыр дэнэ нэху зыгъэщыр?
Абы улъыхъуэу удоплъей.

Иризэгуэп хъунщ ар уи зэшым —
вагъуэ ныкъуэсыр егъэлъей...

КъыгурымыIуэ зыхуейр уи псэр —
уи удзыр къокI, къожэхыр уи псыр.

35

Пщыхьэщхьэм щоу зэшыгъуэ псыIэм и мэ,
уафэгури мафIэм щыужа хьэкужьщ.
Кърихыр яжьэщ, жьапщэр абы иуэм,
зицIэлэжащи — щIэх хъужынкъым хужь.

ЗицIэлэжари хъунт, дунейр ецIалэ,
ди лажьэр сыт, Iуэхуншэм и гур плъым?
Жэщ кIыфIым, арыншами, къос и пIалъэр,
абы фIыцIагъэм дыкъыхигъэплъынщ.

МытIысыж сабэу, щIым щхьэщытщи пшагъуэр,
емынэр гъуэгум ирижа къыпфIощI.
Нэм имылъагъуми, псэм зыхищIэ лъагъуэм
и кIапэр, нэр зэтеспIэмэ, къыхощ.

КъэкIуэну жэщым си псэр щымыгъуащэм,
пщэдейрей махуэр ещхь хъужынущ гъащIэм.

36

Хэт щыIэр къыдэупщIу дызыхуеймкIэ,
дыкъэзылъхуа ди анэ закъуэм фIэкI.
Абы тфIэфI псори зэкIэ хузэфIэкIкъым,
а гуныкъуэгъуэр псэкIэ кърехьэкI.

ЙопщIыхьыр жэщкIэ дянэр къытпэщылъым,
блэкIам щыщ Iэджэ игукIэ егъэвыж.
Дэ, и шхын IэфIым дыхэIэбэу щытмэ,
хуэтщIауэ Iуэхутхьэбзэшхуэ къытщохъуж.

Дэ дыщиувэр, диувэххэнум, лIыпIэ
ди анэ закъуэр тIэщIэкIа нэужьщ.
ПаупщIа бынжэр илъэс Iэджэ ипэ,
къриIуэнтIыкIыу, мис абдеж мэуз.

Жьэгу мафIэм хуэдэщ анэ лъагъуныгъэр,
щIыIэм ущисым дежщ ар къыщыплъыхъуэр.

37

Пщэдджыжьымрэ пщыхьэщхьэмрэ зэхуокъу,
арщхьэкIэ махуэр зэм зэран къахуохъу,
зэм жэщыр къыдоувэ я зэхуакум.
ЗэжрагъэIам арат зэхуилъыр я гум.

Пщэдджыжьымрэ пщыхьэщхьэмрэ нэмыщI
гухэлъкIэ иIа пшэплъ зым яхуэмыщI.
Яку дэтхэм къагурыIуэркъым а къомыр,
зым пшэплъыр егъэсыж, адрейм щIехъумэ.

Пщыхьэщхьэр сыт къыщIыхихар пщэдджыжьым?
ФIэгъэщIэгъуэныр хэти нэхъ пэжыжьэрщ.
АрщхьэкIэ къиухуакъым мы дунейр,
ухэту щытми, пщIэуэ узыхуейр.

Пщэдджыжьым хэлъэдэну щIэпхъуа вагъуэм
ирагъэкIуакъым бжьиз — хисхьакъэ плъагъуу.



38

Сыкъэзылъхуа си лъэпкъыр хым йопщIыхь,
хъеям удз кIырыр — къыщохъуж толъкъуну.
Езы тенджызым зыхухихыу щIыхь
щытар хэт и гугъэнт апхуэдэ хъуну.

Хы Iуфэм къыхуалъхуар хы макъ щIобэг,
есэнкъым псыхъуэм, илъэс мин дэгъэкIи.
Псыпыхум ещхьу, тхьэмпэхэр къыпоху,
щхъыщхъ макъым хы бэуэкIэрщ игу къигъэкIыр.

Бжэм и кIыргъ макъыр хы тхьэрыкъуэ фIощI,
пщIэнтIэпсыр къокIуэ, зэхихам хуеплъэкIыу.
Гуэл щхъуантIэм куэдрэ ныхэплъэн и фIэфIщ,
шынэжу зэми ар къигъэкъуэлъэнкIэ.

А псори щIыгъущ си лъэпкъым и жэщ кIыхьым,
щIэтIысыкIа гурыщIэрщ махуэм здихьыр.

39

Аргуэру гъэрэ щIырэ зэхэкIащ,
сыкъигъэпцIакIэщ сэри лъагъуныгъэм.

СфIэщIат гухэлъ къыслъысмэ зэфIэкIа,
кIуэн щхьэкIэ гъащIэр нэхуу сытым щыгъуи.

АрщхьэкIэ къыспигъаплъэм сыхуэдэгут,
сэ сиужьыгуами гъащIэм сыт хуэдизрэ.
Ялъагъумэ хуабэ, жыгхэри къотIэпI,
тIэпIа къудейри куэдрэщ щIыIэм щисыр.

Аргуэру гъэрэ щIырэ зэхэкIащ,
псэм фIэкIуэдауэ хъуар зэхигъэхьэжу.
Иджыри зы гухэлъым сыпыкIащ,
згъэкIуэнущ гъащIэр, ари къысщIыхьэжу.

ИтIани гъащIэ хъужыр лъагъуныгъэрщ.
Аращи мафIэр — адрей псори Iугъуэщ.

40

Си фIэщ схуэщIакъым, си нэкIэ слъагъуху,
лIэныгъэм щIэхъуэпс гуэри зэрыщыIэр.
И гъащIэм щыщу Iэджэ зэхуэмыхъут,
щыхъуакIэ апхуэдизу игу хуэщIыIэ.

Абы техьэлъэр си псэм зыхищIащ —
хуэмыхьу арагъэнут зэрызехьэр.
Ямыгъэпсэур сэрауэ къысфIэщIащ,
и нитIым щIэт зэшыгъуэр къыспкърыхьэу.

Ар хуейт тетыну езым и дуней,
арщхьэкIэ хэтыт хуит укъэзыщIынур.
Чэнджэщ мышыу зезыхьэр куэдыкIейт,
куэд хъурт псэ къабзэр хэутэн зыщIынур.

Щхьэщытт щыхупIэм, ауэ емылъа.
И гугъу зэрызмыщIам къригъэла?..

41

Си гъащIэр зэрыщыту гъуэгу гъуэмылэт,
ар зэрыхъуххэр зы IэмыщIэ изт.
ГуэпIэскIухьын а тIэкIуми къыппэмыплъэу
уэ бощIэ уагъэкIуну щытмэ бжьиз.

Си гъащIэр гъуэгу гъуэмылэу аркъудейти,
ядэзгуэшащ ар сызыхуэзэу хъуам,
нэхъыфIу слъагъухэм и IэфIыпIэр есту,
сыгуфIэу, я къарум щыхэзгъэхъуам.

Ялъызгъэсаи си гъуэмылэр Iэджэм,
Iыхьэншэ сыту куэди сэ сфIэхъуа.
Си гъащIэр гъуэгу гъуэмылэт. Дыджт и дыджыр,
и IэфIри фоупсу къысщыхъуащ.

ХэпкIэ зэпытщ зэрылъыр си гъуэмылэр,
илъыжри сщIэрэ — абы хъуркъым уиплъэ.

42

Си гъащIэр, иришажьэурэ гупсысэм,
гур здынэплъысым нэскIэ куэдрэ макIуэ.
Щыджэгуу щыта губгъуэм зэрынэсу,
елъагъу шым я нэхъ дахэр зэрыхъуакIуэр.

Щхьэр дэуназэу хуожьэ мэракIуэмэм,
мэтхытх и щIыфэр, гумэщIащи губгъуэр.
Зэрымылъагъуу зэман Iэджэ кIуами,
зэрощIэ я псэр икIи зэхуэныкъуэщ.

Къеджамэ гукъэкIыжыр, си псэм нэхърэ
нэхъ жыIэдаIуэ къыпхуэмыгъуэтыну.
А зы лъэныкъуэр и гъуэгу занщIэу щIопхъуэ,
зыгуэрым ечэнджэщуи хэмытыну.

КъокIуэж, щыуауэ и мэ сабиигъуэм,
къэкIуэжыр Iуэхут — къедэхэщIэн мэлъыхъуэ.

43

А си пщIыхьэпIэр нэгъуэщI гъащIэт,
блэкIат е зэкIэ къэмысарэт.
Сыкъуэсти уафэм и кIэкъуащIэм,
си анэ дыщэу, къысхуэсакъырт.

Вагъуэзэшиблыр ниблкIэ къаплъэрт,
сыщилъэгъуар къыхуэмыщIэжрэт.
Уэгу щIэншэм сэ сыщышынапхъэт,
арщхьэкIэ псэр дэщIэрэщIэжырт.

Сеплъыхмэ — щIым, зыхиукIауэ,
ди унэжь цIыкIур дэкIэрахъуэрт.
Щхьэщытт абы зэшыгъуэр, пшагъуэу.

Абы зиплъыхьырт, сыкъилъыхъуэу,
арщхьэкIэ, жэщыр имыкIауэ,
симыгъуэтынут. Си гур ныкъуэт.



3 Заказ №224

44

Сыдохьэ, сыхэлъэту, ди уэрамым,
езым сыфIэIуэхущэу гу лъызмытэ.
Псом нэхъ нэхъыбэу хуэзэшар сэрами,
солъагъу: ар псэуфынущ сыхэмыту.

Iувщ цIыхур, я Iэгъуапэхэр зэIусэу,
арщхьэкIэ зэхуеплъэкIыркъым — ар дауэ?
Нэм къызэпхопс дэтхэнэ зыми и псэр,
хэт уфIыцIауэ, хэти ущхъуэнтIауэ.

КъызгуроIуэж абдеж си лIыгъэншагъэр —
дэтхэнэра схуэщIынур насыпыфIэ?
ЦIыху Iувым си гупсысэр сфIахопшахъуэ,
хэт къелъэпауэу, хэти къытеувэу...

Жэщ хъуащ. Щотхытх тхылъымпIэ уэрам нэщIым.
Сопхъух, ар си ныкъуэтхыра къысфIэщIу.

45

Аргуэру си гупсысэм сегъэпщылI,
къызегъэлъыхъуэ щымыIэж нэгъунэ.
Зэгуэзгъэпа уэгу лъащIэр къоуцIыплъ —
жьы сыхъужащ, теубыдэ сиIэ хъункъэ.

Абдежым си гум щIедзэ къилъэтын,
тогужьеикIыж и хуитыныгъэм.
БгъуэнщIагъым ещхь си унэм сигу щокIыж,
сызэгуегъэп унащхьэм иIэ бжьыгъэм.

Сыдэплъеямэ — уафэр погуфIыкI,
сеплъыхмэ — зэхеукIэ щIым и нэщхъыр.
СызыщыгугъыР сщIэжу къыщIыукI,
пщэдей сыкъэмыушарэт си гур нэщIу.

Шынагъуэр арщ, гупсысэм сыт и лажьэ.
Гур нэщIу щытмэ — къыпэджэжыр мащэщ.

46

Мы гъащIэм Iэджи зэхетхъуэж,
и хабзэ гуэрхэри ехъуэж.
Сабийр, лIыжь хуэдэ, къопсэлъэнщ,
лIыжьыр, сабийуэ, къыпIуплъэнщ.

Сабиймрэ лIыжьымрэ зэщIыгъущ,
зэрыщымытыр къалъыкъуэкIыу.
ЛIыжьым и Iэгум мэл цIыкIу щохъу,
сабийм иутIыпщыркъым пхъэ фочыр.

Зым и дунейр адрейм къыхуопс,
лъэмыIэсыжми и гум пхыкIыу.
Зым и блэкIам адрейр щIохъуэпс,
зищIысым зыри химыщIыкIыу.

Сабийр жьы хъуху игъэпсэуным
щIэхъуэпс дунейр къыщIоплъ уэгу гъунэм.

## 47

ДжэгуакIуэщ гъащIэр, псэуэ хъуар къигъапцIэу,
щIэщыгъуэщI бзаджэщ, щIым къыхэкI-хыхьэжщ.
КъыщыпфIэщI дыдэм псори уэ къохъуапсэу,
къыплъигъэса гуфIэгъуэм щыщ ехъуэж.

КъыщIегъу гуфIэгъуэм гуныкъуэгъуэ Iэджэ,
зыр мащIэщ, зыми пфIощI укъемылын.
ЩIыбодзэ ухэтхъукIыу, ухэгъукIыу,
гупсысэ дзакъэм егъэузыр лыр.



ДжэгуакIуэщ гъащIэр, джэгуурэ псэ хелъхьэ,
а зэрыджэгум хуэдэури хехыж.
«Къызумыт — икIи стумыхыж», —
жысIэнут, ауэ къысфIищынущ делэ.

«Удзыпэ къэс сеупщIу сыхэмыт,
уэ сыткIэ унэхъыфI?» — тхьэкIумэм итщ.

## 48

ТхьэмыщкIэщ хэтми мылъкум дихьэхар,
абы трегъэкIуадэ гъащIэ хьэхур,
арщхьэкIэ зыми сэ зэхэзмыха
ежажьэу мылъкуншагъэр къилъэIухуэу.

Ар сыт узыфэу ди лъым къыхыхьа,
дунейм и зы хущхъуэгъуи пэмылъэщу,
зи пщIантIэр уафэм щIэуэу къэхухьар
адрейхэм тхулъэмыкIыу къахэдгъэщу?

Зыгуэри а къарум пэмылъэща.
Мылъку нэпцIым сыту куэд зэригъэкIуэкIрэ,
ящыгъупщэжу Тхьэм къыщIигъэщIар.

«СылIарэ жылэр пщIантIэм къыдыхьам,
нэхъыбэм ялъагъунут си псэукIэр», —
IэщIокI гупсысэ мылъкум дихьэхам.

49

Хыхьэжу и гум бзум уэрэдыр хешыр,
и макъыр зэролъэлъыр гухэлъ уэру.
Езым иусыжа абы къришыр
е иуса нэгъуэщI гумащIэ гуэрым?

ТIум щыгъуэми уэрэдыр щоIу уэгу щIагъым,
псэм хэшыпсыхьрэ узри игъэхъужу.
Уэрэдыр сэ апхуэдэу зыхэсщIами,
зыхуаусар сэрауэ къысщыхъужкъым.

Сыт пщIэн, апхуэдэущ зэрекIуэкIыр гъащIэр,
зым ейр болъагъур нэгъуэщI гуэрым лъысу.
Пшэ гуартэ фIэкI къызыхэмыщ уэгу лъащIэм
бзу цIыкIум къыщелъыхъуэ зыхуэусэр.

Хухеш уэрэдыр уафэм, игу къэмыкIыу
ар псом хуэмыдэу щIым щызэхащIыкIыу.

50

Хьэуам хэт сабэр дыгъэ бзийм донэху,
и налъэ къэс гуфIэжу кIэрыщIауэ.
А сабэм, хэти хуэдэу, иIэщ щэху,
мыгурыIуэгъуэ зызыхуигъэщIагъуэр.

Хьэуам хэт сабэр уафэм нэс докIуей,
ущызэпхыплърэ гъащIэр къызэпхыпсу.
ЩыпщIыпщIым деж — досысыр мы дунейр,
зэхэзехуэн ищIыжу уи гупсысэр.

И щэхур сабэм жьым икъутэжынщ,
IэщIэкIуэдэнщ и нэхур зы ныбжь закъуэм.
Яубэу гъуэгухэм ар тегъуэлъхьэжынщ,
е зигъэпщкIунщ, жыг щхьэкIэхэм щызагъэу.

ЯтIэпсу уэшхым ар щрихьэхыжкIэ,
лыдынщ, и мурадахэр игу къэкIыжу.

51

Си гугъэхэр, гум и гъэхэр, собжыж,
сыздебжэкIыжым сынос уафэ лъащIэм.
А гъуэгур къэзгъэщIам схуемыгъэщхьыж,
иIэжщи гум езым и ныбжь, и гъащIэ.

Гум и гъэр илъэсищэ хъункIэ мэхъу,
гъэ миныр къыщIедзыж щымыщу зыми.
Зэм гъащIэр апхуэдизкIэ къыкIэроху,
гур япэ йощыр нэхъыбэжкIэ зэми.

Си гугъэхэр, гум и гъэхэр, собжыж,
гупсысэкIэ гуп-гупу къесшэлIэжу.
Хэт вагъуэ зэхуэсам къахызошыж,
къатызохыжыр хэти бзу лъэтэжхэм.

Гум къигъэщIар щIэз хъуми уафэ щIагъым,
зы махуэ сыпсэуауэ къысхуэщIакъым.



52

Сыт щыгъуи хуэдэу, гъатхэр гуфIэнэгущ,
и Iупэр фIызэтежу къыкъуоплъ дэнкIи.
Гъэгъам и налъэ къэскIэ къысхуонэху,
дуней абджыпсыр сошынэж къутэнкIэ.

Нэху здэщым гъатхэр кIуэсэжын къысфIощI,
щIэсхъумэу жэщым гугъэхэр согъэпщкIур.
АрщхьэкIэ дунеижьыр къигъэщIащ
щIихъумэр жэщым махуэм къыщIигъэщу.

И нэхур дыгъэм псоми яхуэмыхь.
ЗыхэпсэукIыр гугъэхэр нэхъыфIу
жэщ кIыхьырщ, къэгъэпцIалъэу яIэр пщIыхьщ —
пщэдей къэбгъуэтыжынукъым нэхъыбэр.

Жэщ ныкъуэщ. Гъатхэр зэкIэ гуфIэнэгущ.
Гъэгъахэм щIым и щэхур къагъэнэху.

53

Уэс щабэр къос, къыщIесым егупсысу,
гупсысэ нэхум щIотIысыкI дунейр.

Уэс налъэ пIащэр Iупэу къызоIусэ,
япэрей бам и IэфIу щхьэм доуей.

Сыхохутэжыр япэ лъагъуныгъэм,
фIыуэ слъэгъуам и пащхьэ сохутэж.
Ар гуфIэнэгут. Абы сыкъыщилъагъум,
и нитIым гуфIэр бзууэ щIолъэтыж.

НэщI хъуа абгъуитIу, нитIыр къыщысIуплъэм,
зэрыблэкIар къэкIуэнур мэхъу си фIэщ...
ЗыкъызощIэжри — уэсыр щхьэщытщ щIылъэм,
игъэзэжыну зэрыхуейр къыпхощ.

ЗэIищIэжащ си гъащIэр уэс Iущабэм.
Гупсысэм хэтт — сыщыIэуи ищIакъым.

54

Убгъэдэмылърэ пэткIэ уэ къуаншагъэ,
и фIэщ ар зыми щыпхуэмыщIым деж,
укъонэ къыпхуепс дыгъэр умылъагъуу,
къуимытыжыфу гъащIэм гукъыдэж.

Уи анэ дыдэм пфIощI уигъэкъуэншэну,
уи адэри абы дэщIын къыпщохъу.
Сэ сыпхыкIащ а псоми лIэнкъэнэну,
къысфIэщIу дуней псом сыкъигъэщIэхъу.

Къызэхуэсакъым сэ къысщхьэщыжыни,
сыхэзышэжыни си пщэдейм.
Псом я нэхъыщхьэр уэ езым пщIэжынырщ
зэрыщыкъабзэр уи псэр мы дунейм.

АрщхьэкIэ тыншыжыну къысфIэмыщI,
мыкъуаншэм къуаншэу зэ хъужам и фIэщ.

55

Къыпхопс мыл пIащIэм псыежэхыр,
и щхьэ хуэпсалъэу къысщыхъужу.
Абы и теплъэм сыдихьэхыу
зыхузогъэщхъри — сыщIогъуэжыр.

ХэкIыпIэ зымыгъуэт псэущхьэу,
къысхудоплъей сэ псы толъкъунхэр.

Хэт и гугъэнт хуэсхьыну си щхьэм
абы я гъащIэм хэслъэгъуэнур.

И дамэдазэм сыдигъэплъмэ,
дунейр сысей къысщигъэхъужу —
аракъэ гъащIэр? Лъэр щIегъэхур,
згъэунэхуа гуэрхэр сигу къэкIыжым.

Уи лъэкIым пфIэщIми дунейр зэлъищIысу,
зытIэкIущ къозыгъэщIэжыр узищIысыр.

56

Къысхуоклуэ нэху здэщым, сIихыну чэнджэщ,
и макъри лъахъшэщ, жыпIэну икIащ.
Езым Iэджэ щIащ зэрищIыжрэ унафэ,
абы къихь пагагъри и нэгум щоуфафэ.

ЕдаIуэркъым жысIэм, и нитIым къажыхь,
абы и гум илъыр си дежкIэ къуажэхьщ.
Йожьэж, здрихьэжьэу си махуэм и IэфIыр.
Си гущхьэм къытонэ къэнар жызмыIэфу.

Ар сыт къыщIэкIуар, сигу щIэныкъуэри сыт?
Си гугъу къимыщIам, гъащIэ Iыхьэ естынт.
И жыг хэгъуэкIами сэрауэ зи лажьэр
чэнджэщ сIызыхам сигъэхьынущ си гъащIэр.

Иджы жылэ псом сахэIуэнкIэри мэхъу.
Абы ищIынщ быным и Iуэхури нэхъ гугъу.

57

НасыпыфIэу ябжу — насыпыншэ,
насыпыншэ фIащу — насыпзащIэ.
Зыр адрейм хуигъэкIуэжын фIэфIыщэщ
зэпымычу зызыхъуэж мы гъащIэм.

Гуауэр лъэщIыхьэхукIэ — насыпыфIэ,
къыпежьэху гуфIэгъуэр — насыпыншэ.
Хэт и Iуэху нэхъыфIми къызжиIэфкъым
гъащIэу дунейм тетыр зэпызыщэм.

НасыпыфIэу ябжу — насыпыншэ,
насыпыншэ фIащу — насыпзащIэ.

СщIэркъым сызыщыщыр, ауэ гъащIэм
зы гупсысэщ куэдрэ сызыхуишэр.

Уэсэпс ткIуэпсу, илъщ насыпыр гущIэм.
Уи гур нэхъ пщтырыху — мэгъущ нэхъ псынщIэу.

58

Дуней псор ууейщ къызжаIэ зэм,
зэм сызэрылейр си фIэщ ящIыжыр,
псом нэхъыфIу илъэгъуари псэм
махуэ гуэрым хамэу къыщIедзыжыр.

СиIэу хъуам сысейуэ дапщэ хэт?
Зыр страх, адрейр зытызохыжыр...
Сыт бгъуэтыжми — пфIэкIуэдар къыпхуэтщ,
ар мынэхъыфIауэ уи фIэщ хъужкъым.

ГъащIэу мыр си фIэщ зыщIынур хэт?
КъыщысщIам дунейр зэрыкхъузанэр,
и пIэм икIухь гущэм сыкъыхэплът —
ар къыщIэзджыкIащ и нитIым сянэм.

Дунеижьым псэхэр щIегъэщэщ,
и кхъузанэр мыхъуу зэи нэщI.

59

И куэдщ си гъащIэм си гур зыгъэныкъуэ,
абыхэм Iэджэ щIауэ сесэжащ.
СызэрыIэрыхьэу закъуэныгъэм,
зэрыгъуэтыжынщи, къызэжэнщ.

А псори зырикIщ. Из хъужынщ, ныкъуамэ,
игъэхъуэжыпIэ куэд гум иIэ хъунщ.
АрщхьэкIэ сиIэщ илъэс Iэджэ хъуауэ,
схуемыщIэу зыри, гуныкъуэгъуэ ин.

ЩIигъэхуу си лъэр куэдрэ къытрегъазэ,
си гъащIэр зыгъэдахэу хъуам поув.
Зыщызгъэгъупщэну ар сохъуапсэ,
арщхьэкIэ гъащIэм щымыщ сымыщIыф.

Слъэгъуати анэр быным щыфIэлIыкI,
абы и узыр ноби къызофыкI.

60

СыблэмыкIынут узмылъагъуу,
къыдэздзыхащ зы илъэс минкIэ.
Вагъуищэ хэсчыжыху си лъакъуэм
сыщыплъыхъуащ сэ уафэ-ныджэм.

Уи нэгу сиплъауэ сымыщIэжми,
псэм узыхищIэу къесхьэкIаи.
Сигу укъэкIыхукIэ — гугъэ щIэжхэм
ямылъагъу пкъым зрашэкIаи.

Дунейр щысщIыгъуи сыщхьэ закъуэт,
арат сызыхур уафэ лъащIэм.
Уэри дунейм утемызагъэ —
къызегъэщтэж абы си гъащIэр.

Ущызмыгъуэт дунейм и щIыIукIи.
Сэри сыщыIи сыщымыIи.



61

Насыпым и нэм сыщIэплъа си гугъэщ,
и нэгум къищт кIуэжынкIэ хъуну щIэх.
Апхуэдэу къыщхьэщытщ уэнжакъым Iугъуэр,
пшэ хужьым абы ещхьу зегъэпсэху.

Насыпым и бзэр зэхэсха си гугъэщ,
щIагъыбзэт и нэхъыбэр, псалъэ хьэхут.
Абы къиIуатэрт гъащIэр зэрыныкъуэр,
а зэрыныкъуэм хуэдэу сыдихьэхт.

Насыпым и нэм сыщIэплъа си гугъэщ,
насыпым и бзэр зэхэсха къысфIощI,
арщхьэкIэ зыхэсщIакъым гупсэхугъуэ,
жыг щхьэкIэ къэскIэ упщIэ къызэпхощ.

Насыпыншагъэм къыспигъаплъэр сщIэрт,
насыпым къызищIэнур зыщIэр хэт.

62

Дыгъужьым согупсыс ныжэбэ псом,
дызэпызыщIар къызгурымыIуэу.
Мэз лъагъуэм тету нэгу къыщIохьэ зэм,
зэм къыщокъугъ Iуащхьэжьым и гущIыIум.

И кIыфIыр мэзым си псэм хошыпсыхь,
и щэхум Iуащхьэм щIыIэм срегъэсыр.
Дыгъужьым си гупсысэм къыпекIухь,
и нитI къэлыдым жэщыр зэпхигъэзу.

Жэщ кIыхьыр си щыхьэту согупсыс
ар щIыхуэмейм щытыну си ныбжьэгъуу.
Ди хьэ джафэжьыр зэщхьыр мывэ псыфщ,
бэджыхъщ ди бжыхьыр, ди куэбжэжьри щIыгъуу.

Мэкъугъ дыгъужьыр, пэджэу хуитыныгъэм,
къысфIощI си гъащIэм щхьэкIэ и гур ныкъуэу.

63

Насып гъуэгур пхокI насыпыншагъэм, —
уи нэм къыщIэIэбэр умылъагъу.
Насып гъуэгум тету езэшари,
насыпыншэм ещхьу, хуейщ гущIэгъу.

Хухахакъым зыми насып щхьэхуэ,
гъащIэ щхьэхуэ къызылъысыр хэт.
КъэзмыщIа дунейр щIызэхьэзэхуэр,
гъащIэ кIыхь сэ къэзгъэщIарэ пэт.

Насып гъуэгур пхокI насыпыншагъэм,
зыр щытехьэм гъуэгу — адрейр къосыж...
И нэр зым игъаплъэркъым кIыфIыгъэм,
адрейм и нэр нэху къиуам щесыкI.

Зи нэр нэхум имыгъаплъэр сыткIэ
кIыфIым имыгъаплъэм къыщхьэщыкIрэ.

64

И дзыхь нэгъуэщIым езыгъэзыр дапщэ,
езыгъэзауэ щIемыгъуэжри хэт.
ГъэпцIагъэу щIымрэ уафэмрэ зэIуащэм
си гурыфIыгъуэ Iэджэ егъэкIуэд.

Уэшх нэпцIым кIэлъоплъыж зэгуэпу щIылъэр,
пшэ нэпцIыр уафэ гъунэм щодыхьэшх...
Лъэ макъ къыщыстехьэлъэм мауэ щыблэ,
нэхъ щиIэфIыгъуэм дыгъэри къуохьэж.

Щызэхуэпэжми — тIэкIу къызэрогъапцIэ
мы дунеижьым хэбэукIыу хъуар.
Дзыхь къысхуищIыну зы псэ гуэр сохъуапсэ,
арщхьэкIэ си псэм хэт щыхьэт техъуэн.

Къыппэджэжынкъым уеблэм джэрпэджэжыр,
мэз Iув е къурш имыIэу щыхьэт пэжу.

65

Жыг тхьэмпэ гъуар си лъагъуэм къытотIысхьэ,
зэлымпIыжа гъэгъар щоуфIыцIыр пшапэм.
Къуэладжэ нэфщ зэгуэр щытар псы жапIэу,
къыдэплъу банэ зызыгъэхъухэм я щхьэр.

КъысхуэмыщIэж сядэшхуэм жиIа псалъэр, —
ар зы тхылъ псо и уасэу къыщIэкIынут.
Хэт и гугъэнт апхуэдэу щIэх икIыну
щIалэгъуэ къысфIэщIар зимыIэу пIалъэ.

Иджы, жьым кърихьэкIыу, блех илъэсхэр,
щхъыщхъ макъыр къыщагъэIуу гущIэ дыдэм.
Къысхуэнэр гъащIэу къызжаIэн ямыдэ,
е къызжаIэну пэжыр хунэмысрэ.

Ауэ зылъытэр куэдщ сызэрылIэнур
сщимыгъэгъупщэныр и къалэну.

66

Пщэдейрей махуэр зэрыхъунур сщIэркъым,
сыдэкIмэ пщIантIэм, сыгъуэщэн къысфIощI,
арщхьэкIэ, си гум къинэжыным щIэкъуу,
пщэдджыжь къэсыхукIэ мы дунейр къыщIощ.

Бгъэр зи нэджыджу къызэпхыплъым уафэм
къысхуилъыр и гум зэкIэ къысщебзыщI.
ЗблэплъыкIыу щытмэ — ныбжь тредзэ тафэм,
си гущIэм къиплъэм — гугъэхэр елыпщI.

Сэ сыпежьэнщ гупсысэм я нэхъыщхьэм,
ар къыслъымысмэ — си дунейр кунэфщ.
Нобэрей махуэр а гупсысэм щыщщи,
пызощIэ мис аргуэрым гугъэ нэху.

Къысхуимыщ1а щымы1э махуэ ик1ым,
имыгъуэу жы1а псалъэу къыщ1эмык1ым.

67

Гъэгъащ дунейр, ихьын къысф1эщ1у жьыбгъэм,
псынщ1агъэ нэхур уафэ щ1агъым щос.
Хьилагъэ зэ1узыщэ угъурлыгъэр,
нэр игъэджэгуу, тхьэмпэ къэс къыкъуэсщ.

Мыращ иджы си гъатхэ жыхуэс1эжыр,
имейуэ зыми зелъытэж езым.
Щыт1эп1ым ишэчар абы ещ1эжыр,
иджы ар псоми ягуэшын хьэзырщ.

Дэтхэнэ зыри хуейщ нэсыну гъатхэм,
аргуэру къылъысыну абы щыщ.
Хоплъэжыр гъатхэр къыпих нэхум хэтхэм,
гуныкъуэгъуэншэу ари къысф1эмыщ1.

Нэхъ тыншщи убжыжыну нэхум хэтыр,
елъагъур гъатхэм: 1эджэщ псэуэ къэтыр.

68

Сыхуейкъым банэр хэсчыжыну лъакъуэм,
псэ узыр сщигъэгъупщэу, т1эк1у хрелъ.
Сыпхок1, сызытеувэр сымылъагъуу,
губгъуэжь зыхэзымыщ1эм си гухэлъ.

Сымаджэ 1упэу, зэпытхъэми щ1ылъэр,
зыщыгугъ уафэм къримыт псы тк1уэпс.
Сыносри удзым я нэхъ дахэр щыл1эм, —
и плъэк1эр зэпхрок1 си гущ1эм нэс.

Сыпхок1ыр губгъуэм, гъащ1эр зэпха губгъуэм.
Щыгъын 1эслъэсу 1уащхьэм теубгъуам
къытощыр, жыпу, зы псэ закъуэм и гъуэ,
сиплъэн къысф1эщ1у, гъунэгъу сыхуэхъуащ.

Дунейр зы гъуэмбщи, гъуэмбри зы дунейщ,
а т1ум нэхъ хуитыр зыщ1э гъуэтыгъуейщ.

69

Хъурейуэ къэжыхьын — аращ ди гъащ1эр,
мыхъуну укъэувы1э уи псэр пыту.

Дыщигугъэжми гъуэгум куэд хэдгъэщIу,
дохь къызэднэкIым дыхуэзэж зэпыту.

Дымылъэгъуар иужькIэ тлъагъужыну
дыгугъэурэ — ди жьыгъэм дыжьэхоуэ.
Гъуэгу занщIэ щыIэу ди фIэщ ищIыжыну
ар хэткъым, дигъэпхъэррэ — дыщигъауэу.

Аращ дызыщIыр зэуэ жыIэдаIуэ.
Досэжри жьыгъэм, ныбжьэгъущIэм ещхьу,
дызэдопсэур ди гукъэкI зэтауэ,
докIуэкIыр, махуэ къэскIэ хуэтщIу фIыщIэ.

Иджы, гъуэгуанэ кIыхь дыщегупсысым,
нэр щIым худохь, нэхъ къатщтэу пшэм хуэмызэм...

70

БжьыхьэкIэщ. ЛIахэм жэщкIэрэ сопщIыхь,
пщэдджыжь сщыгъупщэжынур къэсIущэщу.
Тхьэмпэ гъужахэм сыкъэуфэрэзыхь,
къысхуаIуэтэн къысфIэщIу щIыпыщэщыр.

Нэм къыщIэплъэну жыгхэм зыкъагъэщхъ,
мэщхъыщхъыр хъуреягъыр щтэIэщтаблэу.
Сигъэшынэжу, жэщым ещIыр нэщхъ,
йокIуэкI пшэ гупыр, щIэт къысфIэщIу кхъаблэм.

Абыхэм си гупсысэри яхэтщ,
бэлыхьыр телъщ, имыщIэу здэувынур.
Ныжэбэ кхъаблэм телъу дахыр хэт,
къыщIэкIыу псэууэ ар — сыгуфIэжыну?

Пщэдей зыгуэрым къызжиIэн пэжыпIэр?
Жэуапыр Iуэху кIыхьлIыхьщ, ес махуэр чымпэу.

71

Ныжэбэ си гупсысэр щтэIэщтаблэщ,
къыхыхьэри хэкIыжри къысхуэмыщIэу.
Псэр, жьым ириудэкI уэздыгъэу, маблэ,
уэгу щIагъым щызэблэум къыхэмыщу.

ЗэщIэблэ пэтрэ уафэр вагъуэ защIэу,
хуэгъэткIукъым мазэм кIэрищIа мыл кIанэр.

Мэлъыхъуэ си псэр гъащIэм къыпызыщэм,
фIыуэ илъагъухэм тегужьеикIауэ.

Сыт псэр зищIысыр, сыт ар зыщыгъуазэр?
Толъэт а упщIэр Iупэм, хьэндырабгъуэу.
Ар жыжьэ кIуэнт? ТотIысхьэ мывэм слъагъуу.
ЩымыIэ фIэщIрэ мывэм нэхъ гу къабзэ?

Яхь гъащIэр къуршхэм, щыму зэхэплъэжу,
зэ къэпсэлъэнут, ящIэу щытам пэжыр.

72

КъызэригъэщIрэ пшэхэр щыгъупщэхщ,
щIэупщIи здэкIуэм — къыбжаIэнщ къыздикIыр.
Абыхэм я псэукIэм сыIуплъэху,
къызощIэ гъащIэм куэд къызэримыкIыр.

Япежэжьа гупсысэр къагъэщIэхъу,
якIэлъыжа гухэлъыр утыку къонэ...
Пшэм я гъуэгуанэр мы дунейм и щэхущ,
сохъуапсэ сэри сыздэщыIэр сщIэну.

Пшэ фIыцIэр къишхыдыкIыу къопсэлъэх,
пшэ хужьым зеущэхур, езэшауэ.
Я гъащIэр тIуми жьапщэр къатеуэхущ,
абыхэм сэри сащхьэпришакъым.

Си гъащIэр къощыр уэгум, нэр теплъызэу —
блэкIыхущ пшэ гупыр, щхьэщыкIыхущ гупсысэр...

73

Анэшым сыхуэзышэ зы гъуэгу закъуэу
ныжэбэ мо Шыхулъагъуэр нэгум щIэтщ.
АрщхьэкIэ схуэмыкIужу мис а тIэкIур —
сыкъонэри, жэщ псом бэлыхь сыхэтщ.

ХэкIыпIэр сэ аргуэру сигъэлъагъуу
зы вагъуэ хъыжьэ чышым, мес, мэшэс.
И гущхьэ къэкIыххэнукъым а вагъуэм
дэлъыну гъащIэ псо си чышым нэс...

Анэшым сызышэну хэта гъуэгур
къыщIитхъыу си гум уафэм зэщIефыж.

Нэхущым и мэ щоури тӀэкӀу-тӀэкӀуу,
си гукъэкӀыжхэр мэхъур нэхъ Ӏэфӏыж.

Пщэдейрей махуэр къыщӀэкӀынщ гумащӀэу,
арщхьэкӀэ ар щытынущ нэгъуэщӀ гъащӀэу.

74

Си гъащӀэр зыкӀэлъыжэ псыежэхым
и къэгъэшыпӀэ къэс къысхуещӀыр нэщхъ.
СкӀэрыкӀ, къызжиӀэ сфӀэщӀу зызоущэхур,
жьыр щызэпихуу си гур мэхъур нэщӀ.

АрщхьэкӀэ псыр тохьэж нэщхъыфӀэу гъуэгум,
и нэгум насып лъейр къреутхыкӀ.
Мэджэгу толъкъунхэр, къысхурадзу бзэгур,
дыгъэпсыр зым адрейм къытрехыж.

Яхуримыкъур псоми а дыгъэпсырщ,
езым, яужэгъу къыфӀэщӀу, зегъэпщкӀуж.
Йожэхыр псыр, зиуфэу-зиукъэбзу,
абы зэрызищӀ псор езым йокӀуж.

Си Ӏуэху нэхъ гугъущ, епхащ си гъащӀэр си гум.
Псыр джабэм дэкӀрэ — си гур хуоӀэ щыгум.

75

СӀэщӀокӀ зэманыр. Махуэ къэс сыщӀокӀ,
сылъэщӀыхьэн си гугъэу си псэр зыхьым.
Ар сэркӀэ щыгъупщэхщи — си гум къокӀ
зэгуэр псэуахэм сахигъэзэрыхьу.

КъекӀэрэхъуэкӀ гухэлъхэм сагъэщӀэхъу,
ӀэфӀагъ щызыхэсщӀэнум сынагъэскъым.
Гухэлъхэр къыпхуэхъуакъэ пэщӀэщӀэгъу,
пкӀэрымыкӀын зы гугъэ пфӀамыгъэсу.

Зы гугъэ пфӀагъэсамэ — адрей псор
къыпщохъу абы и ужьым ирикӀуэну.
АрщхьэкӀэ къегъуэтыж аргуэру псэм
зыгъэпэжынур е къэзыгъэпцӀэнур.

И пэжыр гъащӀэм зыщӀэ щымыӀэн.
Тэлай къэсыху езым и пэж иӀэжщ.

## 76

КъыщокI къуаншагъэр зыри къыщымыкIым,
гум къэмыкIари абы жылэ хуохъу.
КъызэралъхуамкIэ къуаншэу къыщIэмыкIым
насып щиIауэ мы дунейм къысщохъу.

Щышынэу гъащIэм куэдщ уэрэд зыусыр,
абыхэм сащымыщу схужыIэн?
Зэгуэрым псори къыщIедзыжыр мысэу,
армыхъумэ лIэныгъэр щымыIэнт.

Тезырщ лIэныгъэр. КърикIуэнщ ди лъагъуэм,
тхухибжэу жьыгъэм ди щыуагъэ къэс.
Езым нэхъ куэд къуаншагъэу дызолъагъур —
псэ Iэджэ щыщыуэнум нимыгъэс...

КъыщокI къуаншагъэр зыри къыщымыкIым.
Насыпщ, лIэныгъэр щыуэу къыщIэмыкIым.

## 77

Уэздыгъэу, мэункIыфIыжри жыг гъэгъахэр,
дунейр аргуэру къопэзэзэхыж.
Йощэщыр вагъуэр уэгум, тхьэмпэ гъуауэ,
жыжьэIуэщ — я щхъыщхъ макъ зэхэзмыхыж.

Сэ къысхуэщIэжкъым зэрикIар гъэмахуэр,
сыпэмыплъауэ бжьыхьэр къыкъуэкIащ.
Си гъащIэр кIуащ, зэрыкIуэм хуэдэу махуэр,
а махуэ зэхэтхъуари сыту кIэщIт.

Ныжэбэ бжьыхьэр уэгум щопэщащэ,
зыхуэкIуэжынум схуригъасэу псэр.
Спшыныжым ещхьу щIыхуэ, кIуащ мы гъащIэр,
сыхуэхьэзыркъым адрей гъащIэм сэ.

ЗэрыжаIащи — дунеижьыр хьэхущ.
Нэхъ инщ птелъ щIыхуэр, нэхъ куэд къэбгъэщIэху.

## 78

НапIэ Iэтыгъуэм зыщихъуэжкIэ гъащIэм,
си фIэщ мыхъу зы псэм куэд хузэфIэкIыну.
Зэсауэ фIэкIуэдар мы си псэм мащIэ,
дэтхэнэри уз щхьэхуэу къефыкIыжу.

И пащхьэ щыпхыхуащ жыпIэну щIылъэр
къуэладжэ нэщIыр нобэ псэм зыхещIэ.
Къуэладжэм адкIэ щыщIымахуэ шылэщ,
гъэгъар щоуфафэ мыдэкIэ, зэтещIэу.

Дотхытх гупсысэр гъащIэ зэхэкIыпIэм,
щхьэц налъэ тхъуахэр щIыIэм иригъэсу.
Арщхьэкlэ а щытыкlэр напlэзыпlэщ,
щIыгу гъащIэм епха псоми ещхьыркъэпсу.

И гъуэгухэм гъащIэм щыIэкъым щыгъуазэ.
Абыхэм натIэм итым зыдагъазэ.

## 79

Си гъащIэм щыхэссат зы гухэлъ жыг,
къыпыкIэр фIыуэ слъагъухэм езгъэшхыну,
къыхэсхыу изыр изкIэ къэсхъуэжын,
къыдэхуэр дунеижьым щызгуэшыну.



А жыгым гухэлъ Iэфlу къыпыкIар
сызэрыхуейуэ щызгуэшакъым гъащIэм,
зэстынум Iэджэ — лъызгъэсар нэхъ мащIэщ,
куэд зылъысар — хуэмейуэ къыщIэкIащ.

Куэд зэрызехьэ къуаргъми хауIукI
псом я нэхъ Iэфlу къысщыхъуахэм щыщу.
Къысхуэнэжар здэсхьынуращ сымыщIэр.
Зэрыхъурэ мащIэ ахэр сигу пымыкI.
КъызгурыIуари зыщ щызухым гъащIэр:
гухэлъыр щыщкъым къызэрахьым фIыщIэ.

## 80

ЗымащIэщ псэкIэ лажьэхэр зэрыхъур,
зэхэзыщIыкIыр ахэр нэхъ мащIэжщ.
Сэ зызохъуэж, псэ къабзэ сыIущIэху,
зэрыщытын хуейр къызощIэж гу мыгъуэу.

Сыт щыгъуи схъумэжыныр къабзэу си псэр
гухэлъым я нэхъыщхьэу къысхуонэж.
Арщхьэкlэ щыIэщ ар щысIэщIэхуж,
нэгъуэщIхэм сахуэхъуа нэужькIэ гъусэ.

Псэ къабзэхэрщ дунейр зэтезыIыгъэр.
Сыхъуауэ къалъытам абы ящыщ,
и пащхьэ сядэм сфIощI къыщысщытхъуауэ.

КъыкъуэкIрэ си зэранкIэ щхьэусыгъуэ,
абы сыхамыбжамэ, къысфIощIыж
и пащхьэ быным сыщагъэпудауэ.

81

Уэрэдым химылъхьар и щэхущи бзум,
къелъэIуми дуней псор — имыIуэтэну.
Сэ зы гурыщIэ закъуи схуэмыбзыщI,
згъэпщкIупэу щытми — нэм къыщIэкIуэтынущ.

Пагагъэр бзум и нэгум къыщопэкIу,
къызоплъ, ауан сыкъищIу зэм къысщыхъуу.
УэрэдкIэ фIэкI мыпсалъэм сыт жепIэн,
узэхищIыкIынкIэ ущыгугъыу.

Дыхэту зы гупсысэ мыхъу си фIэщ,
зыр зыгъэIуэщхъум сфIощI адрейр хуэдэгуу.
ИтIани ди гукъуэпсхэр зэпыщIащ,
иубыди Iэгум — зэщхьу къеуэнщ ди гур.

Бзур зыщышынэр сощIэ фIыуэ. Сэри
сызэрихуар дунейм и Iэгум зэкъым.

82

Зы закъуэщ си дунейм сызэролъэIур,
а зыри бгъэзэщIэну сыту тынш.
Сумыгъэдзыхэ цIыхум сыкъалъагъуу,
зы гухэлъ IэфI иджыри къызэтыж.

Зым сыщыщыжкъым, сегъэбгыни лIыгъэм,
итIанэ къуаргъри къыпщIэнакIэу псэу.
Сыхэгъэныжи сэ фIылъагъуныгъэм,
жыг гъуа си гущIэ дыдэм щыхэпсащ...

А псом сегупсысыху къэсащ щIымахуэр,
къесауэ япэ уэсыр нэху согъэщ.
Ущызэпхоплъ уигъэукIытэжу махуэм,
къыщIэплъэу нэгум бзухэми загъэш.

ІэпапІэ хэмызагъэу дунейр хужьщ.
Си лъэІури зэхихауэ къысфІэмыщІ.

83

Сэ фІыщІэ хузощІыж аргуэру гъащІэм,
къыстрилъхьэу хъуар си хьэлъэу солъытэж.
Си натІэм итыр плъапІэу къызощтэж,
сыт гугъэ лейхэм дыхьэшхэн зезгъэщІкІэ.

Аргуэру си нэр сфІыхоплъызэ хьэршым,
абы щекІуэкІым щІыІэм срегъэс.
СтемыплъэкъукІыу вагъуэхэр зэхэсщ,
зыгуэр къызагъэлъагъу Іэпэтэрмэшу.

Абы жаІэнур сощІэ арыншами:
пщылІыпІэщ гъащІэр, тхъапІэр хьэршыращ.
УзыхуэпщылІми Іэджэ елъыташ.
Ар си гум къокІ, нэхъыбэу сыщешами.

Къыхызохыжыр гъащІэм хуэлІыщІэныр.
Псэуну хуейм нэгъуэщІ къыхуэнэу сщІэркъым.

84

ИтІанэ... сыкъокІуэж ди псэупІэжьым,
си гъащІэм гугъэ леи хэмытыж.
Дунейр къыдэсхьэхыну си гугъэжу,
къыщыскІухьахэм пыщІар гукъэкІыжщ.

Сэ сэщхьу, куэд а гъуэгухэм къагъэІэсэрт,
дэтхэнэ зыри схуэдэм есэжат.
Си гущІэ щызэблэкІым щымыгъуазэт,
и лъапсэ щымызагъэм сыхабжащ.

СыкъэкІуэжащ. ЗытІэкІу зысІэжьэжам,
Си гурыфІыгъуэу хъуам сащыгъупщэнут.
Ар къыщІэзгъэхьэм нэгу — къарур мэжэщІ.

КъэзгъэщІа псор щІэрыщІэу щІызощыкІ.
КъызгурыІуат афІэкІ сэ сымыщІэнур,
арщхьэкІэ сщІэнум зыри хэзмыщІыкІ.

85

Нэр топлъызэ щІылъэ ущхъуэнтІам,
зэм хоплъызэ уафэ зэщымыщхъум.

Псом нэхъыщхьэр псэм имыгъуэта,
ауэ пэгъунэгъущ, лъэІэс къыщыхъуу.

Псэм зыхищІэм си пкъыр щІигъэлІащ,
сыкІуэурэ къару зэхуэсхьэсами.
ГъащІэ псокІэ сэ сызыпэплъам
гурыфІыгъуэ лей къыслъигъэсакъым.

Зы пхъэнкІакІуи дунейм тет мыхъун
дыщэ къигъуэтыну щымыгугъыу.
Сыпсэуа апхуэдэу къысщохъуж,
кІуаи гъащІэр — ари зыт зэрыхъур.

ЖаІэу игъуэтакъым зыхуей псор,
хэт тІэуней мы щІылъэм щагъэпсэур?..

86

Дунейм удекІуэкІыну сыту гугъу,
ухуэмыщІамэ хабзэу къылъыкъуэкІым.
ЗыхищІэм псэм нэхъыбэу сыщогугъ,
абыи жиІэр куэдрэ зэрехъуэкІыр.

Мы гъащІэр зэрекІуэкІым согупсыс,
си щІыфэр зэзэмызэ игъэтхытхыу.
Псэ гумызагъэу махуэр къыспэщысщ,
псэ зэшу, жэщыр йобэкъуэжыр пэнтхым.

Абыхэм сыту кууэ сапыщІа,
езыхэм ямыщІэнкІэ мэхъу сыщыІэу.
СыІэщІэкІыну жэщым сыпІэщІат,
иджы нэхъ къызощтэжыр тІэкІу сыщІыгъум.

И махуэ е и жэщ дунейм щихъуэжкІэ,
хэку жыжьэ сагъэІэпхъуэу къысщохъужыр.

87

ЕупщІи зым, адрейм жэуап къуитынщ,
пІэнкІын хьэзыру, къиутІыпщынщи и бзэр.
ЗымыщІэм дежкІэ жэуап тыныр тыншщ,
абы гугъу иригъэхьыр зыщІэм и псэрщ.

Мы гъащІэм хэзыщІыкІыр хъуркъым куэд,
къыхощ дунейм ящыщ дэтхэнэ зыри.

КууагъкIэ зэм я нэгур хым текIуэнщ,
жынщ я нэджыджыр, мывэм ещхьу, зэми.

ЕупщIи зым, адрейм зыхуегъэзэкI,
абыи и гум щыщIэр мащIэ хъункъым.
ЗымыщIэм и нэджыджыр къыпхуэзэнщ,
зэIукIыу пщIащхъуэ къилъэтын къыпщыхъуу.

ПхузэхэгъэкIмэ хъунщ уэ мис абдежым,
ухуейрэ ухуэмейрэ псалъэ пэжым.

88

Тестхат гурыщIэр нэкIэ псыежэхым,
къыпыгуфIыкIри, щэтэжащ толъкъунхэр.
СымыщIэ гуэр абыхэм ящIэ хъунти,
щагъэлыдащ нэджыджым, здырахьэхыу.

А плъэкIэм хэлът си щIыфэр зыгъэтхытхыр.
сыхуейтэкъым толъкъунхэм ящIэр сщIэну,
я джэгум си гурыщIэм щыщ пысщIэну.
ИтIани тестхэрт ар сэ псыежэхым.

Хэлъщ псым и гъащIэм зы щэху гуэр, къыстекIуэу,
къыхэщу си псэм иджыпсту щызекIуэр.
Аращ абы сэ тIэкIу сыщIыщышынэр.

Тестхат гурыщIэр нэкIэ псыежэхым,
куэд щIауэ хыхьэжащ ар псым и щэхум.
Мыл зэрытрищIэу, къызэпхыщыжынущ.

89

Дэтхэнэм и лэжьыгъэр къэплъытэну,
жыг тхьэмпэ къэс, удзыпэ къэс мэлажьэ.
Дэтхэнэ зыри йоплъэ уафэ лъащIэм,
къыхуэмыгъэсу гу къыщылъатэнур.

А псом сыщыхэплъэжкIэ къызгуроIуэ
куэдыщэм сыщыгугъ зэрымыхъунур.
Жыг тхьэмпэм лъокI нэхъыбэ илъагъуну,
дунейм зыдэгъэзэнымкIи къыстокIуэ.

Удзыпэри пыщIащи щIым и гъащIэм,
абы хузэфIэкI псоми хэлъщ и Iыхьэ.

А тIум ягъэш гупсысэр къыспкърыхьэм,
псэхугъуэм сыхуалъхуауэ къысфIегъэщIыр.

Псэхугъуэм къыхуалъхуауэ къызыщыхъурщ
хэмыкIыу пIейтеиным гъащIэр зыхьыр.

90

ЖысIэну сигу имылъ къемыкIу си ныбжьым,
уи жагъуэ сщIынуи къару симыIэж.
Щхьэ укъэкIуа, си Iуэху зытетыр щыпщIэм,
ущылъыхъуэну жэуап гуэр си деж?

Ухуейщ иджыри зэ сигу хэбгъэщIыну,
щIэплъагъуэу си нэм сызыщIар Iэнкун.
КъызгурыIуатэм абы къыпхуищIэнур,
си жагъуэ мис ардыдэри мыхъунт.

Зы гъащIэ къыздэткIуами уэрэ сэрэ,
къыздэдгъуэтыжкъым дигу хэзыгъэхъуэн.
Зэм, куэд зэзгъэзэхуэжу, согъэзэжыр, —
зэхамэ дыщыхъуар къысхуэмыгъуэт.

Зыщ гурыIуэгъуэр: гъащIэр кIуа нэужькIэ,
жэуапыр мащIэщ, мэхъу нэхъыбэ упщIэр.

91

Иджы абы и макъым сыщIодэIу,
и псалъэ къэскIэ тыгъэу къысщыхъужу.
ЖиIэну сызыхуейр зымащIэ тIэкIущ,
а тIэкIуми си узыфэр игъэхъужу.

КуэдыIуэ и пщэ дэслъхьэу къыщыхъунщ,
арщхьэкIэ къищIэжынущ зэрыщыуэр.
Си гъащIэ гъуэгур скIухукIэ ар сщIыгъунщ,
иубзыху зэпыту си гур къызэреуэр.

Ар сэ спэIэщIэу куэдрэ си гугъат, —
мы дуней зэвым сытыр и пэIэщIэ.
Псэун щыщIэбдзэр гъусэ къыщыбгъуэтщ,
уэ нэхъ нэхъыфIу узищIысыр ищIэу.

Ныщхьэбэ си щытыкIэр согъэщIагъуэ,
Къысщохъур къыспэщылъу къэзгъэщIари.

92

Къоуш, зигъафІэ щІыкІэу, дунеижьыр,
къыщІэлъэтыжу бзухэр еІэт напІэр.
Тесщ мыхъеяуэ къуршхэр и пІэ лъапэм,
тхьэкІумэм итщ гур зыдэпсэху даущыр.

Зэтож и Іупэр уафэ гъунэм нэскІэ,
щогуфІыкІыж апхуэдэу зэрыиным.
Хуэзгъазэу дыгъэм зэтызопІэ си нэр,
си нэгу къыщІэзгъэхьэну дуней нэзыр.

Нэз щыІэкъыми — нэгу къысхущІэмыхьэ,
къыщІыхьэр си псэр дэзыхьэх гъуэгуанэрщ.
Абы сфІытохьэ си псэр сыкъигъанэу,
мы си гупсысэм фІэкІ зы лъэщІэмыхьэу.

ЩыхупІэ себэкъуа къысфІощІ сымыщІэу,
зыхэсщІэжыну къыщІэкІынщ иужькІэ.



93

Сымыужэгъуа иджыри дунеижьыр,
арщхьэкІэ щыІэщ сыщытезэшыхь,
дэни къыхэщ и плъэкІэр щысхуэмыхь.
ИтІани сыхьэзырщ хуэсщІыну фІыщІэ.

Сыт щхьэкІэ жыІэт. СикІмэ мы щытыкІэм,
къысщыхъужынущ гъащІэр нэхъ ІэфІыж.
Зэшыгъуэу дуней псор къызыфІэщІыж
мы си псэр ежьэжынщ, триІэтыкІыу.

А псори пэжщ, итІани согузавэ,
къысхуинэм жысІэу зэшыр, къысхуэкІуам,
е къысфІэщІыжу узыр къыстекІуэн.
И Іуэхур гугъущ гу пщІанэм, гумызагъэм.

Зэхуэзгъэхъу псори лейщ, си натІэм итыр
зэгуэрым къизытхам ищІэжу щытым.

94

Аргуэру псэм къэкІуэнур зыхищІащ,
лъым хыхьэу щІыІэ гуэр щоуш си бгъэгум.
ЗеІэт нэхъ лъагэу сызыхэплъэ уэгум,
жэуап зимыІэ гуэр хэслъагъуэ сфІощІ.

Мы махуэр жэуаптыгъуэт, ауэ сыт,
абы хуэмыхьэзырмэ псэр къарукIэ.
Зэхозгъэхарэт си гум и къеуэкIэр,
хуей хъуа нэужь абы сегупсысын.

И щIагъ къыщыщIидзыжу кIуар и щIыIум
зэхокI нобэрей махуэм гъэрэ щIырэ.
ТIум язым нащхьэ къищIу къысфIэщIащ.

КъэкIуэнур хъунт, блэкIам ищIэнур сщIарэт.
ЗэхокI нобэрей махуэм гъэрэ щIырэ,
а тIум яшэчыр си нэм хъуащ къыщIэщ.

95

ЖиIэн зи куэду къызыхуэмыIуатэ,
жиIэн имыIэ пэтрэ къитхъутхъукI.
Псэхугъуэ тIум я нэгуми щIэзмыгъуатэ,
я пащхьэ сыщыкъуаншэу къысщохъуж.

Я гущIэм щызэблэкIым сегупсысу,
абыхэм куэдрэ псэкIэ саподжэж.
Зым хужымыIэр къофыкIыжыр узу,
адрейр жиIахэм иросымэджэж.

ЖиIэн зи куэду гум щызыгъэтIыгъуэ,
жиIэн зимыIэу псэм дыхьэну хуей.
Зы закъуэ фIэкI ди гъащIэр зэрымыхъум
а тIур нэхъыбэу сфIощI игъэпIейтей.

А щытыкIитIыр щызэблокI си гъащIэм,
аращ си пIейтеинри зыщIыр тIуащIэ.

96

Къызэт зэман, зи щIыхуэ стелъу хъуар
зы дэзмыгъэхуу къэзгубзыгъыжыну.
Гъуэгу куэд щызэпысчащ мы дуней иным,
я бжыгъэр сщIэжкъым сэбэп къысхуэхъуам.

Къызэт зэман, зи щIыхуэ стелъу хъуар,
сыкIуами уафэм нэс, къэзгъуэтыжыну,
а псоми «къысхуэгъэгъу» яжесIэжыну.
Иджыри къэс си Iуэхур хуэмыхъуа.

Къызэт зэман сэ, щIыхуэу стелъу хъуар,
псэм щыщи хэслъхьэ защIэу, спшыныжыну,
зэрыспшыныжар си фIэщ сщIыжыну.
Ар слъагъумэ — нэхъ насып хэт илъэгъуа.

Къызэт зэман, а псоми хурикъуну.
Армыхъумэ — гъащIэр щIыхуэу къысщыхъунущ.

97

Дунейр зыфIэмыIэфIи тетщ мы щIым,
абы зыщызмыгъэнщIыращ бжыгъэншэр.
Зым игу щызекIуэр къыпхуэмытIэщIын,
къыпхопс адрейм и нэгум гукъыдэжыр.

Дунейр зыфIэмыIэфIым и псэр гъэрщ,
и лIэгъуэр къыщIэкIынщ къыхуэмыгъэсу.
Апхуэдэм, хуэхьым еплъу арагъэнщ,
нэхъыбэщ гъащIэ кIыхь къыщылъигъэсыр.



Дунейм зыщызмыгъэнщIыр гъащIэ кIэщI
нэхъыбэм мэхъури — ар къызгурымыIуэ.
Мы гъащIэр зэригуэшыр гъэщIэгъуэнщ, —
хуэмейм ирет, лъигъэсыркъым хуэныкъуэм.

Слъагъу хуэдэщ сэ Тщхьэщытым и фэм дэкIыр,
имыщIэу ярищIэнур техьэ-текIым.

98

ЗыхуэкIуэр ищIэу гъуэгу темыхьэ псэр,
итIанэ хъунт зэшыгъуэ гъащIэ закъуэр.
Ихъумэу и псэр, щхьэр къэзмыгъэпцIэж
дунейм сызэрытетрэ сыхуэзакъым.

Къэмылэнджэжу зэм псэр итщ утыку,
итIанэ махуэр ирехьэкI хуэмыхуу.
ТIум щыгъуэми зыгуэркIэ ныкъуэщ игу,
фIэкIуэдыр къигъуэтам къыхугуэмыхыу.

Иджыри илъагъужтэм зы нэхущ,
зэзакъуэ хулъэкIыжтэм бгым дэкIыну...
Дунейр IэщIэкIыу зыхищIа нэужь,
хэт зыщIэр псэ ешам хузэфIэкIынур.

КъимыкIухьыжыф щыхъуам и деж
къытхэткъэ щIэпхъуэ, щыIэу къыщыттеж.

99

СыщыщIалэм щыгъуэ нэхъыжьт си псэр,
хузэмыгъэзахуэри нэхъыбэт.
Ар щызыхэсщIар зы напIэзыпIэт,
къыщысщIарт си фIэщ мыхъужу шыпсэ.

СыщыцIыкIум щыгъуэ нэхъ инт си псэр,
хэзэгъэнут дунейр зэрыщыту.
Жыжьэти и гъунэр къыспэщытым —
псэми зыхишынут, абы нэсу.

СыщыцIыкIум щыгъуэ нэхъ нэхут си псэр,
щхьэщыт нурми къигъэнэхут нэхъ жыжьэ.
Иджы абдж къэсыху сыкъощыр лIыжьу,
ауэ си фIэщ хъужу хуожьэ шыпсэр.

СыщыщIалэм щыгъуэ, сыщылIыжьым...
А тIум япэ итыр — щыIэ зыщIэ?

100

Гупсысэр къыспкърыхьэм, ещхьщ техьэгъуэм,
си махуэ куэд хьарпшэру нэгу щIокIыж.
Зэгуэр щытахэр си лъым къыхыхьауэ,
сыздэкIуэм щIэмыупщIэу, сIэщIокIыж.

Си гъусэу къыщIедзыж сызыблэкIахэр.
Абы яхуэгъэзауэ гугъэ гуэр
си гущIэм къыщоушри, мэкIэрахъуэ.
Къелъыхъуэ си псэм къызыгурыIуэн.

А псор згъэвыхукIэ гъэхэр золъэтэкIыр,
сымыщIэ нэгур къысщагъэпщкIуу фIэкI,
итIани сфIощIыр щэхуу къызэплъэкIхэу.
Сынос сыздэкIуэм, уэгури зэлъыIуокI.

ПIейтейуэ сахоплъэжыр къыздэсхьахэм.
Си гъащIэ, къысхуэгъэгъу, сыныпщысхьакъым.

101

ЩысIэщIэкIащ щыуагъэ Iэджэ гъащIэм,
къощ ахэр нэгум, схуэбзыщIыну хъункъым.

Жэуапу сагъэхьам имыIэ гъунэ,
къысхуагъэгъуам и бжыгъэри мымащIэ.

Нэм къыщIаIужт нэхъыбэм си щыуагъэр,
утыку сыкъралъхьэнут яфIэфIыжьу.
Яхэтт, щыуагъэм я нэхъ иныр щысщIми,
гу лъимытауэ фэ зытезыгъауи.

Щыуагъэ къэскIэ псэкIэ согъэвыжыр,
сщыгъупщэжауэ къыщысщыхъум дежи.
Зым джэгум щикъутэнщ си гукъыдэжыр,
адрейм жэщ никъуэм сыкъегъэушыжыр.

Зым къимыщIа щыуагъэрщ псом нэхъ хьэлъэр,
сызэрылIыкIынур арщ зыхэлъыр.

102

УмыщIэу къыздихуари къыздикIари,
къущит мы гъащIэм щыIэщ лъэкIыныгъэ.
Сэ къыспикIухь зэпыту екIуэкIами,
иджы ар къыслъысащи, си гур никъуэщ.

Къыплъысыр Iуэху, епщIэнуращ нэхъ гугъур,
щыпIахыжыну махуэри умыщIэу.
Си лъэкIыныгъэр зэсхьэлIэн солъыхъуэ,
гукъэкIыр Iэджэщ, зыр адрейм емыщхьу.

Хъуэпсэгъуэу унэ тесщIыхьын мо джабэм,
е нэху сыкъекIым сытехьэн гъуэгу жыжьэ?..
А псоми сыхэмыту занщIэу нобэ,
уи гъащIэр насыпзащIэ щхьэ сымыщIрэ?

Си дежкIэ усIэтыныр зым щымыщ,
сыплъэIэсыжыну щIы си фIэщ.

103

Солъыхъуэ ноби псалъэм я нэхъ IэфIым,
согувэ, сахэдэн хуей хъуащи куэдым.
СылъэIэсащ гум щыщIэр зыIуэтэфым,
гур хэзыгъахъуэ къэзгъуэтаи хуэдэщ.

Сызэжьар сыт-тIэ? ГъащIэр кIуащ здэкIуэнум,
къэзыгъэзэжынури къэкIуэжакIэщ.

Хэт и гугъа аргуэру къыстекIуэну
слъытар згъэунэхуа къомым дэкIуэдакIэу.

СигъэпIэщIэну хэтми гъащIэ псынщIэм,
къыстокIуэ гуитIщхьитIыгъэр, хэтщи си лъым.
Сэ схуэдэм нэхърэ хэт нэхъыфIу зыщIэр
хузэфIэкIынур игъуэу жыIа псалъэм.

Имыгъуэу жыIа псалъэм хулъэкIынур
уэ псом нэхъыфIу пщIэуэ къыщIэкIынущ...

104

Дэп зымыщI мафIэр сфIэгуэныхь мэхъуж,
ар мэкIуэдыж, и бзийр зэрыункIыфIу.
Дэп зыщIыр тIэкIу иджыри мэпсэуж,
щытарэт ар абдеж зэхэтщIыкIыфу.

ДыкIэлъыплъам и дэп къэсыху, тлъагъунт
къэхъуапсэу мы дунеймкIэ зэрыужьыхыр.
ЩIыхуэкIуэр яжьэм зыхэтщIэнкIэ хъунт,
къыдгурыIуэнкIэ хъунт ар  хущхъуэ щIэхъур.

Абы игъэзэщIэнущ и кIэм нэс
къалэн къызэрымыкIуэу дэлъыр и пщэм.
Дэп зымыщI мафIэр епIэщIэкIыу ес,
къит хуабэри жьэгу мафIэм къитым ещхькъым.

Дэп зымыщI мафIэр зэрыхъуар куэдыIуэ
къысфIэщIрэ щхьэ ящыщу ди кIуэдыпIэм.

105

Си гъащIэр къэувыIауэ къысщыхъуащ
дунейр щызэщымыщхъу зы махуэ гуэрым.
Слъэгъуар слъэгъуащ, къыспэплъэркъым нэгъуэщI,
щыжысIэ дыдэм, IупщI хъужащ къэкIуэнур.

ФIыуэ слъагъу псори къыщIыхьащ си нэгу,
хэт къысхуэпIащIэу, хэти сэ къызэжьэу.
Си гъащIэр пIащIэу техьэжащ и гъуэгу,
къызит гуфIэгъуэр махуэ къэс зыхэсщIэу.

Иджы йокIуэкI ар, ещхьу IэщIэкIам
къызэмылыну и гугъа ухыгъэм.

Си гъащIэм къару ин къылъыкъуэкIащ,
и куэду фIэкIуэдын къыщищIэм щыгъуэ.

ФIэкIуэд пэтахэм я къарур хэлъхьэжи,
абы хузэфIэкIынум щIэ иIэжкъым.

106

ЛъагапIэ Iэджэ гъащIэм зэрехъуэкI,
уиIэту къыпфIигъэщIрэ псэр ихьэхуу.
Зым бжьиз икIуху пщIэнтIэпсыр ирекъуэкI,
адрейр докIуей, теувапIэхэр дигъэхуу.

Къызэригъэгугъэр псори зыщ,
щыгъупщэ пэтми къаригъэлъагъуну.
Сыт щыгъуи зи бзэр псалъэм и насыпщ,
мыпсалъэм зи бзэр ирехьэкIыр и нэр...

Хэт къыщагъуэтыр гъуэгум, хэт щокIуэд,
хэт хэжеякIэщ, хэти тэджащ жьыIуэу.
И дэкIуеипIэм гъащIэм кIэрытщ куэд,
абы игъафIэ щыгум нэси щыIэщ.



Апхуэдэщ гъащIэр, ауэ, гъэщIэгъуэнкъэ,
ууейр абы и лъащIэм къыщыбгъуэтырщ.

107

Пщэдджыжь нэмэзщ. Гупсысэхэр къокIуэж,
пыщIахэр си унагъуэм япэ къищу.
Ди уэрам щэхум ирикIуащ макъ гуэр,
сэ сцIыхуу, ауэ сызэсам щымыщу.

Къихьащ махуэщIэр. Сигуми ар къихьащ.
Сэ здэзгъэзэнур сщIэркъым иджыпстукIэ,
ар япэ къищу къаджэм елъыташ.
Зыгуэр псэм фIэфIу хэлъщ а си щытыкIэм.

Къихьащ махуэщIэр. Дыгъэри къыщIокI,
къыкIэлъыIэбэу ар къыздикI лъэныкъуэр.
Мы махуэр зэрыхъунур хэт ищIэн,
итIани щыIэщ си гур зыгъэныкъуэ.

ПщэдджыжькIэ дыгъэр къыщIокI зэхъуэпсэжу,
щыкъухьэм деж ар ещхьщ зызыгъэсыжым.

108

Уи фIэщ мыхъуну куэд щокIуэкI дунейм,
уи фIэщ хъуа куэди къыщIокIыжыр пцIыуэ.
ИтIани, си фIэщ сщIыну сэ сыхуейт
къысхуэгъэзауэ я уэрэдыр бзухэм.

Зы гъуэгурыкIуэ гуэрым къызжиIащ
къызэрыгуэкIрэ псэм къыдыхьэу псалъэ.
Си фIэщ ар хъуакъым, ауэ хъу пэтащ,
сэ а зытIэкIум сищIыжат нэхъ щIалэ.

Куэд мэхъу си фIэщ. А къомым сыхэмыту
си фIэщ сэ сщIынут гъащIэр зэрыщыту,
арщхьэкIэ мис аргуэру сыщIогъуэжыр.

Сэ сощIэ фIэщхъуныгъэм хузэфIэкIыр.
Слъэгъуащ, и пэжыр пцIыуэ къыщыщIэкIым,
гущIэгъу зыхуащIым щыщ ар зэрыхъужри.

109

Гупсысэхэр лъэужь щылъыхъуэ жэщщ.
Уэс къос, увыIэжыну игъуэ пэтми.
Си гукъэкIыжхэр къигъэушыжащ
си адэм къигъэщIам щыщ куэди хэту.

Уэгу гъунэр игъэIэпхъуэу, уэсыр къос.
Лыдащ зауэлI си адэм и нэджыджыр.
Япха уIэгъэу, жэщым къызэпхопс
жыг щхьэкIэм Iуву къыпына зэрыджэр.

Си сабиигъуэм къеса уэсым ещхьщ
ныжэбэ псом зыуфэбгъур дунеижьыр.
Абы си нэгу къыщIыхьэр Iэджэ ещI,
си гъащIэр зэпещIэжыр зы лъэужьу.

Уэс къос, гур зэм хигъахъуэу, зэм хигъэщIу.
ЩIихъумэм нэхъ нэхъыбэщ къыщIигъэщыр.

110

КъекIынум нэху хэхуэну зыщIэр хэт.
АбыкIэ гущIэгъуншэщ мы ди гъащIэр.

дыкъыщIигъэщIар апхуэдэу къащIэ,
дызэрыщыпсэур дунейм зэт.

СцIыху гуэр нэху къемыкIам яхэуващ.
Псэуащ къызэрыгуэкIыу фIэкI сымыщIэу,
иджы къыщIокI щытауэ зым емыщхьу —
апхуэдэ щымыIауэ мэхъу си фIэщ.

Гупсысэр зэми гъащIэм къыщхьэщытщ.
Елъагъу: мыбыкIэ щызэблэкI зэпытщ
къытехьэхэр, текIыжхэр дунеижьым.

ЗэрыщIэу ахэм я псэр си фIэщ мэхъу.
Дунейм къытехьэр зиукIыжу магъ,
дунейм текIыжыр игъей фIэкI умыщIэу.

## 111

Си таурыхъ, сыхуейт сынокIужыну,
си щыуагъэр къызгурыIуэжащ.
Сызэтрихури махуэ гуэрым жиным,
иджырей таурыхъкIэ усхъуэжащ.

Иджырей таурыхъыр сэ схуэхъуакъым
гъащIэр зезыгъакIуэхэм ящыщ.
Псори насыпыфIэу иухакъым,
ар къызыхэкIари къысщебзыщI.

Уэрщ зыщIапIыкIар си сабиигъуэр,
си щIалэгъуэм урищIэгъэкъуэнт.
Дызэрыгъуэтыжмэ, дызэщIыгъуу
си жьыгъэр къыхэкIыни щидгъэкIуэт.

Иджырей таурыхъри хрет гъащIэм.
ГъащIэм дежкIэ зы таурыхъыр мащIэщ.

## 112

ЙокIуэкI щIы фIыцIэм хэплъэ защIэу къуаргъыр,
зыхуейр зымыщIэж гуэруи къысщымыхъу.
Итын хуейт уэгум, еплъым игу хигъахъуэу,
езым си пащхьэ нэхум къыщекIухь.

Абы нэхъ сымыщIыху сэ сыхуэзакъым,
си нэгу къыщIэхуэ пэтрэ махуэ къэс.

ХэсщIыкIыр сыт абы зэригъэзахуэм,
ар зэрызмыщIэм щIыIэм срегъэс.

Зыгуэр хэлъщ къуаргъым мафIэми къелауэ,
зэм кIэгъуасэмэ къыкIэрих къысфIощI.
Хэгупсысыхьу иджыпсту солъагъур,
игу къигъэкIыжу Iэджэ мэхъу си фIэщ.

Хэт тыншу жызыIар и гъащIэр къуаргъым.
Лъэтэжуи хуабэ щIыпIэм ялъэгъуакъым.

113

Дунейм сыпхыдэIукIыу нэху згъэщынщ.
Гъатхэмэ гуакIуэр мывэхэми щоур.
Жыг хадэм и гъэгъахэр пыщэщын,
сыбауэмэ нэхъ ину, сэ къысщохъур.

СыпIащIэу унэм сэ сыкъыщIэкIынщ,
хьэщыкъ сыхъуауэ сыщытынщ зыкъомрэ.
КъекIэрэхъуэкI дунейм сыхишэжынщ,
жьы пакIэм ещхьу зы Iуэху гуэр къыкъуэум.

Мы гъатхэ гуэрыр, дауи, гъащIэ кIэщIщ,
гу щызмыхуауэ ари сIэщIэкIынущ.
А тIэкIур сыпэджэжу есхьэкIынщ,
армыхъумэ къуаншэу сэращ къыщIэкIынур.

Сыщыуэ хъурэ... сэ щыуагъэу сщIыр
къыщIидзэу нэгум гъатхэм къыхэщынщ.

114

ЩIэдзапIэ хъужыр зыщIэ къысхуэгъуэт,
ухыгъэ хъужыр зыщIэм сыIугъащIэ.
А тIум яку дэту жаIэри си гъащIэр,
сымыщIэу здынэсар бэлыхь сыхэтщ.

ЩIэдзапIэ щыIэу хъункIэ мэхъу си фIэщ,
ар хэзмылъагъуэ пэтрэ дунеижьым.
Ухыгъэ жыхуаIар си фIэщ схуэмыщIым,
щымыIэм яхэзбжэнщи, сигу згъэфIынщ.

А псор зэхуэзгъэкIуэхукIэ гъащIэр йокI,
сызыхуэмейри слъагъуу къысфIыщIокI:
дэтхэнэми зэгуэр кIэ игъуэтынущ.

Абы щышынэ си псэр мэкIэзыз,
итIани кIуэну япэкIэ хьэзырщ.
IэщIокIыр зым, адрейм IэщIэкIуэдэну.

115

Гупсысэр уафэ щхъуантIэм хызогъапскIэ,
арщхьэкIэ и мэр щIым схухэмыгъэкI.
Арыххэу пшэхэр къыстолъадэ, хъуэпскIыу,
«я хадэр» сэ сутауэ къыщIагъэкI.

ЖысIэнт: «Зэран сыхъуну сыхэтакъым!»
ЖысIэнт, арщхьэкIэ ар я фIэщ схуэщIын.
Абы къагурыIуэн бзэ къызитакъым,
езыхэр лъагэщ, сэ сепхащ мы щIым.

ЗэфIэнэжынхэщ, Iэджэ зэрапэсу.
Лей сыхъужынщи, унэм сыкIуэжынщ.
КъыщIэнэ сфIэщIрэ мафIэ я гукъуэпсым
сыкъыхэщтыкIыу, нэху щыху сыжеинщ.

Нэху щым, къызгурыIуэнщ: щыIэжкъым хэдэ.
Гупсысэр сIэщIэкIынщ щIы цIынэм хэту.

116

ТекIуэт зэпыту гъащIэр зыхьыр Iэджэщ,
апхуэдэ цIыхухэр сфIэгуэныхь мэхъужыр.
Абыхэм пщIэ зыхуащIхэм ирахьэкIыр
текIуэтыр къащышынэу къащыхъужу.

Си нэгум ар щIэкIыху сыкъызокIуэкIыр.
Уэрауэ пIэрэ е сэра зымыщIэр
иджыри къэскIэ гъащIэр зэрекIуэкIыр
нэгъуэщIым гъуэгу езытхэм зэрафIыщIэр.

А псэ хьэлэлхэм согупсысыр куэдрэ,
пагагъэм щыщ сфIытенэу си тэмакъым.
Абы ящыщ сыхъуну сэ сыхэтми,
иджыри нэсу ар схузэфIэкIакъым.

Зэм сытокIуэтыр, зэм сахэтщ текIуатэм.
ЕуIэ си гур къытехуам си натIэм.



5 Заказ №224

117

Псэун щӀэздза къудейуэ си гугъати.
СызоплъэкӀыжри — куэд къызэзнэкӀащ.
Си гъащӀэр ибг иуауэ къыщӀэкӀащ,
арщхьэкӀэ сэ зыщызгъэнщӀакъым гъатхэм.

Иджыри гу щысхуакъым сэ гъэмахуэм,
хэслъэгъукӀари бжьыхьэм сигу къинащ.
Гъэныкъуи ахэр — си гур хъунущ нэщӀ,
щызеуэу и жьы щӀыӀэр си щӀымахуэм.

ЩӀымахуэм и гъуэгу псори зыщ зэрыхъур,
нэгу къыщӀигъэхьэу хъуари зы сэтейщ.
Сыхуэхьэзырт абыи сытым щыгъуи,
арщхьэкӀэ зыхэсщӀам пӀейтей сыкъэщӀ.

Къэгъэш-нэгъэш щыӀэжкъым, гъуэгур занщӀэщ.
Сысейр абы къыщызэхъулӀэ мащӀэрщ.

118

Къэушыжащ зэгуэр сиӀа гухэлъыр,
хэлъыжыр мащӀэ пэтми езым щыщу.
Къызэплъыт сэри: зихъуэжащ си хьэлым,
илъэсу итри сыт хуэдиз си ужьым.

Къигъэзэжащ, кӀуэда сфӀэщӀа гухэлъым —
щэм щыщу зым, арщхьэкӀэ псом нэхъ ӀэфӀым.
Ар псэуфынт игъащӀэкӀэ къыспэплъэу —
ихьащ къызэрынам сымыӀуэтэфу.

КъысхуэкӀуэжащ иджы, сигъэпӀейтейуэ,
къысщохъу зэм хамэу, зэм къысщохъу сысейуэ.
ТӀум щыгъуэми си гъащӀэр зэхетхъуэж.

Сэ щӀызодзэж иджы псэун щӀэрыщӀэу,
гухэлъым къызищӀэнури сымыщӀэ.
Си ныбжьым ар зыхуэдэр шэ къэуэжщ.

119

Ухуеймэ сыти жыӀэ, псом нэхъыщхьэр
уэрэдырщ, псэм и хущхъуэри arащ.

Мис, нобэ гуэрым бзум уэрэд кърaш,
абыхэм яхэмыт дунейм хуэхъущIэ.

УсакIуэми и псалъэр къокI и гущIэм,
мэпсэур, и уэрэдым хилъхьэу псэ.
Абы и псалъэр ихьыжынущ псым,
къыхэзыхыжыну гуэр IумыщIэм.

Зэгуэр лъэпкъ набдзэу ялъыта усакIуэр
иджы мэпсэур щтэIэщтаблэу, сакъыу.
Абы и теплъэм сэ гумащIэ сещI.

Узэхэзых щымащIэщ дуней иным.
Уэрэд къыщришкIэ бзум егъэпщкIур и нэр,
усакIуэр и щхьэ хуэпсэлъэжым ещхьщ.

120

Мы гъащIэр си гугъат гуфIэгъуэ защIэу,
ар сабиигъуэм хуэдэу кIуэн къысщыхъут.
Иджы, и гугъуехь Iэджэ сыхуэзащи,
сыбэлэрыгъ хъужыну си фIэщ мыхъу.

Ерагъыу зэзгъэпцIахэр икъутэжу
щыслъагъукIэ, сыкъэчэну сыхьэзырщ.
Ар къопцIыжынкIэ хъунущ сытым дежи,
уищIынри лей и дежкIэ зым щымыщ.

И гъуэгухэр зэм къигъэшу, зэм ишэщIу
зыхуейм унишэсыху уигъэпIэщIэнщ.
Жьыгъэ зыфIищ укIыпIэм уришэнщи,
зэрыщысхьыншэ дыдэри къэпщIэнщ.

Си фIэщ мыхъу щыIэу гъащIэм нэхъ лIыукI.
ИкIэм-икIэжым зы псэ IэщIэмыкI.

121

И закъуэ лIыгъэм сыт хузэфIэкIыну.
Хуежьэнщ ищIыну я нэхъ бгылъэр тафэ.
Хуейр къегъэлын IэщIэукIэнкIэ хъунущ,
зэщIигъэстынущ гъэункIыфIын хуей мафIэр.

Къыщепхъуэ лIыгъэм и нэр язынықъуэм,
апхуэдэм деж ар къыщIедзыж шынагъуэу.

Хуейщ и гъусэн абы къыжьэдэзыкъуэ,
хуэныкъуэщ зэпымычу гъуэгугъэлъагъуэ.

Псэр езышажьэу зымыхъумэж лIыгъэ!
Абы сыщегупсыскIэ нэр сфIоплъызыр.
Гухэлъ мыкIуэщIырщ гъусэу ар зылъыхъуэр,
зэригъэплъэкIыжу зэзэмызэ.

ЛIыгъэм гухэлъыр гъусэ хуэхъуу щытмэ,
уемыжьэу жэщым, гъакIуэ вагъуэ щыпэ.

122

ПщIыхьэпIэм я нэхъ гугъур хъуат нахуапIэ,
щыхуэкIуэжари зыр адрейм сыт щыгъуэ.
БлэкIам къыхэсхыу иджырей лIэщIыгъуэм
къыщыхэсшияра хъунщ си лъапэр.

Зэрытхытхар си щIыфэр сщыгъупщэнкъым,
къэса лIэщIыгъуэр къыщызбгъэдэкIуатэм.
КIыргъат я зэпыхьэпIэр лIэщIыгъуитIым.
Е къысфIэщIагъэнщ ар — умыщIэну.

Аргуэру гъащIэр макIуэ, сытми пхыкIыу,
хэщIакIэщ мы лIэщIыгъуэми хэпщIыкIыу.
Мыбы сыкъыщысари сытым щыгъуэ?...

Иджы си гъащIэр си псэм лъэщIэмыхьэ.
Зы гъэм сыхэкIыу адрейм сыщыхыхьэм
къысщохъу сыхыхьэу сэ нэгъуэщI лIэщIыгъуэ.

123

Си псэм и щIагъым псынэ щIэж къысфIощI,
и макъыр IупщIу щызэхэсхи щыIэщ.
Ар къыщежьауэ жыжьэ мэхъу си фIэщ,
и щхьэусыгъуэр куэдщ щIэхъуам ар щIыIэ.

Иджыри къэс и нэгу щIэкIам поджэж,
сызэрыжейр щимыди къыфIыхэхуэу.
Ар си дауэгъу е си псэм и Iэдэж,
си Iуэху щыгугъум щIэгъэкъуэн къысхуэхъуу?

ТIум щыгъуэми ар си псэм и гъусэнщ,
зэм хъууэ щэху, зэм и уэрэдыр щызу.

ЗдэпIащIэм зы щыхупIэ къахуэзэнщ,
и лъащIэм уеплъыхам унэмыплъысу.

Зыр иукIынщ. Зыр ежьэжынщ джэгужу,
нэгъуэщIым и псэ щIагъым къыщыушэу.

124

Мы гъащIэм щIыгъуу сигуми зигъэзащ.
КъызэупщIауэ ар зи гугъэр щоуэ.
Нобэрей гъуэгум сытехьакъым сщIэуэ,
сымыщIэури мыбдежым сыкъэсащ.

Зыкъызоплъыхьри, хамэр сыту куэд.
Къыстеубыдами я нэр — сыкъалъагъукъым.
Сыхуэхьэзыру сыкърихьэлIакъым,
саутIыпщыжам, иужькIэ сыкъэкIуэнт.

Сахоплъэ сызыхуэзэхэм гумащIэу.
Яхэтщ щызгъэунэхуахэр куэдрэ гъащIэм,
гугъу щехьым сэри гъусэу сраIащ.

АрщхьэкIэ зы псэ, гъуэгум къыщыспежьэу,
уздэкIуэр дэнэ, жиIэу къызэупщIкъым.
Псом нэхърэ нэхъ шынагъуэр мис аращ.

125

Зэригъэзахуэ къомым и щIыIужкIэ
цIыхугур тэрэзэуи къыщIокIыжыр.
Нэхъыбэу сыт абы ишэчыр жыпIэм,
къытехьэрщ лейуэ ар щышачэм зи бгъэм.

А тэрэзэр зэбгъапщэ хъун щымыIэ,
и гуапэщ хуабэр, егъэдий ар щIыIэм.
Абы зымащIэ дыдэри зыхещIэ,
апхуэдэм гугъущ и Iуэхур — ари ещIэ.

ЗымыщIэр хэт цIыху цIыкIум и псэукIэр,
псэукIэ зэримыщIэрщ ар зыукIыр,
бжыгъэншэщ езым лейуэ зрихыжри.

АрщхьэкIэ, гъэщIэгъуэныр мис мыракъэ:
а псом пэшэчи кърахa лей закъуэ —
абыкIэ тэрэзэр иришэхынущ.

126

ЩIы фIыцIэм щыму хоплъэ жыгей иныр,
сакъыпэу уафэ лъащIэм ходэIухь.
Аргуэру сфIытоплъызэ жыгым си нэр,
абы къыпих мэ гуакIуэр Iум йоткIухь.

Абы къысщохъу зыгуэркIэ сриблагъэу,
дызэрызэщхь лъэныкъуи къызогъуэт.
А жыгыр зэрищIэжрэ гумызагъэщ,
а тIэкIур зэрысщIэжрэ силъми хэтщ.

Игу щыщIэр жыгым куэдрэ къыпхыпсынущ,
щIым гъуэгуу иIэм, плъагъукъэ, нэщхъ яхуещI.
Абы зэрихьэ зэшым сынэсынум
си гъащIэм хуэдэ куэд иджыри хуейщ.

Тхытхащ и щIыфэр слъагъуу жыгеижьым.
И нэгу къыщIыхьэжар нэхъыфIщ сымыщIэм.



127

Ар щытат си япэ лъагъуныгъэу,
насыпыфIэ сщIыну сыхэтат.
Зэпымычу нэкIэ къызолъыхъуэ,
апхуэдиз илъэс дэкIарэ пэт.

НасыпыфIэ сщIын схузэфIэкIакъым,
насыпыншэ зым ар хуэмыщIынт.
Ар къыщIэщырт щхьэхуэу уафэ щIагъым,
сэ иджыкIэ адрей псом сащыщт.

Ар хьэзырт сищIыну езым хуэдэ,
сызыщыщыр дэнэ сыбгъэхьынт.
Мис апхуэдэу дэ дызэфIокIуэдыр,
къритхар ди натIэм ара хъунт.

Темытыжу ар дунейм зыхэсщIэм,
иухыну гъащIэр щхьэ къысфIэщIрэ?

128

ГукъуэпскIэ сыпыщIащ мы дунеижьым,
си адэжь лъахэм бынжэкIэ сепхащ.

Дунейм си лъахэм и гур фIы къыхуищIым,
си гъащIэм напIэзыпIэм ар къыхощ.

Си адэжь лъахэм сызэрыщыпсэур
сэ сыщIэпсэууэ щыIэм ящыщ зыщ.
Нос и кIэм гъащIэр, къыспэщылъым сэри
сызэрыщышынэр сымыбзыщI.

СыщегупсыскIэ си псэр зэрыхъунум
зи нэгу сиплъари сщIыгъуу щIыIэм ес.
Мы дунеишхуэм тIэкIу трагъэтыну
сэ сыхуолъаIуэ си псэм махуэ къэс.

Адрей дунейм Iэпхъуакъэ — ар хэхэсщ.
Узэхъуэпсэн хэхэсым лъамыгъэс.

129

СыдэплъэжыхукIэ си гум и плIанэпэ,
дунейм и тыгъэ куэд къызогъуэтыж.
Иджыри зы жыг закъуи пыткъым тхьэмпэ
щэху дыдэу схухимышу уэрэдыжь.

Си фIэщ имыщIу дыгъэ бзийм хулъэкIыр
иджыри щIым удз налъэ къыхэмыкI.
Плъэгъуакъэ мо щхьэгъубжэхэм я плъэкIэр,
дэгушхуэу унэм щIэсхэм холыдыкI.

Зыгуэр гуфIэжу къакIуэу къэслъэгъуащи,
зы хуабэ гуэр щызэбгрокIыр псэм.
А псори зэхохьэжри — сагъэпIащIэ,
а псори зэщIохьэжри — сагъэпсэу.

Насыпыр и хьэзырщ сыт щыгъуи гъащIэм.
Ар Iэбэу къэзыщтэфыр сыту мащIэ.

130

Зэгуэр слъэгъуа пщIыхьэпIэм согъэзэж,
абы хэтам щыщ куэд си нэгу щIэкIауэ.
Лъапсэжь сыкъыщалъхуам щызэхуозэж
пэж дыдэ хъуамрэ пщIыуэ къыщIэкIамрэ.

Ди хадэм имытыж жыг закъуэ фIэкI,
а зыри нэщхъеифэу щIылъэм хоплъэ.

Щэху дыдэу шындэбзиймкӀэ сэ сокӀуэкӀ,
сыносри ди унэжьым — нэпсыр къоблыр.

Пхъэ дэкӀуеипӀэ тӀэкӀур хъуащ ныкъуэф,
къекӀэкӀыжа удз Ӏувыр къызоплъ пагэу.
СыпхокӀ, къилъэту си гур сыбэкъуэху,
щхьэр доуназэ и мэ гуакӀуэм лъахэм.

Слъагъуш къыспежьауи симыӀэж си анэр,
исащ си гущӀэр къепхъуа шыпсыранэм.

131

Уэ узыӀэтынур къыздикӀынур
зыщӀэр хэт, си лъахэ, зыщӀэр хэт.
А зыращи сэ схузэфӀэкӀынур —
ар къыпхуэзылъыхъуэхэм сахэтщ.

КъызэрыкӀуэр щызыхэсщӀэ щыӀэщ,
ауэ къыщысынур къысщебзыщӀ.
Ар къыкӀэрыхуну къызжумыӀэ,
сэ сопӀащӀэ — гъащӀэу сиӀэр зыщ.

Уэрам ехым цӀыхуу куэд щызоуэ,
зи нэр плъыз яхэту къысщыхъуащ...
Сызылъыхъуэр ара хъунщ, жызоӀэ,
абы хулъэкӀынур си фӀэщ хъуащ.

Ӏэмалыншэ Ӏуэхум пэрыувэм,
шхийм щӀипӀытӀэм еӀэт абрэмывэ.

132

Си щӀыфэр игъэтхытхыу зыхызощӀэ
къызэрыщӀэплъэр си нэм дуней иныр.
Абы жиӀэнум щыщу куэдыр сощӀэ,
къытригъэзэжмэ, гугъу сригъэхьынущ.

Сщхьэщызыхыфу зэшыр зэкӀэ сиӀэр
сабийм и закъуэщ, езым сыкъимыщӀэу.
Плъэгъуарэт ар къызэрыщӀэплъэр си нэм,
мы дуней псом и плъэкӀэр сщигъэгъупщэу.

КъысхуищӀмэ дзыхь, къысхуимыщӀа щымыӀэ.
Сэ согужьей, ар сфӀощӀри къагъэпцӀэну.

Абы сыщегупсыскIэ, сесыр щIыIэм,
къытесэу уэсыр си гур мэхъур пщIанэ.

СызэрылIэжынур къищу щытмэ уэгум,
сызэрыпсэунур къощ сабийм и нэгум.

133

Сэ нобэ зэрымыщIэкIэ сихуащ
щысхьыншэу схуэдэр щагъэунэху щытыкIэ.
Лъэтэж бзу гуэрхэм дамэхэр къысхуащI,
гъунэгъу къызэрысхуэхъуу — щагъэтыжыр.

ЩIыналъэ жыжьэм и уэрэд къраш,
къалъытэрэ си деж нэхъ щыпхыкIыну.
Сыкъагъэгугъэ хуэдэу къысщыхъуащ
къыщылъэтэжкIэ сыкъыздашэжыну.

ХуэпIащIэу хуабэм бзум я гъуэгу хагъэщI,
хагъапщкIуэ я уэрэдым псом нэхъ пэжыр.
Сыкъонэри — зэшыгъуэр къысхуэкIуэнщ,
абы я ужь сиувэм — сыунэншэщ.

Яхэдэ, сигу, а тIум уэ урикъухукIэ.
Зэману уиIэр бзухэр блэлъэтыхукIэщ.

134

Къуаншагъэ зымыщIауэ сыт хуэдиз
лъэхъуэщым ис. СащIогупсыс абыхэм.
Слъагъу хуэдэщ: гуныкъуэгъуэр я бгъэм изщ,
ещхь сфIощI плIанэпэм дагъэува сабийхэм.

Сабий псэ къабзэр джэгуу ежьэжынщ,
щыгъупщэжынщи зэращIар и жагъуэ.
Лъэхъуэщым исым и фIэщ пхуэщIыжын
къытебгъуэтэну дуней псом пэжыгъэ?

ДэкIынщ зэман. Абы къигъэзэжынщ,
щIэукIытэн имыIэми, укIытэу.
Хэт хъунщ пэIэщIэ, хэт и фIэщ хъужынщ,
арщхьэкIэ мыхъужын блэкIар хэмыту.

Къыхуэна гъащIэр игъэкIуэнущ, ещIэ,
зи уIэгъэжыр къэушыжым ещхьу.

135

А жыгым дэрэ дызэрыщӀэрт псэкӀэ.
Сигу хэхъуэу сэ абы сыхудэплъейт,
къызэплът езыри, зримыгъэзэкӀыу,
абдеж щызекӀуэр игу къэмыщӀэгъуейт.

ХуэмыгъэпцӀкӀунут зэрыпыгуфӀыкӀыр,
щигъэубзэнт и тхьэмпэр си щхьэщыгу.
Ар сфӀэгуэныхьт зэрыземыкӀуэм щхьэкӀэ,
езым къызэрызжыхьыр фӀэемыкӀут.

А тӀэкӀурт дэлъыр дяку тхузэтемыхуэу.
Апхуэдэу гъащӀэ кӀыхь къызэднэкӀащ.
СызекӀуэрейт сэ, сыкъалъхуати цӀыхуу,
гъуэгу сыздытетым жыгыр сӀэщӀэкӀащ.

Ар паупщӀащ. Итыжкъым и пӀэм жыгыр.
И псэм, зыхэсщӀэу, дунейм къыщежыхьыр.

136

ЗимыӀэм унэ иӀэкъым дуней,
щхьэегъэзыпӀэ жыыбгъэри хуэныкъуэщ.
Зэшыгъуэм щихьым дежщ жьыр щыдэуейр,
аракъэ жьапщэм си гур щӀыхуэмыгъуэр.

А жьыр езыр къуэладжэхэм я бынщ,
нэхъыбэщ зыщигъэпщкӀур, зыщиудыгъур.
ДунейтетыкӀэ ищӀэркъым жыпӀэнщ,
Ӏэ зыдилъэнум еӀунщӀынкӀи мэхъур.

ИтӀани псэкӀэ жьым сыпэгъунэгъущ.
Абы къызищӀэ псор си жагъуэ мыхъу,
симыудыныщӀэм, сызэшын къысщохъур.

АрщхьэкӀэ и нэм щӀэслъэгъуа къудейщ:
зимыӀэм унэ иӀэкъым дуней,
и унэу дуней псор зи гугъэр щоуэ.

137

Уи пащхьэ сыщыкъуаншэу щытыгъарэт,
си гъащӀэр схьынут ар зэзгъэзэхуэжу,
ар си щхьэусыгъуэу уи деж нэзгъэзэжу.
Дунейм темытт зэрысхуэщӀын уи жагъуэ.

Си пащхьэ ущыкъуаншэу щытыгъарэт.
Ар зэбгъэзэхуэжу ухэтынкIэ
сыгугъэу махуэ къэскIэ сыножьэнти.
АрщхьэкIэ хъун си жагъуэ бдэслъэгъуакъым.

Дэ зэпэIэщIэ дызыщIар сымыщIэ.
Дяку дэтми куэд жэуап зимыIэ упщIэу,
зыр зым и пащхьэ зэкIэ дыщыхейщ.

АрщхьэкIэ, плъагъукъэ, мащIэу ар къыщIокIыр.
КъызгурыIуащ: гухэлъыр псэун щхьэкIэ,
игъэкъуэншэн зыгуэри иIэн хуейщ.

138

СIэщIокIыр гъащIэр. КъоплъэкIыж нэбгъузкIэ,
гу зылъыстам си щIыфэр егъэтхытх.
Абдеж си гъащIэр хамэу къысщохъуж сэ,
арщхьэкIэ ар абы и ужь ситыхущ.



Пщэдей сыщIэпхъуэжынущ, япэ сищу,
си гъащIэр зэрызахуэри слъагъунщ.
Сигъэпсэуащ сэ адрей псоми ещхьу,
иджыри тIэкIу къысхущIигъункIи хъунщ.

Зэрыхъуу кIуащ, къызиту натIэм итыр,
и махуэ къэскIэ фIыщIэ ин хузощI.
СIихамрэ къызитамрэ зэпэслъытмэ,
нэхъыбэу куэдкIэ тыгъэр сэ къысфIощI.

АрщхьэкIэ сфIэкIуэдам нэхъ куэд къешэч,
абы и хьэлъэм си гур ирешэх.

139

Сэ куэдрэ мы дунейм сегупсысынщ,
и хабзэ гуэрхэм си гур ягъэныкъуэу.
Гухэлъ къыслъысу щытмэ, си насыпщ,
гужьгъэжь къысхуэкIуэм, схьынщ си гъащIэр мыгъуэу.

ИгъащIэми а тIур къызэдокIуэкI,
нэхъыбэм къафIэщI пэтми зэпэжыжьэу.
Упсэуи хъурэ уигу къилъэту фIэкI,
тIум яз къыщыхуэкIуэнур зым имыщIэ.

Гужьгъэжьым хуэкIуэжыныр зым щымыщ —
жиIащ зыгуэрым — псом нэхъ IэфI гухэлъыр.
Ар мы дунейр зэшыгъуэ къысщызыщIщ,
арауэ си ажалыр сфIощI зыхэлъыр.

Слъэгъуам гужьгъэжь хуэкIуауэ лъагъуныгъэм,
хъужынут дунеижьыр си щIэщыгъуэ.

140

МыупщIэу гъащIэм ихъуэжащ си теплъэр,
щытар къуршыбгъэу хъуащ тхьэрыкъуэ хужь.
Си хьэлыр-щэ? Псы уэрыр хъуащ псытепхъэ,
и толъкъун щIыкIэр къысхуэмыцIыхуж.

Къэгубжьу мывэ гуэр ирихьэжьэжкъым,
дэтхэнэ зыми фIэфIщ едэхэщIэн.
Жыг хэплъызам и щIагъым ныщыщIэжкIэ
къыпыхумэ тхьэмпэ, щэху къыздищтэнщ.

МыупщIэу гъащIэм ихъуэжащ си гъащIэр,
ар языныкъуэм сфIощI къысщыдыхьэшх.
Иджы абы зыхуейуэ хъуар сегъащIэ,
сыпэувыну къару симыIэж.

Зэрыщытауэ къэнэжар си бгъэгурщ,
дунейм тез хъунщ абы ихъумэ тIэкIур.

141

Утыкум ситт, сымыщIэу сыздэкIуэнур,
нэщхъейуэ сеплът жьыр здепщэмкIэ зизычхэм.
Нэху дыкъекIауэ арт зы пщэдджыжь гуэрым
зызридзэкIауэ Хэкум и псэукIэм.

КъыщIэмыкIат абы сыхуэхьэзыру,
згъэпIащIэу зэблэзгъэкIт гупсысэ Iэджэ.
ГугъапIэу сиIэр къызэхуэсхьэсыжри,
къыхэсщIыкIащ ущызэпхыплъу Iэжьэ.

ЗгъэкIуат сэ Iэжьэм сису сабиигъуэр,
иджы къыщызгъэтхъуэнщ ар гукъэкIыжым.
СщIа Iэжьэм ислъхьэщ сигу пымыкIыу хъуари,
си гъащIэр тезухуащ гъуэгуанэ жыжьэм.

Исчащ Іэжьэкъур, Іэжьэр и пІэм итщ.
Псэун къыщІэздзэжыну къыспэщытщ.

142

КъыщІетхъыр махуэр сигу, зэрыхъуу жэщ,
зэрыщу нэху, сыхуэзэшынущ жэщым.
И псэупІитІым я кум дэтым ещхьу
сокІуэкІ сыкъызэралъхурэ. Сезэшащ.

Вагъуэбэм нэху щыхункІэ сахэтынщ
нахуапІэм тІэкІу ещхьыІуэу си пщІыхьэпІэр.
Абы нэс укъикІыжу — напІэзыпІэм
утезэгъэжынри щІым мытынш.

ПщэдджыжькІэ зэрызехьэм сахохьэж.
Мыбдежым къыщылъос хуэхьынур щхьэж,
пІэпыхум хъунущ ущІэмыупщІэжми.
Гупсысэм зэблигъэкІрэ сыту куэд.



Си махуэм зыри хъунукъым фІэкІуэд,
зы вагъуэ закъуэ лейуэ хэткъым жэщми.

143

А дадэм и нэм куэд къыщІызоджыкІ,
и Іэгу пхъашитІым нэхъыбэж къызжаІэ.
Мэхъу ар жьы дыдэ зэрыхъуар си жагъуэ,
езыр абы къысфІощІыр щыгуфІыкІ.

ЖиІэнт: «ТхьэмыщкІэр жьыгъэм нэмысарщ»,
арщхьэкІэ щымщ тхьэмадэр, лейщи псалъэр.
КъысфІэщІу щытми ар си дежкІэ къаплъэу,
и нэр аргуэру дунейм хэплъызащ.

И нэгу щІэкІыжым сыщІэмыупщІэн.
ИІар ехъулІэныгъэу мэхъу нэхъыбэ.
Ар дапщэрэ къикІа псэзэпылъхьэпІэм.
Иджы а псори дадэ и нэм щІэтщ.

ЙокІуэкІыр гъащІэр, иухакъым гугъэр.
УлІэнри тыншу щыщщ ехъулІэныгъэм.

144

Абы гухэлъ хуэсщIауэ сымыщIэж,
арщхьэкIэ сымылъагъумэ си гур ныкъуэт.
Зэшыгъуэр къыстеуам, абы сылъыхъуэрт,
сытеужам — къэзгъанэрти сежьэжт.

ЕхъулIэныгъэу сиIэр сэ сысейт,
къызэмыхъулIэ псори ди зэхуэдэт.
Къыхихырти и гъащIэм сэ къысхуэтыр,
сымыщIэу къыздикIар, абы къызитт.

Ар къызбгъурыт зэпыту екIуэкIащ,
щытами я нэхъыбэм гу лъызмытэу.
А псор си нэгу къыщIэзгъэхьэжу щытмэ,
гум къытегъуалъхьэм сещIыр бауэкIэщI.

Насып сиIауэ къыщысщIар иджыщ.
Насыпым лей хъужыхукIэ зейр ебзыщI.

145

ПшитI зэхуакум уафэ нэгу къыдэщт,
гъэгъа жыгыр бауэрт, ещхьу цIыхум.
Хьэндырабгъуэ къыхуэзубыдащ
губгъуэр зыхуримыкъу си къуэрылъху цIыкIум.

И лъэгу щабэм Iэзэу хущысхуащ,
жэр зэригъэхъунур и фIэщ сщIыуэ.
Сабийм и нэм нэпсыр къыщIэхуащ,
сыкъимылъагъужт абдежым фIыуэ.

Сэ къысIэщIэщIар къысщIыхьэжащ,
згъэщIэхъуакIэт щыIэу хъуар балигъыу.
Сабиигъуэ жыжьэм нэскIэ жащ
си гупсысэр, къыздэщIын къилъыхъуэу.

Ар къигъэкIуэжащ си сабиигъуэм,
и зы гуныкъуэгъуи къысхущIигъури.

146

Жэщ си щыпэлъагъу фIэкI умыщIэнут,
псори си щIэщыгъуэу къыщIидзыжт.

Вагъуэхэри хэтт зыгуэр жаIэну,
ауэ я гум илъыр ябзыщIыжт.

СыIурихщ нэхущми сымыщIэххэу,
пщIыхь зэщымыщхъу гуэр си нэгу щIэкIащ.
Жэпу, вагъуэ жыжьэхэм я щэхур
щIылъэм къытехауэ нэху къекIащ.

Дыгъэр къыкъуэкIащ а псор имыщIэу,
къэуIэбжьауэ жэпым къыхэпсащ.
Дыгъэм фIэфIкъым зыгуэр къыщабзыщIу,
псори къигъэнэхуу ар есащ.

Хэслъэгъуар сысейуэ ткIужащ жэпыр.
Ари сIихыжынщ, къэсынщи жэщыр.

147

Си гъащIэр сIуэтэжыну си гугъащ,
къызоIуэтэжыр къигъэщIар нэгъуэщIым.
ЩIыху Iэджэм ялъ зыщIэтым ещхь сыхъуащ,
аращ мы си щытыкIэр къэзыгъэщIыр.

Зэм гухэлъ IэфI си бгъэгум къыщоуш,
сысейуэ ар зи фIэщ зыщIын щымыIэу.
ИужькIэ ар си гъащIэм щыщ мэхъуж,
сфIэкIуэдыжынуи зым къызжремыIэ.

Си бгъэгум зэм гужьгъэжь къыщысфIотэдж,
хьэзыру си псэукIэр ихъуэжыну.
Ар къыздикIар сэ къысхуэмыгъуэтыж,
къэзыгъэкIуари дэнэ къисхыжыну.

ЩIыху гъащIэ куэд щызэхуэсащ си гъащIэм,
арщхьэкIэ зейхэм си фIэщ мыхъу сыкъащIэу.

148

Куэд дэмыкIыу сынэкIуэнщ уи деж,
сыкъыкIэрыхуауэ гъащIэ псокIэ.
СызэрынэкIуэнур сщIэ къудейщ,
сынызщIэкIуэр езым сщIэркъым зэкIэ.

Сыпэмылъэщыжу арагъэнщ
Iэджэ щIауэ щызбзыщIыжым си щхьэм.

Уэ узимыгъусэу къэзгъэщIар,
къызгурыIуэжащ, си гъащIэм щыщкъым.

НэгъуэщI гуэрым и пIэкIэ сопсэу
нобэм къэскIэ — ари гъащIэ дахэт.
Зыкъызолъыхъуэж итIани сэ,
си гур къуэгъэнапIэ къэскIэ дыхьэу.

СынэкIуэнщ пщыхьэщхьэу е нэхущу.
ПхуэсIуэтэнщ си гъащIэр, сыкъыумыщIэу.

149

СыкъигъэпцIащ сэ куэдрэ дунеижьым,
сищIыну лей гурыщхъуэ сигъэщIыжт.
Уэсэпсыр слъагъуpт гугъэм и лъэужьу,
сыздишэм сыкIуэу сежьэрти — гъущыжт.

Сыкъинэрт жыг щхьэзакъуэу губгъуэ нэщIым,
къэблагъэ щыблэр хъурт къыстегъэпса.
Апхуэдэу сипсыхьащ сэ дунеижьым,
мы гъащIэр къызгурыIуэу сигъэсащ.

Илъэсхэр зэрыкIуаращ къысхуэмыщIэр,
сатеплъэкъукIауэ къыщIэкIынщ.
СыкъэбгъэпцIэным ноби хэлъыр мащIэщ,
си дежкIэ ар кIуэдыпIэми иджы.

ЩыхупIэм щхьэщаIыгъэм ещхьщ си гъащIэр,
зыIыгъым и гум илъыр плъэкIмэ къащIэ.

150

УкъызэупщIу щытми иджыпсту
бжезмыIэфын си дежкIэ псом нэхъыщхьэр.
Си гъащIэр зым щымыщым щыщIэстын
къысхуохуэ — и фIэщ хъункъым ар нэгъуэщIым.

Схуэхъунур гъусэ щыIэщ щыблэзгъэкI,
къуэш щысщI къыхокIыр къысхуэзытIыр мащэ.
Сыхъуным Iущ есхьэлIэми схулъэкI,
щыуагъэр сяпэ итщ — ар дауэ гъащIэ.

Апхуэдэ защIэу сэ сыпсэу мыхъун,
дэтхэнэ зыми си псэр къигъэщIэхъуу.

Сыкъезыгъэлынур къыздихьынщ,
щекӀэрэхъуэкӀкӀэ дунеижьыр шэрхъыу.

Сэ схуэдэ дыдэ сыхуэзэнщ зэгуэрми,
сигъэлъагъунщ си Ӏуэхур зыхуэкӀуэнур.

151

Уафэ гъунэм щыхъужу нэхъ хуэм,
пхрыкӀащ уафэгъуагъуэр, мафӀэгуу.
А мафӀэгум сыкъыкӀэрыхуат,
псом нэхъ жагъуэрщи, зымащӀэ тӀэкӀукӀэ.

ЗыкъищӀэжурэ жыжьэ къыщоӀу
куэдым пэджэ мафӀэгум и макъыр.
Сэ мы махуэм хузиӀэр зы лъэӀут, —
ар абы зэхихынум хэхуакъым.

ЩӀыпӀэ жыжьэ сыкӀуэну сыхуейт,
зэзэмызэм къыстокӀуэ зэшыгъуэр.
Псори сиӀэми, Ӏэджи къысхуэтщ,
сыщӀохъуэпсыр зы махуэ щӀэщыгъуэ.

Догуэт зэ, къегъэзэжыр мафӀэгум.
СитӀысхьэнщ, ар сымыщӀэми здэкӀуэр.

152

Сыхоплъэ сэ пӀейтейуэ псы къиуам.
Толъкъунхэр къеплъэкӀыжыркъым, щӀихьащи.
Ӏэпхъуэжу псыежэхыр си гугъащ,
зэщихъуэу мывэ инхэр щрихьэжьэм.

Нэху къекӀмэ, псыежэхым зихъуэжынщ,
слъагъунщ щэху дыдэу мывэхэм дэджэгуу.
Сэ тыншу си пӀэ симызэгъэжын,
щӀэтынщ псы зэрызехьэр куэдрэ нэгум.

Зэшыгъуэ хъуну къыщӀысфӀэщӀыр сыт,
теужмэ псы къиуар, мы дунеижьыр.
Иджы слъэмыкӀыу сызыщӀешэ псым,
сыхэлъэу щхьэ семыплърэ къызищӀэм.

Си натӀэм итыр иризгъэунэхуну
абы нэхъ ӀэмалыфӀ сэ къэзгъуэтыну?



6 Заказ №224

153

Жыг тхьэмпэ гъуэжьыр тхытхыу щIым хэхуащ,
къиIущэщат зыгуэр, къыщелъэтэхым.
Нэхъыбэт зыхуеймфIэкI зэхэзымыхыр,
къикIар абы и гущIэм пщIэншэ хъуащ.

Псэуат жыг тхьэмпэр, гъунуи игъуэ хъуат,
итIани сытыт зэхащIыкI щIэмыхъур.
ЖыпIэну и бий закъуэр къигъуэтащ,
жьы щIыIэр сыт абы къыщIытеухьыр.

Тхытх мащIэр тхьэмпэм и пкъым ирикIуащ,
абы пэджэж мы си гур игъэпIыщIэу.
ЗыкъытриIэтыкIыу къысщыхъуащ,
Iэгу хуэсшиям и хуабэр щызыхищIэм.

ЩыхэкIым уи псэр гугъэ уэзыгъэщIым
нэхъ гъэщIэгъуэн мы гъащIэм хэлъ къысфIэщIкъым.



154

Егъэлеяуэ гъащIэр фIыуэ слъагъут,
абы пыщIауэ хъуари и гъусэжу.
Сшэчынут, сыту щытми, къыстрилъхьар,
си гурыфIыгъуэ къэскIэ сехъуэпсэжу.

Семышу дунеижьым фIыщIэ хуэсщIт
а лъагъуныгъэр сызэриIэм щхьэкIэ.
ИтIани, дунейм куэдрэ сигу хигъэщIт,
щхьэусыгъуэ гуэркIэ гъащIэм сигу щигъэкIыу.

Апхуэдэм деж къызгурымыIуэр зыт,
сымыщIэу си гурыщIэм есщIэжынур:
щIэзыбгъэлъагъунур фIыуэ сыт,
ухуежьэжынум сигу щыбгъэкIыжыну?

А хьэлыр ибзыщIыну дунейр хэтми,
ар зэ нэхъ мыхъуми егъэунэхур хэти.

155

Узэджэр къокIуэ — жаIэгъащ зэгуэрым,
арщхьэкIэ нобэ ар си фIэщ пхуэщIын?

Щытарэт сыджэм сызыхуейр къэкIуэну,
абы сызэреджэну щIыкIэр сщIэнт.

ИтIани куэдрэ мыр си нэгум щIокIыр:
сегъэгупсыс зыгуэрми — сыхуэзэнщ.
Апхуэдэм деж нэщхъей сыщыхъу къыхокIыр,
гум схуимыгъэхум нэхъри сыхуозэш.

КъэкIуакъым сызэжьар сэ гъащIэ псокIэ,
абы сызэрежьар уи фIэщ мыхъун...
Си жыгъэр, мес, сыпэмыплъами зэкIэ,
седжэху къызэмыжьамэ гъэщIэгъуэн.

Узэджэр къокIуэ жаIэгъащ, арщхьэкIэ
узэмыджар къыщищыр япэ Iэджэщ.

156

ЦIыхуфI гуэрым кIыхьу сепсэлъэнт,
ди гупсысэр жыжьэ нэдмыгъэсу,
я гугъу тщIыуэ тлъагъухэм махуэ къэскIэ.
ТIури куэдрэ щIым дыздыхэплъэнт.

Къыщемызэгъ дыдэм сежьэжынт,
къысфэщIынти нэгъуэщI гуэр къызэжьэу.
Нэхъ иужькIэ сыгузэвэжынт,
сэлам зэтхыжами сымыщIэжу.

Сэ сызыгъэпсэухэм ящыщ зыщ
натIэм иту слъытэ а зэIущIэр.
Iэджэрэ схъумэну сыхьэзырщ
къыщигъэуш псор абы си гущIэм.

А зэIущIэм сэ сыхуэмыпIащIэ,
гуIэфIтещIэж хуэхъунум сщIэрэ гъащIэм.

157

Сыдэтщ ди псыхъуэм, мывэхэм сащIыгъущ.
СызэхащIыкI абыхэм псом хуэмыдэу.
Къызэпсэлъэну ахэр зэм къысщохъу,
арщхьэкIэ къыскIэлъоплъхэр щым зэпыту.

Акъужьыр щэхуу куэдкIэ къызоупщI,
мыбы сыкъэзышар щищIэнур дэнэ.

И гъащIэм мывэм сегупсыс нэужь,
къебла гурыщIэр си тэмакъым тонэ.

И ныкъуэм нэс зы мывэр щIылъэм хэлъщ,
пэщIэтщ псы уэрым адрей мывэм и тхыр.
Пагагъэр мывэ къэскIэ къызэпхоплъ,
си щIыфэр зэзэмызи игъэтхытхыу.

Къилъхуауэ мывэм жаIэ Сосрыкъуэ,
я напщIэм телъщ ар мывэу дэлъым псыхъуэм.

158

Си гупсысэр дуней псом щызоуэ,
къыIэрыхьэу хъуар си нэгум къехь.
Къимыгъэзэжынуи зэм къысщохъур,
мис абдеж зэшыгъуэр уафэм къох.

Дунеижьым и плIанэпэ къэскIэ
си гупсысэм къыщилъыхъуэр сыт?
Зэм, ар щIихъумэну, уэсыр къосыр,
зэм, ирихьэжьэну, къиунщ псыр.

Ауэ, сIэщIэкIакъэ, къызэплъэкIкъым,
сакъын зэрыхуейри щогъупщэж.
Сытми къолри къегъэзэжыр зэкIэ,
пщэдей зэрыхъунур хэт ищIэн.

Хъыжьэщ зэм гупсысэр, зэм хуэмыхущ.
Сопсэу, ар джэгуэгъуу къысхуеиху.

159

Нобэ уэсым и нэр схуэмыджыл,
сщIарэт жьы етари къызыхуепщэр.
Мыл къэчапIэр сеплъурэ мэкIыж,
тепщэр щIыIэращи — зыхуейр ещIэ.

Срихамэу псыхъуэм щымыта,
псыежэхри сфIэфIщ си акъылэгъум.
Нобэ сэ къызгурыIуэж пэтащ
узэрыхъур лей, икIам щIалэгъуэр.

Дызыхэт зэманыр ещхь мэхъуж
мы щIымахуэм, ауэ схуэдэм ещIэ:
уи гум телъ уIэгъэри мэкIыж
щIыIэм зэхуишэж мыл пIащIэм ещхьу.

Къыпысщэнт иджыри тIэкIу си гъащIэм,
и щхьэусыгъуэр зыми езмыгъащIэу.

160

СощIэ, куэдым ягу къэмыкIыжын
гъатхэм хузэфIэкIым и инагъыр.
КъэтIэпIынщ, гъэгъэнщ, пыщэщыжынщ —
аращ гъатхэм Iэджэми халъагъуэр.

ГъащIэр кIуащ, ихьащ жыпIэну псым.
Нобэ хуабэ кIапэми сегъатхъэ.
ТепыIэншэу щыгугъати псэр,
къыслъысащ иджыри сэ зы гъатхэ.

Нобэ сэ сымыщIэм хэт ищIэн
гъатхэм мы дунейм щигъэзэщIэнур.
Мис аргуэру ирикIуэнущ щIым,
псэ зыIутыр къигъэщIэрэщIэжу.

Псори зылъэкI гъатхэм зыщ хуэмыдэр:
лIар къигъэхъужыну щхьэ хэмытрэ?..



161

ГъуэщэкIэ Iэджэ щыIэщ, пщIэн дэтхэнэр —
щIэгъуащэ мэзым, гъуэгу сэтейм тегъуащэ...
Укъимылъагъуэжу, лIэнкъэнэну
хэгъуэщыхьа гупсысэхэм слъэгъуащ сэ.

Мыгъуэщэххаи щыIэу къыщIэкIынущ,
хэт жызыIар абы и Iуэху нэхъыфIу.
Щытарэт ягу сиплъэн схузэфIэкIыну
апхуэдэу хъуам, я зэшыр къэслъагъуфу.

ГъуэщэкIэ Iэджэ щыIэщ, пщIэн дэтхэнэр.
Сэрдыдэр, минрэ сыгъуэщарэ пэткIэ,
аргуэру гукъэкIыжхэм сакъыхонэ.
Мыбы сыкъэсыжыху къэскIунущ Iэджэ.

Гъуэщам къигъуэтыжынкIэ мэхъу и лъагъуэр.
Нэхъ Iуэхур зытеувэр зымылъагъурщ.

162

Зы къару гуэрым сишэу сыпхрокI,
сигъэпIейтейуэ зэщIэщхъыщхъэ мэзым.

Сыгъуащэм жысIэу щIыIэу си гум къокI,
арщхьэкIэ сыхуопIащIэ адрей нэзым.

СыкъыхэкIащи мэзым — слъагъур сыт?
Зы къуажэ цIыкIу, зеиншэ къабзэм ещхьу,
абы къыпижыхь защIэу ежэх псы,
жыг закъуэ, губгъуэ нэщIым хуэму щещIэу.

Зэшыгъуэр къыспкърохьэ мис абдеж —
щIэщыгъуэ гуэр сыщыгугъат слъагъуну.
Иджы мэз Iуври сэ нэхъ къызощтэж,
си пIейтеигъэм щытми къыщIигъуну.

НэхъыфIщ пIейтейуэ схьым си гъащIэ псор,
зэшыгъуэм зэ Iэрыхьэ нэхърэ псэр.

163

УщIэнэщхъейр къызжепIэркъым аргуэру,
нобэрей махуэр, плъагъукъэ, погуфIыкI.
ДэмыкIыу куэд уи бынхэри къэкIуэнущ,
ямыIэу Iуэху укъалъагъуну фIэкI.

КъэсыхукIэ ахэр сапэплъэнщ сэ щыму,
зэзгъэзэхуэнур сэри къызолыж.
СлъэкIакъым насыпыфIэ уэ усщIыну,
сопсэур а гукъанэр хэту лъым.

КъэсщIэху зэрызухуэнур уи насыпыр
щIалэгъуэ дахэр икIри ежьэжащ.
Иджы си гугъэр дэнэ здынэсынур, —
тхылъымпIэм къыхащIыкI кхъухьлъатэм ещхьщ.

Къэсащ уи бынхэр, лей сохъужыр сэри.
ЗымащIэт узыхуейр — сынохъуэпсэжыр.

164

Сыногупсысыр гъащIэм куэдрэ,
сыхэтщ къэсщIэну узищIысыр.
Зэм сызэрихуэу, зэм сфIэкIуэду
къызэпта гугъэри си гъусэщ.

Сыногупсысыр, сыщышынэу
сыпщыгъупщэнкIэ зэрыхъунум.

Зэ пщыгъупщар уэ къэпщIэжыну
жамыIэ — пэжри арагъэнущ.

Сыхъуащ щхьэцпэщтэ, ар емыкIуми,
мы жьыгъэм псори зэрехъуэкIыр.
Бэгъуащ щытахэр схуримыкъуу,
хэщIащ щытахэм къызэбэкIыу.

Уи хущхъуэр щхъухьщ, уи щхъухьыр хущхъуэщ,
си кIэн къикIынырщ псом нэхъыщхьэр.

165

Губгъуэжьым пхыкI гъуэгур мыпIащIэ,
бжей мэзым щищIэни щыIэжкъым.
Абы тесшэжынут си гъащIэр,
къысфIощIыр мыхъуну зысIэжьэ.

Ди нобэм, дуней зэрызехьэм
зыкъомрэ сыхэтмэ иджыри,
къэспсэум и IэфIыр щIэкIынущ,
сщыгъупщэжынущ сызейри.

ЩIы щхьэфэм зеиншэу къыхэщу
ди губгъуэм пхыкI гъуэгур къызожьэ.
Зэгуэрым хэтахэр и гъащIэм
хуздэсшэжыну къыфIощIыр.

СызыIыгъыжыр зымащIэщ:
сызутIыпщынурщ сымыщIэр.

166

И гъащIэр шыпсыранэм зэзгъэзахуэу
къэсщтащи хьэл, сымыщIэ къызыхэкIыр.
Iэнкун сыщыхъуи щыIэщ, сыхуэзамэ,
къыхэмыхуар си пщIыхьым сигу къегъэкIыр.

СфIэфIщ зызгъэлъагъуэм, — ар мэпсэу зигъэпщкIуу,
кIэнауэм дэту къыхэплъэнщ си гъащIэм.
КъыгурыIуэну си фIэщ мыхъу нэгъуэщIым
мы си псэр а къэкIыгъэм щIыхуэпIащIэр.

Сэ шыпсыранэ тхьэмпэм къызэпхыпсым
сыхегъэплъэж си Iэгум тхыпхъэу итым.

Апхуэдиз пщІэ зыхуэсщІым сыкъыщІисыр
нэхъ къищтэжащ къызимыгъащІэу щытым.

СобзыщІыр сэри ар щІыхэсІэтыкІыр,
хрелъ щэху гуэрхэр ди зэхущытыкІэм.

167

Си гъащІэм сыхуитыжу зыщІэр хэт,
сопсэу, гупсысэр стырахын къысфІэщІу.
Сэ зэрысщІэжрэ гъащІэр «щІызагъэт»
ар зыщІэстыпхъэу къалъытам нэгъуэщІхэм.

Си фІэщ ящІыну зи ужь итыр зыт:
псэм нэхъ нэхъапэщ гугъэр, фІэщхъуныгъэр.
Си фІэщ ар сщІыну сэри сыхьэзырт,
сщыгъупщэу гъащІэр зы фІэкІ зэрымыхъур.

А псом сыщІапІыкІами, зысхъуэжащ,
хэт и гугъэнт сэ хэдэрей сыхъуну.
Псом ящхьэр гъащІэрщ, ар си фІэщ хъужащ,
аращи, сыщогугъыр къэспсэунум.

ЩыжысІэм мис мыбы щІэстынт си гъащІэр,
нэгъуэщІ зыгуэр къыкъуокІ ар нэхъ хуэфащэу.

168

Зыщ гъащІэр, къэзгъэщІар къысщохъу нэгъуэщІ,
а тІур зэтемыхуамэ, хэт и лажьэ.
СытекІщ си гъуэгуми, зыгуэр къезгъэлащ сэ,
ар псом нэхъыщхьэу къыщІэкІынкІи хъунщ.

Зыр тетщ и гъуэгум, зэи мыгъуэщэн,
адрейр йокІуэкІ, трихым — къытрихьэжу,
дзыхь нэхъ зыхуищІыр Іэджэрэ ихъуэжу.
А тІум нэхъ насыпыфІэр хэт ищІэн.

КъысхуэмыщІэж си гъащІэр зыщІэстар,
схузэгъэзахуэу ар сыщымыта.
Схуэубзыхункъым ноби къэзгъэщІэнур.

ЩыхупІэм мызэ-мытІэу сэ селъащ.
Сызыщышынэм псэууэ сыкъелащ,
сызыщыгугъым сщІэрэ къызищІэнур?

169

Аращ схузэфIэкIынур, къысхуэгъэгъу,
сащыщкъым дунейм тетыр къызэхъулIэм.
КъыхэкIми уафэр къыщесшалIэ щIылъэм,
я нэхъ Iуэху цIыкIур схузэхуэмыгъэхъу.

И нэхъыбапIэр гъащIэм Iуэху цIыкIуфэкIущ,
аращи — сыкъыхоху абы и кIуэкIэм.
АрщхьэкIэ сызыхуэфI Iуэху гуэр къыкъуэкIым,
илъэсым якIур махуэкIэ сегъэкIу.

Гугъу сригъэхьми зэзэмызэ гъащIэм,
абы иджыри къэс къысхуигъэфащэм
зытезгъэгусэ хъуну къысщымыхъу.

КъысфIощI къызгурыIуауэ сэ нэхъапэ:
мы гъащIэм зым щритми псом нэхъыбэ,
мыхъу щIимыгъужу щIыхуэпщIын гущIэгъу.



170

ЗдэзунэтIынур сщIатэм нэгъуэщI щыIэт,
сыпхоплъри — нэгу къыщIэхуэр псори зэщхьщ,
Гупсысэ жьычым срегъэсыр щIыIэм —
сызэрыхуитыр сыщыуэну зэщ.

Иужьрей гъуэгур пхрыкIынущ занщIэу,
жысIэну къэзгъэшарэт си фIэщ мыхъу.
Щытынущ ар егъэзыхыгъуэ защIэу,
егъэзыхыгъуэр Iэджэ кIэ нэхъ гугъущ.

Си махуэ къэс и упщIэр мэхъу нэхъыбэ.
Си ныбжь нэсар, гъуэгуанэ техьэн ипэ,
ечэнджэщыпхъэщ нэгъуэщI мыхъуми бжэм.

Къыспэувыж си гугъэщ гум щыспIари.
Сэ къыслъысыжыр зы щыуагъэщ. Ари
ещхьщ зауэм Iутым щхьэм хуихъумэ шэм.

171

Дунейр зэ нэху къекIамэ — нэгъуэщI гъащIэщ,
а гъащIэр махуэ псокIэ екIуэкIынущ.

Ар зэкIэ сщIэркъым къызэрыщIэкIынур,
аракъэ нэхъри гугъэ сэзыгъэщIыр.

Псэун къыщIэздзэжынущ сэ щIэрыщIэу,
ар едапщанэу щытми сымыщIэжу.
Сигу щызэблэкIым нобэ хэт щIэупщIэр,
итIани къобл жэуапыр, мыупщIэжу.

КъэдаIуэр Iэджэщ, мащIэр зэхэзыхырщ,
арщхьэкIэ хэт а мащIэм япэхъуну.
Абыхэм си псэр Iупщ Iу ялъагъунущ,
къащIэнщ жызмыIэ щIыкIэ сигу илъ щэхур.

Къысхуэнэр сыпсэуну аркъудейщ.
Къыщежьэр псом нэхъ гугъур мис абдежщ.

172

Зехъуэжыр уафэм, уэ къехын къысфIощI,
ар зыхэзыщIэ жыгхэр щтэIэщтаблэщ,
зэхэтщ, си дежкIэ къысщыгугъыу къаплъэу,
схъумэн схузэфIэкIыну мэхъу я фIэщ.

Мис, щIедзэ. Уэшхыр зэщхьыр хы толъкъунщ,
уэ пIащэр мывэкIэщхъыу кърепхъыхыр,
зы жыг къимыгъэна лей иримыхыу —
абыкIэ гухэхъуэгъуэ игъуэт хъунщ.

Уэшх хуабэмрэ мыл кIанэмрэ зэщIэтщ,
щызэрыгъуэтар хэт къызжиIэну?
МэувыIэ. Уэм ищIар нэм къыщIиIунут,
щIым хыхьэу зигъэпщкIуну уэшхыр хэтщ.

Си Iуэхур гугъущ: уэм зыри хуэбгъэгъу хъункъым,
сыхуейщ сэ уэшхым псори хуэзгъэгъуну.

173

Сэ зы бжэ гуэр Iусхыным сыщIохъуэпс,
дзыхьмыщIу саблэкIауэ нэгъуэщI Iэджэм.
Абы зы гъащIэ псокIэ сылъыхъуащ,
нэхъыфIти сыщыуауэ къыщIэмыкIым.

А бжэр зэрыIусхынур си нэгу щIэтщ,
гурыщIэ Iэджэ бгъэм къыщигъэушу.

Зы унэ гуэрым хэлъу ар щрет
е къыщIрекI шыгъуэгум сыхуэзышэу.

Псом ящхьэр сыIуигъащIэмэ аращ
щызекIуэр си гум зэхэзыщIыкIынум.
А бжэр итIанэ хэти къыхурещI,
сыкъикIуэтыжыну къыщIэкIынкъым.

Абдежым щыщIэдзауэ къэзгъэщIэнум
сэ хуэзгъэтIыгъуэр зым езмыгъэщIэну.

174

Мылъэтэж бзухэм куэдрэ согупсыс,
си гъащIэм и щэху гуэрхэр къэспщытэжу.
Апхуэдэ зы амкIыщ жыг щхьэкIэм пысщ,
и плъэкIэм си псэм щыщ къыхэзгъуэтэжу.

Мыхъей и нэгур, ауэ сэ къысщохъу
абы зыхищIэу си гум зэблигъэкIыр.
Дунейм пэщIэт а бзум си гугъэр щIыгъущ,
езым къызгурымыIуэу къызыхэкIыр.

Си лъахэм щызыIыгъыр сыт къару
щIымахуэ щIыIэм игъэтхытх амкIыщыр?
Си дежкIэ щэху зэпыту ар къэнэнщ,
бзу гъащIэм хэлъ хъунщ цIыхуми имыщIэ.

Лыхъужьщ ар нобэ, ауэ, икIмэ щIыIэр,
яхэгъуэщэжынущ бзууэ щыIэм.



175

Аращ зэрыхъур, гугъэр арщ здынэсыр,
блэкIам къыщелъыхъуэж зыхэзыщIэн.
Хамэ къэрал гъунапкъэу уафэ нэзыр
зэгуэр къыщIыщыхъуари хэт ищIэн.

ТекIакъым и щIы кIапэ зэрищIэжрэ,
уимыкIыу уи пIэ дэнэ унэсын.
Захуигъэгусэрт бзухэр щылъэтэжкIэ,
къыщылъэтэжкIэ — япежьэн хьэзырт.

Жыг фIэкI нэгъуэщI бгъуэтыну си фIэщ хъуркъым
апхуэдэу къылъыс гъащIэр зыхуэхьын.

ЕутIыпщыр жыгым тхьэмпэр нэгъуэщI мыхъуми,
мыбы и пщIантIэ дигъэкIакъым бын.

Иджы жэщ къэс, игъэпщкIу зэпыту и нэр,
тхьэрыкъуэу пщIыхьым щеутIыпщ и бынхэр.

176

Пщэдджыжь дыгъэпсым куэд зэрегъэпэщ,
и курыкупсэм си нэр сфIыхэплъызэу.
Сыносыр губгъуэм. Мастэ хэзщ жыпIэнщ
къызэджэ щIыкIэу къысхуэгуфIэ удзым.

Iуащхьэжьым нэскIэ сэ сызэпхыкIынщ,
хъунщ сабиигъуэр абдеж къыщызэжьэ.
Абы нэхъ псынщIэу сыкъиздIыхужынщ
жызоIэри, лъапцIабзэ зыкъызощIыр.

Мис си Iуащхьэжьыр, ауэ жьыбгъэм фIэкI
мыбдежым щызэранIау сымылъагъу сэ.
Хъурейуэ Iуащхьэм куэдрэ ар къожэкI,
зыгуэрым мэлъыхъуэжыр, сищIу гъусэ.

Сэ сщIэжкъэ, жьыбгъэр балигъ хъуркъым зэи.
Абы сыщIыгъумэ, сабий сохъуж сэри.

177

Уэ ди щIалэгъуэр уигу къыбогъэкIыж,
щымыщ къыщыхэбгъэхьэри нэхъыбэу.
Сэ сщIэжыр тIэкIу нэгъуэщIу къыщIэкIынщ,
е а къыщIыбгъэур къыхэпха пщIыхьэпIэм?

ТIум щыгъуэми ар мэхъу ди гъащIэм щыщ,
зэм къыщIидзыжу абы и IэфIыпIэу.
Уи нитIым уэ гухэхъуэ ин къыщIощ,
уи гущIэм къиIукI псалъэхэр щыжыпIэм.

ХэщIыну уи гухэхъуэм сыхуэмей,
зыгуэри си фIэщ хъуркъым схухэлъхьэну.
Мыпхуэдэм деж гупсысэу сиIэр лейщ,
нэхъ тыншщ уи псалъэм щыхьэт сытехъуэну.

Ауэ иужькIэ гъэ гугъу гуэрхэм сакъыу
тIум ди псэри къыхызошыж си закъуэ.

178

ЩIым тездзэ ныбжьыр сIэщIэкIын къысфIощI,
пхырокI, кIэнауэ хуэзэм зэпиупщIу.
Сатемыхьэлъэу гъусэ сиIэм сфIэфIщ,
сэ нобэ си щытыкIэм ущIэупщIэм.

Жьы зыщIэт уэшхым ещхьу екIуэкIащ
мы зэм фIэкIа къыслъымысыну гъащIэр.
Сыхэзэшауэ абы къыщIэкIащ,
лъагапIэм сшэни хуейщ къысхуэнэж мащIэр.

Си гъусэхэм гумащIэу сахоплъэж,
сащыгугъакъым иджы хуэдэу зэи.
АрщхьэкIэ ахэм махуэ къэс захъуэж,
а фIэщщIыгъуафIэм сащыщыжкъым сэри.

Зыгуэрым блэкIрэ пэт сыкъигъэщIэхъум,
мы дуней псор къызэпцIыжа къысщохъур.



179

ГъащIэр ирагъэщхьыр куэзыр джэгум,
Iэзэу сэ куэзыр сымыджэгуф.
Зэми сыкъагъапцIэ, ещхьу дэкум,
куэдым запызмыщIэмэ нэхъыфIщ.

ГъащIэ уджэгуну гугъущ, уIэсэм,
узэрыщымыт ухъунуи гугъущ.
КъысхэмыкIми сэ джэгуакIуэ Iэзэ,
натIэм итым хъункъэ сыщыгугъ.

КъэзгъэщIа гъэ бжыгъэм къыхэхъуэхукIэ
мэхъу нэхъыбэ сыкъэзыгъэщIэхъур,
ауэ сыпсэуну си къаланщ.

Махуэу щыIэм яхэтщ си зы махуэ.
Къэсрэ ар щIэхуа куэзыру техуэм —
си псэр сфIахьрэ пэт — сыкъригъэлынщ.

180

Жэщыр джабэм дэкIым ещхьу макIуэ,
ди щIапIэжьым сэ нэху сыкъыщокI.

Си тхьэкIумэм къиува лъэ макъыр
зэм къоблагъэ, зэми жыжьэ IуокI.

Сэ къызгурыIуэжкъым си щытыкIэр,
сыхэтщ пщIыхьым икIи сыхэмыт.
Жьы мызагъэм бжэр иреудэкIыр,
сытэджатэм — быдэу къыхуэсщIынт.

Сыщалъхуа унэжьым и мэ гуакIуэм,
губгъуэм силъ нэхъей, сыкъыдоуш.
Бжэр мэкIыргъыр: «Сэ усхуэIыгъакъым,
ежьэныгу ухъуам, умыдэIуэжт...»

Схуэгъэвыну сэ пщэдей къызэжьэр,
пэжу къыщIэкIыжмэ мы жэщыр?

181

Иджыри сыхэтщ щIалэгъуэм,
дунейр схуаухуами ярейщ.
Уэ фIыуэ сыкъыболъагъуур,
ар зэкIэ умыщIэу аращ.

Сэ зэкIэ къызгурыIуакъым
зэрыхъур си гъащIэр уэ пщыщ.
КъуэзгъапщкIуэу куэдрэ бжэ къуагъым,
си гугъэ нэхъыщхьэр собзыщI.

Ар зыхуэзгъаплъэр гъуэгу жыжьэщ,
акъужьыр абыкIэ кIуэрейщ.
ЩыблэжкIэ къызодэхащIэ,
сишэну уэгу гъунэмкIэ хуейщ.

АрщхьэкIэ сыпоплъэ зыгуэрым,
си натIэм итым пэкIуэну...

182

СыдэкIынут мы къалэм куэд щIауэ,
схуэмыхьыж зэрызехьэм щхьэр хэсхыу.
СыщIэсынут щэху дыдэу уэгу щIагъым,
зэрытIэпIыр жыг хадэр зэхэсхыу.

Зэпымычу зыгуэрым IэщIэкIыу
къыщIысщыхъур мы къалэр сымыщIэ.

Езым сэ симыутIыпщу къыщIокIыр,
пыщIа хъуащи си къуэпсу куэдыщэ.

Мис апхуэдэу докIуэкIыр зэгъусэу,
зэм слъэмыкIыу абы сыхуэусэу,
езым си гур зэрихуэу сыт щыгъуи.

СыдэкIынут мы къалэм, арщхьэкIэ
къыспежьэнущ, сыздэкIуэм нэсакIэу,
Iэуэлъауэм щышынэ зэшыгъуэр.

183

Зи ныбжь нэсахэм блокIри, сурэттехыр
мэлъыхъуэ зи щIалэгъуэ, зи дахэгъуэ.
Сыт зи щIалэгъуэ дахэм сурэт тепхкIэ,
къуитынкIэ хъунщ и теплъэм зы гухэхъуэ.

Ныбжь зиIэм еплъыт. И зэлъа къэсыхукIэ
гъуэгуанэ кIыхьу нэгум къыщIоувэ.
Абы ищIынщ гупсысэр зэхэзехуэ,
игъэтхытхынщ дэтхэнэми и щIыфэр.

Абы и гъащIэ гугъум хэлъыр щэхуу
къызэпхыпсынщ сурэтым кIыфIу, нэхуу.
Къысщохъу езыми и псэр нэхъ тыншыну.

Дахьэх зэпыту зи щIалэгъуэ дахэм,
зи ныбжь нэсахэм блокIыр сурэттехыр.
Къигъэзэжа нэужь, игъуэтыжыну?..

184

ПыгуфIыкIащ бзылъхугъэ, къызэплъэкIри,
ар къыстехьэлъэ зэшым къытекIуащ.
Апхуэдэу мэхъу уэгу лъащIэм хэплъэгъуэнкIэ
фIыцIагъэм къызэпхыщ нэху кIапэ гуэр.

Иджы сокIуэкI ар куэдрэ нэгу къыщIыхьэу,
си гъащIэр зыщыгугъыр арщ жыпIэнщ.
Ар сяпэ имытыжмэ, къысщохъур
щыхупIэм хуэзэу сылъэпэрэпэн.

Сщыгъупщэжынущ ари сэ зэгуэрым,
си гъуэгур здэкIуэр къэсщIэжа нэужь.

НэгъуэщI зыгуэр си зэшым къытекIуэнущ,
щымыIэу си фIэщ хъуж абы нэмыщI.

Слъагъу хъум зэгуэр къысхуэгуфIа бзылъхугъэр,
сэлам есхынщ, си благъэ гуэр си гугъэу.

185

Мы гъатхэ гуэрым жыгхэр къигъэпцIащ,
писыкIыжащ, пасэIуэу къигъэтIэпIри.
Абы сищIащ сэ нобэ гурыщхъуэщI,
дзыхь хуэзмыщIыжу къыспежьам Iэдэбу.

Си гъащIэм щыщу Iэджэ сигу къокIыж,
мы гъатхэм и гъэпцIагъэм ещхьыркъабзэу.
АрщхьэкIэ дыгъэр гуфIэу къыкъуокIыж,
емыщхьу зым си щIыфэм къеубзэрабзэу.

Сэ схуэдэ щыIэт, сщIэжтэм сызыхуейр.
Сэ нэхъ насыпыфIэ мы дунейм
темыту нобэ къызыщызгъэхъунут.

ПIейтей си нэгум дыгъэ бзийр щопэкIу.
Телъыщ хьэлъэ си гум, ауэ къезмыгъэкIу
и пащхьэ дыгъэм сыщынэщхъеину.

186

Сянэ тхьэмыщкIэр къохьэ сигу аргуэру,
абы и пIейтеикIэр си нэгу щIэтщ.
СытемыпыIэ сэри. Жыжьэ кIуэну
зегъэхьэзырри, сянэр йопIэщIэкI.

ИгъащIэм жыжьэ IумыкIар ежьэну
хэзыгъэзыхьыр къызжиIэну хэт?
Зы хьэпшып закъуи хуейкъым къыздищтэну,
исынкъэ щIыIэм, и гъуэмылэр сыт?

И ужьым ситщ, а къомым сегупсысу,
арщхьэкIэ и нэр къысщегъэпщкIу езым.
Жьы сыхъужами, си псэр сабиипсэщ,
зэтрихьа нэпсри къыщIэжын хьэзырщ...

ЗыкъызощIэжри, зыри сымылъагъу.
Хэт-тIэ си щхьэфэм Iэ къыдэзылъар?

187

Нэху мэщыр. Сэ сыкъэушакъым,
сызыгъэIуэщхъури Iэджэ мэхъур.
Зэхэсхыр ещхь псыежэх макъым
е жьыр унащхьэхэм щысэхъурэ?

Сыкъэушынщи, дунеижьыр
зэпэсплъыхьынщ си нитIым щызу.
Къэслъыхъуэжынщи си лъэужьыр,
зэзгъэщIэжынщ сэ сызищIысыр.

КъысщIихьэм щIылъэм и мэ гуакIуэр,
щыхъейм гъуэгущхьэхэм ву макъыр,
махуэщIэм хыхьэжынщ гупсысэр.

Сэ щIэздзэжынщ псэун аргуэру.
СщIэ хуэдэт нобэ сыздэкIуэнур,
игу илъыр сыт зи гупкIэ сисым?..



188

Жыгым пщыIэ тращIыхь сабийхэм,
къаIэрыхьэр абы ягъэIэпхъуэу.
Зэрызехьэу яухуэр абыхэм
сыткIэ къыщхьэщыкIрэ бзу абгъуэм?

СыкъоувыIэ, си нэр ятемыкIыу
зыщымыпсэуну унэр зыщIхэм.
ЩIэпхъуэжынущ, я щIэщыгъуэ икIым,
къыпынэнущ жыгым пщыIэ нэщIыр.

Унэ нэщIыр мэхъу тегушхуэгъуафIэ,
пщыIэр жьапщэм кърикъутэхынущ.
Ауэ зэкIэ сабийм ягу хегъахъуэ
ар зэращIым, дахэ зэрыхъунум.

Ещхьыркъабзэу, псэм еухуэ гъащIэр.
И щIэщыгъуэ икIмэ — бгъуэтым къащтэ...

189

ЩIымахуэр гъатхэм щIыхэзгъэгъуэщар
сыхэтти арщ аргуэру гукъэкIыжым.

7 Заказ №224

Уэрэд кърищт бзу гуэрым зиукIыжу,
имыщIэу жыгхэм мыл зэрыпищIар.

СкIэщIишу си гупсысэхэр щыхуеймкIэ,
аргуэру гъащIэм сыт сыщIигъэжакъуэр?
Гъэ куэдкIэ хэту жейм къэушыжауэ
иджы сыхоплъэ щэхуу мы дунейм.

Къыспожьэ сыщыщIэкIым жьызэпеуэр,
мэбагъуэ зэуэ си гум щызэпекъур.
СыздэкIуэм сызышэну гъуэгури щташ.

Уэгу гъунэм къызэпхыпст дзыхьмыщIу дыгъэр.
Ди пщIантIэр хуримыкъуу псэуа ди хьэр
жьы зэрыхъуам сэ япэу гу лъыстащ.

190

И жагъуэ сщIат сэ нобэ цIыхуфI гуэрым,
иджы сыIэбэм сылъэмыIэсыж.
ПщIыхьэпIэу ар ныжэбэ къысхуэкIуэнущ,
сыт щIыкIэу сыIуплъэн, жесIэнур сыт?

Къысщхьэщыхьэнщ ар, блыным къыпхыкIынщи,
IункIыбзэ си бжэм емытарэ пэт.
Абы зы псалъэ Iей къыжьэдэкIынкъым,
къыжьэдэкIами — тыгъэу къэслъытэнт.

ИгъэтIысынут си гур и удыным,
арщхьэкIэ и Iэр дэнэ щиIэтынт.
Си гъащIэм блэкIа махуэр хэзгъэхунут,
сэ абы и пIэм изгъэувэнур сыт?

Пщэдей къыслъагъэсам арат гуфIэгъуэ.
Ар зылъэкIыну щыIэр сщIарщ зи жагъуэ.

191

Мис аргуэру йощ гупсысэр сяпэ,
сыкIэлъеIэу сфIыхобзахэ жэщым.
Ар сIэщIокIри, сыкъытонэ бжьэпэм,
си нэр сфIыхоплъызэ псыежэхым.

Мажэ псым бгъурыту си гупсысэр,
дэнэ нэскIэ ар хуэгъэкIуэтэну?

Къыгъэзэжрэ къысхуэхъужми гъусэ,
гур зыгъэпIейтейщ къысхуиIуэтэнур.

Къох псы гуфIэнэгур, жыжьэ къикIыу,
сощIэ, псынэ защIэу зэхолъадэ.
Мис аракъэ гур щIыпикъузыкIыр,
зи псэ къабзэр куэдрэщ щыхэкIуадэр.

Псышхуэ хэлъэдэнкIи мэхъу псы цIыкIум.
Хэлъэдэнщи, щIиIубэнщ ар здэкIуэм.

192

Жыглыц къытокIэ мэзым щыслъагъу мывэм,
зыхэтым хэгъуэщэным пфIощI егугъуу.
Мывэшхуэ дыдэт. Абы сытоувэ,
сыздэкIуэжынур къэслъагъун си гугъэу.

Арщхьэкlэ мэзт, мэз защIэт нэм къиплъыхьыр,
щIахъумэжакIэт тхьэмпэ гъуэжьхэм лъагъуэр.
Гупсысэ щIыIэр си щхьэм къозэрыхьыр,
хэщэтыкIауэ мывэри къысщохъур.

КъыспкърыхьакIэт мывэм и гум щыщIэр,
абы ишэчыр хэтыт зышэчынур?
КъэзмыгъуэтыжатэмгъуэгурккIэщIкIэ,
къызгурыIуат — си гущхьэр зэгуэчынут.

Ди ныджэм телъ мывэхухэр къысхуолыдыр.
ФэрыщIу ахэр иджы къызолъытэ.

193

Зэгуэрым щыIа жьапщэм къегъэзэж,
ар изогъэщхьыр фIэкIуэдам лъыхъуэжым.
Абы сыщогуфIыкIыр, згъэщIэгъуэжу,
къызэрыщIэкIымкIэ — сыхуэзэшт.

Сыхохьэ жьапщэм, абы щыщ сохъуж,
жьы щIэту екIуэкIынщ нобэрей махуэр.
Сэ нобэ къыспэщытыр Iэджэ мэхъур,
арщхьэкIэ жьапщэм псори зэхетхъуэж.

Абы си гъуэгу нэгъунэ ихъуэжащ.
Ар здэкIуэм сымыкIуэныр Iэмалыншэщ,
сыхъунщ хьэлыншэ, хъумэ ар хьэлыншэ,
иужькIэ, сощIэ, сыхущIегъуэжынщ.

Сэ зы делэгъуэ дахэ къыслъысыжти,
мис, иужь дыдэу жьым сегъэшэсыжыр.

194

ЗэщIогъуагъуэ уафэр напIэзыпIэм,
щыблэ мауэ, щIылъэр игъэтхытхыу.
Ёщхь хъуат уафэр зи гур ихьым бампIэм,
уафэхъуэпскIыр и нэми къыщIихырт.

Сытыт апхуэдизу зыгъэгубжьыр
нетIэ псэм къыдыхьэу щыта уафэр?
Мыхьэнэ имыIэт, епткIэ упщIэ,
къыпыпхынур сыт, уеупщIкIэ мафIэм.

Щыблэр къытехуащ зимыIэм лажьэ,
щIидзащ мафIэ уафэм щыгугъ жыгым.
ИщIар уафэм къыгурыIуэжащи,
уэшхыр жыгым уэру къырекIыхыр.

Арэзыуэ зеплъыхь жыгым, ныкъуэс хъуами.
И фIыгъэкIэ щыблэр нэгъуэщIым техуакъым.

195

КIыхь гуэрт мы жэщри, мардэ имыщIэжу,
аргуэру гукъэкIыжым сыхэмыкI.
Уэзджынэр къоуэ, пэшым дриджэжу,
сакъыкIэрохур — тIэкIу сытоджэгукI.

Сэ зэхызох и макъыр егъэджакIуэм,
сыкъызэрытым гу лъимытэхха.
Сожыхьыр си пIэм, хъуауэ ар си жагъуэ,
срещхьт абдежым удын зытехуам...

ГупцIанэу екIуэкIа си сабиигъуэ,
уи гугъэу къыщIэкIынщ сыкъыпщхьэщыкI.
Уэзджынэ гуэр къызоджэ сытым щыгъуи,
ауэ нэхъыбэм си лъэр схущIэмыкI.

Сазэрыхэмытым гу лъамытэу
къыщынэр нэхъыбэжщ утыкум итхэм.

196

Пщэдджыжь къэсыху сытетщ мы гъуэгум,
сыздэкIуэм Iэджэми саIуощIэ.

Дэтхэнэ зыми къощ и нэгум
е и гухэхъуэр, е игу щыщIэр.

Жэщ кIуар, жэщ кIыхьыр зэрыщыту
зи нэм къыщIэщи срохьэлIэ.
Къызоплъ апхуэдэр, сыкъипщытэу,
абы и плъэкIэр къыстохьэлъэ.

Пщэдджыжь къэсыху сахуозэ Iэджэм,
дэтхэнэм уи псэр ебгъэшхыну.
Жэщ хъухукIэ си гур къезыхуэкIыр
абы я нэгум къыщIэсхынурщ.

Ахэр си гъащIэм зэрыщыщыр
нэхъыфIщ езыхэм зэрамыщIэр.

197

Зэрыщытауэ псори къэнэжащ.
Къылъымысынум щыгугъ къуажэ цIыкIум
зэшыгъуэр къыщхьэщытщ, зэрыхъуу жэщ.
ЗэблокI, зыхэсщIэу, я гупсысэр цIыхухэм.

А псоми къахэджэлу къэгъэгъащ
ди хадэм къыщыспэплъэ кхъужьеижьыр.
Дунейр щыкIыфIым — ар си уэздыгъэнщ,
си гъащIэр зэми нэхъ щIэщыгъуэ ищIу.

ИтIани зэкIэ хадэм сымыкIуэн,
кхъужьейм езгъэлъагъункъым нэгум къищыр.
Аргуэру сызезыхуэр къыстекIуэнщ,
си гъуэгу сытехьэжынущ, нэху зэрыщу.

Зи бынжэр къуажэ цIыкIум пыщIа сэ
сыхуейщ сыщыпсэуну дуней псом...

198

Сыкъоуш сэ аргуэру жэщ ныкъуэм,
макъ щэху гуэр къызэджауэ къысфIощI.
Щызолъагъу жэщыр здэкIуэ лъэныкъуэм:
уафэ гъунэм нэху кIапэ къыхощ.

Къыщынэхур абыкIэ сымыщIэ,
ауэ сыту щхьэгъубжэм ар ещхь.

Сытехьэнущи гъуэгу нэху зэрыщу,
ар си гъуазэу сыкIуэну сыхуейщ.

Мэщри нэху, сыкъонэжыр семыжьэу...
Ар щIалэгъуэм и теплъэхэм щыщщ.
Къыспигъаплъэр къэкIуэнум сымыщIэ,
ауэ нобэ си гугъэр собзыщI.

Къэблэгъащ пщыхьэщхьэр. Сигу ныкъуэу
соплъэ жэщыр къыздикI лъэныкъуэм.

199

Си гъащIэм и щIэдзапIэр сяпэ йощ,
си гъащIэм и кIэухыр си ужь къонэ.
А тIур зэблэзыхъуам сегупсысащ,
къебла гурыщIэр си тэмакъым тенэу.

Апхуэдэу зэрыкIуэнур зэман кIэщIщ,
ар фIыуэ къызгуроIуэри, сопIащIэ.
Си сабиигъуэм сэ сыкIэлъыджэнщ,
къемыплъэкIынкIэ сыгузавэ защIэу.

Ар къызэплъэкIми, сыкъицIыхужын,
и фIэщ хъум щыщуи мащIэщ си гъусэжыр.
Згъэшынэм, къыздикIам игъэзэжынщ,
и абгъуэм щиIа фIыгъуэм ехъуэпсэжу.

Иреувэж щхьэж и пIэ нэхъ псынщIэIуэу.
И кIуэкIэм гъащIэм нэхъыфI щыIэу сщIэркъым.

200

Мыхъунт си фIэщ апхуэдэу зысхъуэжауэ,
арщхьэкIэ си дунейр езым болъагъу.
Жьы сызэрыхъур сэ сымыщI си жагъуэ,
абы и гурыфIыгъуэхэм сылъохъу.

КъокIыж зыгуэрхэр сигу, дэтхытхыу щIыфэр,
итIани ди блэкIам гуфIэгъуэр хэзщ.
Уэ сщIэркъым, ауэ сэ сынасыпыфIэщ
сыкъызэрысамкIэ нобэм нэс.

ВакъитIыр, тепIытIауэ я лъэдакъэр,
къызэжьэу мо щIэкIыпIэм деж щытынщ.

Жыг щIагъыр згъэщэбэнщ сэ, сыхуэсакъыу,
блэлъэтмэ бзу, Iэдакъэжьауэ сщIынщ.

Сыноплъри, уи нэм щIэмыхуэж зэшыгъуэр.
Си зэшри щыхыхьар абы сыт щыгъуэ?..

201

ЗымащIэ дыдэщ хуэсщIэфар си лъэпкъым,
сылъыхъуэурэ абы хуэзгъэфэщэн.
Иджы хуей хъуащ си гъащIэм къыпысщэн,
сэ згъэзэщIэнум си пщэм дэлъ илъэпкъыр.

Ар дауэ зэрыпщIынур жыпIэу щытмэ,
жэуап симыIэ, ауэ къэзгъуэтынщ.
Пхъуэжыну гъащIэм иухуар мытынш,
уи жьыгъэр нэм къыщIэплъэу къыппэщыту.

Сыт сымыщIам — мыхъуну ар къыстекIуэ.
Хуейщ сыпIэщIэн — си махуэхэр мэкIуэщI.
КIасэIуэу щытми, сэ къызгурыIуащ:
гуитIщхьитIым фIокIуэдыжыр иIэ тIэкIури.

ТхыгъитI и натIэм ихуэу къегъэщI цIыхур.
Зыр иту къалъху, адрейр езырщ зи Iуэхур.

202

Мы псор си нэгум щIэкIыу къысщохъужыр.
Зы псынщIэ гуэрым сису сыпхырокI,
си махуэхэрщ гъуэгупщIэ сэ схуэхъужыр,
схуримыгъэкъумэ — къызжаIэнущ: «ИкI!»

Мыракъэ гъащIэ хъужыр — къокIыр си гум,
лей сымыхъужтэм, сыткIи ар зэпэщт.
КIуэтэхукIэ нэхъ псынщIэжущ ар зэрыкIуэр,
къысхуэнэ махуэ бжыгъэм хэщI зэпытщ.

Сэ сыздэкIуэну дыдэм сынэмысу
мы дунейм теткъым сибгъэкI зэрыхъун.
Си нэгум зэ къиплъам «гублащхьэдэсыр»,
абы и щхьэусыгъуэр илъагъунт.

Сопсалъэ сэ — езыр къысфIощI мыбауэу.
ЖесIакIэщ псори, зэхихауэ пIэрэ?..

203

Хасат жыгыщIэ сабийм къыдэхъуну,
си адэр къызэралъхуу ар хасат,
Зэгуэрым иIэжар зытIэкIущ ар гъуным —
си адэр хьэлъэу зауэм щауIат.

Къелащ зауэлIыр. Жыгми зиужьыжри,
къыпыкIэр багъуэу къэкIуащ нобэм къэс.
Иджы си адэр и пIэм къыхэкIыжкъым,
жыгыжь ещIами нэщхъеягъуэр хэзщ.

АрщхьэкIэ къэгъэгъэнщ псом япэ иту,
и тхьэмпэхэри псом яужь гъужынщ.
Си адэри щхьэгъубжэм дэплъ зэпытщи,
жыгым Iуплъэху дунейр и фIэщ хъужынщ.

Зыр ноби зэрыпсэур адрейм и фIыщIэу
хуэщIынщ и фIэщ а тIум яку дэлъыр зыщIэм.

204

СыридзэкIынущ, къызжьэхэуэу щытмэ,
уэрамыр зыгъэхыщIэ Iэуэлъауэм.
Апхуэдэщ нобэ гъащIэр зэрыщыту,
аращ сэ махуэ къэскIэ сигъэлъагъур.

А зэрызехьэм сыхэзэрыхьащи,
сыт щIауэ сэ псэхугъуэ симыIэжрэ.
Мы си пщэм дэлъым зы Iуэху хэзгъэгъэщIи,
нэгъуэщI къыслъыкъуэкIынущ, зимыIэжьэу.

Согузэвапэ сяпэ итхэм щхьэкIэ,
си ужь къинэнур сфIэгуэныхь мэхъужыр.
Ди дамэр зэгъэкъуауэ ныздекIуэкIхэр,
сахэхуми, къэувыIэну къысщыхъужкъым.

Сэ мы псэукIэм зикI сыхэмызагъэ.
УхэкIуэсыкIи хъурэ, ещхьщи зауэм…

205

Си нэгум щIэтщ зы джабэ нэкIу сыт щыгъуи,
абы зы мывэ пIащэхэр кIэрылъщи!

Абы кIэрыт жыг закъуэм зыкIэрищIэу
мэджэгу акъужьыр, сыдихьэх къыщыхъуу.

Акъужьым щIыгъуу сыджэгужыфынкъым,
арщхьэкIэ тIэкIу къысщIихутэм хъунт си гуапэ.
Жыг щIагъым щIэкI гъуэгу цIыкIур — си зекIуапIэр
хогъуащэ — ари узу къызофыкIыр.

СиIащ сэ гъащIэ сехъуэпсэжу зэми,
зэгуэрым сепцIыжауи къысхуэщIэжкъым.
АтIэ жыг закъуэм щхьэ сыщыукIытэжрэ,
и тхьэмпэ пызмычарэ пэткIэ зэи?

Ар сфIощI хуэшхыдэ и пIэ имызагъэм.
Сэ псори сщогъупщэж, гъуэгу кIапэ слъагъум.

206

Зэгуэр ныбжьыщIэу сэри сыщытащ,
иджы ар гугъурэ пэт уи фIэщ пщIыжыну.
СимыIэт абы щыгъуэм гукъыхэщт,
къысщыхъут мы дуней псор къысщхьэщыжыну.

МыхъумыщIагъэшхуэу абы щыгъуэм схэлът
сыт сщIэми къысхуэгъун къызэрысщыхъур.
Сэ себэкъуа цIыху дапщэм я гухэлъ,
ар сщIэну симыIами щхьэусыгъуэ.

А зэман псынщIэр жыжьэ IукIуэтащ,
иджы саубыдыр гукъэкIыж зэмыщхьхэм.
Сэ схуэдэ гуэрым и насып скъутам
жызоIэри, зэм собиижыр си щхьэм.

Зыгуэрым пшахъуэм къыхищIыкIа унэр
сыт хэлъ пкъутэну, мыплъэу щытмэ уи нэр.

207

Уэсэпс ткIуэпсым щезгъэщхьыжыр Iэджэщ,
гущэм хэлыдыкI сабий слъэгъуам.
Мис апхуэдэм деж мы си гум къэкIым
зэуэ къыфIегъэхур си щхьэ тхъуар.

Дыгъэри яхэту а псэ къабзэм
сыту куэд шынагъуэу къыщхьэщыт.

Магъ, игу ныкъуэм. Аращ зэкIэ и бзэр,
псоми ар щIызэхамыхыр сыт?

Гущэм IэщIэкIауэ, месыр, мажэ,
я унэбжэр есшэлIа къудейт...
Ар джэлащи, уи гум щIыхьэу магъыр,
щхьэ кIэлъымыплъарэ мы дунейр?

И нэм щIэс хъумакIуэми солъыхъуэ,
мис арат зэстынур сэ узыгъуэ.

208

Куэд щIа щыуагъэр сыту лъакъуэ псынщIэ,
щхьэусыгъуэ игъуэтыхукIэ къысхуокIуэж.
Си гъащIэр схьащ ар псоми ящызбзыщIу,
иджы гухэхъуэу сиIэр егъэкIуэщI.

Мыинт а си щыуагъэр апхуэдизуи,
нэгъуэщIым зэран хуэхъуми ящымыщт.
КъысIэщIэщIат насыпыр щызигъусэм,
щыуагъэ цIыкIур ин зыщIар аращ.

Джэдур зэрыдэджэгум ещхьу дзыгъуэм,
абы мы сигу пIейтейр хигъэтщ бэлыхь.
КъызэрокIыпэ зэми. Абы щыгъуэм
къызеутIыпщ си жейр зыкъутэ пщIыхь.

СщIын хуейт, абы сыIэщIэкIын си гугъэм,
нэхъ щыуагъэшхуэ. Ар къимыхь си лIыгъэм.

209

ЙокI мы щIымахуэр, щIылъэр хуэмыгъэщту,
абы иризэгуэпу ар къысщохъу.
Нэхъ щыгубжьами жьыбгъэщ къыхуэгъэщIыр,
абыи, акъужь хуэдэ, хэлъщ гущIэгъу.

ЕщIэж, нэхъыфIт щытам щIымахуэ нэсу.
Нэщхъейщ, къыфIэщIу псоми кърахъуэн
зэрыщабэIуэр, зэримащIэр уэсыр.
ИгъэпщкIуу нэгур, пшагъуэр зытрипхъуэнщ.

Куэд мыщIэу гъатхэ щыпкъэри къэкIуэнущ,
чэнджэщ нэхъыфIхэм пэплъэу ар къэсынщ.

Дунейр щызэIэпахкIэ жриIэнур
имыщIэ — мис абыи щIогупсыс.

ЙокI мы щIымахуэр. Ар зигу къинэжынум
сахэтщ сэ, гъатхэм пэплъэ адэжынэу.

210

Къызжьэхэмыуэ гуфIэгъуэшхуэ,
гуфIэгъуэ куэд къыслъос тIэкIу-тIэкIуу.
Абыхэм си псэр изогъэшхыр,
си гуныкъуэгъуэхэри дэкIуэу.

СиIэхукIэ ахэр сэ къысщохъур
мы дунеижьым зыкъыздищIу.
Сыт-тIэ, си къуэш, нэщхъей сыщIэхъур,
нэхъыбэм уэри сыкъыумыщIэу?

СощIэж сиIар сызыщыгугъыу,
зыпэзгъэплъар сэ фIыуэ слъагъухэр.
А схуэмыгъуэтым сыщIэлъыхъуэр
абыхэм щхьэкIэт, сымызагъэу.

СхулъэмыкIар сэ къысхуагъэгъур.
Аракъэ гугъу си Iуэхур щIэхъур.

211

Тыншу жыгым и щэху уигъэщIэн,
ибзыщIынур егъэпщкIуфыр Iэзэу.
И зэманым тхьэмпэ къыпищIэнщ,
псом нэхъыщхьэр абы щIигъэкIуасэу.

Абы сыпхыплъынщ щыжыпIэм деж
къыпидзэнщ гъэгъар, щIихъумэу тхьэмпэр.
Нэм хузохь щыжыпIэм — полъэтыж
ари, хэта хуэдэ уи пщIыхьэпIэм.

КъыпыкIэнур къыпыкIа нэужь,
и гур зэIуихыну къыпфIэщIынущ,
ауэ тхьэмпэу пытыр хъунущ гъуэжь,
жьыбгъэм зыкIэращIэу пыщэщынущ.

ПцIанэу ар къина нэужь утыку,
и щэху улъыхъуэну мэхъу къемыкIу...

212

ЩызекIуэр уи гум зэи сыбгъэщIакъым,
абы сыпэплъэу гъащIэр схьарэ пэт.
УпыгуфIыкIт си губжьым щигуащIэгъуэм,
гущIагъщIэлъ псори абы хуэбгъэкIуэнт.

Абы къарууэ хэплъхьэр уэрт зыщIэжыр.
Уэ сыщIэпшэчым сэ хэсщIыкIрэт сыт?
ЗэхэкIт ди гъуэгухэр, зэми зэхыхьэжырт,
сэ нэзгъэзэжырт, ещхьу хуэлIам псы.

Уи дежкIэ хэту сыщытами сщIэркъым,
ар сщIэну сыхуэмейуи зэм къысщохъу.
Иджы куэд мэхъур сфIыритхъыкIыр жьыгъэм,
езым хэзгъэкIуэдари Iэджэ мэхъу.

Гухэлъыр-щэ? Ар дауэ зэрыхъунур?
Псэунут, илъэгъуами илъагъунур...



213

ПщIантIэм дэт удзыр дохуалэ зэшым,
сыщытехьар гъуэгуанэ сыт щыгъуэ.
Сэ сызыщыщыр блэкIа лIэщIыгъуэрщ,
гупсысэм абыкIэ сфIегъэзэжыр.

Ар нобэ гуэрым пхокIыжыр гъащIэм
мэракIуэ щыпэ щыIэ сабийуэ.
СымыщIэж щхьэкIэ сыщыташ бейуэ,
сэ гурыфIыгъуэу сиIакъым мащIэ.

ДэнэкIи гъази — къыхолъэтыжыр
ахэр бзум ещхьу, укъагъэуIэбжьрэ
иужькIэ уи гур ягъэпсэхужу,
урашэжьэжу уиту я ужьым.

Си гурыфIыгъуэхэр щыIэми жыжьэ,
си псэр яхэлъу фIэкIа сымыщIэ.

214

Сэ сынэкIуэнщ нэхъ къыщемызэгъ дыдэм,
игъащIэми апхуэдэ гуэрхэр схуэщщ.

Сигу укъэкӀамэ, зыми сыхуэубыдкъым,
щхьэм къихьэр, сытекӀуадэу щытми, сщӀэнщ.

Сыт щӀауэ мис апхуэдэу дыкъекӀуэкӀрэ,
зым хуамыгъэгъур уэ къысхубогъэгъу.
СыппыкӀыпэну щытми — схузэфӀэкӀкъым,
абы и щхьэусыгъуэр Ӏэджэ мэхъу.

Сэ сынэкӀуэнщ. Уэ, бжэр къысхуӀуумыхыу,
уи бампӀэр къыстекъутэ, сехужьэж,
армыхъумэ кӀуэнущ гъащӀэр зэхуэмыхъуу.
А псор щӀыжысӀэр фӀыуэ сэ сощӀэж.

Сэ сыдыгъужьщ, бзум и гур илъми си бгъэм.
Къыщысхэхъыжьэ сихьэжынущ губгъуэм.

## 215

Къутащи гъуджэр, си гур къошынykӀ,
зы бэлыхьлажьэ къэмыхъуарэт жысӀэу.
Зы псалъэ гуэрхэр уэ къыщӀыбоӀукӀ,
нэщэнэу щыӀэр къысщыбгъэхъуу шыпсэу.

АрщхьэкӀэ, слъагъукъэ, уи Ӏэр мэкӀэзыз,
гъуджэ къутахуэ къэс гъуэрыгъуэу къищу.
Сэ иджыпсту куэдыщэм согупсыс,
къытезгъэзэжу сигукӀэ пхуэсщӀу фӀыщӀэ.

КъысхуумыщӀа щымыӀэ. ГъащӀэ кӀыхь
къыздэдгъэщӀащ, къехъуапсэ хъуну хэти.
Иджы мы гъуджэм дыхидзащ бэлыхь,
къутащ, апхуэдэщ гъащӀэр жиӀэ хуэдэ.

Солъагъуур и къэчапӀэ къэскӀэ Ӏупэу.
Абы и плъэкӀэр щыслъэгъуащ зыщӀыпӀэ...

## 216

Сэ нобэ си пщэм дэлъыр сыту куэд,
насыпым и хьэлъагъри къахэтыжу.
АтӀэми, слъагъуу, си къарур сфӀокӀуэд,
утыку и закъуэ къинэу гукъыдэжыр.

ХощӀ си къарум, зэманыр щхьэхьу пхокӀ,
и лъэгу къыщӀэхуа ятӀэущ сызэрибжыр.

ИтIани си нэр дуней псом къыхуокI,
махуэщIэ къэскIэ хузэIусхыу си бжэр.

Зым, къыщIыхьэнщи, сэ сигъэгуфIэнщ,
адрейр блэкIынщ, схузэхиуфэу нэщхъыр.
КъысхуэгумащIэу тIури сщIынщ си фIэщ,
сэ сыпсэунщ, дэтхэнэми зыдэсщIу.

Нэхъ мащIэ хъухукIэ цIыхум хузэфIэкIыр
псэм и лэжьыгъэм хэхъуэурэ йокIуэкIыр.

217

Зэ мыхъуми зэ къэсщIэнкъэ псом нэхъапэр,
зыкъомрэ сежьэн хуейуэ арагъэнщ.
Иджы зыгуэрхэр япэ изогъэщ.
Мис, нобэ мывэ гуэр дызох лъагапIэм.

Зэрыхуей дыдэм хуэдэу ищIа абгъуэм
мывэшхуэр къисхыу щIэсхэри и щIагъ
зэхэзехуэн сыкъэсу сэ щIэсщIам
укъыщIэупщIэм, жэуап иIэу слъагъукъым.

«ГъэтIылъ ар!» — жаIэ, ауэ зэхэсхыжкъым.
ЛъагапIэм мывэр къеджэрэзэхыжым,
ищIэнур нэгу къыщIэбгъэхьэну гугъущ.

Сызэрыщыуэр си нэм къыщIоувэ.
ЗгъэтIылъыжыну сыхьэзырми — мывэр
схуехьэхыжыну джабэм си фIэщ мыхъу...

218

И нэфI уэгу къащхъуэм зыщыхуа аузым
дэсщ къуажэ цIыкIу. Е ар слъэгъуа пщIыхьэпIэу?
Мэз лъагъуэм ещхьщ а къуажэм и дыхьэпIэр,
къытощIэ жыгхэр, пшэхэр сфIощI къеIусэу.

КъыдэкI-дыхьэжхэр нэгу къыщIызогъэхьэ,
зымащIэ тIэкIущи сапэплъэн хуей мэхъур.
Къэнахэм сщIэркъым зэрагъакIуэр махуэр,
сежьэну я лъыхъуакIуэ сыкъытохьэ.

ЗыгуэркIэ скъутэм я дунейтетыкIэр
жызоIэри, сэр-сэру сыщIогъуэжыр.

ГуIэфIтещIэжу къэслъытэнщ а къуажэр,
сыдэмыбэкъуэн абы иджыкIэ.

Хъум гъащIэм сэ сыхимышэж и джэгум,
сыхуейт абы сыщыпсэуну тIэкIурэ.

219

КъэкIуэнум и фIэщыпэу зыр щогугъыр,
адрейр мэпсэу блэкIамкIэ — сыт ищIэн.
Сэ сыпсэуфкъым япэм сыщIымыгъуу,
етIуанэм хузэфIэкIыр зыхэсщIащ.

Пщэдей дэтхэнэм сыхуэхъуну гъусэ?
Ар зыщIэм къызжиIэнум нэр къыхуокI,
арщхьэкIэ уафэм и жэуапыр кусэщ,
губгъуэжьым, зигъэпщкIужу, лъагъуэр пхокI.

Дунейм уэздыгъэу дыгъэр къыстрегъапсэ,
щхьэц налъэ къэскIэ къигъэнэху къысфIощI.
Къимыхутауэ сызищIысыр нэсу,
схузэIуихынкъым игу — ар хъуащ си фIэщ.

Сыщыхуэмеижым и деж зыри,
къыщIэкIыжынщ жэуапыр и хьэзыру.

220

Зы къэувыIэпIэ гуэрым сынэсащ,
иджыри къэс сиIахэм езмыгъэщхьу.
Бэуэгъуэ тIэкIу къыслъигъэсати гъащIэм,
къыхэсхри тыншыпIэ, сытIысащ.

Мо щысу емысар сытреIэтыкI,
арщхьэкIэ си псэм фIэфIщ псэхугъуэ тIэкIури.
КъемыплъэкIыж уэгу гъунэм хуэкIуэ гъуэгур,
сыкъигъэнэныр абы дежкIэ тыншщ.

Дунейр зэзгъэщIыху щIыкIэу, зызоплъыхь,
щIым къыхэкI хуабэр къылъоIэсыр си гум.
Хуейт сежьэжын, арщхьэкIэ си лъэр мыкIуэ,
псэхугъуэ згъуэтри, сыхэхуащ бэлыхь.

Мыбы нэс сыкъэкIуат сэ жьым сытесу.
Къэнар скIун хуейуэ къыщIэкIынущ лъэсу.

221

Сихьащ дыгъапIэм, ныскIэлъос акъужьыр.
Сэ сыт хуэдизрэ сыщыIа мыбдей.
ЩIилъагъур си нэм сыт иджы нэгъуэщIу
нэщхъей жыг закъуэр, щIы кIапэ сэтейр?

И тхьэмпэ къэскIэ жыгым хъуащ нэхъ пагэ,
акъужьри хъуащ щхьэцпэщтэ, ар солъагъу.
Гулъытэ нэс яхуэсщIагъэнкъым ахэм,
сыт щыгъуи си нэр гъуэгумкIэщ здэплъар.

ЩIым хэплъэ жыгым натIэр изогъэкъур,
апхуэдэу къызгурыIуэ симыIэж.
Сэ сыщошынэ абы и гущIэгъум,
пIейтейуэ къеуэ си гум содэIуэж.

КъухьэпIэм хуокIуэ дыгъэр мыпIащIащэу.
Iэмал къызит къысфIощI хуэсщIыну фIыщIэ.

222

Гугъуехь зэпытми гъащIэр зэрыщыту,
лей къызихыну хэту сигу къэкIын.
ЗэрыхъукIэ сигу зыщимыгъэкIыу щытмэ,
иужькIэ дауэ дызэIэпыкIын?

Ущыпсэуну гугъущ мы дунеижьым,
итIани и зы махуэ сигу пымыкI.
Абы и уафэгъуагъуэм, и даущым,
защызмыгъэнщIу, сэ сыхобэукI.

Сэ сощIэ, адрей псори зэхуэхъунщ.
Жьы дыдэ сыхъухункIэ сыпсэунщ,
Iейр фIым зэрыхуэкIуэжыр си фIэщ хъуащи.

Уи гугъэр псоми щыхэпхыжым деж,
шыгъажэм уи шы закъуэр къыщытож.
КъыщыщIедзэж абдеж аргуэру гъащIэм.

223

Куэдрэ гугъу ехьами и Iур гъущIэу,
дунеижьым, плъагъукъэ, зитIыжащ.

Уэшх къежэхыу екIуэкIащ зы жэщ,
иджы дыгъэр хопсэ уэшх нэужьым.

Къеблыжщ зэуи — гъащIэр зэрыщыту
мы жэщ кIуам си нэгум щIэкIыжащ.
Гукъыхэщт зимыIэм сыхабжэнщ,
си нэм щIэтыр ямылъагъуу щытмэ.

Хьэлъэ дэхужа къысщохъур си плIэм.
Сыкъыщыхоплъэжри лъэныкъуиплIкIэ —
гъащIэр нобэ уэшх нэужьым ещхьщ.

Уэшхыр екIуэкIащ дунейкъутэжу.
ГъащIэр кIуащ, нэхъ псынщIэу кIуэм къыдэжэу.
Си псэхугъуэр абы лъапIэ ещI.

224

БлэкIа гъэхэм яхэту сэ сщIэркъым
къэмыкIуа зэ нэхъ мыхъуми си пщIыхьым.
Ауэ зым къегъэзэжыр щIэх-щIэхыу,
къокIуэлIэж, ещхьу зи щхьэр зезыхьэм.

Ар щысщIыгъум сехьащ сэ гугъу дыдэ,
си Iэпкълъэпкъри си псэри узу.
Ар хэтащ сыздишэну и гъусэу —
сыкъэнащ, натIэм итым имыдэу.

Махуэ къэскIэ и гъусэу гупсысэм
ар иджы си хэщIапIэм къокIуэжыр.
КъекIуэлIэнщ, си унагъуэр дэмысу,
къыхуэзэнщ щысщIымыгъум си къуэшыр.

А илъэсым сфIихьат гъащIэ ныкъуэ,
иджы сфIощI сыщихъумэу лIэныгъэм.

225

Сызыхалъхуа лIэщIыгъуэм сыхуозэшыр,
пэжыжьэ сызэрыхъум гур хигъэщIу,
абы щысщIыгъуа гуэрым сыхуэзэжым,
си Iыхьлы дыдэ сыхуэза къысфIэщIу.

Абы къыщызгъэна щIалэгъуэ дахэм
сыIэпыкIа уи гугъэ нобэм къэскIэ.


8 Заказ №224

ЩІалэгъуэм шхий хэзгъэхуу гум идакъым,
щІэзгъэтщ си нэгум зэрыщытакъэпсу.

Сэ нобэми блэкІамкІэ сохъуэпсэкІыр,
здэщыІэмкІэ щытахэр псэм и гъусэу.
Сыхуейщ къекІуэкІхэм хуэмурэ сесэну,
зэгуэр уесэнкІэ хъуну щытмэ узым.

ЩІалэгъуэр щызыхьар блэкІа лІэщІыгъуэм
пхуэщІыну мы лІэщІыгъуэм щыщ къысщыхъукъым.

226

Сэ зыхэсщІащ гупсысэм и къарур,
къэсщІащ ар лъэужьыншэ зэрымыхъур.
Сегупсысати я дунейм кърум —
мес, къиувакІэщ уэгум зэрыІыгъыу.

Кърухэр щІыпІэ жыжьэ мэлъэтэж,
псэ защІэ кІапсэр жьыми хузэпычкъым.
ЩІэх-щІэхыу ахэм я цІэр къраІуэж,
лъэтэжыр хэтми къыдагъащІэ щІыкІэу.

Здэлъатэ щІыпІэм нобэ и дунейм
щыгъуазэу зыри яхэмыт кърухэм.
КъэпцІэнкІэ хъунущ ахэри — сыхуейщ
схъумэну си гупсысэм и къарукІэ.

НэщхъыфІэ защІэу схуехьэкІам зы пІалъэ,
къинэнкІи хъунт кърухэр си щІыналъэм...

227

Нышхьэбэ гуэрым сыпэмыплъэ зыми,
си гукъэкІыжхэм фІэкІ хэт къэбгъэкІуэнур.
Акъужьым къехь губгъуэмэракІуэм и мэ,
мы щІымахуэкум ар кърихрэ дэнэ?

Мыпхуэдэу зэшыр Іэджэрэ къыстокІуэ,
ауэ ныщхьэбэ адрей псом хуэдэжкъым.
Си гъащІэм щыщу хиубыдыкІа тІэкІур
акъужьым еш имыщІэу еІуэтэжыр.

Акъужьым къиІущэщым сыщІодэІур,
зи гугъу къысхуищІыр нэгъуэщІ гъащІэ хуэдэ.

Къызгуры Іуащ дунейр зэрахуэдэгур
иужьк Іэ си насыпым хэзбжа куэдым.

Дунейм зытемыувэм гу лъимытэ,
ар езы насыпырауэ щытми.

228

Соухуэ унэ сыкъызэригъэщ Ірэ.
Бжыхьэк Іэ бзур абык Іэ къыстежащ,
сымыщ Іэу абгъуэ ищ Іри ежьэжащ,
к Іэрищ Іыхьащ ар си унэ ныкъуэщ Іым.

Срогуф Іэж зэрыс Іэтам унащхьэр,
иджы абы щехъумэ Іэджэм бзур.
Бзум и дунейри къыхыхьащ си гъащ Іэм,
абы къызит гухэхъуэр ещхькъым зым.

Иджы ди лъапсэр зыщ. Зыщ ди уэрэдри..
Унэ ныкъуэщ Іми десэжынщ зэгъусэу.
Унэр сухуэну къыщ Іэк Іынущ куэдрэ,
нэгъуэщ І зыгуэрщ зыгъэгузавэр си псэр.

Т Іэк Іу дэк Ірэ бзум я лъэтэжыгъуэр къэсым,
ищ Іэнур сыт абгъуэ хьэзырым исым?..

229

Сахоплъэ нобэ ф Іыуэ слъагъу ныбжьэгъухэм,
яхуэсщ Іу ф Іыщ Іэ зэрыпсэум щхьэк Іэ.
Уахътыншэут ахэр сэ къызэрысщыхъур,
щхьэ хъуа нэгъуэщ І гупсысэ къысхуэк Іуэнк Іэ?

Бэуэн щызегъэгъэтыр а гупсысэм,
зы щ Іы Іэ гуэр, гум пхык Іыу, уафэм къохыр.
Сэ нобэ си ныбжьэгъухэм срагъусэщ,
сысейщ мы махуэр, дауэ ар иухми.

Зым и шхыныгъуэм щыщ къысхуегъэк Іуатэ,
зэшыгъуэм сыкърегъэл адрейм и псалъэм.
Сытым сыщыщт сэ, ахэр симы Іатэм?
Жэуапыр ирехьэх къуршыпс къэкъуалъэм.

Я нэгу ныбжьэгъухэм сэ сиплъэфкъым хуиту,
хуежьащ къыпхыпсу щхьэж и нат Іэм итыр.

230

Мы дуней псор щыхъуам деж къыпхуэщӀыӀэ,
зы цӀыху къыпхуэгуфӀэнри насыпышхуэщ.
Абы ущыхишэж мы гъащӀэм щыӀэщ,
уи пщӀыхьми хэмыт лъагъуэ къигъэнэхуу.

ЗыкъыбощӀэжри — адэкӀэ уокӀуэкӀыр,
уопсэу къыпхуэгуфӀам и щӀыхуэ птелъу.
Хоплъызэ нэр уэрамым щызэблэкӀым,
къэплъыхъуэм къыпхуэщӀэжыркъым и теплъэр.

ПыгуфӀыкӀамэ — ар къэпцӀыхужынут.
Ар махуэ къэскӀэ гуфӀэу щхьэ къыпщыхъурэ?
Нэщхъейуэ плъагъумэ — уи гур ныкъуэжынущ,
нэхъыфӀщ иджыкӀэ абы умылъыхъуэм.

Уэ къыпщыгугъи яхэт хъунщ блэкӀ цӀыхухэм.
УпыгуфӀыкӀмэ — птекӀыжащ уи щӀыхуэр.

231

ЩэныфӀэу, убзэу щыта псыр къиуат,
и хъущӀэ макъым игъэтхытхыу щӀыфэр.
Псым симыкӀынри Ӏэмалыншэ хъуат,
щыпсэут псым адкӀэ зыхуэсхьыжыр щӀыхуэ.

Сапхъуатэри, толъкъунхэр ежьэжащ,
самыгъэбауэу, ямыгъаплъэу си нэр.
Сызэрыщыуар сэ къэсщӀэжат,
къыспкърыхьат, техьэгъуэм хуэдэу, шынэр.

ИтӀанэ пщӀэншэу Ӏэджэри сыджащ.
Абдеж мывэшхуэ гъуэзым къыхэкӀащ,
саӀэщӀихащ толъкъунхэм, къапэуври.

Иджы псы уэрыр сэ къыспэлъэщынт!
Апхуэдэщ гъащӀэр: хуейм укъригъэлынщ
уи натӀэр зыкъутэну щыта мывэм.

232

Бжьыхьэ жэщщ, сытуи кӀыфӀ дунеижьыр,
хэгъуэщащ къыдэкӀыпӀи дыхьэпӀи.

Дзыгъуэнэфу фIэблащ жыгхэм тхьэмпэр.
Хуэдэщ зыми ищIэнур имыщIэ.

Хуейщ пэплъэн, зышыIауэ, нэхущым.
Ара хъунщ жыгыу хъуар зэгупсысыр,
хэплъэу кумбхэм изашэ уэшхыпсым.
Сыщыгугъыркъым сэри нэгъуэщIым.

Сыту куэд зыхэсщIа сэ мы бжьыхьэм,
мы жэщ кIыфIым и щэхури къыхыхьэу!
Сэ иджы зызгъэсэнущ бэшэчу.

ЩIыIэ хъунущ къыспэплъэ щIымахуэр.
Тыншу сэ къыслъысыжкъым зы махуэ,
си Iуэхущ тыншуи зы махуэ сIэщIэкIым...

233

Ар нобэ хэт?.. ИIащ дыгъуасэ псори,
къемычэнджэщ тесакъым уэрам кIыхьым.
Иджы куэд мэхъу абы къыпэзыкIухьыр,
абыхэм сащыхэхуэ щыIэщ сэри.

Фадафэ хъуащ, къызыхэкIар ямыщIэу,
ар къемыларэ гуныкъуэгъуэ Iэджэм.
И нэгум къызэпхыщыр нэгъуэщI щхьэкIэ,
дэтхэнэ зыми къолыж и гум щыщIэр.

КъыпызокIухьри, си гур мэузыжыр,
згъэзэжу сепсэлъэну сыкъытохьэ.
СылъэщIэмыхьэу пщIантIэ гуэрым дохьэ,
зэхэзыщIыкIыр хэтми ещIэжыр.

Абы сыхэтщ сэ зыгуэр хуэзгъэгъуну.
Хуэзгъэгъунур дауэ къэсщIа хъуну?..

234

Къэлъытэ мы щIымахуэри икIауэ,
си щыпэлъагъум ещхьу ар щытащ.
КъысхуимыщIа щымыIэу къэслъытащ,
сынигъэсати гъатхэм зэ иджыри.

Сэ мы щIымахуэ кIыхьым хуэдэу зэи
сегупсысауэ гъащIэм сымыщIэж.

Зэм сфIэмыIуэхуу блэзгъэкIам седжэжт,
мыбы нэс къыздэсшар сщыгъупщэрт зэми.

Уэс тIэкIу бгы нэкIум кIэрылъар дыгъуасэ
хэтауэ пщIыхьым щхьэ къысщыхъужа?
БлэкIа щIымахуэм си гур кIэлъыжащ,
гухэлъкIэ псэур апхуэдэу хъун зэбгъасэ.

Зы мыл кIани абы мы си гущIэм
къыщIринар сыт щыгъуэм къысхуэмыщIэ...

235

ГъэпцIагъэ нэхъ си жагъуэ щыIэ хъункъым,
нэхъыбэрэ къагъапцIи къэбгъуэтын.
Уэрэд схуаусу бзум къысщагъэхъунщи,
ауан сыкъащIу, жыжьэ Iулъэтынщ.

Къысщигъэхъунщ сэ щхьэкIэ къешхыу уэшхым,
хьэщыкъ хъуам ещхьу абы сыхэтынщ.
Ар псыхьэлыгъуэу щIэпхъуэжынщ, дыхьэшхыу,
сэ щIыIэм сису сыкъринэнщ утыку.

Сыдихьэхынщ, къызэдэхащIэу, жьыбгъэм —
хъунщ жьапщи, си унащхьэр тричынщ.
Сызыпэплъа илъэсхэм къашащ жьыгъэр,
нэгъуэщIи къызащIэну къыщIэкIынщ.

Дыгъэм и закъуэ сфIощI зызымыхъуэжыр,
и гупэр къэгъэзауэ ар къуохьэжыр.

236

Сыщогугъ зэгуэр сахэплъэжыну
щесхьэкIам мы дунеижьым махуэу.
КъысхуащIар абыхэм схуэбжыжынкъым,
хэзгъэкIуэдэжари Iэджэ мэхъур.

Къысхуэнари езым схурикъунут,
ауэ ар си закъуэкIэ зэфIэкIкъым.
Сэ сыщымыIэжмэ — дауэ хъуну,
мы си щIэблэм зылъэмыкI къахэкIым?

Жыжьэ гуэр сыплъэну сэ сыпылъми,
сIэщIэкI гъуэгур здэкIуэр къысхуэмыщIэ.

Гъащlэм lэджэ хэтщ ущызэпхыплъу,
сыт ухыгъэр жыпlэм — мис ар упщlэщ.

Абы и жэуапыр уафэм тетхи —
къеджэфын иджыкlэ щlылъэм теткъым.

237

Семыплъэкlыу себакъуэу си жьыгъэм
гухэлъ сщlауэ аргуэру къыщlокlыр.
Нэгу къыщlохьэ нэхъыбэрэ жыгхэр,
бжьыхьэ дыгъэм дэтlэпlи къахэкlыу.

Къэбгъэпщlэну а жыгхэр сыт хэлъыр,
къызощlэж сызэрещхьыр абыхэм.
Гъэщlэгъуэнщ псэ зыпытым и хьэлыр,
зыкlэрещlэ нэху гуэр къеlэбыхым.

Аращ сэри. Сыт щlауэ сыпсэурэ,
сегъэжакъуэ зымащlэм итlани.
Щхьэ дунейм сытемытрэ гупсэхуу,
щlэзупщlэжу мызагъэ си дамэр?

Мы зэр дэкlым — схъуэжынут си гъащlэр.
Жыгхэм ар къыздаlыгъыу къысфlэщlкъым...

238

И иужьрей пщыхьэщхьэр десхьэкlащ.
Зы псалъэ лей жиlакъым, бэлэрыгъыу.
Сыхъуат абы и гъусэу бауэкlэщl,
си нэгум щlэкlти и псэм телъ бэлыхьыр.

Къысфlэщlт абы и гъащlэм щыщ сыхъуа,
зыхэсщlэрт и дунейр, хуэмейуэ псалъэ.
Ущlэмыупщlэ и нэм щlэслъэгъуам,
нэм щlохуэ куэд, къэса нэужькlэ пlалъэр.

Иджы ар нэгу къыщlыхьэу сыпсэунщ.
Зыгуэрхэр хъумэ нобэ къызэупщl,
абы сэ хужысlэнур сощlэ фlыуэ.

Псэухукlэ гур шы жэру къигъэжащ.
Зы махуэ гуэрым лlэри... ежьэжащ.
Лlы нэсыр, сылlащ жиlэу, къэмыувыlэ.

239

Иджы гуфIэгъуэ инри цIыкIу къысщохъу,
гурыгъум я нэхъ мащIэр къыстохьэлъэ.
Темыхуэ сигу къысхуащIу сэ гущIэгъу,
гущIэгъу гуэшыныр езым хьэлу схэлъми.

Апхуэдэу упсэуну сыту гугъу,
зэпекъурэ уи псэр гур къомыдэIуэжу.
Нэхъ гугъу зэрыхъур си дунейр солъагъу,
си гугъэм я нэхъыбэр къыскъуэтыжкъым.

АрщхьэкIэ сиIэщ къаруущIэ гуэр,
здэщыIэр зэкIэ зыми езмыгъащIэу.
Сыщыхуэныкъуэ дыдэм деж къэкIуэнщ,
щымыщу къыщIэкIыжми ар мы гъащIэм.

А фIэщхъуныгъэм нобэ сегъэпсэу,
къемыхъулIэнур къыхехыжыр псэм...

240

Зыгуэрым гуапэу си Iэр къыщикъузкIэ,
сигу щыщIэ псори зэуэ сщогъупщэж,
си гурыфIыгъуэ гуэрхэр къызощIэж,
аргуэру си гугъапIэхэр си гъусэщ.

СыгумэщIащи, сыхьэзырщ сежьэну,
яхуэсщIу IэплIэ сызыхуэзэу хъуам,
сызэпрыкIыу гъуэгум, сцIыху слъэгъуам.
АрщхьэкIэ псынщIэу сэ зыкъызощIэжыр.

Абдеж си нэгу къыщIохьэ ди адэжьхэм
я плъэкIэ пхъашэр — гуапэ хъужыр зэм.
И щэхухэр гъащIэм зыхещIэжыр псэм,
сыт щыгъуи хуэдэу псэун щIызодзэжыр.

Гуапагъэм дежкIи мардэ хуейщ щыIэн.
ЩIебгъэгъумэ — хабзэншагъэм и щыхьэтщ.

241

Гупсэхуу сыхэплъарэт дуней иным,
си нэгу къридзэу и плIанэпэ къэс,

сыщIэплъэу псэ зыпыт къэсыхукIэ и нэм.
Сэ сощIэ, абы пщIэншэу сыщIохъуэпс.

Сэ сощIэ, хурикъунукъым си гъащIэр
къэсщIэным и зы щэху нэхъ мыхъуми псэм.
Мэтхытх си щIыфэр, сиплъэм уафэ лъащIэм,
абы пыщIа гупсысэм семысэн.

Гупсэхуу сепсэлъарэт дунеижьым,
и зы къуэладжэ щэхуу къыспэджэху,
зы къурш къэгумэщIэху, сигу илъ зыхищIэу.
АрщхьэкIэ хэт псэуну апщIондэху.

ГугъапIэ хъужхэр гъащIэм дежкIэ мащIэщ,
ящыщ дэтхэнэ зыри къуитми тIуащIэу.

242

Зы зэман гуэрым сэ сылъыхъуэжынущ
блэзгъэкIым гу лъызмытэу иджыпсту.
КъэскIуауэ хъуам хуэдизкIэ згъэзэжынщи,
абы щымыIэ уасэри щIэстынщ.

ЩIэстынщ абы гухэлъу къысхуэнэжыр.
Хуей хъунщ щIэрыщIэу гъащIэр згъэпсыжын,
къэзылъэтыхь нэгъунэ сакъыдэжэ
афIэкI зэрымыхъунум сесэжын.

А псор, сигъэпIейтейуэ, зыхызощIэ,
къэблагъэ жэщым ещхьу, спэгъунэгъущ.
Абы зэшыгъуэ куэд къихьынущ, сощIэ,
псэхугъуэ къыздихьынуи си фIэщ мэхъу.

Уи гъащIэм и кIэм гугъэ къозытыжым,
си гугъэмкIэ, блэкIам ар къыхехыжыр…

243

НыпхуэсIуэтэнщ уэ зым си гуныкъуэгъуэр.
Тхьэм ещIэ ар щысщIэнур. Иджыпсту
дыгъэуэршэр, къэтIыси си гъунэгъуу,
щIэшкIурыкIукIыу псалъэр, ещхьу псым.

Ныщхьэбэ ди зэIущIэр хъунщ щIэщыгъуэ,
зэшыгъуэ тIэкIу къыхыхьэми — мыIуэху.

Дызэхуэзэн аргуэру дэ сыт щыгъуэ?
Псэм пыщIа гъуэгухэр мы дунейм и щэхущ.

Сыт щыгъуи щIылъэм гъуэгу зырыз щыдгъэпсми,
зы махуэ гуэрым ахэр зэхуокIуэж.
Йожьэжыр, зэхокIыжри ещхьыркъабзэу,
иджыри, гъуэгухэм къытпагъаплъэр куэдщ.

Си дежкIэ уэ ухэт? Жэуап симыIэ.
Сымыпсэуф, сымыщIэу уздэщыIэр.

## 244

Щхьэщпэщтэщ жыгхэр, къыхощтыкI щIэх-щIэхыу,
гъэгъа е тхьэмпэ кърагъэщэщэхыу.
ЗыхэсщIэ хъуащ абы яхужымыIэр,
арщхьэкIэ ягу фIы зэрысщIын симыIэ.

Сэ сщIэркъэ нобэ мы дунейм щекIуэкIыр,
зесхьарэт лей жызыIэм хузэфIэкIыр.
Абыхэм щысхъумэну жыгхэр дауэ?
А упщIэми жэуап къыхуэзгъуэтакъым.

Солъагъур гъуэгум жыгхэм къапикIухьу,
къахуеплъэкIыжу ахэм дыгъэр къухьэу.
Абы къызит псэхугъуэр игъэкIуэду
нэгъуэщI зыгуэри си нэгу щIокIыр куэдрэ:

Йоубзэ жыг Iущабэхэр акъужьым,
имыкъутэным щхьэкIэ, жьапщэ хъужу.

## 245

Си бзэгупэ дыдэм тест, арщхьэкIэ
схужыIакъым узыпэплъэ псалъэр.
Си гур ныкъуэу си гъуэгу сытохьэжыр,
жэуап тынми къэблэгъащ и пIалъэр.
Бзу щхьэзакъуэр, мес, полъэт жыг щхьэкIэм,
и нэм зыри щIимыгъэплъэн щхьэкIэ.

Нэзгъэзэжмэ нэхъ къэсщтэнт, арщхьэкIэ
пэлъэщынур хэт и натIэм итым.
Узэпхоплъыр мы дунейм. БжьыхьэкIэщ,
я нэхъ жыжьэри гъунэгъу пэлъытэщ.

ФIыуэ сощIэ си псэр зыхуэзэнур,
ещIэ си псэм уэс къызэресынур.

КъыдэскIуакъым мы гупсысэм мащIэ:
гурыIуэгъуэрщ зыщIыр кIэщI ди гъащIэр.

246

Унэжьхэм сапыщIащ сэ зы къуэпс гуэркIэ.
Хэгупсысыхь зэпыту слъагъу нэужь,
имыхуэ бгъэм абыхэм сигу къагъэкIыр,
псалъэншэу сэри Iэджэ соупщI.

Къоувэ пащхьэм, къыхэкI хуэдэ пшагъуэм,
я зэш псэ Iэджэм ахэм къызэпхощ.
Щхьэгъубжэхэр къахоплъ нэ езэшауэ,
си гущIэ дыдэм къиплъэуи къысфIощI.

Я щIыхьэпIэбжэр тхыдэм и бжэ хуэдэщ,
щIэбакъуи — гъэунэхупIэ зэфэзэщщ.
Сабгъэдэтыфкъым сэ унэжьхэм куэдрэ,
я щэхухэм си гупсысэр пэмылъэщ.

Унэжь къэсыху сыблокIыр, гур кIэрыпщIэу.
СыблокIри — щIызодзэж псэун щIэрыщIэу.

247

Сыт хуейми ищIэ хъуну зыфIэщI уафэм
къреупщIэх уэс щIынэр нэху зэрыщрэ.
ЩIым зэрынэсу мэткIу уэс тхъурымбафэр,
апхуэдэу щытын хуейуэ фIэкI имыщIэу.

ТкIужыну занщIэу сыт къыщIебгъэсынур
дунейр къэзыгъэнэхухэм ящыщ уэсыр?
Абы жэщ къакIуэ сэ сегупсысынущ,
уэс щабэ си пщIыхьэпIэм зэм къыхэсэу.

ЩIымахуэ жэщыр кIыхьу екIуэкIынущ,
хущIегъуэжыну хущIыхьэнущ уафэр.
СыIурихыжрэ пэт ар сигу къэкIынщи,
си нэгу щIэкIуэдыкIынщ уэс тхъурымбафэр.

Нэху щынщ, дунейр зэхуэдэу хъуауэ хужь.
КъыщIэщыр си нэм къысфIэщIынщ слъагъуж.

248

Апхуэдэу упсэуну сыту гугъу,
пІейтейуэ гур, мызагъэу уи гупсысэр.
Зэм къыслъысам и ныкъуэр лей къысщохъу,
хурикъукъым зэми дуней иныр си псэм.

Апхуэдэу упсэуныр мыІуэху цІыкІу.
Уэшх къошх, сэ фІыуэ слъагъуэр уэс къыщесырщ.
Солъыхъуэ щыму къызбгъэдэсын цІыху,
сщІын хуей хъум гъусэ — псэлъэрейщ къыслъысыр.

Сызыхуэмейр къэмыджэу зэхызох,
сытодэІукІ, сызэжьэр къыщызэджэм.
Семышу щІылъэм лъагъуэ щыпхызох,
сфІэфІт сылъэтэну — дамэ къыслъыкъуэкІкъым.

Си гъащІэм хэхи зэхуэмыкІуэу хэтыр,
сызыгъэпсэунур сыт, сыхэт сэ?..

249

Сэ унэ куэдым зэуэ сыщопсэу, —
сыщІыхьэу си гур щызгъэтІылъа псоми.
Сызэпсэлъауэ хъуар къыдохьэ псэм,
си анэкъилъхум хуэдэу къысщохъу зэми.

Сэ дуней куэдым зэуэ сыщопсэу,
езым къэзгъэщІыжахэри яхэту.
Дэтхэнэ зыми гум зыщегъэпсэху
е хопсэукІ, бэуапІэ имыгъуэту.

Си жьэгуми нобэ Іэджэ щызэблокІ,
цІыху пэжу ящыщ гуэрхэри къыщІокІ —
аракъэ ящхьэр гухэхъуэгъуэу слъытэм.

Къуатар пІэщІахыжынум хэлъыр сыт.
Сэ зэуэ сфІэкІуэдынум егупсыс,
зэгуэр а псоми сыпагъэкІыу щытмэ.

250

Гум къоплъэ псыежэхыр, гущІэм нэсу,
илъагъуэр, сІэщІигъэкІыу, здрехьэх.

Сыхоплъэ сэри псым, си нитIым щIэзу,
гум щигъэушу хъуар зэхузохьэс.

Псым здрихьэхыр зыхуэдизыр сщIэркъым,
ар зэрищIынум сегупсыскIи сыт.
Ар хуей хъунщ гъащIэ кIыхь сэ къэзгъэщIэну,
арыншэм — си гухэлъ зэхуихьэсынт?

Куэд ещIэ псым, арщхьэкIэ сыт хищIыкIрэ
мы си щхьэм щызбзыщIыжым махуэ къэс...
Мы псым и гъунэм сыIушыж, къызэджи, —
толъкъунхэр щыутхъуэнум нумыгъэс.

Сышэж, ныскIэлъыпсалъэу псыежэхыр,
абы къызжимыIэфхэри зэхэсхыу.

251

Нышхьэбэрей акъужьыр лъым къыхохьэ,
гурыщIэ жыжьэ гуэр кърегъэблыж.
БлэкIамкIэ згъэзэжыну сыкъытохьэ,
си гъащIэр здынэсами семыплъыж.

Жьэгу Iугъуэм и мэ къыкIэрех акъужьым,
пхъэ дэкIуеипIэм и мэри къыздехь.
ЗыщIыпIэ къыкIэрыхум ещхь сыхъуащи,
бгъэм имызагъэ си гур хэтщ гугъуехь.

Иджыри зыхэсщIакъым гъащIэ хъужыр,
аращи — сымылъагъу зыхуэзгъэдэн.
Сроплъэ къухьэж дыгъэм и лъэужьым,
къуэкIыпIэ ужьыхар си щIыб къыдэтщ.

Зыщ Iуэхур: гъащIэ гъуэгур къыхэзыхым
си гъуэгури зэрыхуейуэ еубзыхур.

252

Уафэм и зэшыр къощ псы инам,
абы сыхоплъэ, зэм сызыщIишэу.
Псыежэх нэхуу ибгъукIэ щыушэм
и зэшыр дэнэ къыщигъэна?

Щымщ дунеижьыр нышхьэбэ псом,
псыежэх закъуэм псори щIодэIур.

ЗыкъызощIэжри, сожьэж сыздэкIуэм,
соплъэкIри, си нэр сфIытонэ псым.

ДяпэкIи гугъэ куэд сыхуеинщ,
къэкIуэну махуэр жыгыу къотIэпIыр.
Согупсысыжри дунейм Iэдэбу,
сэ зыхызощIэ гуфIэгъуэ ин.

ЗэщIэскъуэжынущ ипхъа си гъащIэр,
къыщыщIэздзэну лъэныкъуэр къасщIэм.

253

Си нэр зэтеспIэм, нэхъыбэ солъагъу,
кIуар къыхыхьэжу, къэкIуэнур къыхыхьэу.
Джэгужкъым си псэр — ещIэж къызэлар,
макIуэ си гъащIэр, пикIуэту ухыгъэм.

Хыр зи инагъыр щызоуэ си нэгу,
зэми икIуэтрэ уэгу гъунэр илъэсу.
Лъэтэж кърухэм хагъэщIыр я гъуэгу,
я хъуреягъыр джэ макъкIэ пхагъэзу.

Ахэм ягу щыщIэр зымыщIэр сэра?
ПщIэжмэ, тепхъащ дунеижьым си лъэпкъыр.
Си нэр зэтеспIэм, щIы щIагъри солъагъу,
сощIэ, щIым щIэлъри поджэж кърумакъым.

Куэд щызэблокIыр аргуэру си нэгум.
Си нэр зэтесхмэ, Iэпхъуэнухэщ си гум.

254

Щопсэу зы цIыху иджыри си Iэпкълъэпкъым,
ар зэм сэ сщыщщ, зэм хамэм хуэдэ гуэрщ.
Езым зебжыж си гъэру — сэ ар сIыгъкъым,
сыIэщIэкIыну сыщыхэтри куэдщ.

Щымыхъун дыдэм деж ар къыспоувыр,
къемызэгъ псалъэ кърилъхьэнщ утыку.
Абы жиIар къалъытэурэ нэхъыфIу,
нэхъыбэр си гурыщIэхэм хуэдэгущ.

Абырэ сэрэ диIэр зы гъуэгуанэщ,
зэгъусэу дылIэжынуи къыщIэкIынщ.

КъытхужаIэнущ: — ЗэрытегъэкIуакъым,
зыр течыгъуеймэ, адрейр тэмакъкIэщIт.
Ар сигу нэхъ ирохьыж, кIуэтэху си ныбжьыр.
ЩIэх-щIэхыу мис аращ гуитIщхьитI сызыщIыр.

255

Жэщыр ибг иуащ щыжысIэ дыдэм,
блэкIа махуэр гум къыщIитхъыу хуожьэ.
Си дунейм щыщ Iыхьэ нэщI хъуа хуэдэщ,
ари мы си гъащIэм зэрыхэщIрэ.

Сыт дыгъуасэ, адрей псом емыщхьу,
къыщыхъуар си гъащIэм? — согупсысыр.
ЩыIэу сэ апхуэдэ гуэр сымыщIэ,
йокIуэкI псори а зэрыщытыпсу.

Ауэ щыхъукIи — дыгъуасэрей махуэр
къысфIоувэ махуэ куэдым япэ.
Зэм ар къыщIэкIыну си фIэщ мэхъур
зы Iуэхушхуэ гуэрхэм я щIэдзапIэу.

Нэху зэрыщыр хъуа нэужькIэ IупщI,
си къэкIуэнум и джэ макъ къэIунщ.

256

Аращи, согъэзэжыр си хэщIапIэм,
щыIэжкъым си псэм къыщимыкIухьа.
Зэхэздзыжынущ хуэму сиIэр псапэу,
къэсхьар гуэныхьу, лейуэ къыстехьар.

Изгъэзэгъэжрэ и пIэ мис а псори
зы гугъэ гуэрхэр къысхуэнэж нэужь,
нэхъ ерыщыжу щIэздзэжынщ сыпсэууэ,
гъуэгу жыжьэм щамылъагъуми си лъэужь.

ДэкIыгъуэр сыт, егъэзыхыгъуэрщ гугъур,
зыгуэркIэ урихьэжьэм — зэфIэкIащ.
Мыпхуэдэм дежкъэ лIыгъэ ухуей щыхъур,
гъусэфIи сыхуеину къыщIэкIынщ.

Сыплъыхъуэжынущ уэри — ар зэгъащIэ.
Езым сымыщIэу ухэтащ си гъащIэм.



9 Заказ №2210

257

Уи щэхухэр сщIэну сыхуэмей,
езым сысейхэр схурокъужыр.
Уи деж сикIыжурэ сокIуэжыр,
дыгъуакIуэ сыщыIа нэхъей.

СыкъыщIегъэщыр си щхьэц тхъуам,
зыщызгъэпщкIу жэщым къызэпхыпсу.
Уи дежкIэ неIэу къэна си псэр
гъэпцIакIуэ нэсым ещхь сфIэхъуащ.

Iэнкуну унэм сыщIохьэж.
Сэ иджыпсту щIэзгъэпщкIур си нэр
хуэмыза гуэрым имыщIэну.

Гупсысэ Iэджи зэхохьэж,
сымыщIэ сэ сыщIэмызагъэр.
Си ныбжь дашыжыртэкъым зауэм...

258

КъызэщIэрыуэ удзым щIыр егъэпщкIу,
щхъуантIагъэм сщегъэгъупцэ сэ фIыцIагъэр,
Къэслъытэжащи сыхуэмейуэ лъагъуэ,
сыхэту удзым, гъуэгур согъэкIэщI.

Щэху дыдэу, зэхимыхыу зым, мэщэIу
хэспIытIэ удзыр, зыкъыщиIэтыжкIэ.
СыпIащIэу сокIуэ, сыкъызэплъэкIыжкъым,
лъэгущIыхь псэр къысхуэзыщIым сыхуэдэгущ.

Ешащ си лъакъуэр, бауэкIэщIи сохъу,
къыхоузыкI зэм зымкIэ, зэм адреймкIэ.
Гупсысэм си Iэзэгъуэр къысхуреджэ,
ауэ зылъыхъуэр куэдкIэ нэхъ гъунэгъущ.

Хэлъщ си хущхъуэгъуэр зэхэзутэ удзым.
Гур зэрымыплъэм къыхегъахъуэ узым.

259

ПсыежэхитI щызэхэлъадэм деж,
зы хъужу я зэфIэкIыр, я гупсысэр,
жыг закъуэ щытщ, абы бзу закъуэ тесщ,
зигъэхъеям, къудамэр игъэсысу.

Зеущэхур жыгым, мэхъу и тхьэмпэр нэху,
фIэфIыжьщ и щIыфэм бзур къызэреIусэр.
Бзу гумызагъэр лъэтэжынущ щIэх,
къэнэнущ жыгыр и дунейм и гъусэу.

Абы игу щыщIэр зым имылъагъун,
акъужь къудейм зыкъригъэщIэнкъым зыкIи,
тетынщ нэпкъ задэм, еплъых защIэу псымкIэ.

Ар псым щогугъыр зыкIэ: бжьыхьэ хъум,
пыщэщыжа и тхьэмпэхэр ихьынущ,
езым имылъэгъуахэр ялъагъунущ...

## 260

СIэщIокI гъэмахуэр, бжьыхьэм щыщ мэхъуж,
гъуэжьыгъэм хуокIуэ сеплъурэ щхъуантIагъэр.
ЗыхэсщIэу апхуэдизу мыр щытакъым,
иджы ар псэм щекIуэкIыу къысщохъуж.

Нэхъ щIэщыгъуэжу, сощIэ, екIуэкIынщ
дунейм и фIыгъуэр зезыгъакIуэ бжьыхьэр.
И пшагъуэм хигъэгъуащэу тхъуа мы си щхьэр,
гуапагъэ схуигъэтIыгъуэу къыщIэкIынщ.

Аращ мы махуэр, сыт ухуейми фIэщ.
Зы щIыпIэ жыжьэ гуэр сыIэпхъуэ хуэдэщ.
Хэхауэ схужыIэнукъым къысхуэтыр,
сигу зэрыныкъуэр зэми си псэм фIэфIщ.

Сигу пыкIкъым зыри, щызгъэIэнут псори.
Сэ схуэдэр гум къыщIитхъырщ зэрыпсэур.

## 261

Мыбдеж гурыщIэм и къарур
щызыхызощIэ псом хуэмыдэу.
Щысщхьэщылъэтым деж къру,
жьыр щIедзэ си гум къыпиубыду.

Ар сыт лъэтэкIэ, сыт джэ макъ,
къриIуэнтIыкIыу зэми гущIэр.
ЖысIэнут, кърукъэскIэ магъ,
щытамэ я бзэр тIэкIу сымыщIэу.



8 Заказ №224

Уи лъахэр фIыуэ лъагъу, къызжаIэ,
убгынэу ар, умыщI и жагъуэ,
лъыгъэс гухэлъыр, ущымысхьу.

Ар нэсу згъэзэщIэнут, ауэ,
уи лъахэр плъагъун щхьэкIэ фIыуэ,
плъагъун хуейщ фIыуэ цIыхуу исыр...

262

Ар хамэ щIыпIэ жыжьэм Iэпхъуэжащ,
изыр ныкъуэкIэ абы къихъуэжащ.
Иджы и гъащIэр узэмыхъуэпсэнщ,
имыIэр иIэ фIэщIу ар мэпсэу.

Зэгуэр ар хьэщIэу къыщалъхуам къэкIуэнщ,
къыдэплъым дамэдазэм ещхь ар хъунщ.
Абдеж зыхищIэжынщи и блэкIар,
зыпыщIа псом зэхахыу и гур джэнщ.

КъызэплъэкIыжу техьэжынщ ар гъуэгу,
сщымыгъупщэн къиищар абы и нэгу.
Зыгуэрхэм абы щэхуу хужаIэнщ:
«Сыт пщIэн, и натIэм итыр арагъэнщ».

Ар здэIэпхъуам къокIыжыр бзухэр, пIащIэу.
абыкIэ щагъэкIуар хабжакъым гъащIэм.

263

Удз гумащIэм мывэм зрешэкI,
псалъэмакъи щабэу ирещIэкI.
Сыт гуригъэIуэну ар зыхэтыр
мывэ пхъашэм, зи гур «мывэ» хуэдэм?

Гулъытэншэ, гущIэгъуншэ фIещ.
Удзыр зы гуапагъэ гуэрхэм хуейщ.
Езыр къигъэщIащи псэхьэлэлу,
фIощI а хьэлыр щыIэу хъуам яхэлъу.

Удзым акъужь мащIэм зыдегъэш,
ещIыр фIыщIэ, къытешхамэ уэших.
Мывэм хэлъкъым убзэ, быдэщ и бзэр.
Мыри и щхьэм къэмыкIыххэ удзым:

Щымытамэ мывэм екIэкIауэ,
ар паупщIри ежьэжат куэд щIауэ.

264

ФIылъагъуныгъэм я нэхъ иным
гущIэгъуншагъэ гуэри хэлъщ.
Ар зы мэскъалкIэ къыпщысхьынкъым,
уIэгъэм тещIэу иIэщ хьэл.

Ар фIыуэ плъагъум и щыуагъэм
къызэригъэщIрэ сыт щIа.
КъыщыпфIэщI дыдэм пщыгъупщауэ
гухэлъхэм къыщIокIыж я щIагъ.

Плъагъу мыхъуныгъэр щIоужьыхэжыр,
ищIэну хъуар ищIа нэужь.
ФIылъагъуныгъэм хогъуэщэжыр,
гухэлъу хъуам зарегъэужь.



АрщхьэкIэ гур къэнакIэщ шынэу,
ехь, пэплъэу ар къыщыушынум.

265

Бжэм IункIыбзэ етауэ сфIэмыфI,
си псэупIэр ещхь мэхъур лъэхъуэщым.
Я нэхъ лъагэр гупсысэм схуэмыфI,
согужьей зэзэмызэ си фIэщу.

Си псэр хуиту тезгъэхьэу дунейм
зэIуздзынт бжэуэ хъуар сэ зэгуэрым.
Къыздэпсэухэр апхуэдэу хуэмей,
сощIэ, ахэм я псалъэр текIуэнущ.

Сыхуэныкъуэу дунейм сыпсэунщ,
сылIэжынщ, сынэмысу уэгу гъунэм.
Жыжьэ сыплъэм, мы си гур псэхунщ,
къысщыхъунщ симыIэжу гукъанэ.
Гъуэгу тет пшэхэр шы хъыжьэу мэщыщ.
Сэ унагъуэм и гъэрхэм сащыщщ.

266

А цIыхубзыр схуегъэщхькъым зыми,
си Iуэху лъэпкъи абы хэмылъ.

Сыкъридзэу къысщыхъукъым зыуи,
ауэ, зыхэсщIэу, къыскIэлъоплъ.

А цIыхубзым куэдрэ соубзэ,
мащIэу сыщышынэри хэлъщ.
Хэтщ зэдауэм и курыкупсэм,
иригъэкIуэтынщ лIы хуэдэлI.

Абы дежкIэ губжь закъуэр мащIэщ,
здэщымыIэм щолъыхъуэ мафIэ.
Ауэ сыту IэфI абы и бзэр
и гурыфI къыщикI зэзэмызэм.

Мэхъу абдеж зэрыщыту гухэлъ.
Апхуэдэм ажалым укърегъэл...

## 267

Бгы задэм къемыплъэкIыу докIыр лъагъуэ,
къысфIощI зыгуэрым лъэщIыхьэну хэту.
И сабэр зэрыпщIыпщIыр ягъэлъагъуэу,
абы зэм-зэмкIэ пшэхэр щхьэщокIуэтыр.

ЗыщIедзыр лъагъуэм, гъащIэр къыгурыIуэу,
Iуэху тыншкъым нэхъ лъагапIэм унэсыныр.
А лъагъуэм, мыдэIуэжу, нэр ирокIуэ,
езыр, сешащи, сыхуейщ сыщысыну.

Къуршыпс емышыр си бгъумкIэ щоушэ,
и макъыр си фIэщ мыхъу къыщымыпкIыну.
Зыр йопIэщIэкI, лъагапIэхэм уришэу,
адрейр мэпIащIэ бгым яIэщIэкIыну.

А тIум яку дэтыр дауэ сыкъыпщыхъурэ,
си гъащIэр IупщI щыхъунур сытым щыгъуэ?..

## 268

Сопсэур, гъащIэм фIыщIэ хуэсщI зэпыту.
Дунейм зыщызгъэнщIыну си фIэщ мыхъу,
ар хэзгъэхуэнут си псэм зэрыщыту.
Апхуэдэу упсэуну сыту гугъу.

Зыкъысхуегъазэ дыгъэм, къыщыщIэкIкIэ,
нэгъуэщIым сIиха гугъэр къызетыж.

Сыкърегъэлыр псалъэм и зэфIэкIым,
кIуэдыпIэ сиуващ щыжысIэм деж.

ЦIыху гъащIэр зэрыкIэщIри хэтыжу
мы си псэм пхымыкIа дунейм тетыжкъым.
А псом щымыщ гупсысэри си хьэлъэщ.

КъысщремыщI, жызоIэ, псом нэхъ жагъуэр.
Сошынэ си гум — уэрэдыпсэ абгъуэм,
ис бзур ирихуу, кIыгуугу къитIысхьэнкIэ.

269

Щымщ сызыбгъэдэсыр зэзэмызэм,
хишэ хуэдэщ дунейр и гупсысэм.
Къылъыс гъащIэр зыфIэмащIэ бжьыхьэр
хощэтыкI щIэх-щIэхыу, уи гум щIыхьэу.

Мэхъу сэ сщыщ а макъыр, лъыр зэрихуэу,
сщIыгъум си фIэщ хъуркъым ар зэхихыу.
Хоплъэ щIым, сэ уэгумкIэ содаIуэ,
сфIэфIщ сэ псори, ар мэлъыхъуэ дагъуэ.

Абы дэрэ доплъ зэмыщхьу гъащIэм,
дизэхуэдэ псалъэр сыту мащIэ.
Дыщызэхуэзари къысхуэщIэжкъым,
дызэришэлIа хъунщ жыгъэм, зэшым.

Дэ тIур зэи дызэдэмыхъуну,
ауэ, IукIмэ ар, дунейр нэщI хъунущ.

270

Сыдэплъэм псыхъуэм, щыIэщ къыщысфIэщI
къикIуэтыжыну хэту псыежэхыр.
Ар зыщышынэр цIыхухэрщ, мынэгъуэщI,
елъагъур — сытри къуащIэфынущ ахэм.

ЩыкIауэ дунейм тетыр сыту куэд,
ялэжьыр зэраныгъэу хэт зыбжынур.
ЯIэщIэкIуадэр ахэм фIэпсэкIуэдщ
къекIуэкIыу щыIэр зылъагъу псыежэхым.

ПхуэмыIуэтэнщ дунейм и бэшэчагъыр,
итIани, зэ нэхъ мыхъуми, къыщичынкъэ,
къыхокIыр щынагъэс зэгуэудыным.

Къахоуэ цIыхухэм ар, щыхуэмыхьыжым.
ЩымыIэу нэхъ шэрыуэ и гугъэжми,
зимыIэм лажьэ тохуэ и удыныр.

271

Къуаншагъэр щаIуэтэжым къос и пIалъэр,
сыхуокIуэ гукъэкIыжхэр тепщэ щыхъум.
Уэ зыр укъыхэсхауэ сынопсалъэ,
ар псоми зэхахыну сыщыгугъыу.

Сыдридзеящ — сыкъридзыхащ мы гъащIэм,
сыкъызэла щыхупIэхэр сощIэжыр.
Зыгуэрхэр схулъэмыкIыу згъэщIэхъуащи,
иджы ар зэпымычу сигу къоуэжыр.

Зэбгъэзэхуэж мыхъунур къызгуроIуэ,
сымыгъуэтыжынури нэхъыбэщ.
Уэ зыр укъыхэсхауэ ныбжызоIэ
къысхуэмыIуэтауэ хъуар нэхъапэм.

Сэ фIыуэ слъагъухэм куэдрэ сщIынщ я гугъу —
щIэслъагъур жысIэфыну си фIэщ мыхъу.



272

Аргуэру си къэкIуэнум зысфIегъэпщкIу.
Е къыкIэрыхурэ — сыт къыщIыспемыжьэр?
Абы сыкъиужэгъуауэ арагъэнщ
жызоIэри, къреIуэнтIыкI си гущIэр.

Иджыри сыпсэуну тIэкIу сыхуейщ,
къызэхъулIэнкIи хъунщ ар — умыщIэну.
Нышхьэбэ цIыхуфI гуэр къэкIуащ си деж,
и псалъэкIэ си гъащIэм къыпищэну.

Аргуэру си къэкIуэнум нэр хуоплъыз,
щIагъыбзэкIэ дунейр къызоIущащэ.
Зэгуэр, иужьрей псалъэр къыщыслъыс,
жысIэнущ пэжыр теухуауэ гъащIэм.

Сыхэтыжынкъым псалъэ къэзгупсысу,
зэфIокI хьэуар есшэхмэ си бгъэм щызу.

273

Сэ жыжьэ дыдэ сыкъокIыж,
сыдэмыкIарэ пэт ди пщIантIэм.
Сызыхэтауэ хъуар уэ пщIатэм,
укъыспежьэну къыщIэкIынт.

Ди унэм сэ сыщIэпшэжынт,
зыхуэсакъыпхъэ гуэрым ещхьу.
Зы джэ макъ гуэр пIейтейуэ сежьэу
ибг щиуэм жэщыр сыжеинт.

Сыкъэушынт сэ бзухэм япэ,
сщыгъупщэжауэ си пщIыхьэпIэр.
Си псэукIари къээгъэнэнт.

Схьын хуейт сэ гъащIэу къыслъысыжыр,
нэхъыкIэр гущIэм щIэтIысыкIрэ
нэхъыфIыр къыщIэувэу нэм.



274

Есыж дунейр, хьэуар мыдым,
къыптрихьэ сабэм укъисынущ.
ЕтхьэщI и напэр ди джэдум,
и гугъэу уэшх кърыгъэшхыну.

Хыхьэнут щIылъэм мывэу хъуар,
я хамэм ещхьщ я жьауэр жыгхэм.
Дыгъэ и Iуфэр зылыгъуам
хэтщ IэщIэкIыну псыежэхыр.

Дыгъэм зэIусэр зэпхесыкI.
Зы пшэ хужь закъуэ сщхьэщосыкI,
хуэзэш си нэгум къыщIэмыплъэ.

ЕтхьэщI и напэр ди джэдум.
СфIощI фIэщхъуныгъэр сфIэкIуэдын,
абы и гугъэр къемыхъулIэм.

275

Зыгуэрхэм саIэтынут уафэм нэс,
емыплът сыкъехуэхыжым къысщыщIынум.

Нэгъуэщӏхэм зэуэ дамэр паупщӏынут,
зэрыдэкӏуэнур ящӏэми гукъуэпс.
Нэхъыбэр гу къыслъамытэххэу блэкӏт,
абыхэм гугъэр схуахъумэн ялъэкӏт.

Зым хуэзмыгъадэ гуэрхэри сиӏащ.
Сэ сыпсэуащ, абыхэм сафӏэлӏыкӏыу,
атӏэми я зы псалъэ сигу пымыкӏыу.
Апхуэдэхэм я гъащӏэр сыту кӏэщӏт.
Зымащӏэ фӏэкӏ къалъымысарэ пэт,
зы ӏыхьэ къыхалъхьащ сысейм жыпӏэнт.

Схузэхадзащ си гъащӏэр сэ куэдыщэм,
сысейуэ къыхэнар абы хэт зыщӏэр.

## 276

Къытригъэзэж зэпыту сэ сопщӏыхь
уэнжакъым къриху ӏугъуэ щымыӏэжым...
Солъагъу ар зэм, мыпӏащӏэу пшэм хыхьэжу,
зэм щыӏэщ си ӏум иту къыщысщыхъу.

Жьэгу мафӏэм ещхь си гущӏэм зэм щоджэгу,
зэм яжьэ упщӏыӏуа илъ хуэдэщ си бгъэм.
Си хамэу къыщӏокӏыж сызыпӏа гугъэр,
си нэгу къыщӏыхьэу щытмэ нэщӏ хъуа жьэгу.

Блэкӏахэм си псэр щӏамыутӏыпщыр сыт,
уэгу гъунэм нос щыжысӏэм — кӏэлъыджэжу,
къыхуейуэ и фӏэщ хъурэ, къигъэзэжу?
Апхуэдэу щӏэх ар здэкӏуэм нэмысын.

Ар жысӏэ щхьэкӏэ, хэт нэхъыфӏыр зыщӏэр.
Ар зэрыдмыщӏэрщ гъащӏэм къыпызыщэр.

## 277

Уэсэпс ткӏуэпсым щхьэщэ сэ хузощӏ.
Уафэр зэрыщыту абы къощ,
ауэ сыту махэ, гъащӏэ кӏэщӏ.
Дыгъэм ар ирифу къызжаӏащ.
Езы дыгъэм дауэ сщӏын си фӏэщ,
имыгъуэту ирифын нэгъуэщӏ.

Уэсэпс ткIуэпсым си щхьэр хузогъэщхъ,
ар гуфIэгъуэ нэпсым изогъэщхь.
Куэдым я насып абы къыпхощ,
ауэ сыту махэ, гъащIэ кIэщI.
СыIущIати нобэ зы нэхущ,
и уэсэпсыр псэхэлъхьэжым щыщт.

Ари дыгъэм ирифыну хъунщ.
Дыгъэр къригъэлу къысщыхъунщ.

278

Зы пщэдджыжь гуэрым уэ укъэушынщ,
сыкъэплъыхъуэнщ, бгъуэтауэ гужьеигъуэр,
къыбгурымыIуэу сыщIэкIам сыт щыгъуэ —
къэзмыгъэзэжыну къыпщыхъунщ.

Уэ зыпхъуэжынщ абдежым щыщIэдзауэ,
сэ сыкъэнэнущ сызэрыщытауэ.
Гу лъыстэххэнкъым уи псэм щызэблэкIым,
аргуэру сыщIэкIынщ, сыкъемыплъэкIыу.

АрщхьэкIэ, махуэр и кIэм щынэсам,
сэ зыхэсщIэнущ сызэрыпхуэзэшыр,
фIы куэд зэрыбжесIэнур, нэзгъэзэжым,
сызэрытекIынур сызэсам.

ТIэкIу сыпсэуарэт си щхьэм сыхуитыжу,
сыкIуэнт, узыхэзнауэ хъуар уэстыжу.

279

Закъуэныгъэм куэдрэ согупсыс,
щыIэщ сепщIыхь защIэу нэху щызгъэщи.
Си гур, жьым ихь тхьэмпэу, мэкIэзыз,
нэгу къыщIыхьэм хъуауэ ар си тепщэ.

ФIыуэ слъагъухэм сыкъаухъуреихь,
блэкIхэм я гулъыти сыщымыщIэ.
Ахэм я кум дэкIыу, къыспекIухь
закъуэныгъэм щэхуу — ари сощIэ.

Зэ сыкъыхуэнэным ар щIохъуэпс,
игу къыстезэгъэнут мис итIанэ.

Сыт имыщIэм, сыкъылъамыгъэс,
зэрызехьэу къос си ужь итахэр.

А сызыфIэлIыкIыр апхуэдизу
сохъуэпсэж сиIэну тIэкIурэ гъусэу.

280

Щэху Iэджэ иIэщ пшапэ зэхэуэгъуэм,
гупсысэу кIэрыщIари сыт хуэдиз.
Хьэуар зэщIещтэ уафэм къех зэшыгъуэм,
къыхохьэ си лъым, си бгъэм мэхъур из.

Сыт хуэдэ хъуну къысхуеблагъэ жэщыр?
Абы куэд елъытауэ къыщIэкIынщ.
ЩIэздзэнущи пщэдей псэун щIэрыщIэу,
гукъэкIыж гуэрхэр хуейщ зэзгъэдзэкIын.

ПыщIащ нэхущым гугъэм я нэхъ иныр.
Псом япэ дзыхь къысхуищI нэхъей и щэху,
слъагъунщ дунейм зэрызэтрихыр и нэр.
Си гъуэгущ нэхущым здидз лъэныкъуэр нэху.

Псэун щIэрыщIэу сэ щIэздзэнщ пщэдей,
бухащ къыплъысыр, жамыIэ къудейм.

281

ЛъагапIэу щыIэм сэри сыщошынэ,
абы къызетыр гуныкъуэгъуэ куэд.
ЩыхупIэм Iуту щыIэщ еуэ пшынэ,
сэ, сеплъыхамэ, си къарур сфIокIуэд.

ИужькIэ, къысщыщIар къыспкърохьэжри,
сабийми сыщыукIытэу изохьэкI.
ЗэрыхъукIэ сэ щыхупIэм сыIухьэжкъым,
арщхьэкIэ Iэмалыншэу ар къыщIокI.

СыIуохутэжыр сэ щыхупIэ нэзым,
сезышэлIа къарури сымыщIэж.
ЗыкъызишэкIыу щытми дыгъэ къуэпсым,
шынагъуэ щIыIэр си псэм зыхещIэж.

Ухыгъэр апхуэдизуи къысфIэIуэхукъым,
шынагъуэр ущехуэхырщ, удэхуэхыу.

282

Дыгъэр еуэ къыкъуокI — къуохьэж,
дыгъэгъазэри хъуащ щхьэуназэ.
Я Iуэху зэрыхъунум щымыгъуазэ
си гурыщIэхэми захъуэж.

Си щытыкIэр лъэтэгъуэм ещхьщ,
сыхьэзырт, здэзгъэзэнур сщIэжатэм.
Дыхьэшх сфIэщIу, бзу гуэри золъатэ.
Си гум уафэм и бгъуагъыр къепщ.

Дыгъэр еуэ къыкъуокI — къуохьэж,
лъэужь гуэр къигъэнэхуу зэм-зэмкIэ.
А лъэужьыр уэгу гъунэм йоуэкIыр,
ар пхызышым хэт лъэщIыхьэн.

СыкIэлъыджэм — си напэр текIынущ,
сиувэну иужь къыщIэкIынущ.



283

Къытощ жыг тхьэмпэ гъуэжьыр псы инам,
иIэж зы гугъэ закъуэр къызэпхыпсу.
Сыт сщIэнут сэ, апхуэдэу сыкъэнам?
Си гъащIэр пэлъэщынкъым а гупсысэм.

ЗымащIэрэ жыг щIагъым сыщIэсынщ,
дыгъэпс къеблыжа тIэкIур сигу пымыкIыу.
Абдеж зэрыхъукIэ сыхэплъэнкъым псым,
си махуэр ящысхъумэу си гукъэкIхэм.

Къухьэнщи дыгъэр, сэри сежьэжынщ,
сIэщIэкI мыхъуну гуэрхэм сакIэлъеIэу.
СхутемыпыIэ си гур нэхъ тыншынщ,
си натIэм итыр къизытхам селъэIум:

— Сахэбжэ жьым ихьам, хэхуам псы уэрым,
сумытыж закъуэ и пIэ имыкI гуэрым.

284

Си гъащIэр си дауэгъум сыту ещхьт,
ар и пщэ къыдалъхьам пхутемыкIынут.

Сэ зыщеспщыти щыIэт слъэмыкIынум,
а хьэлым нобэм къэс гугъу срегъэхь.

Нэху здэщым гугъэ Iэджэ си хьэзырт,
сыпежьэрт къысхуэпIащIэу къысщыхъу дыгъэм.
АрщхьэкIэ къыспэувт зыгуэр сыт щыгъуи —
Iунт уафэгъуагъуэ, уэшхри къэсынт.

Си гъащIэр мы дунейм щекIуэкIым щыщт,
хыхьэжт абы, IукIуэтрэ къэныкъуакъуэу.
Нэхъ ерыщыж абы нэхъыбэм сищIт,
къыхэкIми си лъэр щыщIэху закъуэтIакъуэ.

Иджы си гъащIэм сыкъыфIэIуэхужкъым,
дауэгъуу щызиIар къыхызохыжыр.

285

Зэгуэрым сэри щIалэу сыщытащ,
сащыщщ уэ фIыуэ узэхэзыщIыкIхэм.
Ныжэбэ гуэрым пщIыхьым сыхэтащ,
уэ уэщхьу псы къиуам сызэпрысыкIыу.

Толъкъунхэм мывэ къэс сраудэкIт,
арщхьэкIэ сщIэрт сэ сыкъызэрелынур.
Зы фIыщIэ гуэр си гущIэм къыщытэджт,
къысщIыхьэжыну щытми схьар удыну.

Си гъащIэр къэбгъэщIэжу зэм къысщохъу,
сынаплъэ сфIощI, лъэныкъуэкIэ сыщыту.
Зэм сыпхуогуфIэ, зэм пхузощI гущIэгъу,
сэ сщIэжкъэ пхуэдэм и насыпым щIитыр.

Къэсынщ и пIалъи, уэри жьы ухъунщ,
сохъуапсэ зиIэнум пхуэдэ нэхъыжь.

286

МобыкIэ зыгъэзар гъуэщэну жаIэ,
модреймкIэ кIуар къыхокI къыщымыкIуэж.
Сэ дэнэ сыздэкIуэнур-тIэ, си къуэш,
иджыри къэс си гъуэгур зэ схъуэжакъым?

Мобык1э к1уам солъагъур и 1убахъэр,
гъуэжь хъууэ хуежьа мэзым хозэрыхь.
Модреймк1э к1уам сылъыхъуэу зызоплъыхь,
бгым еуэк1ауэ къыщ1эк1ынщ и лъагъуэр.

Иджыри къэс си гъуэгур зэ схъуэжакъым,
сэ дэнэк1э згъэзэну-т1э, си къуэш?
Сыхуейми, хэт сыщигъэтын мыбдеж,
т1эк1у зып1эжьам, ухэхупэну жа1э.

Хэк1ып1эр уэ зэрыпщ1эр къощ уи нэгу,
си шынэхъыщ1э, къысхухэх зы гъуэгу.

## 287

Уэздыгъэми езым и пэж и1эжщ,
еф1эк1ыу езы дыгъэм и гугъэжщ.
Жэщ к1ыхьым, псори нэхъ къыщыхуэныкъуэм,
щыхэтыр мис а дыгъэр сыт лъэныкъуэ?



Ит1ани къэзыгъанэу ежьэжам
зэк1элъхьэужьу псори пежэжьэнщ,
нэхулъэ къищ1 къудейуэ зэралъагъуу.
Удзыпэ къэск1и теувэнщ а лъагъуэм.

Хьэзырщ щ1эпхъуэну къуршхэр зи инагъ,
пагагъэу яхэлъари хъуащ ищ1агъ.
Уэздыгъэм ар иригъэхын хулъэк1къым,
зэгуэпурэ щисыжи ар къыхок1ыр.

Щищ1энур дэнэ бгъэунк1ыф1 хъу уэздыгъэм
мы дуней псор зэригъэхуабэр дыгъэм.

## 288

1ыхьищу си гухэлъхэм загуэшащ,
солъагъу, нэхъыжь-нэхъыщ1эк1э увауэ.
Гухэлъ си сабиигъуэм игъэф1ахэм,
я гупц1анагъым нэпс къысф1ыщ1ишащ.

Щ1алэгъуэм къыслъигъэсыр 1эджи хъурт,
гу лъызмытэххэу блэзгъэк1ари хэту.
Гухэлъ къысхуэзыщ1ын сыхуэзэрт куэду,
си мащ1эр езым ф1ыуэ схуэлъагъунт.

Си гъащIэм кърииубыдэу куэд слъэгъуащ,
сыкIуащ, къыспежьэу хъуам саблэхъуэпсыкIыу.
Зэрыхьри гъэхэр, уафэм щIэкIуэсыкIыу,
си гъащIэм и гуэшыкIэр хъуащ нэгъуэщI.

Сэ фIыуэ сымылъагъу дунейм тетыжкъым.
Сыкъэзылъагъунщ сымыгъуэтыжыр.

289

И гугъу къысхуэщI зэрекIуэкIам уи гъащIэр,
гурыщIэ нэхур си бгъэм ищIу щыз.
Уэ къысхуэпIуатэр гум имыхуж защIэщ,
си гъащIэм щыщу хэтри сыт хуэдиз.

И гугъу сыгъэщI зэрекIуэкIам си гъащIэр,
мыпхуэдэ махуэ куэдрэ къыслъымыс.
НыпхуэсIуэтэнур къыщIэкIыжми мащIэу,
уи гъащIэм щыщу хэтыр сыт хуэдиз.

ДыкъекIуэкIащ ди гугъэхэр зэгъусэу,
ди гъуэгу щызэхыхьаи къызощIэж.
Тпэжыжьэ плъапIэу къэнэжащ уэгу гъунэр,
дыхунэсакъым псоми — гъащIэр кIэщIт.

КъэкIуэнум мащIэ хъунщ дэ хэтлъхьэжынур.
БлэкIам къыхэтхырщ дызэрыпсэунур.

290

Жьапщэми фIыуэ илъагъу и мащIэ,
ар псэншэ дыдэуи къыпщремыхъу.
Гухэлъ IуэтэкIэщ абы имыщIэр,
игу илъымрэ ищIэмрэ зэхуэмыхъу.

Уэгу къащхъуэм хуеIэу дэкIея жыгыр,
IэплIэ хузощI жеIэри, зэфIещIыкI.
ГуфIэу унащхьэхэм къыщежыхьыр,
ахэр тричу и гущхьэ къэмыкI.

ЩIогъуэж иужькIи, щэхуу мэгъыжыр,
псым хуэтхьэусыхэурэ псыхъуэм дэтынщ.
И нэр игъэпщкIуу псыри йожэхыр,
зэ къызэриурэ и псэр мытынш.

Ахэр щыслъагъукIэ, си гур мэкъутэ,
сыту гугъу ехьрэ и псэм хуимытыр.

291

СаблокI абыхэм. Щатэу къыскIэлъоплъ
ячыну зы лъэбакъуэ хуимыт жыгхэр.
«Уи гугъэ хъунщ уэ унэсыну жыжьэ», —
щегупсыс дыдэм, тхьэмпэр къаполъэлъ.

ДызэпызыщIэу, дякум дэлъыр сыт?
Ди гупцIанагъыр армырам сымыщIэ.
Сыт щыгъуи ди гурыщIэр дяпэ ищу
дезыгъэсар мы жыгхэм сэрэ хэт?

ПIейтеймэ дигу, дызэхуэхъуащ псэлъэгъу,
дызэрыгъуэтащ дэ сытым щыгъуи.
Иджы, сэ къыслъэщIыхьэрти си жьыгъэр,
сепIэщIэкIащи тIэкIу — къысхурагъэгъу.



Сэ нобэ къысщыщIар згъэзэкIуэжынщ.
Мис абы щхьэкIэ хуейщ къэзгъэзэжын.

292

ПщэдджыжьI къэсыху сыхуозэ а цIыхубзым,
Уэрамыр пыгуфIыкIыурэ къепхъэнкI.
ПхъэнкIакIуэм и щыгъыныр щыгъщ екIупсу,
жыхапхъэр бгъэм щIикъузэу кърехьэкI.
Ар къыпщыхъунущ зым емыгупсысу
уэрамыр къабзэ зэрищIыным фIэкI.

АрщхьэкIэ зэхэсхащ ар хэщэтыкIыу,
итIани и щэтэкIэр зым емыщхьт:
ар, хэгъуэщэжри зэрыпыгуфIыкIым,
хъужащ и нэгум къищ гуапагъэм щыщ.
Кърακъухыжынщ уэрамыр блэкIхэм,
аргуэру, гуфIэу, ар ипхъэнкIыжынщ.

Ар псом нэхъ насыпыфIэу къыщIокIыжыр —
мэпсэу щигъафIэм игу щыгуфIыкIыжу.

293

Гъэр исыкIынщ, лIэщIыгъуэри икIынщ,
сыщымыIэжу сэри къыщIэкIынщ.
Уэ, зимыIэжым и псэм хэлъа куэд,
дунейм щызеуэ си псэр ныпхуэкIуэнщ.

Ар хуэныкъуэнущ уэ уи зэхэщIыкI,
къекIуэкI псэукIэм зыри химыщIыкI.
Зэгуэр хэщIапIэ нэху абы иIащ,
лъэхъуэщу къыщилъыти ар щыIащ.

Иджы хуабапIэ гуэрым нышIэхъуэпс,
мы си псэм зы плIанэпэ къылъыгъэс.
КъыхэкIми щепхужьэж, къыгурыIуэнщ,
хэщIапIэ лъыхъуэу нэгъуэщI щIыпIэ кIуэнщ.

А зыхэтыну псор къысхуигъэгъуну
сэ нобэ куэдрэ си псэм селъэIунущ.

294

Сымыгъуэтыну гуэрым сыщIохъуэпс.
Сыхуейкъым Iэгум илъу слъытэ хъунум.
Абы сщIэ пэтми сыкъыхуэнэжыну,
модрейм къарууэ сиIэр лъызогъэс.
Мис а щытыкIэм сыткIэ сэ седжэн,
ара къысфIощI си гъащIэр зыщIыр кIэщI.

Къыслъымысынур пащхьэм щоджэрэз,
си натIэ хъунур къуэтщ плIанэпэ гуэрым.
Хегъахъуэ зым си узым махуэ къэс,
адрейр хущхъуэхьэ дэнэ щIыпIи кIуэнущ.
А тIум яку сыдэтыхукIэ, гъэхэр йокI,
арщхьэкIэ зимыхъуэжу псэм къыщIокI.

Жьы мэхъу си натIэм итыр, сэщхьыркъабзэу,
нэхъ щIалэ хъуурэ макIуэ сызэхъуапсэр.

295

Мы жэщыр щызогъакIуэ тенджыз Iуфэм,
хэскъузэу Iэгур сIыгъщ и гъунэр щIым.
Мыбдеж щызекIуэу сфIэщIыр зы унафэщ,
тенджызыр щымщи, дуней псори щымщ.

Мэтхытх си щIыфэр сыхэплъэху тенджызым,
ар щышынагъуэр щымыбауэм дежщ.
Есшэхми хьэуа къабзэр си бгъэм щызу,
зигъэнщIкъым си гум, си псэри мытынш.

Зы бампIэ гуэр тенджызыр зэрыхэтыр
солъагъу, ибзыщIми къимыгъанэу лъэкI.
Абы зэм-зэмкIэ, Iуэхум щымыщ хуэдэ,
и напэр нэпкъым къыхурехулэкI.

Къуэншам и плъэкIэ ищIу мэгъуэлъыж.
Апхуэдэм деж ар сфIэгуэныхь мэхъуж.

## 296

ЩопIэнкIыр уэшхыр щIыбым, мафIэм ещхьу,
си пэшыр щIыIэщ, сигури щIыIэм ес.
Зыгуэр къызэрыкIуэнур си псэм ещIэ,
абы зэрыщрэ нэху сэ согупсыс.
КъэкIуэнущ ар, къыздихьу къаруущIэ,
хэмыт апхуэдэр къыщеджэнум ежьэу.

Къэсынщ ар и гум илъыр щIэту и нэм,
зэпиплъыхьынщ къызэрыщIыхьэу унэр,
хэт хуэдэ уасэ гуэр игъэувыну...
СыблэкIрэ пэт цIыхугъэ ар схуэхъуат,
«сыныкъуэкIынщ» щыжиIэм, згъэщIэгъуат,
зыхэсщIэу псалъэр зэригъэпэжынур.

КIуэжынущ ар, къызэрыкIуам хуэдабзэу,
къемыджэу зы, сымыщIэу сыщIехъуапсэр.

## 297

ЗысIэжьэ хъуащ щIэкIыбжэм сыщынэсым,
езыри хъуакIэщ къыспэувым ещхь.
СыщIокIри, щызогъэпщкIу нэр уафэ нэзым,
нэхъ гъунэгъу гуэрхэр си гум плъапIэ ещI.

Нэхъыбэщ къысхуэкIуэнум сызэрежьэр,
зыгуэрым упэплъэныр сыту гугъу.
КъэкIуэнри къэмыкIуэнри си псэм ещIэ,
итIани сымыгъафIэу гугъэр мыхъу.



10 Заказ №224

Езыри, и фIэщ хъужу, сяпэ йощыр,
сэ, Iэджэ скIэрыщIащ, сыкъыкIэроху.
Жыг щхьэкIэхэр, сэ зыкъыздащIу, йощIэ,
зэм тхьэмпэ, къикIыу куэд, зыIэпагъэху.

А псом, сыт сымыщIами, сэ семысэ,
сохъу, зисчу, сыщIэпхъуэну зэзэмызэм.

## 298

Джэ макъым сыкъыдеш ныщхьэбэ пщIантIэм,
арщхьэкIэ сяпэ къыподжэж нэгъуэщI.
А макъым апхуэдизу сэ сежьати,
мы дуней псом лей сыщыхъуа къысфIэщIт.

ПлIанэпэм дэсщ пIейтейуэ къаплъэу ди хьэр,
щIрапхым егупсысу арагъэнщ.
Лей къытехьэнкIэ мэхъу, уэрамым дыхьэм,
къыхуаIэ лъагъуныгъэм ар и гъэрщ.

Дэслъэнщ абы, жызмыIэу зыри, си Iэр,
езыр губзыгъэу си нэм къыщIэплъэнщ.
Абыи ещIэ къежьэ зэрыщыIэр,
сэ схуэдэу, ари гугъэм пэмылъэщ.

Аргуэру къоIу джэ макъ, гур игъэпхъэру,
зэпхыдэIукIыу, къыщолъэтыр хьэри.

## 299

Пхуохъуахъуэ гупыр: укъыщалъхуа махуэщ.
Гум щыщIэр щIэтIысыкIыу бжьэр соIэт.
ЩIэтхащи си нэм псэм уэзрихъуахуэр,
ныщхьэбэ псалъэ лей ныбжезмыIэн,
нэгъуэщIхэм жаIэм щыму седэIуэнщ.

БгъэпщкIуащ илъэс, тхъуа налъэр зэрагъэпщкIуу,
а пцIыр хьэрэмыншагъэм егъэнэху.
Уи ныбжьыр здынэсар жаIэн къыпфIэщIу,
зыгуэрым хъуэхъу жиIэхукIэ зыбоущэху,
псом хуэмыдэжу мис абы сехьэху.

Нэджыджым щыумэзэх гурыщIэ къабзэ,
дунейр зылъэмыIэс бзылъхугъэ хьэл...

Мы си псэр хуэгъэзащ зыщымыгъуазэм,
нэхъ гурыIуэгъуэ дыдэм сыкъегъэл!

300

МафIэгум сису жыжьэ гуэр сыкIуэнут,
зэм сыIурихыу, зэм сыкъэушыжу.
ГъущI зэрыших макъ мафIэгум никIэлъыжэр
макъамэ псэгъэтыншу къысщыхъунут.

ПIэщхьагъ гупсэху сщIыжынти си щыгъыныр,
сыгъуэлъыжынт, гухэщт зимыIэм ещхьу.
КъызэднэкIынти псынщIэу губгъуэ нэщIхэр,
дыхуэблэгъэнт сыздэкIуэр Iупщ щыхъунум.

Сэ, дауи, гъусэ гуэрхэри сиIэнут,
хэт щыму, хэти и жьэр зэтримыпIэу.
Зы псалъэ гуэрхэр сэри згъэтIыгъуэнут.

АрщхьэкIэ гъуэгур куэдрэ схуэмыхьынут.
Зы къэувыIэпIэ гуэрым, къуаргъ тIысыпIэм,
сыкъыщикIынут, згъэзэжыну унэм.

301

Мыр сыт гухэлъ, кIуэжыкIэ лъэпкъ имыщIэу,
тригъэIэнкIэ хъунущ си гур тIыгум.
Сыкъришэнри хэлъщ абы утыкум,
емыплъу зыкIи здынэсам си ныбжьыр.

ИтIани фIыщ апхуэдэу упсэуну,
тIэкIу угузавэу, тIэкIуи упIейтейуэ,
куэдыщэ зэрымыхъур уэ къыптехуэр
къыбгурыIуэжрэ — къэбгъэсэбэпыну.

ТIэкIу езгъэлейуэ къызжреIэ хэти,
а псор сIэщIах къысфIэщIмэ, сыкъоскIэ.
КъысIуроIэфIэ нэхъри махуэ къэскIэ
мы гъащIэр, и дыджагъри зэрыхэту.

Сопсэу куэд щIауэ, сытекIуэтми хъунут,
мыр сыт дуней, ухуейм пхуэмыужэгъуну?

302

Си анэ дыщэм щэхуурэ сопсалъэ,
си адэм куэдрэ щыму согупсыс.
СиIэжкъым тIури. Хьэршым нэскIэ дэлъыр
хэт зыщIэр, абы псэ фIэкIа нэмыс.

Къытесчу лъакъуэр къыкIэрыпщIэ щIыпцIэм
сыпхокIри губгъуэм, Iуащхьэм сыдокIуей.
Нэхъ пэгъунэгъуу симыIэжхэм я псэм
сотIысри, уафэ лъащIэм сыдоплъей.

Сыкъыщалъхуа къуажэжьыр дэтщ си щIыбым,
абы и гъащIэр мыпIэщIэгъуэм ещхьщ.
Къызош дзапэ уэрэд акъужьым щIыгъуу,
пIейтейуэ хуежьа тхьэмпэхэр мэщхъыщхъ.

Зэ догуэт! Си тхьэкIумэр тхьэкIумэжым,
уэрэдым и ежьур къоIукIыр хьэршым...

303

ИгъащIэкIэ сщIыжынкъым лъагъуныгъэ, —
сигу дапщэрэ ислъхьами сымыщIэж.
Мис апхуэдизри ар сэ сщогъупщэж,
щIэщыгъуэ гуэру къызитыжу гугъэ.

КъокIуэж гукъэкIыж IэфIхэр япэщIыкIэ,
имыхуэ ахэр си бгъэм, мыхъуми куэд.
Сызыхъума псэхугъуэр сэ сфIокIуэд,
зызышэщIа си лъынтхуэр сфIощI зэпычу.

Си нэгу къыщIонэ зым емыщхь цIыхубзыр.
Аргуэру си гум лъагъуныгъэ ещI.
Ар си щIалэгъуэм згъэунэхуахэм ещхьт,
арщхьэкIэ гуныкъуэгъуэщ къыслъигъэсыр.

ГущIэгъу къысфIыхопшахъуэ лъагъуныгъэм,
сэ схуэгъэвынкъым лъагъуныгъэ ныкъуэ.

304

АрщхьэкIэ зэми гъащIэр соужэгъур,
абдежым си щытыкIэм сыти фIэщ.

Дригъэзейуэ щытми псыежэхым,
схуэгъэщIэгъуэну хъужыркъым си фIэщ.

Солъыхъуэ сэ итIани щхьэусыгъуэ,
мы гъащIэм сыхэтыну щызу псэм.
Ар ещхьщ фадафэр фадэ зэрылъыхъуэм,
укъигъэуIэбжьу и Iэмалхэм зэм.

Къызогъуэтыж аргуэру жьыдэхупIэ,
гухэлъхэри дунейм хохьэжыр, щыпэу,
сыщыукIытэжу, дыгъэр къыщыкъуэкIым.

Зыщ темыпыIэ си псэм и Iэзэгъуэр:
мы гъащIэр зэзэмызэ соужэгъур,
иужькIэ нэхъыфIыжу слъагъун щхьэкIэ.

## 305

Куэд щIауэ унэм щIэмытыж пэшхьэку,
унащхьэм зэшу къытенащ уэнжакъыр.
КъыщIидзэм ар гъуэгурыкIуэхэм я нэгу,
зэIущэщэнщ, сэ зэхэзмыхыу жаIэр.

Уэнжакъыр зейм ар щIыпымыкIыр игу
гурыбгъэIуэн Iуэхуншэу блэкI дэтхэнэм.
Ар зейм и кIуапIэщ здэщытар пэшхьэку,
абдежырщ къехуэбылIэу хэтыр унэм.

Мы хьэблэ щэхум сэри сырибынщ,
лей хъуа уэнжакъым сэри стелъщ и щIыхуэ.
Сыт хуэдэу сигу хигъахъуэрэт абы,
щыщ хъужу уэгум Iугъуэ къыщрихукIэ.

Уэнжакъым дыгъэр къиплъэмэ къэкIуатэу,
къахэплъэжынщ си гущIэм къина куэдми.

## 306

Псым сыщхьэщысщ, и лъащIэм нэскIэ слъагъуу,
псы макъыр щIылъэм къыщIэIукI къысфIощI.
Толъкъун къэсыху къэпщI нэуэ сэ къысщохъур, —
псом япэ зыIуплъэнури сэращ.

Мыбдеж сыщыпыщIащ дуней къекIуэкIым,
сежьэжмэ — си къуэпс Iэджэ зэпычынщ.



10 Заказ №733

Гупсысэ сIэщIэкIари зэ къэкIуэжым,
ар нэхъри си фIэщ хъуну къыщIэкIынщ.

Сытесщ мывэшхуэ псым ирилъэсэкIым,
ар къыздикIари зэрызмыщIэр сфIэфIщ.
Мыбдеж зыщегъэпсэхур си гум зэкIэ, —
ар къызыхэкIым сыт ухуеймы фIэщ.

Арщхьэкlэ зы щэху гуэр зыхещIэ псэм.
БлэкIар хэслъагъуэжынщ, тIэкIу дэкIмэ, псым…

## 307

Иджыри къэскIэ дэнэ ущыIа? —
щIэупщIэ хуэдэ къысщхьэщохьэ пшэхэр,
сызэпаплъыхьу, нэхъри къолъэхъшэхыр,
зыгуэркIи ягу къысщIэгъуу къысщыхъуа?
Гу къыслъатакъым, гъащIэ гъуэгу къэскIухукIэ,
къетхъухыу щхьэр, езыхэм ещхь сыхъухукIэ.

Иджыри къэскIэ дэнэ сыщыIа? —
а упщIэр сэ езыми зызотыжыр.
ЗымащIэщ си зекIуапIэу къэзгъуэтыжыр,
атIэми сыту гугъэ куэд сиIа.
Сэ сытетащ иджыри къэскIэ щIылъэм,
къыхэкIыу щыспшыныжи стемылъ щIыхуэ.

Я упщIэр пшэхэм ирехьэжьэ жьыбгъэм,
си упщIэр, узу, къинэжынущ си бгъэм.

## 308

Макъ гуэр ныжэбэ си тхьэкIумэм итщ,
ар зэхызох, зыгуэркIэ сигу щыныкъуэм.
А макъыр зейри зэм си нэгум щIэтщ,
зиущэхуу си бжэIупэм Iут къысщыхъуу.

Ныжэбэ гуэрым абы сыпыщIащ.
Сэ сощIэ, ар псэужкъым Iэджэ щIауэ.
ДызэщIыгъуауэ зэгуэр сымыщIэж,
къысхуэмыщIэж игу илъи сигъэщIауэ.

СыблэкIрэ пэткIэ зэхэсха къудейщ,
зыужэгъуа гуэрым пасэу мы дунейр
фIы хуищIу игу, жриIэу псалъэ дахэ.

Иджы, лъэкIамэ, сэ сыкъихъумэнт.
Апхуэдэщ, мыпсэужым гугъэ къует,
къыбдэгъуэгурыкIуэ Iэджэм ар птрахыр.

309

Уздашэу хъуам укърашыжрэ
гурыщIэ лъэпкъ зымыщIэ гъуэгухэм.
Укъыщанэнкlэ хъунущ жыжьэ,
унамышэсми — я емыкIукъым.

Ущхьэщамышэмэ щыхупIэм,
къыпхуамыщIа щымыIэ хуэдэщ.
Апхуэдэ гъуэгухэр дэнэ щIыпIи
пхуэкIуэнущ, ядэ тетыр хэтми.

ИгъащIэм нэгъуэщI гъуэгу сохъуапсэ,
къыщежьэу лъагъуэу адэжь лъапсэм,
зэхыхьэу цIыхухэм я лъэужьу.



Ар жыжьэ плъэми, жыжьэ IукIкъым.
Зыгуэр илъагъумэ лъахэм икIыу,
мэущхъуэнтI и сабэр — ещхь мэхъу яжьэм...

310

КъэкIуэну гъатхэ гуэрым къыхуокI си нэ,
абы сынэмысыныр лIэм и гъунэщ.
А гъатхэр нэгу къыщIохьэ зэпымычу,
сыщIигъэгушхуэм зыри хэзмыщIыкIыу.

А гъатхэм си гухэлъхэр дэгъэгъэнущ,
сфIахьар къэзыхьыжынур арагъэнущ,
Къихьыжым щыщ езым къыслъымысыжми,
нэгъуэщIхэм зэщIракъуэ, сехъуэпсэжу.

Апхуэдэ гъатхэ гуэрым къыхуокI си нэ,
псэр игъэтыншрэ, си гур игъэину.
Абы хузэфIэкIынум егупсысым,
согугъэ къиутIыпщыну бзагуэм и бзэр.

А гъатхэр къыщыкIуэнур сэ сымыщIэ,
къэмыкIуэ щIыкIэ абы хузощI фIыщIэ.

311

Уэшх къыщешхым къэкIуа гупсысэр
псоми хуэдэкъым — Iэнкун сещI.
Ар сфIощIыр псыфу, щIыIэм ису,
уэшхым унэм къыщIихуам ещхыщ.

Уэшх нэужьми мыкIуэж щIэх дыдэ,
гукъэкIыжхэр хуемышэжьэж.
ГукъэкIыжхэр къокI щIыпIэ куэдым,
къокI гупсысэхэр нэхъ жыжьэж.

Мис, аргуэру уэшхышхуэ къошхыр,
зэм къысхуещI къэкIуэнум и гугъу.
Зыхуейр жеIэри, щIым хохьэжыр,
уепсэлъэну мы уэшхым гугъущ.

Игу къихьэху къызэупщIми — сыщымщ,
си жэуапри хихьэнущи щIым...



312

Мы гъащIэм зэхуэмыкIуэ Iэджи хэтщ,
нэхъыбэм здэзгъэзэнур къысхуэмыщIэ.
Хэт щхьэр теплъхьэну, уи фIэщ пщIынур хэт —
сыкъэзыгъапцIэм щыхуэсщI щыIэщ фIыщIэ.

Мы гъащIэм куэдрэ сегъэбэлэрыгъ,
къэкIуэн хуейр япэ къигъэкIуэнщ иужькIэ.
итIанэ си псэр хигъэтынщ бэлыхь,
апхуэдэу щытын хуейуэ фIэкI сымыщIэу.

Мы гъащIэр къысхуэпэжу си фIэщ мыхъу,
иужь зэманым ар къызгуроIуэжыр.
И IэфIымрэ и дыджымрэ я гугъу
сумыгъэщIыххэ — зыр адрейм хуокIуэжыр.

Си фIэщ хъуа Iэджэ къозэуэжыр псэм,
си фIэщ мыхъу гуэрхэрщ зэм сызыгъэпсэур.

313

Сэ сыхуейт зэгупсысыр къэсщIэну
уэшх блэкIам къигъэна псы инар.

Сыт, итыныр иужэгъум, ищIэнур,
ищIэу пIэрэ зэшыгъуэм пыщIар?

Уафэм фIэкI имылъагъуу псэунущ,
щIым хыхьэжу кIуэдыху и лъэужь.
Ауэ, соплъри, и Iуэху зэрыхъунур
къыгурыIуэу абы къысфIэмыщI.

ЩхьэщыкI пшэхэр абы къызэпхощыр,
япыщIащ — къэзылъхуар ахэращ.
Тетщ я гъуэгу къемыплъэкIыу пшэ хужьхэр,
къагъэнар ямыщIэжми ярейщ.

УщимыIэмэ щIым насып,
ущалъхуакIэ уэгу лъащIэм сыт...

314

Сэ щыуагъэу сщIам ущIэмыупщIэ.
СфIэщIурэ а псор зэзгъэзэхуэж,
Iэджэрэщ щысщIари нэхъыбэж.
КIэ абы щиIэнури сымыщIэ.

Си щыуагъэм щыхуэсщIыжи фIыщIэ
щыIэщ, сфIэщIу къысхуэхъуа сэбэп.
Ари зэщхьыр мыужьыхыж дэпщ,
къызэщIэрыуэжу къонэ гущIэм.

Зэхохьэж щыуагъэу сщIар игъащIэм,
ноби гугъэ Iэджэ сфIакъутэж.
Яхэтщ лейуэ сызыгъэукIытэж,
сришэжу сабиигъуэ пащхьэм.

Щыуагъэшхуэм мэхъу къелынкIэ цIыхур,
нэхъ шынагъуэр зэхыхьаращ цIыкIу-цIыкIуу.

315

Аргуэру вагъуэ йожыр слъагъуу,
мэункIыфI, псы щIыIэм хэхуа дэпу.
Къезыхужьар сыт Iуэху пIэщIэгъуэт,
зыIэщIэкIари дэнэт здэплъэр?

Ар хэтагъэнщ зыгуэр жиIэну,
псом дежкIи иIэу мыхьэнэшхуэ,
щIэбуфэ афIэкIа мыхъуну.
Апхуэдэм хъурэт утегушхуэ.

УигъэIуэтэнт и щэхур уэгум,
здынэмысыпхъэм къыщепхьэкIыу?
АрщхьэкIэ ныкъуэт вагъуэм и гур
тщхьэщыт дунейм щекIуэкIым щхьэкIэ.

ТекIуэдэжащ ар и гукъэкIым.
ПлъэмыкIыра хъунщ узыукIыр.

316

Жэуап зимыIэ упщIэр куэдт,
яхэтт къыщежьи уафэ лъащIэм.
Зэманыр упщIэурэ екIуэкIт,
сигъэкъуэншэжти — езыр хэкIт.
ЗытекIуэдар аращ си гъащIэр.

Сыздынэсар къэсщIэнт иджы
щыжысIэм — къосыр гукъэкIыжхэр,
зэгурыIуауэ къыщIэкIынт.
КъэзгъэщIа псор щIапщытыкIыж,
къызэрысфIэщIми емыплъыжу.

ПыщIащ абыхэм ящыщ зым
нэхъыщхьэр — упщIэм я упщIэжыр.
Жэуапыр стыну сыхьэзырт,
арщхьэкIэ упщIэр къысхуэщIэжкъым.

317

Сэ сыгъуэщащ, арщхьэкIэ сигу мыныкъуэ,
сыкъыздикIа лъэныкъуэри сощIэж.
Псы цIыкIу мэз щIагъым къысхуэгуфIэу щIож,
сызэришэжынури къызгуроIуэ.

Мэз Iувым щIыгъуу гъащIэ сэ соджэгу.
И бзум кърашыр, жыгхэм къаIущэщыр
мы си гум жиIэм зыхэсщIащ зэрещхьыр.
ДызэгурыIуэнум къэнэжар зытIэкIущ.

Сэ сощIэ, хьэкIэкхъуэкIи щопсэу мэзым,
къыспэмыувынуи сиIэкъым щыхьэт.
Сыхуэхьэзыру си гугъэжрэ пэт,
схуэщIэнур сыт, апхуэдэ гуэр сыхуэзэм?

Абы сыгурыIуэну сыхэтынщ.
Ар езым дежкIэ сфIэщIкъым хъуну тынш.

318

КъиутIыпщмэ зэ акъужьым и бзэр,
къыхыхьэжынщ пщыхьэщхьэм и псэр.
ИджыкIэ сыту щым уэгу щIагъыр.
ИкI махуэр нэсу зыхэсщIакъым.
Акъужьым сожьэри сыщысщ,
аргуэру гъащIэм согупсыс.

Къихьащи уэгум вагъуэ закъуэ,
къыхоплъэ щIым щекIуэкIым сакъыу,
къысхуэмыщIэж абы зэреджэр.
Сыт сигу щIэныкъуэр абы щхьэкIэ?
Псэлъэгъу а вагъуэм сыхуэхъунт,
зищIысыр псэр ищIэнкIэ хъунт.

ЗищIысыр псэр зыгуэркIэ къасщIэм,
псысэщIэ къыхэхъуэнщ си гъащIэм...

319

Псы къабзэм къыхэщ мывэр Iущэща
е зэхэсха псыпыхур зэрыщатэр?
Зы напIэзыпIэм сэ сыумэзэхащ,
щызекIуэр си лъым си нэм къыщIэкIуатэу.

Мы псым ирихьэхащ си гугъэ куэд,
итIани, кIуэху, нэхъыбэу сыдехьэхыр.
Мыбырэ уафэ къащхъуэмрэ нэхъ куур
зэхэзгъэкIыну сэ иужь сихьэнкъым.

Псыр пIейтеиху, си гущIэр докIэзыз,
къыфIэщI къысщохъури дяпэкIэ гъуэжыну.
ИужькIэ куэдрэ цIыхухэм согупсыс,
ягу илъыр зэрызмыщIэм сигъэшынэу.

Сыхэтми яжесIэну сызихэтыр,
нэхъыбэр зыщIэупщIэр сызисытырщ.

320

Сыт схуэщIэнур иджы, си гугъапIэ,
сынэмысу уи деж сезэшащ.
Къыспежьахэр иувэри сяпэ,
сыздашэфым нэсыху сынашащ.

Си дунейр зэрыхъужыр си лъахэрщ,
инэхъыбэм сынаплъэу сыщысщ.
Сигу къэкIыху сахоплъэж къысщIэхъуахэм,
нэзгъэкIуэнум уи деж согупсыс.

НысхуэкIуэн къахэмыкIым, сыт сщIэнур?
Иджырейхэм я плъапIэр нэгъуэщIщ.
Мыхъумэ — хуэму езыр сынежьэнущ,
зэ уи нэгум сиплъэну сыхуейщ.

Псы къиурей дякум дэжу къызжаIэ.
симыкIыфмэ, си напэр текIакъэ.

# ЛЪЭПКЪ ЩІЭЖЫМ И ДЖЭ МАКЪ

*ТхакІуэ цІэрыІуэ Памукъ Орхъан илъэс 70 щрикъум ирихъэлІэу*



ЛІэужьыр бжьиблкІэ мауэ, жеІэ адыгэ псалъэжьым. Гувэми щІэхми, цІыхур и блэкІам щыхуеплъэкІыж, и лъабжьэхэр къыщитІэщІыж, къызыхэкІар къыщилъыхъуэж зы лъэхъэнэ и гъащІэм къыхохуэ. Мылъкутегъуатэ ищІын щхьэкІэкъым, атІэ зыщыщыр, зи хэтыр къиищІэн, зыхэпсэукІ дунейми нэхъыфІу къыщацІыхун щхьэкІэщ и къуэпсхэр къыщІилъыхъуэр. Апхуэдэ Іуэхур пщэрылъ зыщызымыщІыжа, абыкІэ зэмыупщІыжа щІагъуэ тхакІуэхэм къахэкІагъэнкъым. Ар икІи гурыІугъуэ хуэдэщ. ТхакІуэр зытепсэлъыхьыр, зи гугъу ищІыр, зи щхьэфэ иІэбэр гупсысэ пыухыкІам и шыбзэм фІэкІыпІэ имыІэу щІегъэкІ, дуней лъагъукІэ гуэрым и щапхъэм ирегъэзагъэ, зыдищІэжми къыфІэмыІуэхуми, лъэпкъ нэщэнэ пыухыкІахэмкІэ еузэд. Къаплъэ нэхърэ къиплъ, жыхуаІэм ещхьу, тхылъеджэр щыщІэупщІэ куэдрэ къохъу, псалъэм папщІэ, тырку дунейм къыхэхъукІамэ, абы и литературэм щІапІыкІамэ, дэнэ тхакІуэм адыгэ нэщэнэхэр къыздрихыр, адыгэ ІуэрыІуатэм и уней пкъыгъуэхэр щызэригъэкъур, адыгэ хабзэм и курыхым щыгъуазэ зыщыхуищІыр, жиІэу. Бэчыжь Лейла шэрыуэу зэрыжиІащи, лъэпкъ щІэжым и джэ макъ къыпхыІукІращ, езы тхакІуэр щтэІэщтаблэ щищІыж къыхэкІыу, апхуэдэ «хъуаскІэхэр» къызэпхезыгъэдзыр.

Бэчыжьым зи гугъу ищІа джэ макъыр къызыпхыІукІ тхакІуэхэр щымащІэкъым Тырку щІыналъэм, абыхэм адыгэу залъытэжми, къуэпскІэ адыгэм екІуэлІэжу щытми. Зыщыщыр зыдэзыщІэжыр ууейщи, и Іуэхур щхьэхуэщ, ауэ «тхыдэм игъэгъуэщауэ» зыкъэзылъыхъуэжхэр гъэщІэгъуэн мэхъу. Апхуэдэу «и щхьэ и лъыхъуакІуэу хэтхэм» яхэплъытэ хъунущ Нобель и саугъэтыр зыхуагъэфэща Памукъ Орхъан.

Хэт хъуну ар езыр? Щхьэ ар адыгэм гъэщІэгъуэн ящыхъун хуей? Дуней псом цІэрыІуэ щыхъуа Орхъан 1952 гъэм июным и 7-м Истамбыл къыщалъхуащ. Абы и цІыкІущхьэри и щІалэгъуэри щыкІуар щыхьэрышхуэм и Шишлы хьэблэм хыхьэ щІыпІэ нэхъ зэІузэпэщ дыдэхэм ящыщу НишанташыкІэ зэджэращ. КъызыхэкІар Хэкур егъэзыгъэкІэ ирагъэбгынэу Тыркум яхуа зы адыгэ унагъуэщ. ПсэупІэ яхуэхъун къэзылъыхъуэ адыгэ минищэхэм яхуэдэу, Орхъан и адэжьхэми Уэсмэн пащтыхьыгъуэр къызэхакІухьащ, икІэм щетІысэхари Манисэ къалэм и Іэхэлъахэрщ. Тыркум къыщыхута адыгэхэр зэрагъэтІысам уеплъмэ, шэч къытумыхьэжу Памукъ Орхъан лІакъуэкІэ шапсыгъхэм зэращыщым тебгъэчыныхь хъуну къыдолъытэ. Манисэ щІыналъэм ноби шапсыгъ адыгэ къуажэхэр къыщызэтенауэ итщ.

ТхакIуэм адыгэ къежьапIэ зэриIэм гурыщхъуэ худимыIэжу дытезыгъэпсэлъыхь щхьэусыгъуэ зыбжанэ щыIэщ. Орхьан и къуэш нэхъыжь Шэукъэт, Истамбыл дэт Босфор университетым экономикэм и тхыдэмкIэ и профессорым, зэрыжиIэмкIэ, зэшхэм я адэ Къундуз и адэ и лъэныкъуэкIи, и анэ и лъэныкъуэкIи и Iыхьлыхэр щIыгъуу 1890 гъэм нэсыхункIэ Манисэ хиубыдэ Гёрдэс щIыналъэм щыпсэуащ. Къундуз и адэшхуэ Сабит-бей XIX лIэщIыгъуэм и етIуанэ Iыхьэм ирихьэлIэу Гёрдэс и Iимам нэхъыщхьэу щытащ, дин еджагъэшхуэт, зэхэщIыкI лъагэ зиIэ цIыху Iущт. Къундуз и анэшхуэри ИстамбылакIуэм и лъэхъэнэм Кавказым къикIыу Гёрдэс къэкIуахэм ящыщт.

Унагъуэр XX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэхэм япэщIыкIэ Измир Iэпхъуащ, иужькIэ Истамбыл кIуауэ щытащ. Езы Орхьан и гукъэкIыжхэм къызэрыхэщымкIэ, гъунэгъухэм гу лъатэрт абыхэм яхэтIысхьа унагъуэр теплъэкIэ езыхэм зэремыщхьым, хужьыфэу, цIыху лъагэхэу, пкъыфIэу зэрыщытым. Апхуэдэу къазэрыщхьэщыкIым, я щIыфэр бжьэхуцым хуэдэу зэрыхужьым щхьэкIэ, «pamuk» жаIэурэ, Тыркум щыпсэу псоми унагъуэцIэхэр зрагъэгъуэтын хуейуэ къэралым къыщигъэувым, ар ирагъэтхри, абы къытенауэ щытащ. Я адыгэ унагъуэцIэр езыхэм ящIэжыркъым. Ауэ, адыгэ шхуэлыр кIыхьщ, жаIэ, ар къажезыIэн гуэр зэрыщыIэм ди щхьэкIэ шэч къытетхьэркъым.

Памукъхэ я унагъуэр хуэщIауэ, зыхуэныкъуэ щымыIэу псэуащ. Орхьан и адэшхуэри, и адэри, и адэ къуэшри я IэщIагъэкIэ инженерт, къэралыр зыхуэныкъуэ IэщIагъэт. Орхьан и адэ Къундуз IBM жыхуаIэ америкэ IуэхущIапIэшхуэм и къудамэу Тыркум щыIэм и нэхъыщхьэт, и анэ Шэкурэ унэгуащэт. Мыбдеж лей мыхъуну къыщIэкIынщ, Орхьан и анэр тыркухэр «къупщхьэ хужькIэ» зэджэ лъэпкъым къызэрыхэкIари къыхэдгъэщмэ. Ар къызытехъукIыжар уэсмэн пащтыхьхэм щIэх-щIэхыурэ ялъихьэ, куэдкIэ япыщIа, Крит щIыналъэм и Iэтащхьэу щыта Ибрэхьим-пэщэ цIэрыIуэрщ.

Орхьан къыщыхъуа, зыщапIа унагъуэм хабзэу къыщекIуэкIар, зэхущытыкIэу илъар, къэралыгъуэм щекIуэкI псори къазэрыщыхъуу щытар къыхэплъагъукIынущ «Джэудэт-бейрэ и къуэхэмрэ» романым. ЛIэщIыгъуэ зэблэкIыгъуэм зи гъащIэр хиубыда унагъуэм и лIэужьыщыр къэралым къыщыхъухэм зэраIущIам и гугъу щищIкIэ, жьым и Iэдэм зрамыгъэкъузу, щIэм и гъуджэм иплъэныр къызэрыхахар къыхегъэщ. Къапщтэмэ, Орхьан и унагъуэр Истамбыл къызэрыкIуэжрэ гъащIэр европей пщалъэкIэ япщрэ а гъуджэм иплъэу, дунеягъэ щIэныгъэм хуэмыхамэу, хамэбзэхэр зрагъащIэу, нэгъуэщI лъэпкъхэм я щэнхабзэхэр яфIэгъэщIэгъуэну къекIуэкIа унагъуэщ.

Орхьан и унагъуэр инт, къатыбэу зэтет унэт зыщIэсри, зэрылъхузэрыпI абы щыпсэухэм адэшхуэр дунейм тетыху ящхьэщытащ, абы иужькIэ унафэр анэшхуэм деж къекIуэкIащ. Бынми бынырылъхухэми нанэм и пщIэр яIыгъащ, и псалъэ тIэужыIэ ирагъэщIакъым. Зыгуэр япиубыдынуи, зыгуэр къыжьэдикъуэнуи хэттэкъым ар, ауэ цIыху захуэт, куэдым хищIыкIырти, и жьауэр яфIэкъабылт. Адыгэ унагъуэм и зэхэтыкIэщ хэплъагъуэр, сыт хуэдизкIэ европей гупсысэкIэр я дуней лъагъукIэм къебэкIыу щымытами.

Орхьан тхылъри, тхылъ еджэнри зэрыцIыкIурэ фIэфIт. И адэм и тхылъ хъумапIэ ину Тхылъ минрэ ныкъуэм нэблагъэ зыщIэлъым щIалэ цIыкIур махуэ псом щIэкIуадэрт. Хъуапсэрт езыр балигъ хъумэ, тхылъ куэд зэригъэпэщыну, икIи къехъулIащ ар: нобэ Орхьан и тхылъэщым мин пщыкIутIым щIигъу хэлъщ. ЩIалэм хэлъэт иIэт, ар гурыхуэт, жант. «Robert College» жыхуаIэ америкэ еджапIэр хъарзынэу къиухри, архитектор IэщIагъэм хуеджэну Истамбыл дэт Технологическэ университетым щIэтIысхьащ. АрщхьэкIэ нигъэсакъым. Орхьан тхакIуэ хъуну зэрыщIэхъуэпсыр и адэ-анэм яжриIэри, журналист IэщIагъэр щызрагъэгъуэт институтым еджэну кIуащ. И адэр щыгуфIыкIащ къуэм ищIа гуращэм (ар езыр зэзэмызэ къыпытхыкIыу апхуэдэт), анэм къабыл ищIакъым, ауэ икIи пэувакъым.

Институтым щыщIэс илъэсхэрщ Орхьан тхэным нэхъ зыщритар, абыкIэ и лъэкIыныгъэр здынэсыр игъэунэхуу щыхуежьар. Тхэн щригъэжьар 1974 гъэрщ, и япэ тхылъри, «КIыфIымрэ нэхумрэ» зыфIища романыр зэрытыр, дунейм къыщытехьар 1979 гъэращ. Тырку тхакIуэ цIэрыIуэ Орхьан Кемал и цIэр зезыхьэ саугъэтыр къыщIыхуагъэфэща мы тхыгъэшхуэм Орхьан иужькIэ хэлэжьыхьыжщ, къыщыIэта Iуэхугъуэхэм зригъэубгъури, 1982 гъэм «Джэудэт-бейрэ и къуэхэмрэ» фIэщыгъэр иIэу етIуанэу къыдигъэкIыжащ. Тхылъым щIэупщIэшхуэ иIащ, зэуи зэбгрыкIат. Абы щыгъуэщ тхакIуэ ныбжьыщIэм къыщыгурыIуар и IэщIагъэр къызэригъуэтыжар.

Абдеж къыщежьэри, Орхьан сыт хуэдэ тхыгъэ утыку къримыхьами, хамэбзэхэмкIэ зэрадзэкIыу, фIыщIэтынхэмрэ саугъэт зэмылIэужьыгъуэхэмрэ хуагъэфащэу хъуащ. Къыхэдгъэщынщи, 1984 гъэм Орхьан итха «Унэ даущыншэ» романыр франджыбзэкIэ 1991 гъэм дунейм къытехьащ, «БыдапIэ хужь» романым 1990 гъэм Америкэм и Штат Зэгуэтхэм литературэмкIэ и саугъэт лъапIэ къыщихьащ, «Уэс» романыр 2004 гъэм а къэралым къыщыдэкIа тхылъ нэхъыфIипщIым хабжащ. «Тхылъ фIыцIэ» романыр Тыркум литературэ къэхъугъэшхуэу къыщалъытат. Тхыдэр зи тегъэщIапIэ, абы и пэжымрэ пцIымрэ я зэпылъыпIэр къэзыхутэ тхыгъэм кIэщIу кинофильм тращIыкIри, Тыркум щагъэлъэгъуауэ щытащ. 1998 гъэм дунейм къытехьа «Сэ си цIэр Плъыжьщ» романыр бзэ 30-кIэ зэрадзэкIауэ щытащ, Ирландием щагъэува литературэ саугъэт нэхъыщхьэри а романым къратат. Мыпхуэдэ щапхъэхэр куэд мэхъу.

Псори зэхэту къапщтэмэ, Памукъ Орхьан и Iэдакъэ къыщIэкIа тхыгъэхэр бзэ 75-м щIигъукIэ зэрадзэкIащ, и тхылъхэр мелуан 15 нэхърэ нэхъыбэ хъууэ къэрал зэхуэмыдэ куэдым къыщыдэкIащ. Америкэм и Штат Зэгуэтхэм къыщыдэкI «Тайм» журналым Памукъ Орхьан щIэупщIэ нэхъ ин дыдэ дуней псом щызиIэ цIыхуищэм яхибжауэ щытащ. Тыркум, Германием, Франджым, Урысейм, США-м литературэмкIэ я саугъэт бжыгъэншэхэр къихьами, псом ящхьэж хъуар 2006 гъэм къыхуагъэфэща Нобель и саугъэтырщ. Тыркум щыщу а дамыгъэ лъапIэ дыдэр япэу зратари Орхьанщ.

И япэ тхылъым щегъэжьауэ Памукъ Орхьан и Iэдакъэ къыщIэкIыу хъуар цIыхухэм щIызэрапхъуэр, яхузэрымыгъэгъуэту щIеджэр «гъащIэм и пэжым и пцIанапIэкIэ зэрытеIэбэфырщ», куэдым зыкъыхалъагъукIыжу зэрыщытырщ. Абы и романхэр постмодерн жыхуаIэ тхэкIэ жыпхъэм итщ, уеблэмэ «БыдапIэ хужь», «Тхылъ фIыцIэ», «ГъащIэщIэ», «Си цIэр Плъыжьщ», «Уэс» романхэр литературэм а и лIэужьыгъуэм и курыхщ. Орхъан и тхыгъэхэм Iэмал зэпэщIэтхэр йобэкI: дыгъуасэ – нобэ, къухьэпIэ – къуэкIыпIэ, классикэ – иджырей, жьы – щIэ хуэдэ гупсысэ зэпэувхэмрэ еплъыкIэ зэблэухэмрэ.

ЖаIэнущ, икIи зэхэпхынущ, Нобель и саугъэтыр зэрыхуагъэфэщара Орхьан ди лъэпкъэгъуу къыщIэтлъытэн хуейр, жаIэу. Зы лъэныкъуэкIи, уегупсысмэ, пэжщ ар. Тыркум къыщалъхуами, зэрытхэр тыркубзэми, адыгагъэм и гущэм къихъукIатэмэ, ину адыгэ и бынщ, тхужыIэнт. Ауэ, и гъащIэр къызэрекIуэкIар аращи, зи къуэпсыр хэгъуэж адыгэ унагъуэщ къыщалъхуар, ауэ, апхуэдэу щыт пэтми, абы зыкъыщимылъыхъуэж зэи къэхъуакъым. Орхьан адыгэм и быну къэлъытэн щIыхуеймрэ и зы щхьэусыгъуэщ тхыдэм зыщигъэгъуазэу, и лъэпкъ и щхьэ кърикIуар нэхъ гъунэгъуу зригъэщIэну зэрыхэтыр.

2015 гъэм дунейм къытехьащ «Тыркур Европэ дунеишхуэм» зи фIэщыгъэ щIэныгъэ лэжьыгъэшхуэр, Нобель и саугъэтыр зыт IуэхущIапIэм и IэщIагъэлIхэм ягъэхьэзырар. Тыркумрэ Урысеймрэ я зэхущытыкIэм, хэкуитIми щыпсэу лъэпкъхэм я тхыдэмрэ лъэпкъ щIэжымрэ хэлъ щхьэхуэныгъэхэр къэзыхутэ а лэжьыгъэм щIыпIэ хэха щеубыд «диаспора» жыхуэтIэ фIэщыгъэм. ХамэщIыр унапIэ зыхуэхъуахэмрэ абыхэм я щIэблэмрэ Тырку дунейм зэрыхэувам и гугъу щащIкIэ, лIэужьу текIым емылъытауэ, цIыхум и къуэпсыр зэрыщымыгъупщэр, Тыркум и цIыхуу щытми, тыркугъэ зэрызэрамыхьэр дэнэ дежи къыщыхагъэщу зэрыщытым гу лъатэ абыхэм. Щапхъэуи къахь Нобель и саугъэтыр зрата Памукъ Орхьан: «ЛитературэмкIэ Нобель и саугъэтыр зыхуагъэфэща Памукъ Орхьан и лъэпкъкIэ адыгэщ. Лъапсэрыхыр къызыхуагъэкIуа а лъэпкъым и лъахэщ 2014 гъэм Олимпиадэр щекIуэкIа Сочэ щIыналъэр». Мыбы хьэкъыу къегъэлъагъуэ, «сышэрджэсщ» щыжиIэкIэ, Кавказым и лъэпкъ гуэри мыхъуу, адыгэм къызэрыхэкIар Орхьан зэрызыдищIэжыр, гъуэтыгъуэ ихуэху сыт хуэдэ псалъэмакъми ар къыщыхигъэщкIэ, и къуэпсхэм мыхьэнэ иIэу къызэрилъытэр. Арыххэуи, цIыхугъэм и пщалъэкIэ уеплъмэ, и гупсысэр, и дуней лъагъукIэр къэзыгъэщIар адыгэхэращ, жыпIэ хъунущ.

Памукъ дуней псом щыцIэрыIуэ романист къудейкъым, ар икIи жылагъуэ Iуэхухэм жыджэру хэт, дэтхэнэ лъэпкъми и хуитыныгъэхэм, демократием къызэщIиубыдэ гурыIуэныгъэхэм яIыгъ гупсысакIуэщ. Зи Iуэху еплъыкIэр зыхуэмыбзыщI, захуагъэм сыт щыгъуи и телъхьэ Орхьан щалъхуа хэкум щыпсэуну Iэмал зимыIэ цIыхухэм ящыщщ. 2005 гъэм Тырку къэралыгъуэм ар хьэкумым иришэлIэну иужь ихьащ. Щхьэусыгъуэ хъуари тхакIуэм «Das Magazin» зи фIэщыгъэ швейцар газетым ирита интервьюм щыщ псалъэрщ. «Тыркум курд-

хэм ящыщу цIыху мин 30-м щIигъу иукIащ, ермэлы мелуаным нэблагъэ игъэкIуэдащ. Абы зыри тепсэлъыхьыркъым, уеблэмэ апхуэдэ нэщIэбжьэ къэмыхъуам хуэдэущ къызэралъытэр. 1915 гъэм ермэлыхэм я щхьэ кърикIуам игъэгуIар а лъэпкъым и закъуэкъым. А гуIэгъуэр ялъэIэсащ а лъэхъэнэм Тыркур псэупIэ зыщIа нэгъуэщI лъэпкъ куэдми. Иджыри къыздэсым а нэщIэбжьэр щэху зэфэзэщу щытамэ, нобэ дрипсэлъэну Iэмал диIэщ. ЖытIэн хуейщ, къэттIэщIын хуейщ, къытщIэхъуэ щIэблэхэм я пащхьэ гу къабзэ-псэ къабзэу дитыну дыхуеймэ. Сэ фIыуэ сыкъыщIамылъагъур джатэщхьэрыкIуэ ящIа а лъэпкъхэм я тхыдэм и пэжыр зэрыжысIэрщ, arащ и щхьэусыгъуэр сыщалъхуа щIыпIэр сыбгынэн щIэхъуами», – жиIащ Памукъ Орхьэн.

ТхакIуэм ибзыщIакъым абы щхьэкIэ натIэрыуапIэ къащIауэ къэралым зэхэзехуэн зэрищIыр, и цIэр ягъэулъиину хэту тырку хъыбарегъащIэ IэнатIэхэр и ужьым зэримыкIыр. Адыгэ щылъхум къыкIэлъызэрахьэ лейр ямыдэу Тырку къэралыгъуэм джэ псалъэкIэ зыкъыхуагъэзащ дуней псом щыцIэрыIуэ тхакIуэхэу Маркес Габриэль Гарсиа, Грасс Гюнтер, Сарамагу Жозе, Льоса Марио Варгас, Апдайк Джон, нэгъуэщI куэдми. АрщхьэкIэ къикIа щыIэкъым: Истамбыл и Шишлы хьэблэм дэт хьэкумщIапIэм Орхьан къипсэлъахэм щхьэкIэ тырку лирэ минихкIэ (доллар 3850-рэ хуэдиз хъунущ) етхьэкъуну унафэ къихьащ... Апхуэдэу щыт пэтми, Орхьан тырку литературэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ икIи хуещI, и лъахэгъу куэдми пщIэ къыхуащI.

Нобэ Памукъ Орхьан Америкэм и Штат Зэгуэтхэм щыIэ, Нью-Йорк къалэшхуэм и Манхэттен хьэблэм дэт Колумб щIэныгъэкъэхутакIуэ университетым и профессорщ, дунейпсо литературэм и тхыдэмрэ тхэкIэ хабзэхэмкIэ лекцэхэм къоджэ. Апхуэдэу Орхьан къэрал куэдым я университетхэм щIыхь зиIэ я профессорщ, академикщ. Памукъ Орхьан Америкэм и гупсысакIуэхэм я ЗэгухьэныгъэкIэ зэджэ хасэшхуэми хэтщ. Орхьан цIыху зэIухащ, дунейм щекIуэкI жылагъуэполитикэ Iуэхугъуэшхуэхэм ехьэлIауэ зи гупсысэр нахуэу къэзыIуатэ тхакIуэщ, егъэджакIуэщ, нэхъыжьыфIщ. Арагъэнущ ар щIалэгъуалэм я кIуапIэу щIыщытыр, и лекцэхэм цIыхушхуэ къыщIекIуалIэр.

Памукъ Орхьан, адыгэжь жыIэкIэкIэ жыпIэмэ, иджыри зи гуащIэ илъ тхакIуэщ. Абы и Iэдакъэ къыщIэкIа тхыгъэхэр урысыбзэкIэ зэрадзэкIыурэ «Амфора» тхылъ тедзапIэм къыщыдокI илъэс зыбжанэ хъуауэ. Шэч хэлъкъым, абы и утыку псалъэмакъхэм адыгэм и Iуэхури къызэрыхэувэнум, лъэпкъри ину щIэгушхуэн къызэрыкъуэкIынум.

**ТАБЫЩ Мурат,**
*«Адыгэ псалъэ» газетым и*
*щIэныгъэ обозреватель*

# УСЭМ И КЪАРУР

Урыс тхакIуэшхуэ Толстой Лев итхыгъащ: «Поэзиер – ар цIыхум и гущIэм къыщылыд мафIэщ – а мафIэм укъегъэнэху, уегъэхуабэ, уес». Ауэ, зэрыгурыIуэгъуэщи, усакIуэ нэсырщ уи гур зыгъэхуэбэнури, укъызэщIэзыIэтэнури, гъащIэм нэгъуэщIынэкIэ уезыгъэплъынури. Тхьэм и шыкуркIэ, Къэбэрдейм ди мащIэкъым усыгъэм и къурш щыгухэр къэзыгъэIурыщIа, узэрыгушхуэ хъун апхуэдэ усакIуэ щэджащэхэр. Абыхэм яхызобжэ си тхыгъэм сызыщытепсэлъыхьынухэр. Ахэр Бицу Анатолэ, Иуан Бубэ, Къармэ Iэсият, Мыкъуэжь Анатолэ сымэщ. НэгъуэщI зыбжанэми я гугъу сщIыфынут, ауэ усакIуэхэм сахэплъэжу зи цIэ къисIуахэр къыщIыхэсхар я IэдакъэщIэкIхэр си псэм нэхъ зэригъунэгъурщ, я тхыгъэхэм ямылейуэ хьэщыкъ сызэращIарщ.

Сэ сыусакIуэкъым икIи сыкритиккъым, зи гугъу сщIыну усакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэр зэпкърысхынуи си пщэ дэслъхьэжыркъым, поэзиер, литературэр фIыуэ зылъагъу (зэзэмызэ прозэ тхыгъэ гуэрхэр суцIырхъми) цIыхухэм сащыщу арщ. СощIэж, школым сыщыщIэс зэманхэм сытым хуэдэу гухэхъуэгъуэ ин згъуэтрэт ЩоджэнцIыкIу Алий, КIыщокъуэ Алим сымэ я усэхэм, поэмэхэм сыщеджэкIэ. Ауэрэ, балигъ гъащIэм сынэса нэужь, ди адыгэхэм нэмыщI, къэсцIыхуащ, си гум абгъуэ щащIащ усакIуэ телъыджэ зыбжанэм: Лермонтов, Есенин, Тютчев, Рубцов, Гамзатов – псори къезбжэкIынкъым.



## БИЦУ АНАТОЛЭ



Бицум и усэхэм критикхэри ди усакIуэ пажэхэри тепсэлъыхьащ. Нэхъ иужьу абы и творчествэм теухуауэ тхыгъэ хьэлэмэт и Iэдакъэ къыщIэкIащ Хьэвжокъуэ Людмилэ. Си гум къиишхыдыкIащ. Малъхъэдисым хуэдэу сызыщIэзыша усэхэр щапхъэу къихьащ. Абыхэм иджыри зэ кIэщIу сакъытеувыIэми лей хъуну си гугъэкъым.

Зы гъэ республикэм дикIри, Сэхъурокъуэ Хьэутий ди пашэу, гупышхуэ – къулыкъущIэхэр, тхакIуэхэр, журналистхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр хэту – дыкIуат Мэздэгу, ди Правительствэм министру щылэжьа Тыркуин Анатолэ и фэеплъ махуэр дгъэлъэпIэну. Ар а щIыналъэрт къыщалъхуар. Зэхуэсым кърихьэлIат Адыгейми Къэрэшей-Шэрджэсми я лIыкIуэхэр. Хэхэсу щыпсэуа хамэ щIыналъэм къикIыжу адэжь лъапсэм, Адыгейм, къэзыгъэзэжа МэшхуэфI Нэждэт дыщIэкIуа Iуэхум, адыгэм ди нобэр, ди пщэдейр зэрилъагъум тезгъэпсэлъыхьын хьисэпкIэ сыщыбгъэдыхьэм, къызжиIаращ: «КхъыIэ, сэ абы и гугъу сумыгъэщI, МэшбащIэр (ари кърихьэлIат зэхыхьэм) е Сэхъурокъуэр гъэпсалъи нэхъыфIщ». Ауэ, ухуеймэ, Бицу Анатолэ и уситI сыкъыпхуеджэнщ». СыгуфIэри диктофоным тестхащ. Мы Iуэхугъуэр къыщIыхэзгъэщаращи, Бицум

и ӀэдакъэщӀэкӀхэр щацӀыхур, фӀыуэ щалъагъур Къэбэрдейм и закъуэкъым. Шэрджэс щӀыналъэм уихьауэ литературэм, прессэм я лэжьакӀуэхэм уаӀущӀамэ, япэу зи цӀэ къраӀуэхэм ящыщщ Анатолэ.

*Си анэдэлъхубзэу си псэ,*
*Си анэдэлъхубзэу си нэ,*
*Щхьэ ущымыӀужрэ къабзэу*
*Нобэ уэ адыгэ унэ?*

Зэ еплъыгъуэкӀэ, едзыгъуэ къызэрыгуэкӀщ. Ауэ, уегупсысмэ, а сатыриплӀым куэд къыбжаӀэ. Адыгэбзэр кӀуэдыжынкӀэ (абы лъэпкъри здихьынущ) зэрыхъунум урегъэгупсыс. Сыт апхуэдэ щытыкӀэм дыщӀыхуэкӀуар? Аращ усакӀуэм хуэмыгъэткӀур, и гурыгъузыр, и псэм абрэмывэу телъыр. Хэт абыкӀэ къуаншэр? Жэуап етыгъуафӀэкъым а упщӀэхэм.

Нобэ Налшык къыщыхъу ди сабийхэм я нэхъыбэм къабзэу дэнэ къэна, мыкъабзэуи ящӀэркъым адыгэбзэр. Ар гузэвэгъуэкъэ?

Бицум и усэхэм увыпӀэшхуэ щаубыд зауэжь екӀуэкӀамрэ анэм хуиӀэ фӀылъагъуныгъэмрэ. Хэку зауэшхуэм темытхыхьа тхакӀуэ, усакӀуэ закъуэтӀакъуэххэ фӀэкӀа диӀэу сщӀэркъым, ауэ Анатолэ абы теухуауэ и Ӏэдакъэ къыщӀэкӀахэр телъыджэщ жысӀэми егъэлея хъуну къыщӀэкӀынкъым. «Сурэт», «Анэм и гур», «Нэф», «Абыхэм ящӀэрт я псэр щӀатыр» – зауэжьым ехьэлӀа усэ курыхыу Къэбэрдейм диӀэхэм я сатырым мыхэр зэрыхэтым шэч къытесхьэркъым. Псом хуэмыдэу дыщэ зэрылэщ «Нэф» зыфӀища усэ кӀэщӀ цӀыкӀур: зэ фӀэкӀа укъемыджами, зэи пщымыгъупщэну гущӀэм йотӀысхьэ. Зытеухуар хэкур бийм щызыхъума сэлэт къызэрыгуэкӀщ. Ар къелащ зауэм, ауэ а мафӀэ лыгъэм абы Ӏихащ и нитӀыр. Илъэс дапщэ хъуа ар Анатолэ ди пащхьэ къызэрырилъхьэрэ, атӀэми нобэр къыздэсым сигу ихуркъым а сатырхэр, си нэгум щӀэтщ усэм зи гугъу щищӀ персонажым и сурэтри:

*О, сыту гуфӀэу*
*Ӏуплъэжынт ар нобэ*
*Зэгуэр мафӀэсым щихъума дунейм!*
*... КъекӀухьыр нэфым,*
*БашкӀэ Ӏэбэрабэу,*
*ФӀэкӀуэда нитӀыр къильыхъуэж нэхъей.*

Бицур зытепсэлъыхь цӀыхум хуэдэ мызэ-мытӀэу нэхъапэхэм сыщрихьэлӀащ Налшык и уэрамхэм: нэгъуджэ фӀыцӀэ Ӏулъу, башкӀэ Ӏэбэрабэу уэрамым ирикӀуэу. Апхуэдэхэм деж сигу къэкӀыжырт усэр икӀи сэр-сэру жысӀэрт «яраби, мырмырауэ пӀэрэ Анатолэ зытетхыхьар?»

ИщхьэкӀэ къызэрыхэдгъэщащи, усакӀуэм и творчествэм увыпӀэ щхьэхуэ щаӀыгъщ анэм теухуа тхыгъэхэм:

*Зэгуэр уи анэм и джэ макъ зэхэпхмэ,*
*Ухэтми дэпым – уэ зэщӀэувыӀыкӀ.*
*Зэгуэр уи анэм и джэ макъ зэхэпхмэ,*
*Ажалу щытми къожьэр – къызэплъэкӀ.*

Телъыджэкъэ мы сатырхэр? Анэм темытхыхьа усакIуэр укIуэдыж, ауэ Бицум хуэдэу псэм лъэIэсу, зыми жамыIа псалъэ щIэщыгъуэкIэ ар къызэхъулIар мащIэщ.

«Телеграммэ» зыфIища поэмэ цIыкIур-щэ? Зэ уеджамэ, игъащIэкIэ пщымыгъупщэжын тхыгъэ хьэлэмэтщ. ЩIыпIэ жыжьэ щыIэ щIалэм телеграммэ къыIэрохьэ и анэр зэрыхьэлъэр иту. Къуэм и гум щыщIэр, и фэм дэкIыр апхуэдизкIэ фIэщ пщохъури, ар Бицум къигупсысауэ уи щхьэм къыпхуигъэтIасэркъым (ар къэхъупами тщIэркъым).

*Си анэ! Сытхэр къыпщыущI?*
*Укъэзгъэнати лъэрытету!*
*Аргуэру ухъуу бауэкIэщI,*
*Укъытехуа хьэсэкум уиту?*

Иужь сатыр закъуэм сыту куэдыщэ къыбжиIэрэ! Мыбдежым уи гупсысэр хуэмыкIуэу къанэркъым адыгэ къуажэ дэс анэм унагъуэм теубгъуауэ и гъащIэр зэрихьым. Абы си нэгу къыщIегъэхьэж си анэмрэ си анэшхуэмрэ: сабий бынунэр дыкъэмыуш щIыкIэ Iуэху мащIэ зэфIагъэкIрэт! Хьэкум мафIэ ищIауэ, жэмыр къашри Iэхъуэм дагъэкIауэ, ди шхыныр хьэзыру дыкъэтэджырт. Зэи я Iэр увыIэу гу лъыттэртэкъым. ТщIэртэкъым зыщагъэпсэхури.

МыдэкIэ девгъэплъыт Анатолэ и «СынитI» усэм. Кхъэм кIуауэ адэ-анэм я сынхэм бгъэдэт лирическэ лIыхъужьым (ар езы усакIуэрауэ хузогъэфащэ) и щхьэр зыфIеудыж:

*СщIам я жагъуэ зыщ зэрысщIар –*
*Си гулъытэ нэс щызгъэщIащ.*
*Сядэ-сянэркъым хъуар ар зи жагъуэ,*
*Ихъыр ноби сэращ а гурыгъум.*

Хьэуэ, къэзылъхуахэр гулъытэншэ ищIауэ аракъым къуэм. Си фIэщ мэхъу ар зэрыгупцIанэр, хузэфIэкIыр адэ-анэм зэрахуилэжьар, Iэмал игъуэтыху кIуэжурэ зэрилъэгъуар. Ауэ Бицум и усэм хэлъ гупсысэ нэхъыщхьэр, сызэреплъымкIэ, мыращ: сыт хуэдизу умылъэгъуами, сыт яхуумыщIами – мащIэщ, адэ-анэм теухуауэ къыптехуэ хьэкъыр зэи пхуэмыпшыныжынщ. Апхуэдэ усэ хьэлэмэтхэр, гъащIэм и лъащIэр кууэ къыщыщIэгъэлъахэр, и гъунэжщ усакIуэм.



## ИУАН БУБЭ



Бубэ ящыщщ зи творчествэм гулъытэ нэс хуамыщIахэм. Абы теухуауэ сигу къэкIаращ: ар Налшык дэсамэ, тхакIуэ-усакIуэхэр зыIут IуэхущIапIэ гуэрым щылэжьамэ, и цIэр яIэтынт, нэхъыбэми яцIыхунт. Пэжщ, Иуаныр зэрызэчиифIэм щыгъуазэт литературэр фIыуэ зылъагъу зыбжанэ, КхъуэIуфэ Хьэчими зэрэ тIэурэ абы тепсэлъыхьу зэхэсхат. Бубэ и усэ Iэрамэихуащ «Къэбэрдей усэми антологием», и зы тхылъ къыдэкIауи сощIэ. Адыгэм ди усакIуэ

пажэхэм ящыщ Бемырзэ Мухьэдинрэ Иуанымрэ зэрыцIыхуу щытагъэнукъым, ауэ а тIум я IэдакъэщIэкIхэр зэподжэж: тIури адыгэпсэщ, адыгэгущ, тIуми я гурыгъузыр ди лъэпкъырщ, ди блэкIарщ, ди къэкIуэнурщ. Бубэ набдзэгубдзаплъэщ, гъащIэм нэ жанкIэ кIуэцIроплъыф, и IэдакъэщIэкIхэр гупсысэ куукIэ гъэнщIащ, и бзэр къулейщ. ЯпэщIыкIэ дыкъытеувыIэнщ дыкъэзыухъуреихь дунейм теухуауэ Иуаным и усэ зытIущым. Абыхэм уамыхьэхункIэ Iэмал иIэкъым:

*ШыщIэ джэгур зыщI акъужьым*
*Жагъэр сэнтхым къыщищтащ,*
*ЗэщыпкIыжу гъэгъа кхъужьри*
*Бжьэ ву макъым къигъэщтащ.*
*ЩIанэ цIынэм и мэ IэфIыр*
*Къегъэкъуалъэ дыгъэ бзийм,*
*Нобэ, уеблэм, хъуэхъу жеIэфыр*
*Уэ едаIуэт – ди псыкъуийм.*

Мыр гъатхэм теухуауэ итха усэм щыщщ. Зыми емыщхьу, зыми зыпимыщIыжу телъыджэу ди нэгу къыщIигъэувэркъэ дунейм и щIэрэщIэгъуэ зэманыр? И бзэр дахэкъэ? Уеджэну тыншкъэ? «Жагъэ», «щIанэ» псалъэхэм къарыкIыр нобэ куэдым ямыщIэнкIи хъунщ. Е девгъэплъыт Къущхьэхъум теухуа усэ цIыкIум:



*Iэщыр гуартэ пакIэу,*
*ПэкIэ хъуным хэлъщ,*
*ТкIуэпсхэр я IуфакIэм,*
*Утхэу къыполъэлъ.*
*Дыгъэ бзий хуабагъкIэ*
*ЩIылъэм зегъэнщIыж,*
*Къыщхъэщихыу бахъэр,*
*Iэхъуэр мэгъущыж.*

Гъэмахуэ хъупIэхэм зэи имыхьа, абы щыIэ дуней щытыкIэм щIэхщIэхыурэ зэрызихъуэжыр зымыгъэунэхуа, Iэщыхъуэхэм зэман гуэркIэ яхэмыта усакIуэм мыпхуэдэ сатыр хьэлэмэтхэр къыхуэгъэщIыну фIэщхъугъуейщ.

*Бещтоужьыр къыщIэпхъуауэ,*
*Псыхъуэ ныджэм щоджэрэз,*
*Пшэ гуэрэнхэр зэщIикъуауэ,*
*КъуакIэ зэвхэм щырегъэз.*
*Шыгъуэгу хадэм къыщопапщэ,*
*Куэбжэ цIыкIур Iухъэ-IукIщ,*
*Ди уэнжакъым, накъырапщэу,*
*Фий макъ гуэрхэр щIегъэIукI.*

Мы сатырхэр «Жьапщэ» усэм щыщщ. УсакIуэр зэрынабдзэгубдзаплъэм, а илъэгъуар хьэщыкъ уищIу, псалъэ быркъуэшыркъуэ, гъэткIугъуей хэмыту бзэ дахэкIэ, бзэ тыншкIэ ди нэгу къызэрищIигъэувэфым и щыхьэтщ щапхъэ къэтхьар. «Куэбжэ цIыкIур Iухьэ-IукIщ» сатырым уеджа нэужь, уи нэгу къыщIоувэ къуажэхэм я пщIантIэ дыхьэпIэм хэлъ куэбжэ цIыкIур, Iуих-хуищIыжу, жьышхуэм зэрызэридзэр.

Дыкъэзыухъуреихь дунейм и къэхъукъащIэхэм Бубэ хуэдэу узыIэпишэу, бзэ дахэкIэ, бзэ къулейкIэ тетхыхьыфынур усакIуэ нэсырщ:

*Пшэр щхъуафэщ, фIыцIэщ, гъуэз IуфакIэщ,*
*КъыдэкIыкIауэ и пщэдыкъ.*
*ДигъапщкIуэу дыгъэр и гуфIакIэм,*
*ЩIыр уэшх мылыпскIэ егъэдыкъ.*

Урыс-Кавказ зауэжьым адыгэр лъэрыщIыкI дызэрищIам нобэ хэти щыгъуазэщ. Абы теухуауэ щыIэщ а лъэхъэнэ дыджыр уи нэгу къыщIэзыгъэувэж тхыгъэ куэд. Буби блэкIыфакъым лъэпкъым къытехьа лейм:

*Тесщ адыгэр шы пщIэнтIам,*
*Ужьэжьащ къарапцIэр.*
*Аркъэн кIапэу, хэIуэнтIащ*
*ПыIэ къуацэм набдзэр.*
*... Хьэхэр, Iэщхэр, гуфэ кIыргъ,*
*Сабий гъуэг макъ кIантIэ...*
*Гызт ижахэр зи гурыгъ,*
*Къырхэр къагъэпщIантIэу.*



УсакIуэм и гур хуэмыгъуэщ хамэщI хэхэсу щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм. Абыхэм ящыщ гуэрым адэжь лъапсэм къигъэзэжауэ зэхихмэ, щогуфIыкI, мылъкушхуэ гуэр къыхэхъуам хуэдэу:

*Зэгуэр зи лъахэр зыбгынахэр*
*Сэ згъэкъуэншэну сыхуэмей,*
*Гъыбзафэу ахэм къагъэнахэр*
*Гукъутэу си бгъэм щоукъубей.*
*... Ди мыхъухэм щхъэкIэ къамыгъанэу*
*Къэзыгъэзэжхэм – афэрым!*
*Зи хэку гу пщтыркIэ къыхуэбанэр*
*КъигъэувыIэнкъым, сощIэ, зым.*

Дунеижьым щекIуэкI Iуэхугъуэхэм, ди зэхэтыкIэм, пэжыгъэм, цIыхум яку дэлъ зэхущытыкIэм, абы фIыуэ е мыхъумыщIагъэу хилъагъуэм, и псэр зыгъэгуфIэм, зыгъэгулэзым теухуауэ Иуаным иIэщ усэ Iэрамэшхуэ, сатыр плIырыплI хъууэ. Абыхэм куэдым урагъэгупсыс, куэдым ухуаущий, умыщIэ Iэджэ къуагъащIэ.

*Зыр схуобзэгуфIэ Iупэ нэпцIкIэ,*
*СхуещIыф и фIыгъуэр адрейм тыхь.*
*Гум зыр къоIусэ мастэпэбдзкIэ,*
*Зыр къыу къабзийкIэ тольэщIыхь.*

УсакIуэм зи гугъу ищIа цIыхухэм хуэдэ иримыхьэлIа, зымыгъэунэхуа гъуэтыгъуейщ. Апхуэдэхэм, гу лъыттэ-лъыдмытэми, махуэ къэс жыхуиIэм хуэдэу дахуозэ, тщIыгъущ, ди гъунэгъущ, къыддолажьэ.

*Псапэ лэжьыным емыгугъуу*
*Мы щIылъэм тетыр хэт къибжын?*
*Жэнэтым, арми, щымыгугъыу*
*ЦIыху куэд дунейм уэ къытепшын?*

Мы сатырхэм сигу къагъэкIаращ: Сирием щекIуэкI зауэм кърихужьэу зи хэку къэкIуэжахэр зыщIагъэтIысхьа «Тэрч» санаторэм сыкIуат илъэс зыбжанэ ипэкIэ. «Фи унэцIэджэгъу, фи благъэ мыбы щыIэхэм фахуэзакъэ?» жысIэу сащеупщIым, унагъуитIым къызжаIаращ: «щыIэщ, ауэ, яхуэтIуэхуати, хъымпIар дыкъащIакъым, къыткIэлъыкIуаIакъым». Ар цIыхугъэ? ПсэзэпылъхьэпIэм къикIа уи унэкъуэщым зымащIэкIэ нэхъ мыхъуми зыщIэбгъэкъуэн хуейкъэ? Зыри хуумыщIэфми, укIуэу и псэукIэр зыхуэдэр зэбгъэлъагъуну уи фарзкъэ? ПсапащIэр, цIыху жумартыр, гупцIанэр, насып диIэти, ди мащIэкъым. Апхуэдэ зыбжанэм я мылъкум щыщ ягъэкIуэдащ, хамэщI къикIыжа ди адыгэхэм зыщIагъакъуэу. Ауэ мылъкум хэджэгухьу дапщэ диIэ, гузэвэгъуэ хэхуахэм зыгуэркIэ гу лъатэну я гущхьэ къэмыкIыу?



*ЛIам кIэлъогуIэ хуэгумэщIхэу,*
*Мес, кхъаблэр хуэму яIэтащ,*
*А лIыр дыгъуасэ благъуэ нэщIуэ*
*Дунейр зэрипхъуэу щIым тетащ.*

Хьэдрыхэ зыри здэпхьынукъым. ЦIыху хуэдэ цIыхуу дунейм утетамэ, IэфIу ягу укъагъэкIыжынщ, усакIуэм зи гугъу ищIым ещхьу укъэгъуэгурыкIуамэ, пщэдей уащыгъупщэжынщ. Ягу укъэкIыжми, уи IеицIэщ жаIэнур. Уи бынхэми уи фэ ираплъынущ.

*СагъэгумэщIкъым гурыгъу жьгъейхэм,*
*Щхьэлажьэ ахэм зезмыгъэщI.*
*Си лъэпкъ, си лъахэр мынэщхъеймэ,*
*НэгъуэщIкIэ згъуэткъым сэ гухэщI.*

ЩыIэщ усакIуэ, зытетхыхьыр зыуэ – цIыхур фIым, захуагъэм, къабзагъэм, пэжыгъэм къыхуриджэу, ауэ езым и дуней тетыкIэр абы зыкIи темыхуэу. Си фIэщ мэхъу Иуаным и усэхэм фэрыщIагъ зэрыхимылъхьар, а итхахэр и гущIэм къызэритэджыкIар. ФIым зэрыдэгуфIар, Iейм зэригъэнэщхъеяр, и гум ежалIэу зэрыщытар. Абы и щапхъэу къысщохъу и щхьэгъусэ Маринэ сызригъэдэIуауэ щытар.

«Зэгуэрым си щхьэгъусэм сыхуэтхьэусыхат, жи, мыр диIэкъым, мор диIэкъым жысIэу (абы щыгъуэ Бубэ типографием и унафэщIу лажьэрт, и усэхэр газетхэми традзэу щIадзат). Жэуапу къызитыжаращ: «Къэзлэжьыр фызотри, мащIэ-куэдми зривгъэкъу, къэзмылэжьауэ зы сом флъагъунукъым, зы баш си пщIантIэ къыдэсхьэнукъым – сыхуейкъым а Iэбжьанэ фIейм итхам деджэнукъым къысхужаIэну».

*И тутнакъэщкъэ гум бгъэч зэвыр?*
*ПхокI ар хъэзабхэм лъыхъуэу пэж,*
*ЦIыхугум куэд, куэд Iей хуогъэвыр,*
*ЖаIэххэу... къочэри йожьэж.*

И гъащIэм и кIэухыр зыхуэдэнур илъэгъуа хуэдэт усакIуэм. Илъэс 60-м ебэкъуа къудейуэ, и гур къачэри, щIылъэр ибгынащ Бубэ.

## КЪАРМЭ IЭСИЯТ



Зы махуэ гуэрым си лэжьэгъу цIыхубзхэм ящыщ зы Хьэмту Къадир сэрэ дызыщIэс пэшым гуфIэжу къыщIохьэри, усэ Iэрамэ къытхуеший, «зы усакIуэ гъэщIэгъуэн, и бзэр телъыджэу, зэзгъэцIыхуащи феплъыт» жеIэри. Зи гугъу ищIыр Къармэ Iэсиятт. Пэж дыдэт, и анэдэлъхубзэр къулейт, малъхъэдисым хуэдэу узыщIашэу. Уеблэмэ язынықъуэ псалъэхэм къарыкIыр къызгурымыIуэу псалъалъэр къэсщтауэ щIэспщытыкIырт. Абдежым хьэкъ сщыхъуащ ди къэбэрдей поэзием талантышхуэ зыбгъэдэлъ, ди лъэпкъ усыгъэм хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIыну узыщыгугъ хъун бзылъхугъэ къызэрыхыхьэр. Iэсият и тхыгъэхэм узэрызыIэпашэм, и адыгэбзэр зэрыкуум, и IэдакъэщIэкIхэр адрейхэм яйм зэремыщхьыым япэу гу лъызытахэм, дэзыгъэцIыхуахэм, утыку къизышахэм, гъуэгу езытахэм ящыщщ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд. ИкIи а бзылъхугъэм и усэхэр зэуIуу, зы газет напэкIуэцI иубыду, сыщымыуэмэ, тIэу хутридзащ. И щхьэ течауэ жысIэнщи, япэу и усэ Iэрамэ къыщытехуам щыгъуэ си Iупэр зэтемыхьэу сыщыгуфIыкIыу, зы мылъкушхуэ гуэр къысхэхъуам хуэдэу, гум IэфIыгъэр щыз хъуауэ седжащ, пхуэмыIуэтэщIыным хуэдэу гухэхъуэгъуэ ин къызитащ.

Зы тхылъ закъуэщ Къармэм иIэр – 2018 гъэм къыдэкIа «АдрыщI ныджэ» зыфIищар. Ауэ а зыр язынықъуэ усакIуэхэм я тхылъ тIощIым нэхърэ нэхъ лъапIэу собж. ЩIэнэхъ лъапIэр псом япэу и бзэрщ. Ди адыгэбзэр зэрыкъулейм куэд топсэлъыхь, абы шэч къытетхьэркъым, ауэ ар хьэкъ пщызыщIыфын щIагъуэ къахэкIыркъым, езыхэм яIурылъкъыми. Iэсият и тхылъыр щапхъэ телъыджэщ ди бзэм и дахагъэмрэ и кууагъымрэ кърипщIэну, зыхэпщIэну ухуеймэ. Дызытепсэлъыхь Iуэхур наIуэ фщытщIын папщIэ усакIуэм и IэдакъэщIэкIхэм щыщ едзыгъуэхэр фи пащхьэ итлъхьэнщ.

*Уафэр бампIэм къызэщитхъыу,*
*Пшэ куэншыбэм зэпекъуз;*
*Лыгъэ хъуаскIэр гъуэзым хитхъэу,*
*Щыблэ кIапцIэр зэпогыз...*
*ЗэщIоутхъуэ уафэ кIэнтхъыр –*
*ХъуэпскIыу блапцIэ холыдыкI,*
*ЩIыуэпс лъащIэр зэщIигъалъэу,*
*Хъэршыжь купщIэр зэгуощIыкI.*
*Пшэ ныбэфыр зэщIогъуагъуэ –*
*Гыз-гурыму зэхощIыщIэ –*
*Уэгу чеижьу абрагъуэр*
*Тафэ гъуркIэм треунащIэ.*

Мы сатырхэр «Щыблэ» усэм щыщщ. Куэдрэ зэхэфхрэ, фыкъеджэрэ апхуэдэ (пшэ куэншыбэ, тафэ гъуркIэ, щыблэ кIапцIэ...) псалъэ шэрыуэхэм, зэгъэпщэныгъэхэм?

Е феплъыт мы сатырхэм:

*Фэдэныжь цIанлъэ кIапцIэ-кIадзэу,*
*Псэ Iунэм псантхуэр изолъэф,*
*Схухэмылъэфыр кIэзэрыдзэу*
*ПсэIущхъэм гугъэу щызогъэфI.*



Куэд щIауэ зэхэфха апхуэдэ адыгэбзэ? ЩыIэжыххэу сщIакъым Нало Заур, IутIыж Борис сымэ яужькIэ.

*Сымытха усэхэр ибэщи,*
*Бгынэжа лъахэм йопщIыхь.*
*ЖызмыIа псысэхэр набгъэщи,*
*Бгъафэ гъейрэтым йотIыхь.*
*Я зы дэтхэнэри гъыбзэщи,*
*Макъамэ тхытхыу мэтхъэджэ,*
*Я нэхъ шэрыуэри бзабзэщи,*
*Хъэджасэ пэбдзу мэпыджэ.*

Нобэ щIагъуэу къэдмыгъэсэбэпыж псалъэхэмкIэ къулейм и закъуэкъым мы едзыгъуитIыр – гупсысэ куукIи гъэнщIащ.

Ди усакIуэ куэдым я IэдакъэщIэкIхэм щыгъуазэ зысщIа нэужь, мыпхуэдэ гупсысэм сыхуэкIуащ. Абыхэм я творчествэм къызэщIеубыдэ гъащIэ къибыргъукIым и лъэныкъуэ куэд. ИкIи ахэм уахэплъэжмэ, нэхъ къайхъулIэхэм ящыщщ ямыIэж адэ-анэхэм, адэшхуэ-анэшхуэхэм, я щхьэгъусэхэм траухуахэр. Сигу къокIыж Мысачэ Пётр и адэм и фэеплъ усэ хьэлэмэтхэр, апхуэдэу Тхьэгъэзит Зубер пасэу IэщIэкIа и щхьэгъусэм хуитхахэр. Къармэми усэ хьэлэмэтхэр иIэщ и анэшхуэм, къэзылъхуахэм ятеухуауэ. Феплъыт «Анэшхуэм» хэт мы сатырхэр гущIэм зэритIысхьэм:

*Гъуджэ – еджапIэ, гъатхэ – лэжьапIэ –*
*Моу сынокIуэжыр, моу сыносыжыр...*
*И нэкIэпс тIэкIур къыфIыIэпыжу,*
*Автобус блэкIхэм ящIэдэIужу,*
*Дыхъэ-дэкIыжхэм якIэлъыхъуапсэу,*
*Ди тетIысхьэпIэм тесщ си анэшхуэр.*
*... Зэм сощIыIунэ, зэм сощIыIущхьэ,*
*Сильщи архъуанэ – сыхущIэмыхьэ.*
*... Ди бжэщхьэIу нэщIыр зы гуэныхьъышхуэщ.*

И къуэрылъху пщащэм ежьэ фызыжьым и образыр дэгъуэу къэгъэлъэгъуа хъуакъэ? Хьэуэ, щIэх пщыгъупщэнукъым а зи нэпсыр къызыфIыщIэж нанэр зыхэт теплъэгъуэр. Ар зэзыгъэжьа хъыджэбзыр, Iэбэми лъэмыIэсыжыну зэрыхущIегъуэжар иужь сатырым хьэкъ пщищIыркъэ?

ГущIэм зыкъыдегъазэ Къармэм и адэм техуа «Сыкъэмысурэ» усэм.

*Сыкъэмысурэ, уэс къыптесащ,*
*Кхъащхьэ мывэм таж хужь щхьэритIагъэу.*
*Сыкъэмысурэ, гъатхэр къэсащ,*
*Уи гущIыIум щыгуIэ щхъуантIагъэу.*
*Сыкъэмысурэ, куэдым сесащ,*
*ЗыхэсщIащ щIыбагъыншэм игъэвыр;*
*ЩIэнэкIалъэ сфIэщIар зэспэсащ,*
*Къыстехуащ нэхъыфI куэдым я мывэ.*



Адэр IэщIэкIа нэужькIэ пхъур гъащIэм и архъуанэ щысхьыншэхэм зэраудыныщIар, куэд ишэчын хуей зэрыхъуар, нэхъапэм фIэигъуэу щыта Iэджэ и псэм тригъэхуэну къызэрылъыкъуэкIар уи фIэщ ещI мы усэм. ЩыцIыкIуам щыгъуэ хъыринэм ису щыщIиупскIэкIэ адэшхуэр къызэредахащIэу щыта псалъэхэр-щэ!

*Щхьэ цIыкIу макъышхуэу губгъуэ бжэн лъакъуэ,*
*Си хытхъэрыкъуэу нэкъуэлэн гуащэ...*

АпхуэдизкIэ и бзэм удехьэхри, Iэсят и язынықъуэ усэхэм ящIэлъ щIагъыбзэр, гупсысэр, абыхэмкIэ къиIуэтэну зыхуейр занщIэу къыпхуэмыпхъуэтэнкIэ, къыбгурымыIуэнкIэ хъунщ. Къытебгъэзэжурэ зыбжанэрэ уеджэн хуейщ  уи акъылыр абы хуэкIуэн папщIэ (хуэмыкIуэнкIи хъунщ). Гъатхэ пщэдджыжь мамырым къуалэбзум кърaш уэрэду, уи псэм йодэхащIэ усакIуэм къигъэщI сатырхэр:

*Мыващхъуэ кIанэ – уафэ бзий хъуаскIэ –*
*Дэп маскIэ Iунэ – мафIэзэщIэдз –*
*Щыблэ блэ кIапцIэу пхузогъэхъуэпскIри,*
*КIэтх дарииблу сощI пкIэльеидз.*

Къармэм и усэхэм узыщрихьэлIэ псалъэ зыбжанэ къэтхьынти: щтэращтэ, гъадэщIыдэ, кIапцIэ-кIадзэ, жьыхъарз, нащхъуэбзащхъуэ, лъхудэ, щэнджатэ, уэсхъуэт, дожьачэ, гъуэгуакъуэ, бзабзэ, кIэтх, жьанэ, гухьэр, нэджащIэ, мэжьатхъуэ – мыбыхэм къарыкIыр зыщIэ куэд тхэту пIэрэ дэ, уеблэмэ адыгэбзэм ирилажьэхэм?

Ди еджапIэ нэхъыщхьэ щIэсхэм е къэзыухахэм лъэпкъ литературэм хуэлэжьэну зи мурад яхэтмэ, мыпхуэдэ чэнджэщ естынт: Къармэ Iэсят и IэдакъэщIэкIхэм, псом хуэмыдэу и бзэм теухуауэ диплом, уеблэмэ диссертацэ лэжьыгъэ птхыну игъуэт.

## МЫКЪУЭЖЬ АНАТОЛЭ



Сэ къызэрысфIэщIымкIэ, я Iэзагъ, къайхъулIэ-къаймыхъулIэхэм теухуауэ усакIуэхэр гуп зыбжанэу егуэш: усэм фащэ дахэ дыдэ щызытIагъэ щыIэщ и рифмэри, и ритмри зэкIупсу, къеджэгъуафIэу, гъэщIэрэщIауэ, ауэ... укъызэреджэу пщыгъупщэжу. ЩIыпщыгъупщэжыр абыхэм купщIэшхуэ зэрамыIэщ, псэ зэрахэмытырщ, шы дахэ мыжэу зэрызэрагъэпцIарщ. УсакIуэ урохьэлIэ, къиIэт, зытепсэлъыхь Iуэхугъуэр къыщIэгъэлъауэ, ауэ и бзэр быркъуэшыркъуэу. НэгъуэщI усакIуи, Тхьэм и шыкуркIэ, диIэхэщ (апхуэдэхэр мащIэми), я бзэри къулейуэ, зытетхыхь, уи пащхьэ къралъхьэ теплъэгъуэм, сюжетым малъхъэдисым хуэдэу уиубыду. Абыхэм ящыщщ Мыкъуэжь Анатолэ. Къэтщтэнти, псалъэм папщIэ, «Егъэлеяуэ мы щIылъэм» зыфIища усэр. Мыбы нэхъапэхэм мызэ-мытIэу и гугъу ящIащ, еджапIэхэми щытепсэлъыхьу зэхэсхащ, ауэ аргуэру къытезгъэзэжми лей мыхъуну къызофж. Едзыгъуищ фIэкIа хъуркъым усэр. Зэ еплъыгъуэкIи тхыгъэ къызэрыгуэкI хуэдэу къыпщохъу. АрщхьэкIэ...

*Егъэлеуэ мы щIылъэм*
*ФIыуэ цIыхуитI щыслъэгъуащ,*
*А тIуми сахуэмыныкъуэу,*
*А тIуми сахуэмысакъыу*
*Сыщыпсэуа къэмыхъуа.*

*Сэ гуауэм сигу къыхигъащIэм*
*СыздэкIуэр ахэм я дежщ.*
*Си щхьэр иральхъэм я куэщIым,*
*Я Iэр къыздалъэм – сохъуж...*

*... Зыр – си анэ дыщэ гумащIэрщ,*
*ФIыуэ слъагъу пщащэрщ адрейр,*
*ТIуми яхуэсщIэр сфIэмащIэщ:*
*Зым къызитащ сэ си гъащIэр,*
*Хуитщ къыпищэнум адрейм.*

«ТIуми яхуэсщIэр сфIэмащIэщ...» Сыт хуэдиз анэм хуумыщIэми, ухуеймэ зыщIэс унэр дыщэкIэ хуэгъэж – мащIэщ. Анэм къыпхуищIар къыщыбгурыIуэр балигъыфI ухъуа нэужьщ (къызыгурымыIуэхэри е къызыфIэмыIуэхухэри щыIэщ). Усэм уеджа нэужь, плъэмыкIыу уи нэгу къыщIоувэж анэр къызэрыпхуэсакъар, и жей зэригъэныкъуар, жэщым укъэушамэ, «пIыщIэу пIэрэ» жиIэу шхыIэн кIапэр къызэрыпкIэщIиупщIар. ЗыщIыпIэ деж тIэкIу къыхэузыкIамэ е сабий джэгум зэрымыщIэкIэ дыркъуэ къыщыптехуамэ, къыптегужьеикIауэ уи пащхьэм щыджэрэзу, къолIалIэу зэрыщытар.

«Хуитщ къыпищэнум адрейм» – мы сатыр закъуэми куэд къыбжеIэ. ФIыуэ илъагъу пщащэр щхьэгъусэ хуэхъумэ, адэкIэ щIалэм и гъащIэр къызэрекIуэкIынур абы куэдкIэ зэрелъытар къыхощ а псалъэхэм.

Мыпхуэдэу Iэзэу, гукъинэжу, щIэщыгъуэу анэмрэ фIыуэ илъагъу пщащэмрэ я образхэр зэзыхьэлIэфа усакIуэ дэ адыгэ литературэм и мызакъуэу, нэгъуэщIыпIэхэми дыщрихьэлIакъым.

Совет Союзыр зэрызэхэщэщэжам и Iэужь, лъэужь бзаджэр щIэх кIуэдыжыну къыщIэкIынкъым. ЦIыхур щхьэхуиту, зыхуей ягъуэту щыпсэун къэралыщIэ тхуэзыухуэну дыкъэзыгъэгугъа либералхэм я мурадыр къайхъулIарэ къаймыхъулIарэ псоми ди нэгум щIокI. Уеблэмэ, езы Путин дыди жиIащ СССР-р зэракъутар 20-нэ лIэщIыгъуэм и гуауэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщу. Сыт-тIэ капитализм дызыхыхьам цIыхубэм къытхуихьар? ЦIыхугъэр, напэр, гущIэгъур, нэхъапэм цIыхум яку дэлъа зэхущытыкIэр, IэфIыгъэр фIыуэ лъэныкъуэегъэз хъуащ. Псом хуэмыдэу хэплъэгъуэщ мылъкум игъэудэфахэмрэ зи сом кIапитI зэтемыхьэхэмрэ зэхуакушхуэ яку зэрыдэлъыр, языныкъуэ къулыкъущIэшхуэхэм апхуэдэ щытыкIэр щаижьу къызэрырамыдзэр:

*Сыхуейт сэ зэхэслъхъэну Iэджэ щIауэ*
*ГуфIэгъуэм теухуауэ уэрэд нэс.*
*АрщхъэкIэ гъуэгу къызитыркъым цIыху гуауэм,*
*Зыплъыхъыт – дэнкIи щыщIагъэкIыр нэпс.*
*... А псори къэрамыдзэ тахътэм исхэм,*
*Зэтетщ я Iэнэр, я дунейр жэнэтщ.*

Мы сатырхэр усакIуэм щитхар, зытриухуар къэралышхуэр къутэжу цIыхубэр тхьэмыщкIапIэм щихуа лъэхъэнэрщ. Гужьеигъуэт а илъэсхэр – цIыху Iэджэ, Iэджэ IэнатIэншэу къэнауэ, IуэхущIапIэхэр зэхуащIыжауэ, лэжьапIэ Iутхэми улахуэр мазэ бжыгъэкIэ кърамыту:

*ЩIегъэкIыр нэпс зи бын зыхуэмыпIыжу*
*Уэрамым лэжьапIэншэу къыдэнам...*

Сыт хуэдизу зэманыр мыдыджми, лирическэ лIыхъужьым и гугъэр фIым хихыжыркъым. Зэ мыхъуми зэм зэтеувэжынщ цIыху къызэрыгуэкIхэм я гъащIэр:

*ТIутыхукIэ псэ – а зырщ дэ къытхуэнэжыр –*
*НэхъыфIым хэтхыжынкъым ди мурад.*
*«Узэджэр къокIуэ» жиIэгъащ псалъэжьым,*
*ГуфIэгъуэм хуэзгъэпсынщ сэ зы уэрэд.*

УсакIуэм и лирическэ лIыхъужьыр щыпсэуащ хэкушхуэ якъутэжам, къэунэхуа къэралыщIэри зыхуэдэр и нэгу щIокI, егъэунэху. А тIур зэрегъапщэри:

*Дунеижьыр екIакIуэу къысфIощI,*
*Тебгэжа къысфIощIыр и дыгъуасэм.*
*И дыгъуасэр псэкIэ нэхъ къулейт,*
*И дыгъуасэм напэр щынэхъ лъапIэт.*

Иужь сатырым уигу къигъэкIыращ: «напэм ипэ псэр ихуэ» жи адыгэ псалъэжьым. Зы лIэщIыгъуэкIэ, нэхъыбэжкIэ узэIэбэкIыжмэ, адыгэ цIыхухъум и напэр текI нэхърэ и псэр итмэ нэхъ къищтэнут. Иджы-щэ? Къулыкъу щхьэкIэ, мылъку щхьэкIэ зи напэр зыщэжа дапщэ къытхэт нобэ? Абы щыгъуэми загъэпагэу, цIыхубэм къахуеплъыхыу. Апхуэдэ щапхъэхэр гъунэжщ.



Мыкъуэжьым и IэдакъэщIэкIхэм ящыщу псом хуэмыдэу сызыщIэзышэпар игъуэ нэмысу дунейм ехыжа и щхьэгъусэм теухуа «Си уэрэд мыух, си гъыбзэ кIэншэ» поэмэ-элегиерщ. Си щхьэкIэ «шедевр» жыхуаIэм хуэдэу къызолъытэ ар.

«Таурыхъым ещхьт къыздэдгъэщIар» зыфIища Iыхьэм си гущIэр къызэригъэдзэкIащ, абы седжа нэужь куэдрэ сиIыгъащ симыутIыпщу: си пIэм симызагъэу, уеблэмэ жэщым симыгъэжейуэ. Поэзием дихьэх дэтхэнэ зыри абы еджэн хуейуэ къызолъытэ, апхуэдизкIэ тхыгъэ телъыджэщи. УсакIуэр сыт хуэдизу мыIэзэми, лъагъуныгъэ куу имыгъэунэхуамэ, апхуэдэ усэхэр къыхуэгъэщIыну си фIэщ хъуркъым. Поэмэм и дэтхэнэ сатырри едзыгъуэри гум йохуэбылIэ, ар зыхуитха бзылъхугъэм и псэ къабзагъэмрэ зэрыхеймрэ хьэкъ пщащIу:

*Уи бзэ IэфIым жыгхэр*
*Къыдэгъэгъэжат.*
*ХэгъукIа нэгъунэ*
*Гулъ къыдидзыжат.*
*Жыг къудамэ къэскIэ*
*СфIощI иджы утес,*
*КъыкIэрехыр уи мэ*
*Пхъэщхъэмыщхъэ къэс.*

*... Дахагъэр уи псэ хеищэм*
*ДыгъэпскIэ щызэIущат.*

Ямылейуэ хьэщыкъ сызыщIыпар «Маринэ, пщIэжрэ, бжьыхьэку мазэт...» усэрщ, дунейм ехыжа и щхьэгъусэм зэреупщIымрэ абы къритыжынкIэ хъуну жэуапхэмрэ теухуарщ. Усэм щыщ сатыр зыбжанэ:

*– Маринэ, пщІэжрэ а пщэдджыжьыр,*
*Уэ япэу ущысхуэпщэфІар?*
*– СощІэжыр, Толэ, къызжепІати*
*Гухэлъ дэщІызгъури згъэІэфІау.*
*– Маринэ, пщІэжрэ, сщІат уи жагъуэ,*
*Лажьэншэу сынокъуэншэкІат...*
*– Апхуэдэ, Толэ, къысхуэщІэжкъым*
*Хэтауэ гъащІэ здетхъэкІам.*
*– Ар дауэ?! ПщІэжкъэ? Хъийм сикІат сэ, –*
*ІэфракІэм ноби содзэкъэж.*
*– СощІэж ди гъащІэр зэрыщыту,*
*Си Толэ, ар къысхуэмыщІэж...*

Бегъымбаркъэ, псэ къабзэкъэ, псалъэ жагъуэр зыщызыгъэгъупщэу апхуэдэ жэуап къозытыжынкІэ хъуну бзылъхугъэр?

... Мыкъуэжьым и гъащІэмрэ и гуащІэмрэ теухуауэ тхыгъэ 90-м щІигъу дунейм къытехьащ. Абыхэм къызэрыхагъэбелджылыкІащи, «ди лъэхъэнэм и фІи и Іеи ІупщІу къызэрыщ гъуджэщ Анатолэ и ІэдакъэщІэкІхэр». ИкІи, критик Къэрмокъуэ Хьэмид зэрыжиІащи, аращ ахэр адыгэ литературэм и лъагапІэхэм ящыщ зы щІэхъуар.

... Си тхыгъэм кІэухыу щІызгъужынуращи, сыту куэд фІэкІуэдрэ усэ (усэфІырщ зи гугъу сщІыр) емыджэ, абы и дахагъэр, и къарур зыхэзымыщІэ цІыхум. Усэм (зытеухуа Іуэхугъуэм елъытауэ) уегъэгуфІэ, дамэ птетамэ улъэтэну хьэзыр уещІ, дунейр нэхъри дахэу уегъэлъагъу, акъужь гуапэу, уи Іэпкълъэпкъым къытолъэщІыхь, уегъэгупсысэ, уегъэнэщхъей, лъагъуныгъэм лъэкІыныгъэшхуэ зэриІэр хьэкъ пщещІ. ИкІи фІыщІэ жыг яхухэпсэну яхуэфащэщ апхуэдэ тхыгъэ хьэлэмэтхэмкІэ къытхуэупсэ ди усакІуэ пажэхэм.

**МЫЗ Ахьмэд,**
*КъБР-м щІыхь зиІэ и журналист*

# УЭРЭДЫР ЗИ ФЭЕПЛЪ

Нэгъабэ гъатхэм Профсоюзхэм щэнхабзэмкIэ я унэм щекIуэкIат Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэхэм я цIыхубэ артист, зи макъ гуакIуэр цIыхухэм гукъинэж ящыхъуауэ нобэр къыздэсым ящымыгъупщэ Мэремыкъуэ Хъусен и фэеплъ пшыхь. Ар хуэгъэпсат артистыр къызэралъхурэ илъэс 75-рэ зэрырикъум. «Лъэпкъ уэрэдыр уи фэеплъщ» зыфIаща концертыр ирагъэкIуэкIащ режиссёр Гумэ Маринэрэ Нэхущ Тимуррэ.

Сыт мы концертым гъэщIэгъуэну хэлъар, апхуэдиз зэман дэкIа иужь къытебгъэзэжу абы и гугъу пщIыну, жызыIэни щыIэнщ. МащIэкъым апхуэдэ щхьэусыгъуэхэр, езы пщыхьэщхьэр гуимыхуж дыдэ зэрыхъуам къыдэкIуэу, сэ езым жэуап есту щIэджыкIакIуэхэм я деж нэсхьэсыжыну сызыхуейхэр Iуэхум зэрыхэлъари щIыгъужу...






**Мэремыкъуэ Хъусен и Iыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ.**

Профсоюзхэм щэнхабзэмкIэ я унэм и пэIущIэ пэшым деж щыплъагъурт Мэремыкъуэм и сурэт зэмылIэужьыгъуэхэр. Экраным ит пасэрей телевизорым и теплъэм къищырт Хъусен и концертхэм ящыщ пычыгъуэхэр. Абыхэм дызыIэпашами, зэманыр къэсати, залым дыщIыхьэри, ди тIысыпIэхэр зэдгъэгъуэтащ. ЩIидзащ налшыкдэсхэмрэ абы и хьэщIэхэмрэ, Хъусен и унагъуэмрэ и Iыхьлыхэмрэ зыпэплъа концертышхуэм. Утыкум и IуплъапIэм щагъэува экран иным

къегъэлъагъуэ къэIуну уэрэдым и зы пычыгъуэ цIыкIу, адэкIэ ар зыгъэзэщIэну артистыр къохьэ. Уэрэдыр жыIэн яуха иужь дэтхэнэми кIэщI дыдэу псалъэ хужаIэ Мэремыкъуэ Хъусен — абы и цIэм зэуэ ягу къигъэкIа зы псалъэухащ ар, ауэ купщIэшхуэ иIэу, артистым и теплъэмрэ и дуней тетыкIамрэ уи нэгу къыщIигъэувэу.

— Зы хэкулI и пщIэкIэ нобэ дызэхуэсащи, ар къызэралъхурэ илъэс бжыгъэ дахэ зэрырикъур щхьэусыгъуэ хурехъу абы и Iэужьхэм дриплъэжыным, и лъэужьхэм дыхэплъэжыным, — жиIащ зэIущIэр къыщызэIуихым Гумэ Маринэ. — Мэремыкъуэ Хъусен уэрэд щыжиIэкIэ цIыхухэм загъэпсэхурт, гупсэхуу едаIуэрт, гум къинэж макъымкIэ замыгъэнщIауэ тэджыжырт. Лъэпкъ уэрэдыжь ирехъу е эстрадэ уэрэдуи щрети, ахэр Мэремыкъуэм зэригъэзащIэр адрейхэм къащхьэщыкIырт, нэгъэсат. ЖиIэну къыхихауэ хъуар къыхэщыпыкIа защIэт, купщIафIэт, хъуэрыбзэ дахэкIэ гъэбеяуэ уэрэд дахэт. Апхуэдэ уэрэду щищым щIигъу лъэпкъым къытхуигъэнащ Хъусен.



**Пшыхьым хэта артистхэр.**

— Дигу къэдгъэкIыжрэ Мэремыкъуэм и уэрэдхэр, и утыку итыкIэр, и цIыху щIыкIэр? Хьэмэрэ ар дигу имыхуххэрэ? Тхьэм ищIэнщ, — къыпищащ адэкIэ Нэхущ Тимур. — Тщымыгъупщэращ, дигу илъращ пэжыр. ДиIэр тлъытэну дыкъыхуреджэ дэ нобэрей зэманым, араща, махуэкъэс Iуэхухэр къэзыгъанэу пшыхьым зыкърезыгъэхьэлIа дэтхэнэри фIыгъуэ фыщымыщIэну ди гуапэщ. Хъусен хуэдэ лъэпкъылI, абы ещхьу адыгэр зыIэтыфын цIыху дыщымыщIэн хъуэхъу

псалъэхэмкIэ дэтхэнэми зыфхузогъазэ. Уэрэдыр сытым дежи ди Iэпэгъуну, ди гугъэр зэи мыкIуэдыжыну Тхьэм жиIэ.

Зи фэеплъыр ягъэлъапIэ артистым жиIэу щыта уэрэдхэр зыт-хар хэтми тщIэжми, абыхэм ящыщ дэтхэнэми Хъусен и фэ идоплъ. НэгъуэщIуи хъункIэ Iэмал иIэкъым: ар ди деж къэзыхьэсар, дэ фIыуэ дэзыгъэлъэгъуар а артистращи. А пшыхьым гукъэкI дахэр и лъаб-жьэт — Мэремыкъуэм и уэрэдхэр дяпэкIи щыIэну, щIалэгъуалэм жаIэну, лъэпкъым къыбгъэдэнэну. А гупсысэращ артистхэр зэгурыIуэу, зэкъуэувэу фэеплъ пшыхьым къыщIыхэувар.

КъэпсэлъапIэр хуит хуащIащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин.

— Мэремыкъуэ Хъусен и макъым, и дуней тетыкIам тепщIыхьмэ, абы хуэдэ цIыху куэд дунейм къытехьакъым. Ар къэхъугъэ гъэщIэгъуэнщ, зыщIыпIэкIи пхуемыгъэкIуэтэкIыну и увыпIэр Къэ-бэрдей-Балъкъэр эстрадэм, Урысей щэнхабзэм щиубыдауэ. «Псэужа-мэ» зэрыжыфIам сригъэгупсысащ, ярэби, Хъусен дунейм ехыжа-тIэ? И уэрэдхэм пщэдджыжьым дыкъыщыдэушкIэ, ди гум IэфIу илъу жэ-щым дыщыгъуэлъыжкIэ, фIэщщIыгъуейщ ар тщIымыгъуу. Абы и уэ-рэдхэр гугъэдахэу, гугъэкъабзэу къыддэгъуэгурыкIуэнущи, шэч хэлъ-къым ар езыри дэ зэрытщIыгъунум, зэрытщымыгъупщэнум.



Къумахуэм и псалъэхэм я щыхьэту, артистым и дежкIэ тыгъэ нэхъ лъапIэ дыдэу къэплъытэ хъуну Iэгуауэ иныр пэшым щIэсхэм яIэтащ.

Мэремыкъуэ Хъусен зымыцIыху, абы и гуащIэм щымыгъуазэ, и макъ телъыджэр зэхэзыхауэ зи гум къимына ди республикэм щыпсэууэ фIэщщIыгъуейщ. АтIэми абыхэм яхэтщ ар зи ныбжьэгъуахэр, нэхъ гъу-нэгъуу зи нэIуасэхэр, зыдэгъуэгурыкIуахэр. Апхуэдэ и ныбжьэгъуфI, КъБР-м и цIыхубэ артист, композитор цIэрыIуэ ХьэIупэ ДжэбрэIил псалъэ щратым жиIащ:

— Зы уэрэджыIакIуэ нэс адыгэм къытхэкIамэ, ар Мэремыкъуэ Хъусенщ. Абы и макъыр щызэхэсхкIэ, зэи си нэгу щIэмыкI и теплъэр нэхъри наIуэ мэхъу. Махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу содаIуэ Хъусен жиIэ уэрэдхэм, сытхэми сылажьэми ахэр зытет дискыр Iэгъуэщи, и уэрэд-хэр зэблэкIыу мэкIэрахъуэ. Къыхэзгъэщынщи, Хъусен жиIа уэрэдым хуэдиз утыку къизыхьэфа адыгэм къытхэкIакъым. И Iуэхур тынш щищIу, ар гурыхуащэт, зэ зэхихамэ зэфIэкIат. Хъусен уэрэдыжьхэр зэрыжиIэм хуэдэу, дзапэ уэрэдыр, эстрадэ уэрэдыр зэригъэзащIэм ещхьу зыми хужыIакъым. Ахэр цIыхубэм гукъинэ яхуэхъун папщIэ щIэх-щIэхыурэ радиом къитын хуейщ. ЖыпIэнурамэ, лъэпкъгъэушэу щытащ езы Хъусени абы и творчествэри — ар дэ зэи тщыгъупщэ хъу-нукъым.

Мэремыкъуэр зэрацIыхуу щытам гуапэу тепсэлъыхьащ КъБР-м и цIыхубэ артист Думэн Мурадинрэ ди республикэми гъунэгъу щIыналъиплIми я цIыхубэ артист Нэхущ Чэримрэ. И макъ гуакIуэм, цIыхубэм я лъагъуныгъэ къызэрилэжьа и гуащIэмрэ и гъащIэмрэ, и ныбжьэгъу IыгъыкIэм, и цIыху хэтыкIэ екIум, и унагъуэ узыншэм, нэгъуэщIхэми ятеухуауэ абыхэм жаIэн я куэдт.

Дэтхэнэ артистми игъэзэщIа уэрэдыр езым и макъым, и утыку итыкIэм екIуу къыхухахати, узыIэпишэу жаIэрт. Апхуэдэхэщ Бэчхэ Азэмэтрэ Ренатэрэ («Си анэбзэ, си адыгэбзэ», «Адыгэ джэгу» уэрэдхэр жаIащ), Быф Ратмир («Адыгэ пщащэр къуэфэ, къуэфэ»), ТхьэкIумашэ Аслъэн («Гуащэгъагъ дахэ»), ХьэхъупащIэ Амырхъан («Дахэнагъуэ»), Къардэн Аслъэн («Сытым щыгъуэ сыкъэпщIэну?»), ШыкIэбахъуэ Ислъам («Сэрэтинэ»), Щокъуий Мурат («Си гъатхэ»), ГъукIэ Ислъам («КъысхуэмыщIэу къэщIэгъуей»), Бэрбэч Аскэр («Сыт хуэстхын уи анэм»), Дзыбэ Мыхьэмэт («УщытеткIэ, дахэ, мы дунейм»), Хъыжьрокъуэ СултIан («Бгырыс нысашэ уэрэд»), Быщтэ Азэмэт («Адыгэ пщащэ»), Нэхущ Чэрим («Лъагъуныгъэм жаIэр къигъэзэжу», «Си нанэ»), Мэремыкъуэ Резуан («Адыгэ нэмыс»). «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым и къэфакIуэхэм дахащэу ягъэзэщIащ «Уэркъ къафэр».



Псоми ягъэщIэгъуащ Мэремыкъуэ Хъусен и пхъурылъху ГъукIэ Анатолэ и макъ лъэщыр. «ПщIэрэ, си псэ?» уэрэдыр абы къыщыхидзам, пэшым щIэсхэр къэуIэбжьащ: ныбжьыщIэ цIыкIум апхуэдэ макъ къыздрихар дэнэ? Зи щIэблэр хэтми пшыхьыр езыгъэкIуэкIхэм жаIа иужь, псори гурыIуэгъуэ хъуащ.

Анатолэ Налшык дэт лицей №2-р дыщэ медалкIэ къиухащ, МГИМО-м лъэпкъ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и факультетым и япэ курсым щоджэ. Инджылызыбзэр фIыуэ зэрищIэр, 2022 гъэм къриубыдэу школакIуэхэм я олимпиадэ зыбжанэм зэрыщытекIуар сэбэп къыхуэхъури, МГИМО-м пщIэншэу щеджэну щIэхуащ. 2020 гъэращ Анатолэ уэрэд жиIэну мурад щищIар. «Макъ сиIэу, макъамэм сыхуэтхьэкIумафIэу зэпымыууэ къызжезыIэ си адэшхуэм и псалъэхэращ сытезыгъэгушхуар уэрэд жыIэнымкIэ дерсхэм зыхезгъэтхэну. А зэманым ирихьэлIэу ди адэм и гитарэр къасщтэри, абы сеуэу зезгъэсэн щIэздзащ. Япэу утыку сыкъихьащ 2021 гъэм, композитор цIэрыIуэ Френкель Ян макъамэ зыщIилъхьа, Гамзатов Расул и псалъэхэр зыщIэлъ «Журавли» уэрэдымкIэ. Илъэсипл1 дэкIа иужь, макъамэр, къыгуэхыпIэ имыIэу, си гъащIэм щыщ Iыхьэ зэрыхъуамкIэ сигурэ си щхьэрэ зэтелъ хъуащ икIи си къэкIуэнур абы епхауэ зэрыщытынур си фIэщ мэхъу. Абы щыгъуэми къызгуроIуэ жэуаплыныгъэшхуэ си пщэ

къызэрыдэхуэр. Утыкум сыкъихьэху е уэрэдыщIэ езгъэтхыху си адэшхуэр сигу къокIыжри, зыхызощIэ зыщIезгъэхи Iуэхум Iэпэдэгъэлэлу сыбгъэдыхьи зэрымыхъунур. Абы и щIэиныр уасэ зимыIэщ, сэ сыхущIэкъунущ си адэшхуэм и пщIэм, и щIыхьым сыхуэфащэу дунейм сызэрытетыным.



ГъукIэ Анатолэ

Иджыпсту Анатолэ и уэрэджыIакIуэщ Адыгейм и студентхэм я ассоциацэм (АСА) Москва щригъэкIуэкI «Чэщзэхэс» Iуэхум. Езыхэм аранжировкэ ящIауэ, ди бзэм и диалектхэмкIэ абы щагъэзащIэ адыгэ уэрэд цIэрыIуэхэр.

АСА-м щигъэзащIэ къалэным нэмыщI, Анатолэ ирегъэтх езым и уэрэдхэр, Мэремыкъуэ Хъусен игъэзащIэу щытахэм щыщи жеIэ. И мурадщ зэман гъунэгъум и япэ уэрэдыр дунейм къытригъэхьэну, бжыгъэр зи лъабжьэ IэмалхэмкIэ цIыхухэм я деж нихьэсыну. И адэшхуэм и лъэужь дахэу ирикIуэн ухъу!



Къыхэзмыгъэщын слъэкIынукъым сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэзэу, егупсысауэ, зэпэшэчауэ пщыхьэщхьэр къызэрызэрагъэпэщар. Абы и сценарийр итхащ усакIуэ, драматург, «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ Къаныкъуэ Заринэ. Елэжьахэр зи Iуэхум хэзыщIыкI защIэу зэрыщытыр наIуэ пщищIу, и екIуэкIыкIэкIи, сценэм тридзэ нэхухэм и къыхэхыкIэкIи, и видео техыкIэкIи къызыхуэтыншэт.

«Мэремыкъуэ Хъусен и пхъурылъху Iэсхьэд зыкъызигъэцIыхуат и адэшхуэм и фэеплъ пшыхь къызэригъэпэщыну иужь щихьам, — жеIэ Заринэ, Iуэху дахэр зи жэрдэмри, уэрэджыIакIуэм и гуащIэр фIыуэ зылъагъуу Iэсхьэд къуэувахэр зэрыщыIэри и псалъэхэм къыхэщу. — НэгъуэщIхэм я пщэ димылъхьэу, езыми IэщIыб ищIауэ щымылъу, и адэшхуэ артист цIэрыIуэм къыщIэнауэ хъуар зыхуихьэсыжарэ псоми фIыуэ хищIыкIыу зэрыщытым занщIэу гу лъыстащ. Адыгэм теухуауэ дызэхэплъэжмэ, мащIэ дыдэщ апхуэдэ щIэблэ зиIэу узрихьэлIэр. Iэсхьэд къытхэкIащ, езым и нэхъыжьми, абы къыпыщIауэ щыта артистхэми, усакIуэхэми, цIыху къызэрыгуэкIхэми пщIэ яхуищIрэ я фэеплъыр мыкIуэдыжын ищIыну хуейуэ.

Пшыхьыр хьэзыр хъухуи абы иужькIи сыкIэлъыплъати, щIалэ губзыгъэщ, щIэныгъэ зыбгъэдэлъщ, Москва дэс ди лъэпкъэгъухэм къахэщу, дзыхь зытепщIэн адыгэ щIалэщ. Тхьэм хущIигъэхьэ!

Согугъэ дэнэкIэ и цIэ щызэхэтхми, ар щIызэхэтхынур щхьэусыгъуэфIу щытыну. Хъусен къыщIэна уэрэди, фильми, гупсыси зыхуей хуигъэзауэ, ихъумауэ зэрыщытыр псомкIи щапхъэщ».

ГъукIэпщ Iэсхьэд УФ-м ФедерацэмкIэ и Советым и сенатор Къанокъуэ Арсен и дэIэпыкъуэгъущ. Урысейм Хамэ къэрал IуэхухэмкIэ и министерствэм и МГИМО-м и «Международное право» къудамэр къиухащ (2018 гъэм бакалавриатыр, 2020 гъэм — магистратурэр, 2023 гъэм — аспирантурэр). Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу зи кандидат диссертацэр япэу МГИМО-м щыпхызыгъэкIар ГъукIэпщ Iэсхьэдщ. Абы къыдэкIуэу, ар щеджащ Урысей Федерацэм и Правительствэм деж ФинансхэмкIэ щыIэ университетым, щIэныгъэ нэхъыщхьэу тIу (юрист, экономист) иIэщ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и стипендиер, «Адыгэхэр» фондым Москва щеджэ ди лъэпкъэгъу студентхэм папщIэ игъэува, Къэжэр Альберт и цIэр зезыхьэ стипендиер 2016 гъэм къыхуагъэфэщащ (ахэр къэхьыным хуэгъэпса зэхьэзэхуэхэм щытекIуэри). Плеханов Г. В. и цIэр зезыхьэ Урысей экономикэ университетым и промышленно-экономикэ колледжым 2019 — 2021 гъэхэм щригъэджащ. ЩIэныгъэ-егъэджэныгъэ IэнатIэм щиIэ ехъулIэныгъэхэмрэ жылагъуэ лэжьыгъэм жыджэру зэрыхэтымрэ папщIэ МГИМО-р къэзыухахэм я ассоциацэм пщIэ зиIэу хэтым и дамыгъэр 2020 гъэм къыхуагъэфэщащ. 2021 гъэм ар хъуащ УФ-м и къэрал жылагъуэ къулыкъум 3-нэ класс зиIэ и чэнджэщэгъу. 2022 — 2023 гъэхэм абы къратащ УФ-м и Президентым и стипендиер. ЖыпIэнурамэ, студент нэхъыфIу къыщамылъыта, зыхэта Iуэхухэм къыщыхэмыжаныкIа зэи къэхъуакъым, зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэу куэд дыдэм текIуэныгъэ къыщихьащ. Лэжьэн зэрыщIидзэрэ Iуэху Iэджэ зэфIигъэкIащ, псалъэм и хьэтыркIэ, хьэрычэтыщIэхэм я проектхэм я «StartUp 5642» щIыналъэ зэхьэзэхуэр, УФ-м и сенатор Къанокъуэ Арсен и нэIэм щIэту екIуэкIыр, къызэригъэпэщащ, «Страна Прометея» жылагъуэ щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэр зэхэзышари и япэ унафэщIри Iэсхьэдщ.

Мэремыкъуэ Хъусен иужьрейуэ сыщепсэлъам, иригушхуэу къыс-хутепсэлъыхьат Iэсхьэд и зэфIэкIхэм. А зэманым ирихьэлIэу пхъурылъхум зыIэригъэфа ехъулIэныгъэхэм къадэкIуэу, абы и напщIэм телът ар, увыIэгъуэ имыIэу, тхылъ зэреджэр. «Си библиотекэм (ар Iейуэ схужыIэнукъым, адыгэм и мэ зыщыуа зыIэрызмыгъэхьэу къэзгъанэркъым) хэсщ», — жиIэрт Хъусен.

Концертым и кIэухыу псоми зэдыжаIащ «Уэрэду сиIэр уэрщ» уэрэд цIэрыIуэр, апхуэдэуи Хъусен ныкъуэтхыу къигъэна уэрэдым Мэремыкъуэ Резуан и студием щыхэлэжьыхьыжри, япэу пшыхьым ар утыку къыщрахьащ.

Езыгъэблагъэ тхылъым тет QR-кодым (концертым и деж экранми къридзащ ар) жып телефоныр тебубыдэмэ, Мэремыкъуэм и сурэтхэр, и гъащIэм, и гуащIэм теухуауэ зэгуэр ятхахэр, жаIахэр, и уэрэдхэр, концертым и программэри щIыгъужу, кърокIуэ. Ар нобэрей цIыхум и дежкIэ хуабжьу тыншщ.






**Хъусен ипхъу Заретэ, и бынхэу Iэсхьэд, Анатолэ, Денизэ, Дианэ сымэ и гъусэу.**

Утыкум ирагъэблэгъащ Мэремыкъуэ Хъусен ипхъу Заретэрэ абы и унагъуэмрэ. Бзылъхугъэм концертыр къызэзыгъэпэщахэми, абы хэлIыфIыхьахэми, хэта артистхэми, пшыхьым зыкърезыгъэхьэлIа псоми фIыщIэ яхуищIащ. И анэм и псалъэхэр диIыгъащ абы и щIалэ пажэм — Iэсхьэд. Пшыхьым къыщыхалъхьащ (а жэрдэмыр къыхэзылъхьар Думэн Мурадинщ) Мэремыкъуэ Хъусен и цIэр зэрихьэу фестиваль ящIыну, ар гъэ къэс ирагъэкIуэкIынуи, ди гуапэщ къайхъулIэну.

**ИСТЭПАН Залинэ**

# Псалъэжьу зэхэлъ псалъэзэблэдз



*ЕкIуэкIыу:* **1.** ... худрапхъей и унэ щIэлъкъым. **6.** ... щагъэувым щохуэх, фадэ щаIэтым щохутэ. **8.** ... имылъэгъуа къуэм елъагъу. **9.** ... зиIэ нэф нэхърэ гухъу зыщIыф Iэшэ. **11.** Джэдым ... я тхьэмадэщ. **12.** Уи ... гъалIи, лIы зэгъэгъуэт, унэкур бгъуэтмэ, уи джатэ къих. **13.** ... и зекIуапIэ и кIуэдыжыпIэщ. **14.** МафIэншэри шхынышэри ... . **17.** Уи жьэ зэсэмэ, уи нэмыс ... . **19.** А сигу, зыIэжьэ, а си жьэ, ... . **21.** ГъущI куэбжэ зиIэ гъущI ... щощIэ. **22.** Макъ зимыIэр ... хуэлъэщ. **26.** Узыхьыну псым псы пэгун ... . **29.** ... хьэху къыуитынкъым. **31.** И ... IэфIщ, и гур фIейщ. **32.** ... и хьэщIэ быдапIэ исщ. **33.** ... плъа щIыкIэ еуэ. **34.** И жьэр ... щIалъхьа хуэдэ. **35.** ... здэщыIэм хэгъэрей щыIэщ. **36.** ... псэумэ, пыIэ щыщIэркъым.

*Къехыу:* **2.** Нэфрэ дэгурэ ... . **3.** Дыгъужьыр бгъашхэ пэтми, мэзымкIэ ... . **4.** ... зиIэм Iэужь иIэщ. **5.** Мэзджэдур и ... яцIыху. **6.** Хуэмыху унафэ щIынкIэ ... . **7.** ... ягъэпуда лIыр фызыфIым къыдехыж. **10.** ... миным къыуащIэм нэхърэ зы ныбжьэгъум къыуищIэр нэхъ гуауэщ. **15.** И ... залэ щIэхуэркъым. **16.** ... къэбгъэпсэлъэн? **18.** ... мыгубжьрэ дыгъужь мыдзакъэрэ щыIэкъым. **20.** ... кIуэцIым нэмыс ущимыIэмэ, ... щIыбым ущиIэххэнкъым. **23.** Дахагъэм гур ... . **24.** ... къэщхьэлъэркъым. **25.** ... губзыгъэ зыгъэлIэн ишхкъым. **27.** ... щыту малIэ. **28.** ... къокIуэ. **30.** ... зиIэм ... и пIалъэ ещIэ. **31.** Уеплъмэ, дахэщ, зэгуэпхмэ, ... .

---

## Нэгъабэрей еханэ къыдэкIыгъуэм тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр



*ЕкIуэкIыу:* **5.** Хабзэжь. **6.** Ныбгъуэр. **8.** Жьырытэдж. **10.** Жагъуэщ. **11.** Бысым. **12.** ФIэмащIэщ. **15.** Iэ. **18.** Жьэ. **19.** Бжэкъу. **20.** ЛIыфIщ. **22.** МафIэгу. **23.** Джэрш. **24.** Бажэ. **25.** Ез. **27.** Пэ. **29**. ПсэуэгъуфI. **33.** ЯукIыж. **34.** ЛIыкIуэщ. **35**. ИумышэкI. **36.** IэгунэщI. **37.** Ерыщыр.

*Къехыу:* **1.** КIапсэр. **2.** ДжэдыкIэ. **3.** Ныбэрэ. **4.** Лъэужьым. **7.** Мазэ. **9.** Ныбжь. **13.** Мыщащхьэ. **14.** ЩIыкIэншэ. **16.** Iуэхурэ. **17.** Хъыбар. **19.** Бэдж. **21.** Щхьэ. **26.** Зауэ. **27.** Псэр. **28.** Ныбжьэгъу. **30.** Саугъэт. **31.** Гъунэгъурэ. **32.** Хыумыш.

**IУАЩХЬЭМАХУЭ**
**№1**
(Эльбрус)

Литературно-художественный
и общественно-политический журнал

На кабардинском языке

**Учредитель:**

Государственное казённое учреждение
Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»
(360017, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5).

Главный редактор **А. Х. Мукожев**

**Редакционная коллегия:**

Руслан Ацканов, Хангери Баков, Борис Бижоев,
Адам Гутов, Залина Истепанова (ответственный секретарь),
Хамид Кармоков, Астемир Татроков, Юрий Тхагазитов,
Хамиша Тимижев, Людмила Хавжокова

Корректор – Марина Жекамухова
Компьютерный набор и верстка – Зарета Князева

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы
по надзору в сфере связи, информационных технологий
и массовых коммуникаций по Кабардино-Балкарской Республике
ПИ № ТУ07-00127 от 11.01.2018 г.
Подписной индекс: П5891

Подписано к печати 30.01.24. Выход в свет 22.02.24
Формат 70х108$^{1}/_{16}$.Бумага офсетная №1. Печать офсетная.
Усл. п. л. 16,1.Уч-изд. л. 12,6. Тираж 2.000 экз. Заказ №224
Подписная цена на 2 месяца 46р. 45к.
Подписная цена на 6 месяцев 139р. 35к.

Адрес редакции: 360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5
Телефон: 40-04-51. Адрес электронной почты:
e-mail: oshxamaxo73@mail.ru

Адрес издателя: 360017, КБР, г. Нальчик
пр. Ленина, 5. ГКУ «КБР-Медиа»

Отпечатано в ООО «Издательство «Южный регион»
357600, Ставропольский край, г. Ессентуки, ул. Никольская, 5а

Обложка художника **Юрия Алиева**

Отпечатано в полном соответствии с качеством
предоставленного электронного оригинал-макета

## АВТОРХЭМ ПАПЩIЭ

Журналым къытехуэ тхыгъэхэм я пэжагъ-мыпэжагъымкIэ жэуап зыхьыр езы авторхэрщ.

Авторымрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр Iэмал имыIэу зэтехуэн хуейуэ щыткъым.

Редакцэм къыIэрыхьэ тхыгъэхэр компьютеркIэ тедзауэ, флешкэм е дискым тету щытын хуейщ.

Журналым къытехуа тхыгъэ нэгъуэщIыпIэ щытрадзэмэ, «Iуащхьэмахуэм» къызэрырахыжар къагъэлъэгъуэн хуейщ.

Редакцэм и къалэнкъым Iэрытххэм рецензэ яритыну.

**Тхыгъэхэр мы адресымкIэ къевгъэхь хъунущ: 360000, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, епщыкIузанэ къат, «Iуащхьэмахуэ» журналым и редакцэ.**

**Телефонхэр:** 40-04-51 (редактор нэхъыщхьэ); 40-95-72 (жэуап зыхь секретарь); 42-42-14 (прозэ, поэзие, публицистикэ); 40-94-71 (оператор). e-mail: oshxamaxo73@mail.ru

## ЖУРНАЛЫР ЗЫIЭРЫХЬЭХЭМ ПАПЩIЭ

Журналыр зэрытедзам дагъуэ гуэр иIэу къыщIэкIмэ, абы теухуауэ фыщыщIэупщIэ хъунущ: Ставрополь щIыналъэ, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэм и уэрам, 5а, ООО «Издательство «Южный регион». Телефонхэр: 8-879-342-22-09; 8-879-346-87-66.

## АЦКЪАН Руслан

*(1949)*

* * *

Си лъэпкъэгъу, сыт зыхэлъыр уи лIыгъэр,
ар бгъэлъагъуэ щIэмыхъури сыт?
Абы щхьэкIэ ухуей мафIэ лыгъэ,
къиун хуей, ихьу унэхэр, псы?

ЛIыгъэ нэсщ, пхуэхъумэжмэ уи бзэр,
лIыгъэщ, быным пхухэлъхьэм нэмыс.
Ухьэлэлщ, фIыуэ хъуам ущIохъуэпсыр,
абы щыщу къыплъысыр зырызщ.

И нэхъыбэр уздэкIуэм пIэщIахыр,
ар Iупщl дыдэу уи гъащIэм къыхощ.
Уэ езым нэгъуэщI гуэрхэр пIэщIохур,
гъэбэгъуауэ апхуэдэхэр пхощI.

Си лъэпкъэгъу, уэ си дежкIэ ухахуэщ,
къохъурджауэми сэ сащымыщ.
Сэ уэр щхьэкIэ иджы зэзгъэзахуэм
пэлъэщыну си гъащIэр сфIэмыщI.

Убгъэщ, ауэ уопсэу, ещхьу ныбгъуэм,
уэгур хъурэт-тIэ пабжьэкIэ пхъуэж?
Мы зы хьэлыр пхъумэнумэ, игъуэт:
щIыпIэ жыжьэхэм бгъэр мылъэтэж…